Бестселлерийн автор

ДЖОН БИВЕР

# Далла герга дахкар

Далла гергахь долу дахар

Хьоме доттагI,

Делан Йозанаш дукхха а сийлахьчу ваIданех дуьзна ду, царех дерриш а билггал бакъдерш а ду, вайн дахар хийца ницкъ болуш а ду, хIетте а билггал бакъдолуш уггаре а тамашеначу ваIданех цхьаъ, Дела шу юххера довза лаарх хьогах ву!

Якъубан дахьийтарехь вайна цкъа-мацца а хезначарех сийлахь долу тIекхайкхар карадо: *«Далла герга дуьйла, тIаккха Иза а шуна герга вогIур ву» (4:8).* Минотана совца а совций, ойла ейша цунах лаций: Дуьненан а, лаьттан а, цу тIехь дехаш мел долчун а Кхоллархо, шун гергадахкар доьхуш ву. Цунна шу гергахь хилла а ца Iаш, амма юххера хила лаьа, хIунда аьлча вайна яздина ду, Иза, Дела, шовкъ йоцуш шуьца юкъаметтигаш хиларе хьогах ву ша.

Дуьненан Кхоллархочуьнгара тамаша баллал долчу тIекхайкхаро Цунна геннара дешнашца а, ламасташца а Iамалъяре кхайкхина а ца Iаш, амма, оццул маьIна хиларе а, юххера а хилла дIахIиттийла йолу, шуна Цуьнан дог довзийла, ткъа Цунна шун дог девзан йолу, юкъаметтигаш хилархьама. ДоттагIий, ас шу и тIекхайкхар тIе а эцна, исбаьхьачу а, инзаре тамашийначу гездаре дахаре кхойкху, иштта Дена герга дахкаре а, Делан даг чу кхача а кхойкху.

Дала леррина Къобалвинчуьнца волу шун ваша





Джон
JohnBevere@ymail.com

MessengerX

Messenger INTERNATIONAL

Бестселлерийн автор
ДЖОН БИВЕР

# Далла герга дахкар

Далла гергахь долу дахар

**Drawing Near** by John Bevere, Chechen
© 2023 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as Drawing Near

Additional resources in Chechen by John and Lisa Bevere are available for free download and video streaming at
**MessengerX.com** and on the **MessengerX** App
To contact the Author: JohnBevere@ymail.com

This book is a gift from Messenger International and is
NOT FOR SALE

**«Далла герга дахкар»**, Джон Бивер, нохчийн маттахь
© 2023 Messenger International
MessengerInternational.org
Юьхьенца арахецна ингалсан маттахь, «Drawing Near» цlеран кlел

Джон а, Лиза а Бивергlаьргара кхин тlе йолу тlаьхьалонаш нохчийн маттахь
маьхза чуяккхарна а, къамел дарна а тlекхочийла ду
**MessengerX.com**-ехь а, **MessengerX** юххедиллрехь а
авторан контактни электронни адрес: JohnBevere@ymail.com

Хlара книга – «Мессенджер Интернэшнл»-ра совгlат ду
тlаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ

App Store бул АКШда жана башка өлкөлөрдө катталган Apple Inc компаниясынын соода белгиси.
Google Play жана Google Play логотиби Google LLCтин соода белгилери.

# ЧУЛАЦАМ


*ДӀадолор* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . V

*Корта 1.* Уггаре лараме тӀекхайкхар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1

*Корта 2.* Делан тамашена лаам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13

*Корта 3.* Хьайн хьогах хилар ларде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33

*Корта 4.* Иза гергахь хила эмгаралла . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57

*Корта 5.* Кирхьанан тӀехьа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77

*Корта 6.* Делан доттагӀий . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99

*Корта 7.* Даггара юххера хиларна новкъарло йийриг хӀун ду? . . . . . . . . . . 129

*Корта 8.* Даггара Ӏамалъяр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 163

*Корта 9.* Хьаьнца ву Дела . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 183

*Корта 10.* Дезачу Синца гергахь хилар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 201

*Корта 11.* Дадас лур ду аьлларг . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 233

*Корта 12.* Уллора хиларан мотт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 269

*Корта 13.* Шен тешарх кӀорггера тешна хилар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 303

*Корта 14.* Кхин а сов герга гӀертарца . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 333

*ТӀетохар А* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 349

*ТӀетохар Б* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 355

# ДIАДОЛОР

Цкъа Дела чIогIа къаьстташ кхайкхира сан даге: «КIант, Суна ахьа яздан лаьа». Иза 1991-чу шарахь хилира.

Цул тIахьа догIучу дерриге а деношкахь со кегадалаpечу хаадаларша хьийзавора. Цхьана агIор со цу дIахьедаран хьалха кхерамо кIелвуьтура, тIаккха хилаза цайолу кIелвитарх йолу ойланаш даим а сан коьрта чу гIертара. Вукху агIор, со вела кийча вара. Суна яздар бIаьргадан ца дезара! Школехь сан сочинени язъян дезачу хенахь, со хьекъалза, сайгара цхьа а могIа схьабаккха ницкъ боцуш, сахьташкахь яьссачу агIонашка хьоьжура. Муьлххачу а литературни белхийн кепашка сан къаьсттина лалурйоцу терго хиларо, со аьххар а колледжан инженерни факультете хIоттийтира.

ТIаккха хIинца Дала соьга яздан омра до. Амма иза дуьххьалдIа хуьлийла дац! Схьахетарехь, со цхьа иштта ца кхетта-кх, аьлла, ойла йира аса. Цундела ас собардаре агIо дIалецира, амма хIумма

а цадаран итт бутт дӀабаьллачул тӀаьхьа Дала суна тайп-тайпаначу штаташкара ши зуда яийтира, цара шина кӀиранчохь изза омра юхаэлира соьга. Цара шиммо а чӀогӀа диканиг лааре а долуш, амма ондда схьахьедира: «Джон, нагахь хьо Дала хьайга омра дина книгаш язъян ца хӀоттахь, Цо Шен тӀедиллар цхьана кхечунна дӀалур ду, амма хьан цу тӀера жоп дала дезар ду».

ШолгӀачу зудчо соьга иза юхааьллачу хенахь, со, сан-сайн кхерамал а, сайн литературни къахьегам цабезарал а совбаьллачу, Делах кхераро дӀалецира. Иштта волавелира со яздан. Айса муьтӀахьхила сацам тӀеэцначу хенахь, хилларг дагадогӀу суна. Айса текст компьютер тӀехь зорба тохаре терра, суна хьалха цкъа а айса ойла йина а, хезна а йоцу, кечйина ойланаш коьрта чу яхка йолаелира. ЧӀогӀа кестта, уьш сан дахьийтарш доцийла, кхийтира со — уьш дерриш а Цуьнгара дара. ХӀетахь дуьйна дуккха шераш дӀадевлла, тӀаккха хӀинца Цо соьга книгийн кепехь дахьийтина долу дахьийтарш, дуьненан 130 маттахь гочдина а, дерриге дуьненахула дӀасадаржийна а ду, ткъа арахецна экземпляраш иттаннаш миллионаш лору.

Книганех хьалхарниг язйича, аса, сан-сайн инициативица цкъа а книга язъян хӀуттур вац, аьлла, юьхьша Далла ваӀда дира. Аса, нагахь Цо сайга иза дан омра даран хиламехь бен, язйийр яц. Сан ваӀда зийна дара: 1992-чу шерана тӀера дӀадолийна 1999-гӀачу шерана тӀекхаччалц, Цо, аса книги тӀехь гайта деза, дахьийтарш лора соьга, амма «Боданехь» цӀе йолу книга арахецначул тӀаьхьа дийнна кхо шо дӀадаьллера, тӀаккха Везачу Эло керла книга язъян цхьа а дош ца делира. Соьга сих-сиха цхьаьна къахьегарх лаьцна дӀахьедаршца арахецархой бистхуьлура, церан аса рогӀера книга маца язйийриг хиларан хьашт дара, амма аса цхьа а хӀума юьхьар цалоцура. Цу муьрехь соьгахь Делера дахьийтар дацара.

Эххар а кхо шо дӀадаьллачул тӀаьхьа Дала юха а дош делира книгина — тӀаккха хӀинца аша иза каралаьцна а ю. Схьахетарехь, и дӀатеттар стенна хиллера аьлча, хӀара книга язйина хуьлийла хиларал хьалха,

## ДIАДОЛОР

Дезачу Синан суна чохь цхьацца хIума дан дезаш хиллера. Со тешаш верг волу хIинца ткъе пхи шо делахь а, аса Далла герга ваха хьалха цкъа а иштта чIогIа лаам ца зийнера. ТIаьхьарчу цхьаъ ах шарахь сан гIуллакхдаран хьалхадогIучу дерриге а шерашкахьчул кIорге Далла юххехь хилар хиллера. Сайн дерриге а дахарехь, тIаьхьарчу цхьаъ ах шарахь долччул, ца вилхинера со. Цу хаадаларша со массанхьа а тIехвузура — хьешан цIенойн номершкахь а, кеманашкахь а, сан-сайн офисехь а, машена чохь а, цIахь а, Iаламе ваханчохь а, со доIанна тидам тIебахийтина хан йоккхуш волчу хенахь а. Цуьнан юххехь хилар иштта лараме а, ур-атталла дика хаалуш а, хьалха цкъа а ца хиллера.

Со теша, хIара книга Дезачу Сино деххачу шерашкахь суна хьехаран жамI хиларх, тIаккха цуьнца Делан дагера схьаболуш болу шуьга, Цуьнан берашка, юххехь хиларан метте дахка кхайкхам бу. Амма шу иза еша дуьйладалале хьалха, суна шуьца цхьаьна доIа дан луур дара. И дешнаш нийсса дагчуьра схьаала, тIаккха хууш а хила, аса кху доIанца шух лаьцна чIогIа дехар дина сайн офисехь. Iийсан нузарца догIуш, «шух волчу шиммо, барт а бина, доIанехь Деле доьхуш хилахь, цара деххнарг Сан стигалахь волчу Дас кхочушдийр ду» (Мат. 18:19). Цхьаьна доIа дер вай:

*Дада, Iийсан цIеран дуьхьа доьху ас Хьоьга хIара книга йоьшучу хенахь, суна гархьама, сан бIаьргаш дIабеллахьа, суна хазархьама, сан лерлгаш дIаделлахьа, тIаккха кхетаме хилар долу а, кхеташ долу а дог а лохьа суна. Суна Хьуна гергахь лела а, даим Хьуна юххехь хила а лаьа. Суна Хьан дагалецамаш а, Хьан къайленаш а, лаамаш а бовза лаьа, тIаккха Хьо волчохь хила а лаьа. Кху дахьийтаро суна кхетам белла а ца Iаш, амма Хьан хьомечу КIентан а, сан Олахочун Iийсан а вастехула сан дахар хийца ницкъ лойла. Цо, кху лаьттахь леллачу хенахь, Хьуна*

*гергахь хиларан бахьанехь, Хьан сийлалла гайтина дела. Иштта суна а Іийсан сийлалла гайта лаьа, Дезачу Синехула сайн Цунна гергахь хиларца. ХІара лаам Хьан кара дІало аса, тІаккха хьалххе дуьйна баркалла олу Хьуна, Ахь сайна чохь беш болчу хийцаваларан балха тІера. Баркалла ду Хьуна хІинца сан дахар кхин цкъа а хьалхалера хир доцу дела. Доьху Хьоьга, дерриг а хІара Хьан ялхо волчу, Джон Биверца, бертавахаран доІанехь кхочушдар. Амин.*

Ткъа хІинца, дерриг а кхочуш хирг хиларх теша, тІаккха баркалла ала шун даггара долчу доІанехь доьхуш дерг кхочушхилийтарна. Со воккхавоь, Дезачу Сино шу хІинцце сийлахьчу гергахь хиларан метте дуьгуш хиларна, Цо шун доІа, берриг а шун лаамаш а, гІертарш а кхачаме далур долчу цхьаъ бен воцчу, цхьааллечу Делан езачу васхале хьаладаькккхина дела. Дела — Да а, Іийса а, Деза Са а — хьалха цкъа-мацца а чул, алсам ма-дарра хилла дІахІоттийла шуна!

Даггара шун

Джон Бивер.

Корта 1

# УГГАРЕ ЛАРАМЕ ТӀЕКХАЙКХАР

«Далла улло гӀо, Иза а шуна улло вогӀур ву».
ЯКЪУБА 4:8

Делан даг чуьра схьадолу тӀаккха тӀе мел йогӀучу дӀуьйранна алсамдуьйлу кхайкхар, хӀан-хӀа, мохь беттар хазийша: «Сан юххехь хилар а доцуш, дахарх тоам муха бало шуьга? Шайн Суна юххехь хиларх марзо эцийла долуш хилча, генадевлла стенна лаьтта шу?»

Вайх хӀораннан а, ваьш даккхийден а, ваьшна юххера юкъаметтигаш латто луун долу доттагӀий а, иштта адамаш а ду. Цара вайн даг чохь къаьсттина меттиг дӀалоцу, тӀаккха цаьрца яьккхина йолу хан, вайна лаккхара там болуш хуьлий дӀахӀутту, къаьсттина нагахь вайн вовшахкхетар церан дӀадолорца делахь. Цаьргара шайца компани екъа деанчу кхайкхаро вай цхьана даккхийден долчу а, синтемечу а са

тосадаларх дузу. Вай кийчахиларца и де муьлххачу а кхечу гӀуллакхех паргӀат а доккхий, тамехь долу кхайкхар тӀеоьцу.

Векалан Якъубан дахьийтарехь, адаман адресе дерриге мацца а хезначарех, вайн уггаре а цецдоху кхайкхар гойла ду: «Далла улло гӀо, Иза а шуна улло вогӀур ву» (Якъ. 4:8). Минотана совца а совций, ойла ейша кхунах лаций: Дерриг а Дуьне а, Латта а, цу тӀехь дехаш мел дерг а Кхоллархочунна шу юххехь хила лаьа. ТӀаккха дуьххьалдӀа юххехь хилла а ца Ӏа. Цунна шуьца гергахь хила лаьа, хӀунда аьлча вайга боху, «цхьана Везачу Элана бен, кхечу далла ахь Ӏибадат дан мегар дац, хӀунда аьлча Эмгаралла Ерг цӀе йолуш волу Веза Эла – эмгаралла йолу Дела ву» (Ара. 34:14).

Иштта бу Делан чекхболуш боцу лаам. Иза хӀара кхайкхар долийнарг ву, Цунна даггара Цуьнан бераш Иза юххера вевзаш хила лаьа. Адамо къалатадаран хенара схьа эзарнаш шераш дӀадевлла, тӀаккха ишттачу юххехь хиларна некъ дӀабеллархьама, чолхе кечдарш а, лаккхара мах а эшна. Ӏийсан юххерачу доттагӀойх цхьаъ волчу, Яхьъяс, яздора:

> Дела цхьанна а, цкъа а гина вац. Ткъа Шен Деца волчу, цхьаъ бен воцучу КӀантас беана Делах болу кхаъ, Иза вайна вовза а вовзуьйтуш (Яхьъя 1:18).

Адамна Дела юьхь-дуьхьал гинера, амма цо къа латадарна, я муьтӀахь ца хиларна тӀехула, Цуьнан сийлахьчу юххехь хиларх дӀакъастийна вара, тӀаккха цуьнан таӀзар дар дерриге а адамашна дӀасадаьржина дара. Адамийн кхин Дела, Иза хьалха Адамна гина а, вевзина а ма-хиллара, гойла я вовзийла дац.

Делахь а Дада, вайца уьйр хилар юхаметтахӀотто а, вай цу ирчачу декъадаларх кӀелхьардаха а, кӀоргге бала хьоьгуш а,

даггара лаамах вогуш а вара. И хало цхьалхаяккхархьама, Цо юьхьенца дуьйна Деца хилла а, дилхалахь Дела волу а, Iийса вахийтинера. Iийсас, вай боданах кIелхьара даьхна а, Делаца бертадан аьтто бина а болу, мах дIабелла, нагахь вай Иза Веза Эла санна, тIеоьцуш велахь. Амма цу Делан а, адаман а вовшахккхетарх лаьцна хьалха кхайкхамаш беш бацара, тIаккха адамаша иза кхоччуш зуьйш дацара. Вай къаьсттина акцент къинах а, Iожаллах а кIелхьардовларна йора, амма хIораннан а хуьлийла долу, паргIатдовлар хиллачу, Делаца юххера уьйр хилар кхайкхор тергал ца дора. И тергал ца дар вайна чIогIа деза хуьлийла ду, ур-атталла бохам хила кхерам туьйсуш а ду, вай Дела юххера вовзаран тамехь хилар тIехдолуьйту дела. Цу тайпана бохам гайтина бу Ширачу Весетехь ИбрахIиман тIаьхьенех лаьцначу историхь.

## Шиъ тайп-тайпана бахьана

Со даим а цецвуьйлура Мусан а, цуьнан тайпанах болчийн а исраилхошца Деле йолчу тергонан къастамах. Книга Арадаккхар ИбрахIиман тIаьхье къизачу лоллехь балахьегаран билламийн историна тIера йолалуш ю. Цара Мисар-махкахь диъ бIе гергга шо даьккхинера. Юьхьанца цара урхалчийн цаьрца дика хиларх пайда оьцура, амма тIаьхьа, шайга къинхетам боцу, леш бинера царех. Дог дохарца а, Iазап хьегарца а кIелхьардахар доьхуш Деле дийхира цара.

Веза Эла догкIаддина вара церан доIанаша, тIаккха Цо царна Муса цIе йолу кIелхьардохург вахийтинера. Муса жуьгти волуш дуьнен чу ваьлла вара, амма лай вацара. Иза, ша пирIуьнан йоIан кIант волуш санна, хьалакхиош вара. И Мисар-мехкан принц шен вежарийн ирчачу кхело дог дашийна вара, амма, шен дахар кIелхьардаккхархьама,

цуьнан гӀум-аренга дӀавада дезнера. Шераш дӀадевлча иза юхавирзинера, Исраилан халкъ Делан Дашца а, Цуьнан ницкъаца а лоллех паргӀатдаккхархьама.

Исраилхой мисархойн лоллех кӀелхьарбахар сих-сиха къинан лоллах кӀелхьардовларца дусту. Мисар-мехкан адамийн система йолуш санна, билгало йо, Исраил Динан тобанан билгало ма-хиллара. Вай лаккхара дуьнен чу довлучу хенахь, вай дуьненан системин къизаллах а, охьатеӀорах а паргӀатдовлу.

СуртхӀотто хала дац, Мисар-мехкан бахархоша карабалийна Исраилан кӀентий къизаллехь латторан а, Исраилан тӀаьхьенийн мел Ӏазап лан дезаш хилла хиларан а. Церан баккъаш пирӀунан тӀехьажархоша еттаран муьйнаш долуш бара, уьш лаппагӀаш чохь бехаш а, дӀакхийсина хӀуманаш юуш а бара. Церан тӀаьхьалонна дуьсучун сатуьйсийла дацара, цара мисархойн хьолан дайн дуьхьа къахьоьгу дела. Уьш боьлхура, пирӀунан буьйраца церан керла дуьнен чу бевлла кӀентий эзарнашкахь бойучу хенахь.

Делахь а царна чӀогӀа сиха дицделлера дерриге а шайн Ӏазап хьегар. ХӀоразза а, шаьш кӀелхьардаьхначул тӀаьхьа уьш халонашна тӀеӀиттабелча, уьш шаьш Мисар-махкара бевдда бахарна халахета буьйлалора, шайн кӀелхьардахарх долчу доӀанех бийла а буьлуш, цара бохура: «Мисар-махка юхадерзар *гӀолехь дац те?»* Уьш, вовшашна хӀара проект дӀахьеечу хьолана тӀебаьхкинера: «Ваьшна тӀехь хьаькам а хӀоттийна, Мисар-махка юхадоьрзур ду вай» (Лел. 14:4, *курсив авторан*).

Кхин гӀуллакх ду Мусаца дерг. Иза Мисар-махкахь вахаран битамаш баккъал а тӀех дика болу, цхьаъ бен воцу стаг вара. Ма-дарра аьлча, цхьа а вацара цул гӀолехь вехаш. Иза дуьненахь уггар а вехаш волчун цӀахь хьалакхиънера, иза массарел а гӀолехь вехаш вара, уггаре тоьлларг юуш а вара, уггаре тоьлла духарш лелош а, уггаре дика образовани йолуш а вара. Ял-

хоша цуьнан дерриге хьашташ а, лаамаш а кхочушбора, ткъа цуьнан тIаьхьало хьолах санна, иштта сатийсинчуьнца а йокк-ха яра. Амма иза, Исраилан кIентех къасталуш, цкъа а юха ца хьаьжна, шел тIехьа дитинчунна хала а ца хетта.

Амма стенца яра башхалла? Дерриг гIуллакх стенца дара аьлча, Мусана Дела дуьхьалкхеттера. Цунна йогучу цIеран алу гира, тIаккха иза цунна улло вахара. Цунна Синайхь йогучу коьллан алуна юкъахь вистхуьлуш волу дийна Дела дуьхьал-кхийтира, ткъа исраилхойн кIенташна дуьхьал ца кхийтира! Везачу Эло Муса тIекхайкхича, важа юххе вахара. Ткъа Исраи-лан кIенташа, тIаьхьа иштта а, кхин а сов цецбоху тIекхайкхар хилча, юха а бевлла, тIе ца ийцира иза (хь. Ара. 20:18-20).

Ас сих-сиха хоьтту со волчу оьхуш болчаьрга: «Исраилан кIентий Мисар-махкара арабевлча, мича бигна уьш Мусас?» Дукха хьолахь соьга жоп ло: «Сатийсинчу лаьтта тIе». Амма иза иштта дац. Цо Исраилан кIентий Хьарив, я Синай лам тIе бигна. ДагадогIий шуна Мусагахула пирIуне аьлла долу Делан дешнаш: «ДIахеца Сан халкъ яьссачу арахь Суна Iибадат дайта» (Ара. 7:16). Цо ца аьлла: «ДIахеца сан халкъ, цара латта тIаьхьалонна схьаэцархьама». Мусан, халкъана ваIда Динарг вовзале хьалха, иза сатийсинчу лаьтта тIе дуьгийла дацара. Нагахь цо халкъ хьалха сатийсинчу лаьтта тIе далийнехьара, дерриг а, цунна сатийсина дерг ДIакховдийнарг волчу, Ша Деланал, иза сов дезарца, чекхдер дара. Муса собаре воцуш, уьш, иза Делаца цхьаьнакхеттачу метте кхачаран муьре сатуьйсуш вара.

Ма-дарра аьлча, изза до вай вешан динан тобанашкахь. Вай Iийсас ваьшна ден долчух лаьцна, Иза ма-дарра Мила хиларал а алсам, кхайкхамаш бо! ЖамIехь вай, Далла, Иза Мила хиларна жоп даларна а доцуш, ткъа цу тIера хуьлучу гIолехь долчун а, пайдехь долчун а дуьхьа, гIуллакх деш йолу

тӀаьхьенаш хьалакхиийна. Иштта долу хӀума, зуда ахчанан дуьхьа маре йоьдуш хиларан хьолаца дустийла ду. Ишттачу бракехь зуда, майра ша волуш ма-варра вовзар а доцуш, ткъа цуьнан цунна лойла дерг схьаэца гӀерта. ХӀаъ, дера, цуьнан цхьаболчу барамехь иза везийла-м ду, амма хӀетте а цуьнан бахьана цӀена ду олийла дац.

Шайн Делаца йолчу юкъаметтигашна зе деш алсамчу барамехь Цуьнан декъалаллашна кӀел сиз хьокхуш долчу адамаша, Далла тӀебогӀу мурдаш, Иза вовзар а доцуш, ткъа Цуьнгара цхьа хӀума хила гӀерташ, хьалакхиабо. Иза санна цхьа а вац, тӀаккха цхьа а Цуьнца вустийла а дац, Иза билггал бакъдолуш башха волу дела. Нагахь адам баккъал а, иза Мусаца ма-хиллара, Делаца цхьаьнакхетахь, дерриг а сатийсарш цунна цу перспективан сонехь го. Иза, и хӀуъа а хуьлийла, цул исбаьхьа ву, ур-аталла Цуьнан декъалварал а.

Исраилан бераш кӀелхьардахарехь Дела коьртачу Ӏалашонна тӀе гӀертара — Цунна, царна Ша вовза а, везавала а лаьара. Цунна цу халкъана юкъахь шуьйрра вевзаш хилла дӀахӀотта лаьара. Цо аьлла: «Шуна гина Ас мисархошна динарг, гина Ас, аьрзун тӀемаш тӀехь санна, шаьш Со волчу схьадалор» (Ара. 19:4). Делахь а Исраилан кӀенташа шайн хьажийна хилар тӀехдалийтинера.

Делан Шен халкъаца гергахь хила гӀертар цкъа а дӀадовш а, хийцалуш а дацара, Цуьнан Дашехь цу гӀертарх лаьцна даим а бохуш долу дела. Иза иштта ПахӀалан даггара долчу доӀанехь гайтина ду:

> Вайн Веза Эла волчу а, Ша леррина къобалвинчу а Ӏийсан Дала, сийлаллин Дас, *Шех дерг кӀоргге хаийта* шуна хьекъалаллин а, довзийтаран а Са лойла (Эпа. 1:17, *курсив авторан).*

Цо и Шен даггара лаам вайна гайтина. Далла, хIорра а лакхара дуьнен чу даьлла долчу берана, Ша кIоргге а, юххера а вовза лаьа! Шун синтем-м ца бойу те цу дешнаша? Нагахь ца байахь, минотана ойла ейша цу тIехь, тIаккха цу цецвоккхучу Iаламатах болчу кхетамо шун хьекъал чу а боьссина, кхоччуш дIалоцийла шу.

Вай, Шен берех дог лозуш волчу, билггал бакъволчу Дена, дийначу Далла гIуллакх деш ду. ПахIала цунах лаьцна Коринтерчу тешаш болчаьрга бохура: «Шуна хаьа, шу Делах ца тешаш хиллачу хенахь, *мотт ца хуучу цIуша*, шайгахьа а дерзош, тилийна лелийнийла» (1 Ко. 12:2,3). ПахIалан цу дешнашкара вайна Делан, вайн Ден, Иза берриге а бисинчу харцделанех къастош долу, цхьа чIогIа лараме амал го — Иза вайга вистхуьлу!

## Юьстах верза

Дукха хан йоццуш со гIулкхашна машенахь вогIура, тIаккха цIаьххьана Деза Са сан даге кхайкхира: «Сан хьоьга цхьацца хIума ала деза. Юьстах верзахьа».

Суна хаьа, Дала сайга цхьа хIума дан омра дича, сихха муьтIахь хила веза, тIаккха бен дац цу муьрехь Цуьнан омра оццул тамашийна а, хIумма доцуш санна а, хеташ делахь а. Везачу Эло Мусан тидам Шегахьа берзийначу хенахь, важа, шен стунден даьхница цхьаьна, яьссачу аренгахь вара (Делан вайн тидам тайп-тайпаначу кепашца тIеозабойла ду). Дала цхьана коллане яга, амма яьгна ца яла омра динера.

Вай йоьшу, Мусас шен дагахь хIун сацам бира: «ТIеваха веза со оцу инзаречу хIумане хьажа. Колл хIунда ца йогу?» (Ара. 3:3). Кху текстехь «тIеваха» боху дош жуьгтийн сиwr бохучу дашах схьадолуш ду. Джеймса Стронга, Дезачу

Йозанийн оригинальни меттанийн областерчу специалисто, цу дешан «дIаверза», аьлла, маьIна ду боху. Муса хаа а хууш дIавирзира билгалбинчу некъара, ша тIекхайкхинчу Дезачу Синна жоп далархьама.

Цо Делан тIекхайкхарна терго ма-йиннехь, вай йоьшу: «Муса тIевогIуш Шена гича, Веза Эла кулла юкъара кхайкхира: «Ва Муса! Ва Муса!»

Дала Мусан цIе, иза билгалбаьккхинчу некъара дIавирзина хилар гинчул тIаьхьа бен ца яьккхира. Со тешна ву, нагахь Мусас Делан тIекхайкхаран терго ца йинехьара, Везачу Эло цхьа а гIулч йоккхур яцара цунна дуьхьал ван. Дела, Итаран даьхни чудерзийна лаьтташ долчу хенахь, кхайкха хIуттур вацара Мусага, и хан бегIийла хир яцара. ХIун хилла хир дара те, нагахь Мусас, йогуш йолу колл а гина, ойла йинехь: «Нагахь со сайн балхах юкъахвалахь, уьстагIий массо а агIор дIасадевр ду, тIаккха суна уьш юха схьагулдарна масех сахьт, я хила тарло, дийнна де дезар ду. Со йогучу колле тIаьхьа хьожур ву, сайн гIуллакхаш цхьалхадаьхначул тIаьхьа». Шуна хIун аьлла хета, тIаьхьалонаш уьззуш хир ярий те?

Тардолуьйтийла ду, Делан кхоччуш алсам битаме хиламаш кхоллийла дара, амма иза Цуьнан амалца догIуш ду ткъа? Дагаваийтийша Шамъала, иза кхоччуш къона стаг волуш, коьрта динан да волчу Iелина а, цуьнан кIенташна а ялхолла лелор (хь. Шам. 3). Цхьана суьйранна иза дIавижна волчу хенахь, цунна шега кхойкху аз хезира: «Шамъал, Шамъал».

Шамъала Iела волчу а ведда, элира: «Со кхузахь ву. Хьо соьга кхайкхирий?».

Амма Iелас жоп делира: «Со хьоьга ца кхайкхира. Вало, дIавижа».

Шамъал шозлагIа а шен цIе а хезна, юха а динан да волчу ведда схьавеара, амма цунна вукхуьнгара изза жоп хезира.

Иза кхин дІа кхузза хилира, эххар а динан дена гІуллакх стенца ду дагадеара, тІаккха цо кІанте иштташу тІекхайкхарна муха жоп дала деза элира. Шамъална тІекхойкхуш долу аз доьазлагІа хезначу хенахь, цунна хІинца муха жоп дала деза хаьара: «Вистхила, Веза Эла, Хьан лай Хьоьга ладугІуш ву». ТІаккха Везачу Эло цуьнга вист а хилла, тІаьхьалонгахь хила безаш болу Цуьнан лаам а, къайленаш а гайтира.

Делан кхечу тайпана лелийла дара. Шамъал гІуллакх стенца ду, ца кхеташ хилар а гина, Цуьнан шозлагІа иза тІе а кхайкхина, олийла дара: «Шамъал, ма вада Іела волчу, хІара, Со, Веза Эла, хьан Дела ву, тІаккха Аса хьо тІекхойкху, сайна хьоьца къамел дан лаьа дела». Амма иштта лела ткъа Дела? Цунна везаш а, вевзаш а хила лаьа, Цунна иштта вай Ша вовза лууш хила а лаьа. Цо синца юха ца довлу, Ша лоьхун долу а, ца кІадлуш а, тІера ца довларе а Цунна тІегІерта адамаш лоьху.

Инжила тІехь терайогІу сценаш го вайна. Іийсас пхи эзар сов стаг пхеа бепигца а, шина чІераца а вузаво. ТІаккха Цо Шен мурдашка хин кеман чу а ховший, Іоман вукху агІор дехьадовла омра до. Иза Ша лаьмнашка воьду, Деца хан яккхархьама. ТІаьхьа оццу суьйранна Цуьнан мурдаш доккхачу къахьегарца шайн хин кеманахь механ дуьхьал боьлхуш бара, тІаккха кхин дІа вай йоьшу:

> ТІаккха буьйсанна кхо сахьт даьллачул тІаьхьа Иза хи тІехула царна тІе вахара. Іийса *тІехвала воллучу хенахь*. (Мрк. 6:48, *курсив авторан)*

Тидам белаш кху дешнийн: «тІехвала воллучу хенахь». Іийса а гина, мурдаша мохь туьйхира, тІаккха Цо царна жоп делира: «Доьналла долуш хила! Со ву шуна иза! Ма кхера!». Иза кеман тІе хиира, тІаккха мох сецира. Нагахь цара мохь

ца хьаькkхехьара, Иза кхин дIа гIур вара. Иза царна юххехула тIехволуш вара, амма нагахь цара мохь ца тоьххехьара, Иза Шен юххехь хиларца кочаван цаволлура.

Тера ду, Дала вайна дуьхьал гIулч йоккху, тIаккха нагахь вай терго яхь, Цо кхин а цхьа гIулч йоккху, вайна кхин а герга а вогIуш. Нагахь вай жоп ца лахь, Иза вайн дахарна я вай вешаца дечу хелхаршна юкъа гIерта хIуттур вац. Хьанна хаьа, нагахь Муса хIетахь агIор дIа ца вирзинехь, Шамъалца болчу хиламехь санна, Дела сатийса хIуттур вара те, я хIуттур вацара те, иза Iийсаца а, Цуьнан мурдашца а ма-хиллара? Дала сих-сиха, вай Цуьнга ма-дарра хьогах хилар зен дуьйладаллалц, баккъал Цунна жоп дала лууш хиллалц, йолчу хене сатуьйсу.

Сан машенахь вогIуш хиларна тIе юхадоьрзур вай. ХIун хир дара те, Цо соьга цунах лаьцна дехначу хенахь, со юь-стах ца ваьллехьара? ТIехволийла даре те сан Цуьнца цхьаь-накхетарх? Со, сан дахарехь, аса иштта долу цхьаьнакхетарш тIехдийлийтина, хиламаш хилла хиларх, тешна ву, амма цу муьрехь цхьа ах миля чекхъяьллачул тIаьхьа, суна сацарна специальни меттиг гира. Со саца-ма-сецци, суна сайга Дезачу Сино олуш хезира: «Ас хьоьга ца соццуш доIа дан омра ца ди-нера ткъа?» (хь. 1 Та. 5:17).

Ас жоп делира: «ХIаъ, Веза Эла, динера».

Цо кхин дIа элира: «Хьуна хетарехь, доIа — иза монолог ю я диалог ю?»

Ас жоп делира: «Иза диалог ю, Веза Эла, иза шина а агIор ден хабар ду».

Цуьнан жоп ткъес тоьхча санна, сиха деара: «Цундела Ас хьайга ца соццуш доIа де бохуш хилча, Суна а хьоьца даим а уьйр хила лаьа, бохург ду».

Дуьйцийла а дац, ма бала лайра ас цу дешнех. Со, сайна ма тамашийна аьтто баьлла хиларх, кхийтира, цу тIе и аьтто

ма-дарра суна хилла а ца lаш, амма иза иштта массарна а, Делан хlорра берана а дlасабаьржаш бара.

Шун соьга хаттийла ду: «Хьо цу гlуллакхца, Дела ца соццуш хабар дуьйцуш ву, ала лууш-м вац те?» Дала сан даге цунах лаьцна бохуш вацара. Цо, Шена соьца даим а уьйр хила лаьа, элира. Дешнаш — иза уьйр хиларан дуккха а йолчу кепех цхьаъ бен яц. Сайн зудчун бlаьргашца сан, иза хlун ойла еш ю, кхетийла ду, тlаккха оцуьнца цхьа а дешнаш ала а ца оьшу. Цо шен цхьана хьажарца аьлларг дерриг а гайтича, кехатан кхаа агlонна тlе яздойла хир дара. Иштганиг хуьлийла муха ду? Со цуьнца ткъа шо а сов ваьхна, тlаккха суна цо ша церан гlоьнца гойтуш йолу кепаш а, амалш а евза. Шун а тхоьца цхьаьна долуш, цхьана чоьнна чохь хуьлийла дара, амма цунан хьажаро шуьга цхьа а хlума эр дацара. Шуна иза, суна евзаш ма-хиллара, ца евза дела. Ма-дарра аьлча, ловзар дlадаьллачул тlаьхьа хьалхарчу масех шарахь, со а даим ца кхетара цо сайга невербальни кепара кхехьуьйтучу хаамех. Ткъа хlинца, ткъе а цхьана шарахь цхьаьна дехаш хиларал тlаьхьа, со, цо шайн гlоьнца уьйр хуьлуьйтучу, кепех кхета lемина.

## Цунна гергахь хиларна тlекхайкхар

Чlогlа ларамe ду, хlокху книгано, иза муха дан деза шу lамор долу, куьйгалла дар гойтуш ца хиларх, кхеташ хилар. Долччул сиха, хlокху книгин, картица я, вайн коьртачу lалашонна тlе некъ бало гlо ден долчу, некъгойтургаца дустар дойла ду. Нагахь соьгахь, шена тlехь бахам чохь болу, адамаш доцчу гlайренна тlехь йолу, хазнаш билгалъяьхна карта делхьара, иза пайденна доцуш дуьсур дара, нагахь со цу гlайренна тlе а вахана, ас и меттиг ца теллича. Гlайренна тlе схьакхаьчча, аса кlезиг боцу ницкъ тlебахийта безара, къух даьллачу тачанех чекх а ваьлла, ирхо йолчу басенаш тlе хьала а вуьйлуш, нийса меттигаш хеда а еш, хазнина

тӀекхачархьама. Аса ницкъ а, ахча а, хан а йойур яра. Картано хазна мичахь Ӏуьллуш ю бен, гойтийла дац. Цу картано и хазна лехаран хан яцйола а, со сов ницкъ барх ларвойла а дара, хила тарло, къайлаха болчу гуранех а Ӏалашвойла дара. ХӀара книга иштташ картанах тера ю. ХӀара, шун адресе дахьийтина кхайкхар, хӀун ду аьлча, — исбаьхьачу а, инзаречу а гездарехь, сох схьакхетар ду. Цуьнан агӀонаш тӀехь хьалхадиллинчу Делан Дешо шу, шайн Ӏалашо — шу хьовсийначу метте схьакхачарх тӀерадахар долчу, оьрнех а, гуранех а, кхерамех а Ӏалашдийр ду. Цо шу ца оьшучу сингаттамех а, сов ницкъ байарх а кӀелхьардохур ду.

ХӀета, нагахь шу кийча делахь, новкъа довла!

## Темица доьзна хаттарш

1. Муьлхачу хиламо я сингаттамо меттахваьккхира хьо хӀара книга еша?
2. Далла гергахь хиларна лахахь далийначу Цуьнан тӀекхайкхаран масалшна тӀехь ойла ейша:

- Муса йогуш колл а гина, и хӀума таллархьама, юьстах вирзира. Цул тӀаьхьа Дела цуьнга вистхилира.
- Кхиазхочунна Шамъална доьазза аз хезира, жоп далале хьалха: «Вистхила, Веза Эла, Хьан лай Хьоьга ладугӀуш ву».
- Мурдаша, Ӏийса хи тӀехула а вогӀуш, царна юххехула тӀехвала воллийла гича, цара мохь туьйхира.

Цу масалшкара Дала тӀекхайкхарца догӀуш шун суртхӀоттарехь хӀун ду? Аша хӀинца Делан тӀекхайкхарна жоп деллий? Нагахь деллехь, аша цунна жоп муха делла?

3. ДоӀа диалог, я шина агӀор долу хабар хилча, Дала дешнаща а, иштта невербальни кепара а билггал хӀун бохура шуьга?

Корта 2

# ДЕЛАН ТАМАШЕНА ЛААМ

Везачу Эло аьлла: «Аса хьан Сайл дукха мах хIоттабо».

Делан Йозанашкахь, адамна цуьнан дахарехь оьшуш долу, коьрта билггал бакъдерш гайтина ду. Цу билггал бакъдолчарах лаьцна Доладалар цIе йолчу Книги тIера Довзийтинарг цIе йолчу Книгина тIекхаччалц бохуш ду. Ишттачу билггал бакъдолчарех цхьаъ — адамца уьйр хилар а, иза Шена герга хилийтар а ду. Далла баккъал а вайна герга хила лаьа, цу тIе Цунна иза ур-атталла вайна чул а, алсам лаьа!

Далла баккъал а даггара деза вай (хь. Якъ. 4:5). «Эмгаралла» бохучу дешан сингаттам, бала хьегар я гIертар боху маьIна ду. Хенан юьхьенгара дуьйна и лаам уггаре а чIогIа бара Цуьнан. Адама къа латийначул тIаьхьа Дела

цуьнга емалдаран дешнашца а доцуш, ткъа тІекхайкхарца вистхилира: «Адам, хьо мичахь ву? Хьо Сох стенна лечкъа?» Цу кхайкхарехь Делан деган мохь хеза. Хьовсур вай ерриге а адамийн историн йохалла Цуьнан вайна тІегІертаре.

## Адаман кІентан кІентан кІентан кІант

Адаман кІентан кІентан кІентан кІентан цІе ХІанох яра. Суна схьахетарехь, цкъа ХІанох Адам волчу а веана, ялсаманехь долчу дахарх лаьцна хаьттина хир ду цуьнга. Цунна, дийначу Делаца лелар бохург ма-дарра хІун ду хаа лаьара. Шу цецдовлийла ду, ХІанохан шен ден, ден- иштта кхин дІа а волчу дендега Адаме вистхуьлийла муха ду, аьлла. ХІара ду шуна жоп: нагахь шу исс бІе ткъе итт шаре кхаччалц дахахь, шун шайн берийн берийн йоьалгІачу тІаьхьенца хабар дуьйцийла хир ду. ХІанох дуьнен чу ваьллачу хенахь, Адаман ялх бІе ткъе ши шо бен ца хилла.

Делан Йозанаша боху, Адаман ялх бІе дезткъе ворхІ шо хилла, цу муьрехь кхузткъе пхи шо долу, ХІанох и волчу веанчу хенахь. И терахьаш Доладалар цІе йолчу книгин дийцар тІера схьаэцна ду, цу тІехь ХІанох Дела волчохь кхаа бІе шарахь лелла боху, иза кхо бІе кхузткъе пхеа шарахь бен ваьхна воццушехь.

> Матушалахь хиллачул тІаьхьа кхин кхаа бІе шарахь,
> Дела даг чохь а волуш, вехира ХІанох. Оцу заман чохь
> цуьнан кхин кІентий а, йоІарий а хилира. ХІанох кхаа
> бІе кхузткъе пхеа шарахь вехира (Дол. 5:22,23).

Цундела хила тарло, ХІанохна дахар кхоччуш хийцаделла цуьнан билггал кхузткъе пхи шо долуш, цунна патриарх волчу Адаман багара декъалвар а, цуьнан дог лазаме дагалецамаш а хезначу хенахь.

## ДЕЛАН ТАМАШЕНА ЛААМ

Сан суртхIоттадойла ду, сайн цунна яздина тIечIагIдарш дацахь а, ХIанохна дуккха шераш дезна хир ду, тоъал майра а ваьлла, шен гIараваьлла хIу долчу а веана, цуьнга ялсаманерчу бешах лаьцна хаттархьама, хIунда аьлча Адамна цу темех лаьцна дийца ца лаьа дела. Адаман ерриге тIаьхьенашна цу цалаарх лаьцна хууш дара, тIаккха ХIанохна къона волчу хенахь дуьйна Адамца долчу къамелашкахь цу темех лаьцна дийца ца дезийла хаьара.

Жуьгтийн исторически хьостанаша, уьш ялсаманера дIалелхийначул тIаьхьа, Адама ловш хиллачу таьIна хиларх лаьцна дуьйцу. Цу хаадаларан мохь са ца тохадаллал беза бара. Цхьадолчу йозанийн хьостанашкахь, Адам а, Хьава а шаьш лайначу эхь хетарна тIехула вовшашка хьовса ницкъ а боцуш, боданечу хьехахь хевшина Iаш хилла боху. Адамо дерриг а шен сийлалла а, тамехь хилар а дайинера. Далла хьалха нигатах лаьцна хазар — иза цхьа гIуллакх ду, ткъа ма-дарра Цуьнан сийлаллехь хиларх валар, иза кхоччуш кхин хIума ду. Адам ша ваьллачух алалур доцчу хаадаларна бала хьоьгуш вара, амма ХIанох юхавервоцуш нисвеллера, цо Адаман Iазап хьегаран шира дийцар схьа а эцна, шен тешарца а, сатийсарца а иэдира. Дуьнен чу евллвчу адамийн тIаьхьенаша, Адама ша ваьллачун бахьанина дIакхехьна долчух, шайн дагахь шаьш дог даларх лаьцна бур-бур деш хиллехь а, ХIаноха нигат дира: «Со Далла гергахь лелар ву».

СуртхIоттадойла ду сан церан вовшахкхетарх лаьцна. ХIанох верриг а вегош вара, амма цуьнан дIагIертаро эххар а кхерамна тIехь толам баьккхира. Эшна хиларан егочу бIарлагIех чекх а вуьйлуш, иза чIогIамалле хьалха воьдура, цхьана алсамдолчун серлонах са а туьйсуш. Цунна Адаман истори дуьххьалдIа эшна хиларх лаьцна дийцар дацара. Иза Делан адамца юххехь лела лаккхарчу лаамах

лаьцна довзийтар дара. Хьаште ду, хьалецирий те Адама, ялсаманерчу бешах лаьцна шен дагалецамехь карочу геннарчу декъалаллех лаьцна дуьйцучу хенахь, ХӀанохан алунан серло эккхар?

Адам воьлхура шен синан лазамах лаьцна дуьйцуш: «ХӀанох, со Цунна юххехь лелаш вара... Цуьнан сийлаллехь. Дуьненан Кхоллархо, дерриг а хьуна гуш долчун Кхоллархо, суна юххехь вогӀура! Иза соьца дагавуьйлура Шен дагалецамийн кӀоргечу хьекъалаллица, Цо, Шен куьйгашца дуьненахь дӀаса а дохуш, седарчий дӀа муха хӀиттийна дуьйцура. Оццу куьйгашца Цо со кхоьллинера, тӀаккха сан куьг а лаьцнера. Цо хӀора седанан цӀе а йоккхуш, хенан хийцаяларна а, навигаторшна а билгало йолуш санна, дӀахӀиттийна. Цо суна латта гравитацин а, электромагнитни тулгӀенийн а гӀоьнца дӀа муха нисдина а гайтира, кхачаме климат а кхоьллира. Иза соьца дагавелира хӀуьнан къайленах а, цо шен-шен тайпанан дахар муха ло а, бӀаьстенан заманахь, Цо хьалхе дуьйна лаьттан кийран кӀоргенехь дӀанисдина долчу хьостанех хи муха худу а дийцира. ХӀанох, Цо сох тешна дитнера ерриге а акхарошна цӀераш тахкар — ерриге а пхи миллиард а сов! Тхо цхьаьна хьовсура цу цӀерашка, амма тӀаьххьара сацам бар Цо соьгахь дуьтура!»

Адамо дукха мел дуьйцу, лаамо алсам зера ХӀанох, эххар а цу лаамо кхоччуш дӀалецира иза. Иза Далла юххехь лела веза, мацах Адам санна! Цунна иза шен доллучу дагца лаьара!

ХӀанохна тӀаьхьалонна ур-атталла Адаман ца хилларг а хилира. Адаман дакъа, ша схьаэцна хиллачу лаьтта, юхадирзира. Доладалар цӀе йолчу книгано вайга боху, «ХӀанох, Дела даг чохь а волуш, лелаш вара. Цхьана дийнахь иза къайлавелира, Дала иза дӀавигна дела» (Дол. 5:24). Цо хӀара латта Ӏожалла ца гуш дитира.

Дийна волуш ХӀанох сийлахь пайхамар вара. Цо шен хенах а, вайн хенах а лаьцна пайхамаралла дора. Цо, Динан тобанехь тӀаьхьарчу дийношкахь гучу а бевлла, шаьш диканца кӀелхьардаьхнарш болуш санна, лелаш болчу харцлоьчарах лаьцна бохура, ткъа царна массарна а тӀаьхьа кхелъяр хьалхалаьтташ ду (хь. ЯхӀ. 1-15). Цо, ЙоӀстагах КӀелхьардохург дуьнен чу валале эзарнаш шераш хьалха Делан кхелах лаьцна суртхӀоттар а хилла, Веза Эла шозлагӀа схьавогӀург хиларх лаьцна схьахьединера.

Амма Дала иза, цуьнан кхо бӀе кхузткъе пхи шо долуш, дӀа хӀунда эцнера? Сийлахьчу пайхамараллин гӀуллакхдарна тӀера хила-м ца тарло? ХӀан-хӀа. Иза стигала дӀаэцна вара, и «Далла хьалха лелаш» волу дела, тӀаккха, цунах лаьцна Ӏебархошка долчу дахьийтарехь, цо «Дела реза винера», аьлла ду (Ӏеб. 11:5).

Сох нийса кхеталаш, Цуьнан Далла гергахь леларо чӀоггӀачу а, нуьцкъалчу а гӀуллакхдарна тӀедалийна, амма иза билггал шен даггара Дела юххера вовза лаарца тамехь хилла Далла. Иза Делан даг чохь даггара болчу лаамах хьакхавеллера, адамца юххера уьйр хила лаарх, билггал цу тайпа уьйр хила лаьа Везачу Элана вайца.

## Делан дог бӀешерех чекх кхойкху

Билггал цунах лаьцна кхойкху бӀе шерех чекх Делан дог. Цунна, Шен вайга гӀертарна жоп луш, Иза вовза лууш долу, халкъ доладаккха лаьа! ХӀанохал тӀаьхьа, Делан дийначух хьакхавала хиъна волу, кхин а цхьа кӀентан кӀентан кӀант, Нохьа гучуваьлла. Доладалар книги тӀехь аьлла ду, Нохьа «Дела даг чохь волуш лелаш вара», аьлла (Дол. 6:9). Нохьас, Делан цуьнца уьйр хила лаарна жоп делира, цундела иза

## Далла герга дахкар

Далла гергахь хилира. Иза гергаваре терра, Дела а цунна герга вогІура, тІаккха Иза цуьнга тІебогІучу хиламех лаьцна дийца хІоьттира. Данне а дагахь а доцуш лаьтта йоьжна кхел, иза дуьххьарлера къайле яра Дала Нохьица екънарг. Нохьин Делаца йолу юххера юкъаметтигаш, цуьнан Дала Ша лоьхучунна а, Далла ма-хуьллу гергаван гІерташ а, теша майраваьллачунна а жоп луш хиларх, тешна хиларх гучуевлла.

Вайна иза ИбрахІиман хиламехь а го, Дала иза Шеца юххера уьйр хиларе тІекхойкхучу хенах, иштта а аьлла: «Суна Іамал а е, хьанал ваха» (Дол. 17:1). И тІекхайкхар юха а Исхьакхана а, Якъубна а тІе дІасадаьржа. Якъуб хІинца а дуьнен чу а валале хьалха, Дала аьлла: «Якъуб Суна везавелира» (Рим. 9:13). Дела цуьнца, тахана Иза вайца юххера юкъаметтигаш хила гІерташ ма-хиллара, герга хила гІертара. Цо, ур-атталла ша Якъуба Дела лоьхуш ца хиллехь а, лоьхура. Якъуб вешех дІаведдачу хенахь, цунна ша тІеверзо лууш Волу, Дела карийра. Якъуб тІулгах гІайба бина, дІавижинчу хенахь, Дала цунна гІенах, шена тІехула хьаладуьйлуш а, охьадуьссуш а маликаш долу, ламин бІарлагІа хІоттийнера. Иштта дІаеллаелира Далла а, адамна а юкъахь йолу зІе.

Деа бІе шарахь лоллехь лаьттинчул тІаьхьа Исраилан кІентий, Якъубан тІаьхьенаш, Делан уьш лоллера кІелхьарбахаран гІуллакхан билггал бакъдолчу бахьанийн хьокъехь долчух лаьцна, галъевллера. Цара, Делан лаам шаьш сатийсина латта тІаьхьалонна дитарна а бен, тІеберзийна ца хиларан, сацам бинера, делахь а гІуллакх дІогара лаьттаца дерг дацара. Далла долччул а дукха Шен халкъаца юххера хила лаьара, тІаккха Цо Шен дагалецамех лаьцна дерриге халкъе вистхиларехь къаьстташ дІахьедина, иза поэзин маттахь а гойтуш:

> Шуна гина Ас мисархошна динарг, гина Ас, аьрзун тӀемаш тӀехь санна, шаьш *Со волчу схьадалор* (Ара. 19:4, *курсив авторан).*

Делахь а Цуьнан лаамна дог лазар ца карийра Исраилхойн кӀентийн дегнашкахь. Церан диалого кхоччуш кхин бахьанаш гойту: «Тхо шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу лаьтта тӀе ца далийна ахь, иштта тхан дола аренаш а, кемсийн бошмаш а ца яьхна ахь. Кху нехан бӀаьрса дайа воллу хьо?» (Лел. 16:14). Церан бӀаьргаш, уьш Хьенан тӀаьхье хилла дӀахӀиттийла дара бохучуьнга хьоьжучу метта, шайна тӀаьхьалонна хӀун дуьсийла долчуьнга бен ца хьоьжура.

Мусас даим а Делан лаам кхетабора ИбрахӀиман тӀаьхьенашна. Иштта цхьа комментари цо йозанан кепехь йитина яра:

> Цуьнан цӀе — эмгараллениг ю; Иза эмгаралле Дела ву (Ара. 34:14).

Дала цунах лаьцна берриге а Исраил-махкана дӀахьедира, иштта а кхайкхийна: «Суна дезна шу». Амма бодане хиларехь а, шайн дог чӀагӀдарехь цара Цунна жоп делира: «Стенна тӀехь схьагайтина Ахьа Хьайн безам?» (Мал. 1:2). Цуьнан дог шайгахьа дӀагӀертар долуш хилар а ца гуш, цара Цуьнан шайга куьг кхийдо гӀертар, гӀалате шайна кхелъян лаар долуш санна, тӀеийцира.

Ур-атталла церан шозлагӀа муьтӀахьцахиларал тӀаьхьа а Цуьнан лаам хьалхалерра бисира. ЯрмияхӀун заманахь Цо адамашка кхайкхар дира: «Аса дукхазза а бехира шуьга, амма аша ла ца дуьйгӀира. Со шуьга кхойкхура, амма аша Суна жоп ца лора» (Ярм. 7:13). Цо, Мисар-махкара дӀадахаран хьалхарчу дийнахь дуьйна кху муьре кхаччалц, Шен цаьрца гергаваха лууш хилар кхетадора (хь. Ярм. 7:25).

Цу берриге а хиламашкахь Цуьнан безам хийцалуш бацара, хIинца, Цуьнан вайгахьа гIертаран и сийлахь тешалла вайна Iийсагахь карош хилча, муххане а. Ша Iийсас иза иштта кхетадо: «Адамийн КIант дайнарг каро а, *кIелхьардаккха* а веана ма ву» (Лак. 19:10, курсив авторан). Иза кIелхьардаха веана ца Iа, Иза, хIинца а вай Цуьнан мостагIий хиллачу хенахь, веана вай лаха!

## Цуьнан ойланаш вайх хIоранннах а лаьцна ю

Вай цхьана-хьаннах а лаьцна бала хьоьгуш долчу хенахь, вай даим а цунах лаьцна ойла йо. Вайн ойланаш дийнан дохалла ца соццуш цу стагана тIе юхайоьрзу, ур-атталла буьйсанна а, набъечу хенахь, вайн цунах лаьцна ойла йойла ду. Вайн собаре а цахилла вешан хаадаларех лаьцна кхечу адамашка дуьйцийла ду, вайн цаьрца ваьшна цу стагаца юххехь хила лаарх а, цунах лаьцна сих-сиха дагадогIуш хиларх лаьцна а дагадовлийла ду. Дала иштта терго вайн а йо. Дала Шен вайн хьокъехь йолчу ойланех лаьцна Дауде аьлла. Дауд, Делана вайх хIоранннах а лаьцна йогIучу, инзаречу ойланех лаьцна, дагаваьлла вайца:

> Мел еза ю суна, Дела, ерриг а Хьан ойланаш, мел дукха а ю-кха уьш! Уьш дерриг дагардан со воьлча, уьш гIамарел а совдевр ду. Ткъа набарх самаваьлча, со Хьоьца караво суна (Заб. 138:17,18).

Адаман ма-дарра аьлча, Делан вайх лаьцна ойланаш, лаьттахь йолчу ерриге а гIамарал сов юйла, кхетийла дац! СуртхIоттадейша шайна минотана, ойла ейша ерриг а сай-рат тIера гулбина, хIорра пляжа тIера, ерриге гIум-аренашка-ра, Iаьмнашкара, хIордашкара, океанашкара хIорра гIамаран

буьртиг. Со гольфан аренгахь гӀамаран гуране хьоьжучу хенахь, соьга ойла ца яло цу жимачу ор чохь оццул дукха гӀамаран буьртигаш хиларх лаьцна. ТӀаккха хӀетте а Дала лаьттарчу хӀорра гӀамаргах лаьцна боху. Церан дукхалла кхоччуш хийцалуш яц. ТӀаьхьарчу ткъех а сов шерашкахь аса дукха исбаьхьа ойланаш йина сайн зудчух лаьцна, амма со шек ву, ерриге а цу ойланашкахь, ур-атталла уггаре а дукха стом беллачу дийнахь а, жимачу пхьегӀан чухоам буззал мукъа а хирг хиларх, Латта боху ерриг сайрат-м хьехор а яцара вай!

## Адам ша мехала лоручунна тӀегӀерта

Цу тайпана ойланаш, вай шайна тӀегӀертачу а, ваьшна дезаш долчу а, шайца юххехь хила луучу а адамашка хьовсийна ю! Далла вай мел чӀогӀа деза, кхета дуьйлалуш дуй шу? Аша цкъа-мацца а ойла йиний, мел доккха маьӀна долуш ду вай Цунна? Вай туьканашкахула лелачу хенахь, хӀорра а шена тӀе мах язбина ярлык латийначу, товарашка дӀасахьуьйсу. Цхьадолчу товарашна мах юхабаьккхина хилар схьахьедина ду, вукхеран мах хьалхалерра лакхара буьсуш бу. ХӀора товаран мах, цуьнан мехала хиларе хьаьжжина богӀуш бу. Амма вай хьекъале эцархой делахь, вай цуьнан мехала хиларца богӀу, я ур-атталла цул сов мах болу, товар лоьхур ду.

Дахарехь массо а хӀума шен мах болуш ду. Билггал продуктан мехала хиларо билгалйоккху эцархочун цуьнга йолу терго. Масех шо хьалха махбечохь цхьана бейсбольни буьрканан йохкар схьахьедина дара. Амма иза гуттара санна йолу шира буьрка яцара, ткъа къаьсттина ерг яра — цуьнца цкъа-мацах Марка Макгира шен вуьрхӀитталгӀа гол тоьхнера. Цу муьрехь цо шен лигехь цхьана сезонехь яьхначу алсамчу очкошца рекорд хӀоттийнера. Буьрка ши миллион ворхӀ бӀе

сов доллар мах болуш яра! Ур-атталла нагахь сайгахь иштта ахча хиллехь а, ас билггал иза цу буьрканах лур дацара. Стенна? Иза суна цхьа а мехала хIума йоцу дела. Делахь а суна, цу аьттонах пайда а эцна, и буьрка эцначу стегах лаьцна хаам айса бешна хилар дагадогIу. Амма хIинца, и рекорд йохийначул тIаьхьа, со шек ву, бейсбольни рекордаш езаш волчо эцначу буьрканах, цхьа-милла а волчо цунах цу механ дакъа мукъана а делла, иза схьаоьцург хиларх. Буьрканан мехала хилар цIаьххьана лахделира.

Иштта, гIуллакх юкъаралло вайн мах муха хIоттош хилар-ца дац. Цуьнан вайх лаьцна тайп-тайпа ойла хуьлийла ду. Тайп-тайпаначу юкъараллашкахь ур-атталла адамийн дахар а тайп-тайпана мехаш хIиттош ду, миллионаш дай-наноша шайн дуьнен чу девлла доцу бераш дойуш долу дела. Беран даха-ран, дай-наношна уьш дуьнен чу довларо лун долчу бегIийла ца хиларан, мах бац. Шайн зударий а, бераш а дIатуьйсуш болу майранаш а бу, шайн цаьрца йолчу юкъаметтигашна ницкъ а, хан а яйа ца оьшу, аьлла, лору дела. Царна шайн бегIийла дерг а, тамехь дерг а дуккха а лараме ду, зудчун я берийн дахарал. Шайн дегIан йохка-эцар лелош долу, адамаш а ду. И список чаккхе йоцуш кхин дIакхехьийла ду. Ткъа жамIехь вайна вешан юкъараллехь, шайна йинчу кIоргечу чевнех балахьоьгуш долу миллионаш адамаш хуьлу. Иштта, шаьш дезаш доцу а, лааме доцу а хеталуш долу адамаш а ду, шайн маьIне хиларан, кхечу адамийн ойланех мах хIиттабо дела.

## Дела Ден бIаьргаш чохь вайн мехала хилар

Амма Делан бIаьргаш чохь вайн мехалалла муха ду? Билггал цу хьокъехь вайн вешан нийса мах хIоттабойла ду. Билггал Дела ву кху дуьненахь механ а, мехалаллин а

стандарташ хIиттош верг, ткъа адам дац. «Адамашна мехала хетарг Далла боьха хета» (Лак. 16:15).

Iийсас аьлла: «ХIун до кху дуьненах, нагахь санна цо шен са дайинехь? ХIун до дерриг а дуьненах, нагахь стага шен са дайина хилча?» (Мат. 16:26). Ойла ейша минотана кху дуьненан берриге а бахаман. Сурт хIоттадейша дуккха а миллионаш болчу мехкийн а, гIаланийн а, дерриге мехала тIулгийн а, металлийн а, ерриге исбаьхьачу машенийн а, яхтанийн а, кеманийн а, ерриге лакхара технологически электроникин а, цу тIе и дерриг а — «хазачу» хIуманех кIезиг долу хIума бен дац. Барам боцуш дукха хьелаш а, бахамаш а бу дуьненахь, цу дерригенан а дуьххьалдIа сурт хIоттадойла а дац. Цхьаболчу эксперташа дукха хан йоццуш, дагардина, дерриге а дуьненара валови продукцин ткъе пхийтта а, бархI итталгIа дакъа триллион (10 в 12-й степени) американских доллар хилар. Терахьашкахь иза иштта гуш ду: $35 800 000. Иза боккха бахам бу, тIаккха цу юкъа ара-чу ца баккхалун бахаман мах ца богIу. ХIетте а Iийсас чIагIдо, нагахь адамо шен са цу берриге а бахамах хийцахь, цо сонта а, пайда боцу а барт бийр бу!

Дала вай дустуш долу билггал бакъдолу хьакъ долуш хилар, мехалалла, дуьненан берриге а бахамал лакхара ду, цундела хIоттабо Цо вайн оццул лакхара мах! Вайга боху: «ХIунда аьлча Шен цхьаъ бен воцу КIант дIаваллал дезна Далла хIара дуьне, муьлхха а Цунах тешнарг, хIаллак а ца хуьлуш, Ша волчохь долчу хедар доцучу дахаре кхачийтархьама» (Яхьъя 3:16). Адама шен олалла дIаделлачул тIаьхьа, вай, боданан эла волчу, Люциферан куьгаллин кIел кхаьчна, (хь. Лак. 4:6). Адаман муьтIахь цахилар вайна массарна а дIасадаьржина, тIаккха вай, шайна тIехь хьолан да а, олахо а санна, паччахьалла деш волчу Дюциферан пачхьалкхан, къинан леш хилла дIахIиттина. Цо

вайна шен бакъонаш схьа а хьееш, вай дӀахеца ца лаьара. Вайга гуттаренна а болчу бодано сатуьйсура, кӀелхьардовла догдохийла а доцуш. Вайн, вай цкъа-мацца а цхьанна, мах баларца, схьаэца лиъча бен, кӀелхьардовлийла хуьлийла дацара, амма вай паргӀатдахаран мах адамна тӀех лакхара бара.

ТӀаккха Дала мах баларан метта Ӏийса велира вайна тӀера. Вай мах белла цхьаьнгга а, я цкъаъа а схьаэцалур дацара, хӀунда аьлча Дала аьлла: «ХӀуъа дича а, адаме стаг паргӀатваккхалур вац. Цуьнга оцу стеган дахарх Далла мах балалур бац» (Заб. 48:8). Амма Дала лаккхара мехала ду вайн синош, цундела Цо Ша Ӏийсан дахаран мехах схьаэцна вай. ПахӀала боху: «ХӀунда аьлча, беза мах а белла, эцна ду шу. Цундела шайн догӀмашца Делан сий делаш!» (1 Ко. 6:20). ТӀаккха кхин дӀа цо юха олу, «Делан диканан бахамца» «Ӏийсас, Шен цӀий Ӏанорца мах а белла, вай паргӀат а даьхна, вайн къиношна геч а дина» (Эпа. 1:7).

Вайн Дуьненахь Далла Цуьнан КӀентал, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсал деза цхьа а хӀума дац. Амма Шен КӀант вайх, мах болуш санна, дӀавелча, Дала вай Шен сийлахьчу хазница цхьабосса хилар дӀахьедира. ТӀаккха тамашийна дерг хӀара ду: нагахь вай Делан бӀаьргаш чохь цхьана йотина мукъа а кӀезиг мах болуш делхьара, Дас цкъа а дӀалур вацара Иза, Дала цкъа а пайденна боцу барт ца бо дела! Са йоцу барт я пайда ца болу хийцар маца хуьлу аьлча, аша вуно мехала хӀума, мелла а кӀезиг мах болчу хӀуманах дӀалучу хенахь. Билггал иштта ду иза! ХӀинца кхетий шу, шаьш Дена мел лараме ду? Ӏийсас тӀечӀагӀйо и ойла, иштта а бохуш: «Ахь Суна делла долу сийлалла Ас царна а делла, уьш а, Вайшиъ санна, цхьаъ хилийтархьама. Со цаьрца а, Хьо Соьца а санна, хуьлийла уьш а кхоччуш цхьаалла йолуш, дуьне

тешийтархьама Ахьа Со вахийтина хиларх а, *Со санна, Хьуна уьш безна хиларх а»* (Яхьъя. 17:22,23, курсив авторан). Іийсас къайла цадоккхуш схьахьедо вайга, Дена вай Іийса веззачу барамехь везаш хилар! Со хезий шуна? ХІинца кхетадой аша шайн билггал бакъдолу маьІна? Шуна гой, Дела мел чІогІа доккхуш ву шуьца герга хилар?

## «ХІаъ, амма, со саннарш дуккха а бу»

Суна дуьхьал олийла ду: «ХІаъ, амма Дала и сагІа дерриге а адамийн дуьхьа деана ду, ткъа со мила ву барам боцуш дукха долчу адамашна юкъахь?» Амма дерриг а гІуллакх стенца ду аьлча, нагахь хьо Лаьтта тІехь цхьаъ бен воцу стаг хиллехь а, Дала хІетте а хьуна тІе а гІерташ, и барам боцу боккха мах а дІа а белла, схьаоьцур вара хьо. Иза къаьстташ тергалдеш ду Іийсан гІуллакхдарехь. Цо дийнна де даьккхира халкъан яккхийн тобанашна Делан Пачхьалкхан къайленаш хьоьхуш. Иза кІадвелла вара, делахь а цхьа хІума дара хьем бар ловр доцуш. Дезачу Синан вигарца Іийсас шен мурдашка хин кеман чу а ховший, Галилай хІордах дехьадовла омра до. Уьш хІордана юккъехь болчу хенахь, мох болу, тІаккха мурдийн дахар кхерамехь хуьлу. Амма Іийса оццул кІадвелла хиларна, хаддаза наб еш вара. Кхерамехь болчу мурдаша Иза сама а воккхий, тІехь лаьттачу кхерамах лаьцна олу. Іийсас карзахъевлла тулгІенаш а, мох а сацорца жоп ло царна.

Цара йисина буьса ловзабаьлла хІорд хадош йоккху. Вукху йисте дехьабевлча, цара жимма садаІаре сатуьйсу. Амма уьш хІордан йисте арабовла а кхиале, жинаша хьийзош волу стаг дуьхьалволу царна. Иза кешнашкахь вехаш ву, тІаккха ур-атталла зІенашца сецалуш а вац. ХІора деношкахь а, буьйсанашкахь а кешнаш юкъахула, гонаха йолчу

меттигашкахь чекхбуьйлу мохь а хьоькхуш, ирачу тӀулгашца шена чевнаш а еш, ваьлла лелаш ву иза (хь. Мрк. 5:3-5).

Нагахь иштта стаг тахана вехаш велхьара, иза психиатрически больнице вуьллур вара, цу тӀе, долччул сиха, цхьаннан палати чу. Цунна чӀогӀа ницкъ болу препараташ а елла, ша шеца вуьтур вара. Дуккха а долчу адамаша иза дӀатеттина лорур вара, тӀаккха цо кхин дӀа а шен волуш хилар дӀакхоьхьур дара, законо ур-атталла иштташу хиламехь а, нуьцкъа вен магош доцу дела. Иза юкъараллина пайда боцу сов мохь лорур бара. Иза адамийн бӀаьргашкахь цхьа а мехалалла долуш хир вацара. ЧӀогӀа кӀезиг болчарна луур дара цуьнца юкъахь дерг хила.

Делахь а и хьераваьлла стаг Дена а, Ӏийсана а, Дезачу Синна а вуно мехала вара. Ӏийсас нуьцкъалчу кепара гӀуллакхдира цунна. И декъаза стаг боданан ницкъах кӀелхьарваккхар оццул Ӏаткъаме хиларна, дийнан чаккхенгахь иза хӀинца тӀеюьйхина хӀуманаш а йолуш, кхоччуш хьекъалехь а волуш, Ӏийсан когашкахь охьахиъна Ӏаш вара. ТӀаккха хӀара ду тамашийна дерг: «Ӏийса Шен мурдашца хинкеман тӀехь Ӏоман берда тӀе юхавеача, Цуьнга хьоьжуш дукха адам дара. Уьш Цунна гонах гулделира» (Мрк. 5:21). Цкъа а дицлур дац суна Дала сайна цу меттигна тӀе гайтина и де. Со ма-дарра балане воьжна вара, халачу дийнал тӀаьхьа гӀелвелла волу Ӏийса, хӀордах чекх а ваьллера, боккха мох а лайнера, деккъа юкъаралло хӀордакха лоруш волчу, жинашца тайна волчунна гӀуллакх дархьама вахана хиларх. ТӀаккха Ӏийсас юха а хин кеман чу а хиъна, кхин дӀа юханехьа бира берриг а некъ. И дерриг а цо цхьана стеган дуьхьа дира!

Со цунах кхоччуш кхийтира, нагахь со Лаьтта тӀехь цхьаъ бен воцу стаг велхьара, Дала хӀетте а сан са лоьхур дара, сох беза мах а белла, сан цуьнца уьйр хилийтархьама. Тамаш

бойла дац, Иза дуьнен чу ваьллачу дийнахь, стигаларчу маликаша Далла хастамаш а беш, лаьттахь машар хилар а, адамашкахь декъалалла хилар а, иллешкахь хестош хиларх. Дерриг а дуьненан бІаьргашна гуш дІаеллалуш яра Дала вайн синош муьтІахьдаран драма.

## Іийса вайх хІорранга а муха хьоьжу

Дала суна деллачу, сийлахьчу довзийтаршна юкъара цхьаъ, иза кестта со кІелхьарваьллачул тІаьхьа суна деанарг дара. Со машенахь а вогІуш, Цуьнца хабар дуьйцуш вара, тІаккха цІаьххьана, суна, цхьанххьара доцуш санна, берриг а сан кхетам тІекІелбаьккхина долу, дешнаш хезира. Суна Цо меллаша сан даге олуш хезира: «Джон, Аса хьо Сайл лакхара мехала лорий, хаьий хьуна?»

Дагадогlу суна, сайна и хезча, ас сихха сацам бира, и Дела емалвен ойланаш сан хьекъал чу иблисо ехкина, аьлла. Аса, цу тайпана ойланаш эхь доцуш а, тІеюьтийла доцуш а цІе яккха езаш хиларан, ойла йира. Со цхьана маьІаргона мохь тоххаза висира: «ДІадала Суна юххера, иблис!» Делахь а, сайн деган кІоргенехь, суна иза Делан аз долуш хаалора. Цундела аса уггаре а кхерамазалле сацам бира. Ас элира: «Веза Эла, суна цу тайпаначу дІахьедарх теша чІогІа хала ду. Суна Дела емалвар ду аьлла хета, Ахьа, стигал а, латта а кхоьллина волчо, со, пайденна воцу стаг, Хьайл лараме лоруш хиларх, тешар. Сан Ахь аьлларг, нагахь Ахь сайна тешалла долуш санна, Керлачу Весетера кхоъ тІечІагІдар лахь бен, тІеэцийла дац».

И аларца, суна, Дела сан жоьпана реза волуш санна, хетаделира, тІаккха кхуззахь сайн даг чохь хезира суна: «ХІун бохуш ду Пилапхошка Дахьийтаран шолгІачу коьртан кхоалгІачу байтехь?»

И байт дика а евзаш, ас чIоггIа дIайийшира: «Цхьа а хIума шена пайда леха а, дозалла дан а ца деш, хIораммо а, ша-ша эсала а хуьлуш, вовшийн лакхара ларалаш».

Везачу Эло элира: «Хьоьга Дезачу Йозанашкара хьалхара тоьшалла кхаьчна».

Ас дуьхьало йира: «Кхузахь ПахIала тешачу пилапхошка, цхьаммо важа шел лакхара лара везаш хиларан омра а деш, боху. Цо Хьан соьга йолчу тергонах лаьцна ца боху».

Суна кхуззахь жоп луш хезира: «Сан кIант, Ас цкъа Сайн берашка Айса деш доцург дан омра ца до!» ТIаккха, дуккха а болчу доьзалшкахь хало билггал цу тIехь хиларх кхетийра Цо со. Дай-наношна шайн берашкахь, шаьш царна ца гойту леларан кепаш ган сатуьйсу. Везачу Эло, нагахь Иза Ша масалин гIуллакх деш вацахь, цкъа а цхьа хIума тIе цадуьллу вайна.

Аса и тешалла тIеийцира, амма цо хьалха санна, Везачу Эло со Ша Шел мехала лоруш хиларх, ца тешавора со. Ас элира: «Веза Эла, иза Дезачу Йозанашкара цхьа дакъа бен дац, ткъа суна кхин а шиъ деза». И дарца со Везачу Эле ларам ца хилар а доцуш, ткъа ларлуш хилар а, хьожуш хилар а гойтуш вара.

ТIаккха Везачу Эло, сан дог хабочу кепехь хаттарца, жоп делира суна: «Джон, мила вара жIара тIе дIатоьхнарг, хьо я Со?»

Сайна хьалха хууш дерг, хIинца ма-дарра гIолехь гуш долу, керлачу кхетарх цецваьллачу, ас меллаша жоп делира: «Хьо вара, Iийса».

Цо кхин дIа элира: «ЖIара тIехь дIатоьхнарг хьо хила везаш вара, амма Ас Сайна тIехь дIадаьхьира хьан къинош а, хьан кхел а, хьан цамгарш а, гIорасизаллаш а, лазам а,

мискалла а. Ас и дира, хьо Сайл лакхара мехала лору дела».

Со Цуьнан дешнашка ладугІуш волчу хенахь, со вегоро дІалецира. Ерриге шеконаш дІаевлира Цо и аьллачул тІаьхьа. Со тийна, Иза, Шен лан дезна бала хьегаран, жимма а хьакъ долуш ца хиларх, ойла еш вара. Иза бакъахьара а, бехк боцуш а вара. Сан хьекъале деара Кипин хьалхара дахьийтар (2:24): «Шен дегІаца вайн къинош жІара тІе даьхьна Цо, вай къинойх къаьстина, цІена дахийтархьама. Цуьнан чевнаш бахьана долуш дарба хилла шуна».

ХІинца суна, Цо баккъал а со Шел лараме лоруш вуйла хаьара. Сан бІаьргаш хих буьзира, тІаккха со Цунна хастам бан хІоьттира. Со хІинца чІоггІа тешна вара, Цо сайна кхоалгІа байт лург хиларх, тІаккха баккъал а, кестта Иза сан даге вистхилира: «ХІун боху Римхошка дахьийтарехь (12:10)?»

Иза кхин а цхьа евзаш йолу байт яра, тІаккха ас иза юха а йийшира: «Вежаршка санна хуьлучу безамца вовшийн дезалаш, вовшийн алсам ларалаш».

ТІаккха суна Цо олуш хезира: «Далла хьалхе дуьйна хаьара, Шен долахь берш муьлш хир бу. Цо билгалдаьккхинера, уьш Шен КІентан вастехь хир бу аьлла, дуккха а болчу динан вежаршна юкъахь Иза дуьххьарлера доьзалхо хилийтархьама» (Рим. 8:29).

Суна сих-сиха хезна Іийсана вай деза аьлла. Амма Цо и дешнаш сан даг чу дерзийча, со дуьххьара ма-дарра кхийтира, мел къаьсттина ду вай дерриш а Цунна. Ма-дарра аьлча, Цо Шен доьзалан декъашхойх Шен хазна олу. Цо вай Шена чІогІа хьоме ду боху. Цо, вай Цунна — йоІ-бІаьрг санна, ду бохуш, чІагІдо. Цхьана хІуманах кхета гІортийша: Иза вайх воккхавоь! Ва хІаъ, ладугІуш хилийша кху билггал бакъдолчу а, исбаьхьачу а дешнашка: «Шун Веза Дела шуна юкъахь ву, Иза шу кІелхьардоху тІемало ву. Шух сакъералуш воккхавер

ву Иза, Шен безамца шу карладохур ду Цо, шух воккха а веш, йиш локхур ю Цо» (Цап. 3:17).

## Адам бохург хӀун ду?

Маликаш хаа лаарца хьоьжу вайга, нуьцкъала а, веза а Дела, дуьххьалдӀа долчу адамашка оццул тидам тӀебохуьйтуш хилар а гуш. Вай йоьшу: «Ахь кхоьллинчу стигалшка со хьалахьаьжча, цу тӀехь Ахь шен-шен метте дӀахӀиттийна буттий, седарчий го суна. Стаг мила ву, Хьан цуьнан бала кхача? Адаман кӀант мила ву, Ахьа цуьнан гӀайгӀа бан?» (Заб. 8:4,5). И дешнаш Дауда яздина делахь а, со тешна ву, Дала магийна цунна, Делан васхалан гонаха долчу, нуьцкъалчу маликийн ойланаш хаза. И маликаш хьоьжуш дара Дала дуьне муха кхуллу. Уьш сийлахь ларам беш а, сий деш а лаьтта Цунна гонаха, церан вовшашка «веза ву, веза ву, веза ву», бохуш, даккхийдер бен дац, хӀора муьрехь царна Цуьнан сийлаллин керла агӀо дӀаеллало дела, тӀаккха церан гуттара а Иза хеставойла ду. Цара, тронни залан (шена чохь мел лаххара а итт миллион стаг чохь волу) бӀогӀамаш дегош, чӀогӀа даккхийдеран мохь хьоькху. Царна, Цуьнан вайн хьокъехь йолу ойланаш безамах а, диканах а юьзна, барам боцуш а, Лаьттахь йолчу ерриге гӀамаран буьртигел а сов йолуш хилар го. Уьш цунах цецдевлла а, инзардевлла а дара!

Вай — Цуьнан мах боцу долахь дерг ду, Цуьнан хаьржина а, дукха мах болу а жовхӀаран буьртигаш ду — Цо Шена, абаденна чохь хила луу, скини кхуллу, дийна тӀулгаш ду. Амма Дала иштта терго стенна йо вайн? ХӀун ду вай динарг, Цуьнан тамашийна безам хила хьакъ долуш дерг? ТӀаккха билггал кхузахь чулаьцна ду долуш долчарех сийлахь долу билггал бакъдерг. Вай, Цуьнан безам хила а, Цунна вайца хила

лаархьама а, хьакъ долу, цхьа а хӀума ца дина. ХӀунда аьлча, вай хӀинца а гӀорасиза а, боданехь тиладелла къилахь дерш а долчу хенахь, ма-дарра аьлча, Цуьнан мостагӀий долуш, Иза вай леха дӀахӀоьттина. Цунна вайгахь, Цуьнан безамна бен гойла доцур гора. Талхарна а, къинна а, гӀалатна а юкъахь Цунна хазна гора. Цо цхьа мехала — дуккха болчара цхьа а мах боцу я кӀезиг мах болуш лору, дерг санна, схьаоьцура вай. Цунна вайн билггал бакъдолчу хьолал лакха а ваьлла, Цуьнан ниӀматна а бен гойла доцург гора.

ХӀинца вай кхетаман алсамчу барамехь тӀеоьцу Дезачу Йозанийн дешнаш: «Шайх адамийн леш ма хилийталаш, хӀунда аьлча шух беза мах белла» (1 Ко. 7:23). Амма, шена тӀехь иштта безам а, ларам а гина волчу стагана, иза цкъа лай вина а, кӀезиг вина а, цхьа мах боцуш лоруш а хиллачу, хьоле юхаверза стенна лаьа те?

Нагахь вай цкъа, Ӏийса — иза Дуьненахь уггаре а гӀараваьлла юьхьша хиларх кхеттехь, тӀаккха иза доллучу дагца вайца хила гӀерташ а хилча, вай цу тайпана Ӏаламате Цунна гергахь хиларна тӀекхайкхар тергал ца деш муха дуьтийла ду? Кхин Иза дӀатосийла дац, хӀунда аьлча цу тайпана бохамечу дӀататтаро вайн бодане хиларо а, цахааро а бен, тӀедожадойла дац.

(Ларамe билгалдаккхар: Дезачу Йозанашкахь аьлла ду, Дала вай лоьхуш делахь а, вай, Цуьнца юкъаметтигаш хилархьама, ваьш жоп дала деза Цуьнан тӀекхайкхарна. Нагахь аша хьалха цкъа а Дала леррина къобалвина Ӏийса шайн юхьша Веза Эла а, КӀелхьардохург а тӀеэцна ца хиллехь, хӀета чӀогӀа ларамe ду, аша нийсса хӀинцце, дӀа а ца тоьттуш, книгин чаккхенгахь долчу А юххедилларна тӀе дехьадовлар.)

## Темица доьзна хаттарш

1. Исраилхойн кӀентий мисархойн деа бӀе шеран лоллех паргӀатбевллачу хенахь, уьш, Дала юьхьарлаьцначу коьртачу Ӏалашонах, ца кхеттера. Везачу Эло «Цо уьш Ша волчу балийна», бохура, ткъа цара, дерриг а гӀуллакх сатийсина латта тӀаьхьалонна дисарца ду моьттуш, чӀеӀамаш а, леткъамаш а бора. Вай кху коьртехь гайтина ма-хиллара, церан дегнаш шайна тӀаьхьалонна дуьсун долчунна тӀедерзийна дара, ткъа церан тӀаьхьало хилла дӀахӀоьттина хуьлийла дерг Мила ву а доцуш.
2. Дала вай къинан лоллех паргӀатдаьхна, тӀаккха Цунна шу Ша волчу дало лаьа. Сих-сиха бой те аша леткъамаш а, хамталлаш а? Везачу Элера тӀаьхьалонна хӀун я Мила хуьлийла ду бохучунна тӀехь тила-м ца деллате шу?
3. Кху коьртехь оха хаттар дора: «ХӀунда хуьлу те, шена Везачу Элан оццул боккха безам а, Цуьнгахьара болу шега ларам а хаабеллачу стеган, ша цхьана хенахь лай винчу а, ша оццул кӀезиг хеттачу, цхьа а мах боцуш хиллачу а хьоле юхаверза лаам?» Муха жоп лур ду аша кху хаттарна?
4. Кху коьртехь, авторан, кестта ша кӀелхьарваьллачул тӀаьхьа, Делаца хиллачу хабарх лаьцна дуьйцуш дара. Авторца Шен уьйр хиларехь, Дала Ша адамаш мел лакхара лору аьллера. Делаца хиларан шайн лакхара мехала хиларх кхетаро муьлхачу кепара хуьйцийла ду шун дахар а, цуьнга йолу терго а?

Корта 3

# ХЬАЙН ХЬОГАХ ХИЛАР ЛАРДЕ

Вай ваьшна яош йолчух хьогах ду.

КIелхьарваьлла воцу стаг дийна Дела леха волавалале хьалха, Ша Везачу Эло тIеоза веза иза Шена. А. У. Тозера яздо: «Къилахь волчу стеган Делах лаьцна нийса ойла коьрта чу яле хьалха, цунна чохь серлонан болх хила беза» (The *Pursuit of God,* p. 11). Ша Iийсас аьлла: «Цхьаннан а вогIийла дац Суна тIе, Со вайитинчу Дас иза тIе ца оьзча» (Яхьъя 6:44). Цундела, Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула Делаца юкъаметтигаш йоцчу адамашна тIера дехар, иштта лараме ду. Далла лаьа «массо а адамаш кIелхьардовла а, царна билггал бакъдерг довза а» (1 Ти. 2:4), тIаккха ерриге а историн йохалла Цо цу Iалашонна тIекхиархьама массо а хIума до. Делахь а Цунна хIетте а, Цуьнан берийн а тилабеллачаьрга доглазам хила а, и адамаш кIелхьардахарх лаьцна кхойкхуш,

Цуьнга деха а лаьа. Цундела боху Іийсас: «Цо Шен мурдашка олура: «Хьовсал, мел дукха адам кийча ду Делан Олалла тІелаца. Уьш кхиъна доккха ялта санна бу, амма и ялта чудерзо белхалой кІезиг бу. Ялта долчу Дега деха, иза чуэца кхин а белхалой бахкийта а» (Мат. 9:37,38).

Вай Дала леррина къобалвинчу Іийсан довзийтарехула кІелхьардаьхначу хенахь дуьйна, вайн даима а лелаш долу тІекхайкхар ду. Дала вайга боху, Цуьнан бераш Цунна гергахьа хилийтахьара. Дала хІинца хьалхара гІулч яьккхина вайна дуьхьалвогІуш, вай и абаденна лелаш долу тІекхайкхар схьаэцархьама. Йовр йоцу цІе кхин дІа а йогуш ю, тІаккха Цо вайн цІераш йоху, Иза хІинца хин кеманчуьра араваьлла! ХІинца Иза шун жоьпе сатуьйсуш ву!

Дукха хан йоццуш цхьа тешаш верг соьца дагавелира: «Джон, со дуьненахь дукха мел веха а, ас Далла дукха гІуллакх мел до а, со, вайн Цунна гергахь хилар Цунах доьзна хиларх алсам кхета».

Со цунна дуьхьал хилира: «ХІан-хІа, иза нийса кхетам бац».

ТІаккха цо Іийсан дешнаш элира, цхьа а Цунна тІе ца вогІу, нагахь иза Дас тІеозош вацахь, аьлла.

Ас жоп делира: «ХІаъ, амма и билггал бакъдерг тешаш боцчарна бен дІасадаьржаш дац. Дала, хьо хІинца Цуьнан бер ду, боху, цу тІе доьгІна хьо Цунна герга вар доьху, тІаккха Иза а гергавогІур ву хьуна. Цо кхоччуш къаьсташ чІагІдо, и гІулч вайга муьлххачу муьрехь ялург хилар».

ХІаъ, Цунна вайца цхьаьнакхета а лууш, тІаккха Иза Ша иштта цхьаьнакхетар долориг хуьлий дІахІуттуш долу хьелаш а хуьлу. Амма иза вай Везачу Элаца цхьаьнакхетар долориш хуьлийла долуш я хила дезарш дац бохург дац. Вайн Цуьнца юкъаметтигаш ю, тІаккха ден а, кІантан а гуттара а санна йолчу юкъаметтигашкахь ма-хиллара, бер деца хьалха

цхьаьнакхета доьдуш хенаш а хуьлу, иштта да цхьаьнакхетар долориг хуьлий дӀахӀуттуш хенаш а хуьлу.

## Цуьнан тӀекхайкхарна жоп луш дерриге адамаш стенна дац?

ТӀекхуьун воцу хаттар: Делаца тӀехула а, кӀоргенза а юкъаметтигаш йолу тешаш долу адамаш иштта дукха стенна ду те? Уьш Цуьнца алсамо юххера а, алсамо кхетаме а юкъаметтигашна юкъа стенна ца булу те? ХӀун ду уьш сецош дерг? Стен меттахдохийла а, тергойойтийла а ду иштточу адамашка Цуьнан Цунна гергадахка тӀекхайкхарна? Цу хаттарна жоп далар тоъал дуьххьал дӀа ду: дерриг а гӀуллакх Дела вовза вайн хьогаллехь а, лаамехь а ду:

> Делах хьоьгу сан са – дийна волчу Делах. Маца дӀавахалур ву те со, Далла уллохь а волуш, Цунна Ӏибадат дан? Дийнаххьий, буьйсанний сайн бӀаьрхих кхача хилира суна, «Мичахь ву ткъа хьан Дела?» – бохуш, дийнахь сарралц мостагӀаша соьга хоьтту. Сайн синан Ӏаткъам дӀа а балхош, хӀара ду суна дагаоьхург: адамийн тобанашца сайн лелар, Делан цӀа долчу сайн хьалхавийлар. Халкъаца цхьаьна аса а кхойкхура дезде даздечу хенахь хазахетаран а, баркаллин а озаца (Заб. 41:3-5).

ХӀара книга кхин дӀа ешалий хьалха, кхин цкъа а меллаша юха деша хӀара могӀанаш, тӀаккха хӀора дешан ойла ейша. Тидам белаш, Дауда аьлла: «Сайн синан Ӏаткъам дӀа а балхош, хӀара ду суна дагаоьхург». Дагалеца маьӀна долу жуьгтийн дош, — иза *zakar* ду. У. И. Вайно боху, грекийн дешан нийсса жуьгтийн синониман санна, дуьххьал дӀа

дагалецамел сов маIна ду. Цуьнан маIна ду «и ойланаш дагахь латтор». Билггал и маIна ду кху могIаршкахь чулаьцна. Ма-дарра аьлча Дауда боху: «Аса Делах лаьцна болу сайн лаамаш дагалацамехь ларбечу хенахь, со Хьуна хьалха сайн са далхо волало». Билггал иштачу тIедахкаро даладо вай бузурбоцчу Деле болчу хьагамна тIе. Иштачу хьогах хиларо меттахдоху вай Цунна гергадахка, тIаккха бен дац, муьлхачу дуьхьалонашна вай тIеIиттало — синан лакхаллечу, я интеллектуальничу я дегIаца йолчаьрна. Цундела чIогIа лараме ду Цуьнга болу вайн хьагам ларбан а, иштта алсамбаккха а!

## Веза Эла, алсамдаккхахьа сан хьогах хилар

Дуккха болчара доIа до: «Веза Эла, алсамбаккхахьа сан Хьох лаьцна болу хьагам!» ТIаккха хIетте а и нийса доIа дац. Вай ваьш бен, ткъа Далла а доцуш, билгал ца боккха вайн хьогах хиларан барам. Америкехь вайн дуккха материальни бахам бу, вайна гонаха дуккха самукъадаккха а, там хила а, хIума яккха а аьттонаш бу. Вайн Деле болу вешан хьагам кхолла а, ларбан а цхьаъ бен йоцчу кепара ду — вешан са Iалашдарца а, ваьш иза стенца бузу, кхетамца харжарца а. Кицанашкахь (27:7) аьлла ду: «Вуьзначу стага моз а дIатоттур ду, амма меца волчунна къаьхьаниг а мерза хетар ю». ДуьххьалдIа аьлча, нагахь шун са гIайгIанаша а, там хиларна тIеийзоро а, бахаме болчу безамо а, я кху дуьненна богIучу лаамаша дуьзна делахь, шу меца а доцуш, Делаца уьйр хиларан мерза алхаш ца лоруш хилла дIахIуьттур ду.

Дагадаийтийша баркалле хиларан Дийнах лаьцна. Американцийн дукхах долу дакъа доьзалшца а, доттагIашца а цхьаьна гулло, хIара дезде даздархьама. Дуккха болчара

марта ца дуу, даздаран шун охьадиллина даьллачу хенахь, церан аппетит ловзаялийтархьама. Шун диллар дӀадолало. Хьешашна тай-тайпаначу чуйоьхкинчу хӀуманашца йолу йоккха москал а, мерза картол а, хасстоьмаш а, клюквин мутт а, пирогаш а, иштта кхин дӀа а арайоккху. Оха дукха юург юу, хӀунда аьлча и хан тӀекхаьчча, тхан аппетит хьалайолу дела. Той дӀадаьллачул тӀаьхьа тхо узарш деш хуьлу, тӀех дукха яа хӀума йиъна дела. Тхо дуьзна ду! ТӀаккха цхьа ши сахьт дӀадаьлча тхо доьзалан кхин декъашхо волчу хьошалха доьлху. Цигахь юха а чоме а, дузош долу а даарш охьадохку. Кху муьрехь юург тхуна — иза гурманийн даар ду, делахь а там а, аппетит а хиларан метта, тхо цунах дӀадерззаза дуьсу я и яа хӀума дӀатотту оха. Тхо хӀинца а хьалха йинчу делкъенах дуьзна ду, тӀаккха даздаран шуьне хьоьвсича, тхо тхаьшка цхьа а хӀума яалург цахиларх кхета. ХӀинца тхуна бен дац, юург хьалхалерчу цӀийнахь хиллачул чам болуш а, исбаьхьа а хилар, тхо ма-дарра аьлча цуьнга цадашарца хьоьжу. Билггал цунах лаьцна бохуш ду Кицанашкара ялийначу байтехь.

И билггал бакъдерг кхоччуш дӀаделлархьама, вай, дерриг а гӀуллакх пропорцишкахь хиларх, къера хила деза. Нагахь шун са кху дуьненан лаамаша охьатаӀийна делахь, шу, хила тарло, кхача ца лоруш хир дац, амма ойланза терго йийр ю цуьнан. Нагахь шу, цхьа ши сахьт хьалха яа хӀума кхаьллина долу дела, мацалла хаалуш цахиллехь, хӀета хӀинца, даздаран шуьнна хьалха, шу дӀадерза хӀуьттур дац, жимма юур ю я хьалхайиллинарг кхоччуш дӀахилор ю. Цхьа муьлхха гӀала вахана волуш, со ресторане кхайкхича, ас гӀиллакхе дӀатотту и кхайкхар, со масех сахьт цул хьалха яа хӀума йиъна волу дела, ткъа иза со меца вац бохург ду. Ас яздинчу баркалле хиларан Дийнах лаьцна суртхӀотторан хиламехь долу, юучух йолчу ойлано дог ца керчадора сан. Амма цу тайпаначу

тӀекхайкхарна, шина я кхаа дийнахь юург йиъна воцчу стага, кхоччуш кхечу тайпана терго йийр ю. Иштта стаг, шу бен доцуш хьожур долу юург, боккхачу лаамца яа хӀуттур ву. Иштта, билггал бакъдерг стенца ду аьлча, аша Цуьнан тӀекхайкхарна, шаьш кху дуьненан хӀуманех дуьзна хиларан барамах доьзна, жоп лур ду.

Динан тобанашкахь адамаша тӀех сих-сиха бен дацар зоь Делан хӀуманашка. Дера, царех дукхах болчара Цуьнан гергахь хилар тергал ца деш ца дуьту, амма мецачу стегаца дуьстича, уьш шайна хьалхарчу даздаран хьалхадиллинчуьнга цхьана гӀоьдалаза а, марзделла а долчуьнга санна, хьоьжу. Дерриг а гӀуллакх стенца ду аьлча, масех сахьт кхул хьалха уьш хӀинцале адамийн стоьла тӀера «юучух» буьзна бара, тӀаккха хӀинца царна шаьш кхоччуш тамехь хилар хаало. Суна, цара Цунна гергахь хила лаарх лаьцна, дӀахьедеш хилар хеза, амма церан гӀуллакхаша церан дешнел чӀогӀа боху. Аша хӀара книга караэцна, шайна Иза кхин а алсам вовза лаьа дела (тӀаккха со цунах теша а теша), амма шун са дӀакхийдаш дуй те Цуьнга? Масех дийнахь хӀума ца йиъначу а, ца меллачу а, стегах тера дуй те шу? Билггал цу тайпана мацалла а, хьогалла а зуьш хила деза вай, Деле эмгаралла хилийтархьама.

## Бен ца хета динан тоба

Довзийтинарг цӀе йолчу книги тӀехь тӀаьхьарчу тобане дерзийна долу Ӏийсан дешнаш теллича, шуна тамашийна мадарра дерг карор ду. Цкъа-делахь, дагахь латтаделаш, Ӏийсас кехаташ Асихь ворхӀ динан тобанан адресца дӀасадахьийта омра динера, делахь а и дахьийтарш исторехь ма-дарра йолуш йолчу динан тобанашна хилла а ца Ӏаш, амма вайна

массарна а хьовсийна дара, иштта дацахьара, уьш вайн Дезачу Йозанашкахь хир дацара. Уьш Делан Йозанашкахь мадарра долуш хиларан маьIна ду, церан пайхамараллин хилар я цара хьалха санна тахана а вайга бохуш хилар ду.

Пайхамараллин дахьийтарех тайп-тайпаначу тергонашкахь а, билгалонашкахь а я хьелашкахь пайда оьцу. ХIора динан тобане дахьийтар таханалерчу денна билгалоне хилла ца Iа, амма, хила тарло, иза Делан Йозанийн чаккхенгахь хилар, Динан тобане уггаре а юкъарло йоцу терго йолуш ду, Иза схьавале хьалхарчу дийнахь гучудаьлла дела. Цуьнца билгале маьIна ду, хIунда аьлча кху дахьийтаран чаккхенгахь Яхьъяс боху: «Цул тIаьхьа со хьалахьаьжира. Стигалахь дIаеллаелла неI гира суна. Хьалха а хезна долу, турбана чуьра арадолуш санна долу, аз хезира суна. Цу озо соьга бохура: ‘Хьалавала кхуза, кхул тIаьхьа хила дезарг гойтур ду Ас хьуна’» (Довз. 4:1, курсив авторан). Тидам белаш «турба» бохучу дешан. Вайна хаьа, тIаьхьарчу деношкахь Ша Веза Эла вогIур ву Шечарна тIаьхьа, стигалара охьа а вуссуш «Веза Эла коьртачу маликан озаца а, Делан *турба* лакхарца а, Ша стигалара охьавуссур ву..» (1 Та. 4:16,17, курсив авторан). Суна схьахетарехь, кху дахьийтарехь къаьсттина акцент, вай дехаш долчу ханна йина ю.

Дахьийтарехь Iийсас динан тоба наб озоран хьолехь ю аьлла, дIахьедина. ХIинцалерчу маттаца аьлча, царна эмгаралла а, сихалла а ца тоьара, уьш бен доцуш хьоьжура, Iийсана оццул лараме долчуьнга. Цара Цунна там бархьама, сих-сиха ца хуьйцура шайн некъаш. Амма стенна лелара уьш цу кепара? Дагахь латтаделаш, хIокху динан тобанан, Дала къобалъеш йоцу, ша-шен кхайкхийнарг, цIе яккха мегар дац, — и адамаш Ша Iийсас къобалдеш долу дела. Хаттарна долу жоп церан дахаре йолчу тергонехь ду. Iийсас боху: «ХIунда аьлча аша боху: ‘Тхо дехаш а ду, хьал долуш а ду, тхуна

оьшуш хIумма а дац’. Ткъа шу ца кхета шаьш ирс дайна а, декъаза а, къен а, бIаьрзе а, дерзина а хиларх!» (Довз. 3:17). Цу дешнаша цаьрца эмгаралла цахилар гойту, царна синан паргIато хилла дела, халахетахь а, Цуьнгахь а доцуш, амма кху дуьненан хIуманашкахь.

## Гомха диагноз

Цхьаболчара сацам бойла ду, цу динан тобанан хало тIех боккхачу бахаман я материальни хIуманна агIончалла йолуш хиларан бахьанина гучуяьлла, аьлла. Иза, гIолехь болчу хиламехь, Iийсас аьллачух чIогIа тIехулара кхетар ду. Нагахь Дауде хьаьжча, вайна гур ду, цуьнан барам боцуш дукха бахам а, дуккха ялхой а бара. Цо шен кIанте Сулиме делла «ши бIе эзар пунт деши а, ши миллион пунт дети а кечдина, ткъа барам боцуш дукха цIаста а, эчиг а кечдина. Иштта дечиг а, тIулг а кечбина аса, ткъа ахьа тIеоьшург кечъе» (1 Ше. 22:14). Амма, Деле вист а хуьлуш, шех лаьцна а бохуш, цо аьлла: «Веза Эла, ладогIахьа сан доIане, тахана гIийла а, миска а ву со» (Заб. 85:1, курсив авторан).

Цо шех къен а, миска а олу! ХIинца вай кхета, цо дерриг а нийса бохура, хIунда аьлча, Iехалойла дац, нагахь стигалара дог ирахIоттар хуьлуш хилча. Цунна баккъал а ша къен а, миска а гора, цуьнан чIоьн-цIахь детин оьланаш Iалашъеш хиллехь а! Цунна Ша Дела оьшура, тIаккха и хьашт гучудаьлла, Деле хьогалла зуьйш волу дела. ЛадогIийша юха а цуьнан мохь беттаре: «Делах хьоьгу сан са – дийна волчу Делах...» Ма гIерта иза Делан дош хаза! Ма хьогах ву иза Цунна гергахь хила! Кхузара долуш ду-кх цуьнан гIертар: «Делах хьоьгу сан са – дийна волчу Делах. Маца дIавахалур ву те со, Далла уллохь а волуш, Цунна Iибадат

дан? Дийнаххьий, буьйсанний сайн бӀаьрхих кхача хилира суна, «Мичахь ву ткъа хьан Дела?» – бохуш, дийнахь сарралц мостагӀаша соьга хоьтту» (Заб. 41:3,4).

Лаодикийски динан тобанан декъашхойн хало материальни дуьненан хӀуманашкахь а йоцуш, амма, долччул сиха, цара материальни дуьненна шайн синан хьогалла кхачаме ян магорехь ю. Дауда шена иза цкъа а ца магадора. Цо цкъа а бахамо цуьнан меца са дузор тӀе цадуьтура. Долччул хьалха, цу динан тобанан декъашхойн Даудан чул дуккха а кӀезиг бахам хилла, амма уьш шайн долуш долчух буьзнера, тӀаккха царна цу гӀуллакххехь кхачам карийна. Цу гӀуллакхо церан Далла гергахь хиларх а, Цуьнца уьйр хиларх а долу чоьхьара Ӏаламат дайинера.

## Кхоччуш бӀостаналла

ТӀаьхьарчу ткъа шарахь со чӀогӀа сих-сиха хьоьжура терадогӀучу суьрте. ДагадогӀу суна, цкъа со Къилбседехьарчу Канадерчу индейцийн кри тукхаме ваханера. Иза, резервацихь дехаш дуьсуш долу, Къилбседера Америкин тӀаьххьара индейски тукхам дара. Ма-дарра аьлча, кху язбинчу хиламел ткъа шо хьалха и дика адамаш вигвамаш чохь дехаш а долуш, мигрировать деш долчу американски сешна тӀаьхьа лелара. Уьш, дукха хазна йоцу, дуьххьалдӀа адамаш дара. Цара шайн ладамечу хӀусамашкахь тӀаьхьарчу иттех шарахь бен телевизорш хӀитто ца йолийна.

Гуламе ээзар стаг гергга веанера. Со цигахь масех дийнахь Ӏийра, тӀаккха суна цхьа тамашийна хӀума билгалделира. Ткъа шо сов хан йолу адамаш, цхьа а юкъара ца волуьйтуш бохург санна, Дела инзаре хьогалла зуьйш дара. Уьш, Къилбаседехьарчу Америкехь дуккха а, дуккха а болчарел,

дуккхазза алсамчу барамехь эмгаралле бара. Цара Дела вовза бовха лаам гойтура. Делахь а ткъа шарал лахара хан йолу къона адамаш бен доцуш дара, тӀаккха хеталора, уьш цхьа а синан лакхалле мацалла йолуш дац, аьлла.

Гуламех цхьана гуламехь, хьехамна а, кхайкхамна а тӀехь Делан Са доссар вуно чӀогӀа дара. Йоккхачу палаткерчу адамаша дерриг а бохуш дерг дагах кхеташ тӀейоьцура. ЦӀаьххьана суна, палаткина тӀехьа а, цунна юххехь а сахьийзаш а, бен доцуш а гар долу, къона адамаш хааделира. Суна, кхайкхам баккъал а сингаттаме маца хуьлу, хаьара, амма цу муьрехь иза иштта бацара. Суна сайна а Цуьнан Дош кхайкхорна тӀехь Дезачу Сино нуьцкъала Ӏаткъам бар хаалора. ТӀаккха цӀаьххьана, хӀун хиллачух кхета а ле, со чекхволийлан йохалла, Делах хьогалла йолчарна юххехула, палаткин йистехь лаьттачу, кегийрхошна тӀеведира. Ас цаьрга палатки чу а дуьйлий, ладогӀийша, аьлла, дийхира. Уьш, со хьераваьлларг волуш а, тӀаккха ма-дарра долчу дахарехь цхьана а хӀуманах кхеташ воцург волуш а санна, хьоьжура соьга.

ТӀаккха бен бӀаьрг ца кхийтира сан церан футболкийн а, бейсболкийн а. Хеталора, цӀарна тӀехь яздина дешнаш къаьсттина къегаш а хилла, сан тидам шайна тӀебахийтинера. Царна тӀехь тайп-тайпаначу  профессиональни бейсбольни а, футбольни а командийн цӀераш язйина яра. Дезачу Сино, уьш, хӀора денна телевиденихула дӀахудучу хаамо талхийна хилар, гайтира суна. Халахетахь а, цара шайн хьогаллин, шайна цхьа а пайда бохьун боцчуьнца кхачам бинера! ТӀаккха суна дагадеара, йоккхаха йолу тӀаьхье телевизорш йоцуш хьалакхиъннера. Ткъа шо кхачале а, кхаьчначул тӀаьхьа а долчу нехан иштта башха терго хиларх сан цецваларна долчу бахьанина, жоп хилла дӀахӀоьттира и кхетор.

Доьху шуьга, со хӀун ала лууш волчух кхета гӀортийша.

ХЬАЙН ХЬОГАХ ХИЛАР ЛАРДЕ

Телевидени даим яц вайн хьалакхиарна хIаллакдаре, дерриг а гIуллакх, вай цуьнан терго муха еш хиларехь ду. ХIинца тхан доьзалехь а ю телевизор, ловзар чекхдаьллачул тIаьхьа дуккха а шерашкахь тхан иза ца хиллехь а. Дуккха йолчу телевизионн программаша чIогIа там хилар а, хьехам а бохьу тхуна. Сан дуьненахь болчу хиламийн билггал телевизор хилар бахьанехь тидам бойла ду. Делахь а телевизоро сан хьашташ а, суна оьшург а дуза а ца до, там а ца бо. Иза сан даггара долу хIума хилла дIа ца хIоьттина. Аса цуьнга а хьоьжуш, кхин дIа а Деле хьогалла зоь, Дезачу Синца уьйр хиларехь а вуьсуш. Шайн синан лакхаллин къоьлла хиларе ца хьоьжуш, цу къоначу наха шайн аппетитана, пайда ца бохьучуьнга там бан магийна.

Цул тIаьхьа со кестта Цхьаьнакхеттачу Штатийн къилбаседа-малхбалехьарчу декъе вахара. Соьга пIерасканан суьйранна хьехам бар дийхира. Гуламе ерриге а динан тоба кхайкхинера, тIаккха, сан цецваларна, кхузахь волуш волчу ворхI бIе стагах, пхи бIе кхиазхо вара. Гулам чекхбаьллачул тIаьхьа, иттаннаш къоначу наха, синан лакхаллечу теманех лаьцна хаттарш а деш, го бинера суна. Хан буьйсанан юккъе гергагIертара. Тхо гулам чекхбаьллачул тIаьхьа Делан теманашна еххачу хенахь хабар дуьйцуш Iийра. Эххар а, ас элира: «Ма тамехь хета суна хIара гIуллакх! Шун массеран а Деле иштта хьагам бу!»

Бераша шолгIачу дийнахь Iуьйранна со дIавахале хьалха марта даа кхайкхинера со. Соьга цаьрга хIан-хIа ца аладелира, тIаккха цара ресторанехь йоккха чоьнан заказ йинера, цигахь оха къовсар кхин дIа даьхьира. Со цецваьлла а, воккхавеш а вара. Къилбаседерчу а, кху регионан а кхиазхошна юкъахь йоккха башхалла яра, цу тIе къона а, таро йолу а къилбаседа-малхбалехьара адамаш, церан

хенара долчу индейски адамел алсам хьогалла зуьш дара, тІаьхьарчеран материальни диканаш дуккха а кІезиг делахь а.

Къилбаседа-малхбалехьарчу динан тобанехь болчу баккхийчара, кхиазхойн долу гІертар ца гайтира. Стенна ца баьхкинера уьш суна тІе хаттаршца? Гуламехь кхиазхой дисинчу вукху хенарчу адамел дуккха алсам стенна бара? Схьахетарехь, баккхийчу нехан синош гІайгІанаша а, дахаран там хилараша а охьатаІийна дара. Дера, Дела церан дахаран дакъа дара, амма шовкъ яцара, цара шайн дахарехь Іийсан олалла даре деш делахь а.

Динан тобанан баккхийчийн а, иштта къоначийн а Іуналхошца цхьаьнакхетар хиллачул тІаьхьа, со кхийтира, воккхахволчу Іуналхочо санна, иштта кегийрахойн Іуналхочо а дуьххьалдІа шайн адамашкахь гойтура шаьш. ХІушаІ пайхамаран книги тІера байт ма-дарра денъелира суна: «Халкъана хиндерриг хир ду динан дайшна а» (ХІуш. 4:9). Нагахь динан тобанан Іуналхочунна даггара хилар тоьаш дацахь, халкъ а хир ду бен доцуш. Дела, гуш долчунна тІевирззина а, эмгаралле а волчу кегийрахойн Іуналхочуьнгахь жигара дакъа лоцуш вара, тІаккха тахана иза эвсара а, нуьцкъала а хІинца кхечу гІалахь гІуллакхдеш ву.

## Динан тобанехь бен дацар ца хуьлуьйту дарба

Іийсас Шен асийски динан тобанашка долчу дахьийтарехь, динан тобанашкахь сих-сиха Іитталучу билггал цу апатих лаьцна бохура. ЛадогІийша Цуьнан дешнашка:

> «Хьовсал! Со, неІарах пІелг а бетташ, лаьтташ ву. Сан аз а хезна, неІ дІайиллинчун цІа чу вер ву Со. Цуьнца цхьаьна хІума юур ю Ас, ткъа иза Соьца шуьне хуур ву» (Довз. 3:20).

Со цецвоху, мел сих-сиха гӀуллакхдархоша пайда оьцу кху байтах тешаш боцчаьрга тӀекхайкхар долуш санна, делахь а Ӏийсас кхузахь кхоччуш кхечу хӀуманех лаьцна боху. Цо Динан тобане боху, Цо, сихалла ца тоьаш болчу тешачаьрга боху. Тидам белаш Цуьнан дешнийн: «Сан аз а хезна,..» Вайна хазарна новкъарло ен дерг хӀун ду? Къахьделлачу синна Дела ца хозийла ду. Дала Муса, Мисар-мехкан самукъадаларех а, тамехь долчух а гена ваьккхина, цуьнан тидам цхьана а кхечу хӀумане дӀа цаберзийтархьама, хьажийна гӀум-аренга. Дала дуьххьарчу цхьаьнакхетарехь Мусан Шега долу хьашт меттахдаьккхира, тӀаккха Муса, миччанхьа хиларх доьзна доцуш, цунна кхин цкъа а тӀера цаволура — ур-атталла цуьнан Мисар-махка юхаверза дезначу хенахь а!

Нагахь цхьаммо Цуьнан аз а хезна, шен синан неӀ дӀаеллахь, Ша чу а веана, цу стегаца суьйре йийр ю боху, Ӏийсас. Цо вайн синна «дахаран бепиг» лур ду — Иза Ша дахаран Бепиг долу а дела. Ингалсан гочдарех цхьанна тӀехь вай йоьшу: «Нагахь ахь Сан тӀекхайкхар а хезна, неӀ дӀаеллахь, Со чоьхьавер ву, тӀаккха ас хьоьца доттагӀчо санна, шун доькъур ду». Суна тамехь ду иштта кхетор, хӀунда аьлча хьалхалерчу заманахь, таханчул боккхачу барамехь, кхечу стегаца кхача бекъар, социальни гергара хилар лаккхара барам болуш хиларан маьӀна дара.

Сан гездаран хенахь суна конференцин куьйгалхочуьнца я, со кхайкхинчу динан тобанан Ӏуналхочуьнца цхьаьна цкъа мукъана а делкъе яр тамехь ду, хӀунда аьлча ишттачу уьйр хиларан хенахь, тхан чӀогӀа юххера вовшашца довза аьтто болу дела. Делкъе еш, цхьа а кхечу хьелашкахь доцуш санна, вовшийн синан лакхалле мохь хийцар хуьлу. Цундела доьхкура ПахӀала тешаш хиларан моттаргӀа а еш, амма къилахь вехаш волчу стагаца юург яар (хь. 1 Ко. 5:11).

ХӀума яарна тӀехь вай дог дӀа а доьллуш, стагаца юххера хуьлу, нагахь иштта стаг къайладаккхар доцуш Везачу Элана муьтӀахь воцуш вехаш велахь, тӀаккха хийцар синан лакхалле могуш доцуш хуьлий дӀахӀутту.

## Вай ваьш юуш йолчух хьогах ду

Хьогалла — иза, вай Далла гергахь хила гӀертар ду я дац билгалдоккху, ларame биллам бу. Цундела билггал вай ду вешан аппетиташ тергалъян дезаш дерш, ткъа Дела вац. Хаттар кхуьнца ду: муьлха хьогалла а, муьлха дӀагӀертар а лаьа вайна ваьшкахь кхио? Цхьа синан лакхалле агӀо ю цкъа а хийцалуш йоцург.

Вай ваьш юуш йолчух хьогах ду.

Со лакхара дуьнен чу ваьлла 1979-гӀачу шарахь, колледжехь доьшуш волчу хенахь. Цкъа суьйранна со кухни чу вахара, кхалла цхьа-хӀуъа а схьаэцархьама, тӀаккха цӀаьххьана, Везачу Эло сайга олуш хезира суна: «Хьан дегӀ — иза Сан храм ю, варелахь, ларъелахь иза!»

Цу хенахь со дукхахьолахь юург еккъа юуш вара, тӀаккха суна иза тамехь а хетара. Аса могушаллина пайда ца бохьу яа хӀума юура, дуьххьалдӀа сайна иза тамехь хета дела. Ас дукха лимонад а муьйлура, дукха мерзаниг а юура, экспресс закусочнишка а лелара, хьокхамаш а буура, муьлхха а тайпана хьена а, демах йина а хӀума юура, иштта кхин дӀа а. Со муьлхха а могуш йоцчу юучунна тӀекхийдара, тӀаккха цо сан аппетит дӀатейора. Сан чомечу юучун идеалаш бигмак а, кока-кола а, картолаш фри а яра.

Дала сайга и аьллачу хенахь, со, сан дегӀ, шена чохь Делан Са санна, иштта сан са а чохь деха, чолхе система хиларх, кхийтира. Сан коьрта чу ойла еара, нагахь сан еза машен

елахь, со цкъа а цу чу кIезиг мах болу бензин дотта хIуттур вац, аьлла. Аса уггаре а тоьллачу дагочух пайда оьцур бу, цуьнга ма-хуьллу гIолехь а, еххачу хенахь а болх байтархьама. Аса сайн, кхечуьнца хуьйцийла доцу, цхьа дегI бен ца хиларх лаьцна ойла йира, уггаре еза машен даим а кхечуьнца хуьйцийла делахь а. Ас сихха сайн юучуьнга марзвалар хийцира. Со специальни литература еша а, сайн дегIан нийса кхиарна а, дуккха шерашкахь вахарна а, хIун оьшу хаархьама, хеттарш дан хIоьттира. И дерриг а сихха ца хилира, амма масех шо дIадаьлча, дерриг а сан юучух а, молучух а долу марздаларш шайн орамехь дуьйна хийцаделира.

И дерриг а дика дара, амма цу дерригенан, сан шек хилар доцу, кхин а цхьа гIолехь дерг дара. Со пайденна йолу юург яа вола ма-велли, суна цуьнан чам тамехь ца хийтира, амма ас хIетте а иза юура, иза сайна пайденна хIума долу дела. Амма цхьа хан яьлча сан чам хилар а хийцаделира. Нагахь хьалха соьга харжам бойтуш чIераца йолу хасстоьмийн салат а, Макдональдсера йоккха бутерброд а схьахьейича, ас цхьана а минотана ойла ца еш, чIераца йолу салат дIа а теттина, бутербродах катухур дара. Амма тахана оццу схьахьедарна жоп луш, аса, халахетар а доцуш, могушаллина пайденна доцу декъа даар дIа а теттина, пайденна дерг схьаоьцур ду. Ма-дарра аьлча, сих-сиха дечу гездаршкахь, со делкъе янне а ца еш вуьсу, нагахь сайга дайн даар бен схьахьедеш дацахь. Со меца висар гIолехь ду, аса сайна хьалха оццул тамехь хеташ хилла долу, даар даа магадечул. Сан цхьа а аппетит а я лаам а бац и даар дIахуда. Иза суна хIинца тамехь данне а дац!

Изза агIо лелаш ю вайн синойн хьокъехь а. Вайн синошна вай уьш дузош дерриг деза. Нагахь вай даим а спорт лелош делахь, вай спортан телеканал летор ю. Нагахь вай даим а

фильмашка а хьоьжуш, голливудан эладиташ тамехь хеташ делахь, вай кинофильмашка а хьуьйсур ду, журналаш а оьцуш, вешан аппетитана там бечу, теманех лаьцна хабар а дуьйцур ду. Нагахь вай даим а бизнесан адамашна а, дIаоьхучу хиламашна а юкъахь хьийзаш делахь, билггал цуьнгхьа гIертар а ду вай. Нагахь вай вешан цIахь а, машенех а, духарех а иштта кхин дIа а долчух там хуьлуш делахь, тIаккха вай хIуманаш эцарх а, керлачу машенах а, я ремонтах а лаьцна дуьйцучу хенахь, боккха кхачам зоь, ткъа синан лакхаллечу темех долу хабарш вайна сингаттаме хетар ду. Вайна Делан Йозанаш деша хала хир ду, тIаккха вай боккха лаам ца хиларца доIанаш дан шаьш девр ду. Амма нагахь вай ваьш Делан Дешан диете марздахь, вайна Делаца уьйр хила а, синан лакхаллечу теманашна долу хабарш дийца а хан къасто атта хир ду, тIаккха и дерриг а атта а, ийза ца луш хир ду. Вай Делехьа гIертар а ду, Цунна гергахь хила а луур ду вайна.

## Дика йоцу хала киртигаш

Цу дика доцчу марздаларша хала киртигийн кепаш тIеэцийла ду. Вай дегIа чохь дехаш ду. Хан хене мел йолу вай садаIа а, дика самукъадаккха а хьашт долуш ду. Со библейски школехь доьшуш волчу хенахь, сан цхьана хеннахь болх бан а, деша а дезара. Схьана суьйранна соьца цхьана чоьнна чохь Iаш волчу накъосто доттагIашца футболах ловза кхайкхинера со. Ас тIе ца ийцира и кхайкхар, сан Деза Йозанаш Iамо деза дела. Иза дIа ма-ваххана, со, Делан Йозанаш схьа а эцна, еша а, доIа дан а хIоьттира, амма суна со дIачIаьгIначу неIарна хьалха лаьтташ хеталора. Суна Дела ца хезара. Ас доьшуш долу дешнаш, цхьа а маьIна доцуш дара. Сан накъост воцу хIинца дийнна сахь хан яра, тIаккха ас мохь хьаькхира: «Веза

Эла, суна Делан Йозанаш деша а, Хьан аз хаза а иштта хала стенна ду? Стенца ду гӀуллакх? Хила тарло, ас Хьуна тамехь доцург дина я къа латийна те?»

Жоп луш суна хезира: «Ваха а гӀой, футболах ловза».

Со цецвелира, тӀаккха ас хаьттира: «ХӀун? Футболах ловзий? Амма футболо суна синан лакхалле хьалакхиа гӀо а дийр дац, со Хьуна герга а валор вац! Муха олийла ду Ахьа соьга иштта дерг?»

Везачу Эло со, цӀаьххьана сан бӀаьргашна хьалха денъеллачу, байтана хьалха вигира: «Хьекъале кицанаш гулдар чаккхе йоцу болх бу. *Хьекъалалла талларо кӀадвийр ву хьо»* (Уст. 12:12, курсив авторан). Дала элира: «КӀант, хьо дегӀа чохь вехаш ву (цуьнан дакъа хье бу), тӀаккха иза тайп-тайпаначу кепехь садаӀаран хьашт долуш ду. Нагахь ахь хьайн дегӀе са ца даӀийтахь, ахьа хьайн Со хаза хьуьнар а, хьалакхиар а дӀакъовлур ду». ТӀаккха Цо суна, адамашна гӀуллакхдар чекхдаьллачул тӀаьхьа, Ӏийсас шен мурдаш садаӀа кхайкхар гайтира: «Шуьга са а доӀуьйтуш, адам доцучу метте дӀадовла вай цхьаьна» (Мрк. 6:31).

Со футболах ловза вахара. ТӀаьхьа оццу дийнахь, со занятеш ян хӀоьттина, ас Делан Дашехула Дезачу Синца уьйр дӀатесча, суна юха а Деза Йозанаш дӀаделладелира.

## ТӀех мукъа вац

Тахана дуккха болчара долуьйту и гӀалат, тайп-тайпаначу мукъа цахиларшна тӀех дукха хан а йойуш, шайн синна а, дегӀана а оьшу хьашташ тергал а ца деш. Вайн мукъа ца хиларан дахаран кеп — вайн Деле йолу хьогалла вайгара лачкъош волу, уггаре а воккха къу ву. Дуккха болу даггара тешаш берш цу гуро лаьцна, тӀаккха Делаца уьйр хилар,

мукъа доцчу керстанийн дахаран вастах хийцина цара. Кху юкъа дало мегар ду, цуьнан ерриге а хан дӀайоккхуш долу, гӀуллакхдархочунна къахьегар.

И хьал къасто гӀо дийр долу, дуьххьалдӀа долу хаттар дер вай. Вешан дегӀан дилха стенна дузадо вай? Ас сатуьйсу, аша жоп лур ду, вешан дегӀана ницкъ а, энерги а латторхьама, аьлла. Ткъа схьаоьцийла дуй те шена тӀе ладаме мохь, хӀума а ца юуш, иза дӀатеттарца? Нагахь экспериментан дуьхьа вай юург яар масех дийнахь саца а дина, амма дуккха а сахьташкахь наб яр а, садаӀар а доцуш кхин дӀа болх бича, хӀун хир ду вайх? Ойла ейша цунах лаций жимма. Цкъа вай дуьххьалдӀа никъ а боцуш, охьадегар ду.

Делахь а вай ойланза изза до вешан синан лакхаллечу дегӀаца. ТӀаккха, иза синан лакхаллечу агӀонгахь хуьлийла долуш, дегӀаца йолчу агӀонгахь хуьлийла доцуш хета, цхьа бахьана ду. Нагахь вай цкъа а, шозлагӀа а хилла ца Ӏаш, юург йоцуш чекхдовла гӀортахь, вайн хьера леткъа йолалур ю. Хан мел йолу, леткъамаш гӀовгӀане а хир бу, лазар алсам а дуьйлур ду. Дерриг а вайн дегӀ доьлхур ду, юург ялар тӀе а дуьллуш. Амма сино шен мацаллах лаьцна иштта ницкъаца мохь хьоьккхур бац. Мелхо а. Вайн чоьхьарчу адаман аз лагӀлуш а, лагӀлуш а хир ду. Бахьана стенца ду аьлча, вайна иза хезар дац. Вайн са малло, дилха тӀаьхь-тӀаьхьа ницкъ болуш хуьлий дӀахӀутту, цунна тӀехь толам а боккхуш.

Нагахь еххачу хенахь яа хӀума ца яахь, вай аппетит йойур ю. Нагахь пхеа суткел сов хенахь яа хӀума ца яахь, дегӀан мацалла адам хьийзочуьра соцу. Юучу хӀумано шен тӀеийзош хилар дойу, тӀаккха жижиган цуьрг хӀинца лааме хетар дац. Аппетит яйна, тӀаккха иза юха гучуер яц, нагахь шун чоьхьара резерваш гӀел а елла, меллаша валаран процесс йолаеллехь.

Суна билгалдаьлла, нагахь аса гӀуллакхашна со Везачу

Элаца уьйр йолчуьра юкъахваккха магадахь, соьца изза хила долало. Цкъа хьалха сан Дезачу Йозанашка долу хьашт лагIло, ткъа цул тIаьхьа сан доIа дан лаам малло. Нагахь ас меттиг яьлча, юкъа-кара доIанаш дахь я Делан Йозанаш дешахь, суна, сан дерриг а дегIах чекхъюьйлу, дахаран Iовраш ца хаало. Делан Йозанаша соьга эр дац, иза, со Делан Дешах диллина вузуш волчу хенахь, хуьлуш ма-хиллара. Со, сайн аппетит яйъалц, яа хIума йоцуш чекхвалалуш йолу меттигаш йогIура, тIаккха иза юхаметтахIоттайойла, сайга цхьа-хIуъа а яийтича бен, дацара. Изза нийса ду синан лакхаллечу аппетитан хьокъехь а. Аса, мало еш хиларна дохко а волий, Делан Йозанаш дIадоьллу, тIаккха собар доцуш, Делан аз хазаре сатуьйсу. Аса, сайна Цуьнан жоп хаззалц, йоьшу. Гуттара санна, цунна дукха хан ца йойу. Нагахь аса собаре сатийсахь, Иза тешаме хуьлу. Яйина уьйр юхаметтахIотторан кхин вариант, ерриг а хан ешарна а, доIанашна а лоруш, суо кхоччуш вуьзна хилар хетталц, цхьана я шина дийнахь ша шена ваьлла, висар ю.

## Шун синан лакхалле термометр

Кху низамна тIегIерта деза вай дерриш а. ТIерадовлар стеган хийрачу зудчуьнца зIе хиларна а, вахо малар я порнографи марзъяларна а тIера долалуш дац. Иза зуда тергал ца ярна я шен бераш мукъа ца дита ца лаарна тIера ца долало. ХIан-хIа, тIерадовлар Дезачу Йозанийн а, Делан хIуманийн а бен доцуш терго ярна тIера долало. Иза, Делан хIуманаша а доцуш, ткъа цхьана кхин долчу хIумано вайгахь даккхийдер а, дог деттадалар а далийча нисло.

Деле йолу хьогалла — иза шун синан лакхалле термометр ю. СуртхIоттадейша шайна массарна а марзделлачу

суьртан. Стаг цомгуш хилча, уггаре а хьалхарчу рогIехь хIун хуьлу цуьнца? Цуьнан аппетит йов. Нагахь стеган дагар хьаладалахь, цунна цхьа а юург яа ца лаьа. Хьовсийша Iожаллин цамгар йолчу адамашка. Уьш гIелло, тIаккха царна аьхна раствор пхенех чоьхьаяккха езаш хуьлу. Цомгушчеран я вон аппетит ю, я иза янне а яц. Шуна, хила тарло, хезна иштта дешнийн цхьаьнатохар: «Цуьнан дика аппетит ю». Изза ала мегар ду синан лакхаллечу хIуманех лаьцна а — синан лакхаллечу могушаллин билгало Делан Даше гIертар ма ю. Синан лакхаллечу цамгаран билгало Делан хIуманашка аппетитах довлар ю.

Суна, Делан а, Цуьнан гIуллакхийн а хьокъехь долчул алсам, церан гIишлойн проектех а, керлачу машенех а, спортан командех а иштта кхин долчух а лаьцна хабарш дийцар дуккха а хьаште долуш болу, динан гIуллакхдархой дуьхьалкхетта. ТIаккха хьо цаьрга Везачу Элах а, хьайн даг чуьра Цуьнан довзийтарех а лаьцна дийца волавелча, уьш, ахьа цаьрга туькана вахарх лаьцна дуьйцучуха санна, лела. Церан дог айало, хIинцца дина даьллачу, керлачу цIийнах лаьцна дуьйцучу хенахь. Со хьоьжуш Iийна иштташу нахе Iамалъечу хенахь, уьш гонаха дIаса а хьоьжу, цара кхечу адамашца къамел а до я шайн кхайкхаман черновикашка хьоьжу уьш, куьйгаш хьала а дахийтина, шайна хьоме хета везаш Волчунна ойла тIеяхуьйтучу метта. Амма иза алсам чолхечу темин хаттар ду.

Ишттачу динан тобанашкахь суна Дела воцуш хилар билгалдаьлла. Ас адамаш дохкодовларе а кхойкхуш, Далла герга дахка тIекхойкхучу хенахь, тхуна тIе Деза Са дуссу, тIаккха адамаш цунах цецдовлу. Уьш дагадахкийта буьйлало, шаьш Цунах дIа маца девлла те, бохуш, я и хало дIатесна юьту, иза билггал тхан гIуллакхдаран къаьсттина совгIат хилар ду а, лоруш. Цхьаболчара ур-атталла дуьхьало йо, ишттачу

гуламашкахь хуьлуш долчунна. Мухха делахь а, нагахь цаьрца цхьа-муьлхха а лаам белахь, Далла гергахь хиларо, цаьргахь юха а хьалхалера Деле йолу хьогалла меттахйоккху.

ЕшаӀ-ЯхӀус боху: «Кагбалла боллуш болу эрз а кагбийр бац Цо» (Еш. 42:3). Цу дешнийн цхьаьнатохаран дагахь, ма-дарра лампин милт дӀаяр ду, къуьдана чуьра даьтта дӀадаллаза дисинчу хенахь, алу дӀайовш кӀур туьйсу лепар. Цу кепара маттаца вайга цхьана ледара а, кӀезиг а, дуткъа а, Ӏаьткъаме а, пайда боцчух а лаьцна олу. Везачу Эло сийса кӀегий дӀадойур дац, амма уьш керлачу алунна дендийр ду. Дагахьлаттаделаш, Иза тӀаьхьара цаволуш кхин дӀа а вайна тӀаьхьа лелаш ву, ур-атталла вай сийса кӀегий хилла хийцаделча а. Мел гӀолехь хир ду, вай Цунна гӀо а деш, терго йича, Иза Ша адаман кочаваха хӀуттур воцу дела.

Со сих-сиха хьежна ишттачу сцене. Суна, Везачу Эло дуккха а долчу адамашкахь, дӀаяйна яллаза йисинчу цӀерах, керла алу муха латайо гина. Соьга даим а дуьйцу динан тобанашкахь а, конференцишкахь а, адамаш шаьш а ца кхетара, уьш мел чӀогӀа охьакхетта, церан алу керла юха латталц, ткъа церан Дела леха лаам, денбаллалц. Уьш кхеттера, шаьш шайн дог лар а ца дина, аппетит яйина хиларх, ткъа иза дикачу деган билгало ю.

## Лардеш долчух долччул дукха хьайн дог ларде

Вайна хьоьху: «Уггар а коьртаниг – хьайн дог лардар ду» (Киц. 4:23). Ишттта ха дан а, лардан а, Ӏалашдан а дезаш, цхьа а коьрта хӀума дац! Ас кхунах лаьцна ойла ечу хенахь, суна, адамаша шаьш алсамо мехала лоруш дерг лар муха до, дагаоьху. Вайна массарна а гина витринашкахь дохалун

доцчу ангалина дехьа долу мехала тӀулгаш. Витринаш сигнализацица ларъеш ю, цо сема терго йо муьлххачу давленин а, температурин а хийцаяларан, тӀаккха кхераман хиламехь жимачу инфракрасни зӀенаран сагатдаран хаам бойла ду, тӀаккха неӀарш автоматически дӀакъовлало. Витрина лазерни зӀенарша ларъеш ю, уьш вовшахкхетча, сихонца гӀоьнна герз долу ха деш берш схьабогӀур бу. И мехала хӀуманаш ларъеш ха деш берш дийнахь а, буса а, садаӀар доцуш, хехь бу. Иштта мехала хӀуманаш ларъярна а, кхерамазаллина а иттаннаш эзар долларш дойу.

Дала вайга, Лаьттахь уггаре а мехала хазна — иза вайн дегнаш ду, боху. ХӀетте а тешаш болчара шайн дегнаш, пайда ца бохьуш хилла а ца Ӏаш, амма ладаме зен деш долчу хӀуманех дузу. Наггахь вай, цигахь бакъдолу талхар я оьзда доцу дешнаш доладаллалц, хаддаза хьежа а хоьжу, еша а йоьшу. Вай, Дезачу Синан мостагӀ долу, адамийн са ца къастадо. ТӀаккха, хьаххийнчуьра, хӀокху хаттарехь кху дуьненан адамаш хьекъалалле лела, цара къаьсттина мехала лоруш дерг, леррина лардо дела. Тешаш болчара, шайн дегнаш боьхачу лаамех лардаран гӀайгӀа а ца еш, гӀулчаш йоху дахарехь, цара ма-дарра вайн Цуьнга долу синан лакхаллечу хьаштийн хьогалла дӀа ца йоккху.

Везачу Эло «хьогуш верг Ӏаба а во, меца верг диканца вуза а во» (Заб. 106:9). Цунна вай дузо лаьа, амма Цуьнан дикалла вай тӀеийзош хир яц вайна, нагахь вай хӀинца кхечу хӀуманех дуьзна делахь. Вешан дегнаш меца долуш лар а деш, Цуьнан тӀекхайкхарна ойланза хилий дӀа ца хӀуьттур вай. Вай Цунна гергадахка дуьйладелча, Иза а, Ша ваӀда дина ма-хиллара, вайна герга вогӀур ву!

## Темица доьзна хаттарш

1. Кицанаш (27:7) яздина ду: «Вуьзначу стага моз а дӀатоттур ду, амма меца волчунна къаьхьаниг а мерза хетар ю». Кху байтана тӀехь ойла а ей, муьлха гӀайгӀанаш а, лаамаш а долччул тӀеийзоре хета шуна, алийша? Муха лагӀдойла ду цара шун Делаца уьйр хиларан мерзачу «алхашна» тӀегӀертар?
2. Кху коьртехь автор шина тайп-тайпаначу динан тобанашкахь ткъа шарал лакхара а, лахара а долчу адамашка хьежарх лаьцна дагавуьйлуш ву, церан эмгаралле я бен доцуш Деле терго хилар билгал а доккхуш. Шайн динан тобанан дахаре а ховсий, шайн синан лакхаллин доьзанан аппетитийн амалш билгалъян муха мегар ду, алийша — тоам хилла дуй те адамаш, Деле хьогах хилар зуьйш дуй те я Делан гӀуллакхашка бен доцуш ду те уьш?
3. Вайна Кицанашкахь (4:23) карош долчу дӀахьедаран серлонгахь: «Уггар а коьртаниг – хьайн дог лардар ду» — шайн дог лардархьама, муха гӀулчаш юьхьарлацалур ю шуьга тахана? Хийца я кхоччуш цунах дӀакъаста дезачу, «дика доцчу» синан лакхаллечу даарх дузуш-м дац те шу?

Корта 4

# ИЗА ГЕРГАХЬ ХИЛА ЭМГАРАЛЛА

Вайна Цо аьлла долу дош Иза волчохь бен хезар дац.

ТIаьхьарчу ткъа шарахь со, динан тобанашкахь санна, иштта конференцишкахь а Делан Дешан хьехам хьалхахIиттош, ерриге а континенташкахула хаьхкина чекхваьлла, цхьа Антарктика йоцург. Аса ерриг а сайн хан дуьненаюкъара гIуллакхдарна ларале хьалха, сан ворхI шарахь шина динан тобанехь штатни гIуллакхдархочун даржехь болх бан сийдар нисделла. Цу хенахь аса динан тобанехь шиъ коьрта тоба схьакъастийнера, церан ойла яран юкъара берд, Везачу Элан схьаваран де гергагIертаре терра, шорлуш санна, хеталора. Хьалхара тоба — уьш Дела лоьхуш берш бу, Цуьнга царна далун дерг, Цуьнгара схьаэца гIерташ болу. Ткъа шолгIаниг — уьш, Иза Мила волуш хиларан бахьанина, И лоьхуш долу адамаш ду.

## Исраилан даггара бахьана далор

И контраст Мусан а, исраилхойн кӀентийн а масалина тӀехь гуш ю. Цу чӀогӀа ларамечу хаттарна тӀехь ма-дарра совцур вай. Исраилхой даггара къизаллера кӀелхьарбовла а лууш, Деле кхойкхура, Иза шайн КӀелхьардохург хилар къобал а деш. ИбрахӀиман и тӀаьхьенаш, Делера шайна дезарг схьаэцурхьама, Иза лоьхуш йолчу тобанца юста мегар ду. Динан тобанехь а ду, кху дуьнено адамна тӀедохкуш долу, лоллин буржалш тамехь ца хета адамаш. Делахь а, шаьш цунах кхеташ а доцуш, уьш лоллехь дуьсу. Цара Ӏийса Веза Эла хилар къобал а до, даре а до, тӀаккха уьш Цуьнгара кӀелхьардахар а, кхачам латтор а хиларх хьогах а бу. Амма иза нийсса исраилхошца хилла ма-хиллара, церан деган хьолах лаьцна церан лаамашка а, леларе а, дешнашка а, дӀасаидаре а хьаьжжина дуьйцийла ду.

БӀешерашкахь белха а боьлхуш, исраилхой Деле кхойкхура шаьш лоллах кӀелхьардахар доьхуш. ТӀаккха, хан тӀекхаьчна цунна, аьлла, Дела веара Мусана. Цо омра дира Мусана Цуьнан дош кхочушдан. ПирӀунна хьалхахӀоттале хьалха, Мусас исраилхойн къаношца цхьаьна а кхетта, Делан уьш паргӀатбаха ваӀданах лаьцна дагадаийтира царна. Хаза кхаъ хезча, «Халкъ тийшира. Исраилхошна хиира, шайн баланаш а гина, Везачу Эло шайн гӀайгӀа бойла» (Ара. 4:31).

Сурт хӀоттадейша, ма синтем бар хилла хир ду церан гуламехь! Дерриг а шайн дахарехь баьччанашна хезнера догӀун долчу Делан паргӀатдахарх лаьцна. Шура а, моз а догӀуш долчу маьршонан лаьттах лаьцна сатийсар дайшкара а, дедайшкара а, тӀаьхьенашкара тӀаьхьенашка дехьадолуш дара. Царна, халкъан баьччанаш сатийсар кхочуш ца хуьлуш бехаш а, леш а хилар, гинера. Баьччанийн хӀара тӀаьхье а

оццу халонна тӀеӀоттаеллера — гур дуй те царна ваӀданан кхочушхилар, я церан а дала дезар ду те, паргӀатдовлар а ца гуш? ХӀинца уьш Мисар-мехкан хилла принц, шена тӀехь Делан куьг долу, Цуьнан бакъонаш тӀечӀагӀъеш волу, дика Ӏамийна баьчча волчохь латтташ бара. ПирӀун санна, царна тӀехь урхалла дан дезаш верг, хӀинца церан кӀелхьардохург хилла дӀахӀуттуш вара. Деле бен далур дацара иштта Ӏаламат! Церан дегнаш сий дарх а, цецдовларх а дуьзна дара! Жоп луш церан Делан сий дойла а, баркаллечу дегнашца Цунна Ӏамалйойла а бен, дацара.

Муса уьш болчуьра, пирӀунца вовшахкхетархьама, дӀавоьду. Делахь а кӀелхьардахарх долчу Делан дешо мисархойн паччахьна цхьа Ӏаткъам ца бира. Цо Муса а, ИбрахӀиман тӀаьхьенаш а беламе а йохуш, хьал, царна тӀе, ма-дарра аьлча кхочушбойла доцу, кхин а сов болх бар тӀедуьллу. ТӀаккха дерриг а сихха хийцадала долало. Оццу баьччанаша, Мусана чу а кхиссалуш, берриге а шайн баланашкахь бехке во иза. Царна Ӏамалъярх лаьцна дицделлера, церан Мусан хьокъехь долу дегнаш оццул шагдаларна, цара цунна стигалан кхелъяр кхайкхийнера (хь. Ара. 5:21).

Амма хан яларца Дала Шен къинхетамаллехь хӀетте а кӀелхьарбоху уьш, и хилам Ӏаламаташца а, билгалонашца а цхьаьна а богӀуш. Эххар а ПирӀуно буьйра дича, церан баьччанан хьокъехь керла хийцам хуьлу. Уьш баккхий а беш, доккхачу сийлаллица а, декъалаллица а арабовлу Мисар-махкара. Сурт хӀоттадейша шайна, цара, Мисар-махкара богӀуш берриге а новкъан бахалла, Делан дикаллах а, тешаме хиларх а марзо а оьцуш, хелхадийларца гойтучу паргӀатонан атмосферин а, баккхийберан а. Уьш хӀинца маьрша хилла а ца Ӏаш, амма дуьйцийла доцуш хьалдолуш а бара, цаьрга шортонан Ӏовраш хилла, деши а, дети а охьаӀаьнна дела, иштта, могу-

шалла а, ницкъ а беанера, пасахьан Iахар биъначул тIаьхьа. Леш хилларш Далла баркалла баьхна а ца Iаш, амма церан Мусага болу ларам а, лерам а цкъа а ца хиллачу кепара лакхара бара.

Уьш Мисар-махкара арабевллачу хенахь, Делан лелорца Мусас халкъ ЦIечу хIордан йисте дигира. Амма уьш тIехьа юхахьоьвсича, пирIун шайна тIаьхьаваьлла вогIуш хилар гира царна. ТIаккха юха а халкъан хьоле йолу терго хийцало. Уьш къаьхьа латкъамаш а беш, юха а Мусана чухьовду: «Мисарахь дIадохка меттиг а ца хилла, кхуза, яьссачу ара далийта далийна ахь тхо? ХIара хIун ду ахь тхуна динарг, цигара ара а даьхна? ХIара хир ду ца бехира оха хьоьга вай Мисарахь долуш? „Дитахьа, дацийтахьа тхо мисархошна“, – ца бехира оха? *Мисархойн лоллехь хилар гIоле дара-кх тхуна,* яьссачу арахь лечул» (Ара. 14:11,12, курсив авторан). Мисар-маххахь хьал чолхе даьлча, цара Мусага шаьш дитар дийхира, хIинца уьш юха а реза бацара шайн баьччана, тIаккха юха а шайн леткъам бора цара. Царна шаьш Мусана а, АхIаронна а йо моьттура, амма Мусас цаьрга элира: «Шу резацахилар тхойшинна дуьхьал дац, Везачу Элана дуьхьал ду» (Ара. 16:8). Церан шайн лаамаш кхачаме бан гIертар Делан лаам кхочушбан безаш хиларал совделира. Тидам белаш церан дешнийн — лоллехь хилар гIоле дара-кх тхуна. Церан Делан дог довза даггара лаам бацара, амма уьш, шайна деза долчуьнга, чIогIа безам зуьйш бара.

Амма Дала юха а Шен къинхетам гайтира царна, ЦIен хIорд дIаса а бекъна, уьш екъачу меттехула чекхбахарца. ТIаккха хIордан хи тIедаийтарца Лаьтта тIера, деа бIешарахь исраилхой къизачу лоллехь латтийна долу, уггаре а нуьцкъала эскар, Дала хьаькхкхина хи буха дахийтинера. ХIинца церан баккхийбер тIехъоьхуш дара! Уьш Везачу Элана хьалха самукъадаьлла

а, хелхабуьйлуш а бара. Вай йоьшу: *«АхIаронан йишас, Делера болу хаам бечу Марема, шен жима вота схьаийцира. Цунна тIаьххье, жима вотанаш схьа а эцна, баккхийберца, халхарщца арабевлира берриг а кхиболу зударий»* (Ара. 15:20). Сурт хIотталой шуьга бархI бIе эзарна тIера цхьана миллионе кхаччалц хелхабуьйлучу а, вотанаш еттачу а зударийн? Ма Iамалъяре гIуллакхдар дара иза! Цара цу тайпана даккхийдер ца зийнера. Амма и даккхийдер а дукха ца дахделира, иза кхо де дIадаьлча чекхделира, хинан коьчалла чекхъяьлча. ТIаккха юха а уьш къаьхьа леткъамаш бан буьйлабелира, юха а Дала латтийра царна дерриг а оьшуш дерг.

Масех де дIаделира, тIаккха хIинца юучуьнца халонаш гучуевлира. Адамаш делха а, чIечкъа а дуьйладелира: «Мисар-махкахь Везачу Эло тхо дайинехь гIолехь дара. Цигахь жижиган яйна уллохь Iара тхо, дуззалц даа бепиг а хуьлура. Аш тхо массо а хIокху яьссачу ара дайа далийна» (Ара. 16:3).

Шу кхийтирий, муьлхачу моделах тийсабелла бара уьш? Уьш, Дала царна лууш дерг деш хиллалц, ирсе а, баркалле а бара, Амма Дала церан духахьараллаш кхочушдар саца ма-диннехь, царна шаьш кIорггера ирс доцурш хилар хаалора. Церан халачу билламашкахь леларо а, дешнаша а церан къайлаха долу бахьанаш гучудохура, цу тIехь цара шаьш кхочуш гайта а гайтира. Цара шайн долара лаамаш Цуьнан дегана а, Цуьнан волуш хиларна а тIехула бохура.

## Мусан даггара бахьана далор

И цикл юха-юха а хуьлура, Далла иза кIордадаллалц. Цо Мусага элира:

> Хьо а, ахьа Мисарара арадаьккхина халкъ а кхузара дIагIо. „Хьан тIаьхьенашна лур ду Ас иза“, – бохуш,

> ИбрахIимна а, Исхьакхана а, Якъубана а чIагIо йинчу лаьтта тIе гIо хIинца. Ас хьуна хьалхадаьккхина Малик а дохуьйтур ду, канаIанхой а, эмархой а, хьетахой а, перезахой а, хьаьвихой а, явсайхой а лохкур а бу. Шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу лаьтта тIе кхочур ду шу. Со шуьца вогIур вац, новкъахь шу хIаллак ца дархьама, хIунда аьлча шун халкъ чIогIа аьрха ду (Ара. 33:1-3).

Дала Мусага, Ша халкъ, цо иштта ехачу хенахь ойла йинчу, сатийсинчу лаьтта далор ду, ур-атталла цунна хьалха, цуьнга сатийсина латта схьадаккхийтархьама, мостагIий дIалелхон долу, Шен Малик а дохуьйтур ду, элира. Амма Иза Ша (Цуьнан гергахь хилар) цаьрца хир вац!

Дика ду-кх, Дала цунах лаьцна Мусага аьлла хилар, хIунда аьлча, нагахь и дIахьедар исраилхошка дина хиллехьара, цара иза баккхийберца тIе а эцна, даздар а хIоттийна, шайн хIуманаш схьа а гулйина новкъа бевр бара! Ас иштта стенна лору? Шаьш ойла ейша, нагахь уьш Малик я Дела воцуш, шайна гIум-аренгахула гездечу хенахь деккъа бегIийла дерг ца хилар тамехь ца хеташ хиларна, Мисар-махка юхаберза кийча хилча, со тешна ву, уьш баккхийберца сатийсинчу лаьтта Маликаца, амма Дела воцуш, дIагIур бара, аьлла. Ткъа хIинца Делан дIахьедарна Мусан жоьпе ладогIур вай:

> Нагахь Хьо-Хьо тхоьца вогIур вацахь, тхо кхузара ара а ма дахахьа (Ара. 33:15).

Вай ваьшна дагадаийта деза, «кхузара» бохучун хIун маьIна ду. Иза яьсса аре яра, хIуманах довларан а, баланаш хьегаран а меттиг. Иза самукъане доцу а, сингаттаме а латта дара. Цигахь шорто хилар дацара, цигахь хьаште оьшучун бен там хуьлийла дацара, амма ур-атталла иза а сих-сиха

Iаламехь доцчу кепара хуьлура. Цигахь бошмаш а яцара, Iаламан Iаьмнаш а дацара, тIаккха цигахь кхерамазалле доцуш а дацара. Цигахь цIенош а дацара, хиш а, кемсаш а, аренаш а яцара я, шайна тIера стоьмаш буийла долу, стоьмийн дитташ а дацара. ХIуманаш эцар а, садоIар а, самукъадаккхар а хуьлийла дацара. Йист йоцу а, хиш доцу а меттигаш. Цигахь цхьа а хаза хIума дацара, хIетте а Мусас дIахьедира: «Суна Хьо воцуш токхечу а, хазачу а лаьтта воьдучул, Хьо волчохь сингаттамечу а, лартIа йогIур йоцчу а меттехь висар гIолехь ду!»

Стенах лаьцна доьлхура цуьнан дог? Дела уллохь хиларх! Цунна Ша Веза Эла алсам везара, Цо ваIда динчу декъалаллел. Иза Далла гергахь хиларе гIертара, Шен Кхоллархо, Делан цунна лойла долчу, бисинчу берриге бахамал сов мехала а лоруш. Цуьнца къасталуш вара Муса исраилхойх. Цара Дела лоьхура, шайна Цо лойла дерг хила лаьа дела. Ткъа Мусас Дела лоьхура, Цунна Шена гергахь хила лаьа дела! Билггал цу агIонца тахана берриге а тешаш берш шина категорина бекъийла ду. И декъар конфессийн а, деноминацийн а дозанал арадолуш ду. Шайн лардаран а, латторан а, карьерин а бен доцург, кхечуьнан дуьхьа Дела лехийла ур-атталла дуйла а ца девза, адамаш ду. Царна, Иза волуш ма-хиллара, вуйла а, тIаккха Цунна герга дахкийла дуйла а, ца хаьа. Цу тайпана тIедахкар зуда ялоран расчет ярх стенца къастало? Зуда расчетца маре йоьду, шен кхоллар стагаца, цо цунна лойла долчун дуьхьа, ткъа цуьнан дикаллин агIонашца а доцуш. Ишттачу хьолахь и шиъ ший а эшамехь хуьлу, юххехь хилар, нийса бахьанаш доцчохь, хуьлийла доцу дела.

## СовгIат

Суна дуьненахь уггаре а хаза меттигаш гина, нисделла цIенош а, мехкаш а гина, амма уьш суна цхьа а тIеийзор доцуш ду, цаьрца Дела хилар доцу дела. Со иштта, набахтиш а, хьалдоцчу мехкашкара лапханаш а, къенчийн а, мискачийн а хIусамаш а санна, гарна тамехь йоцчу, меттигашкахь а хилла, амма уьш Дела цигахь хиларца юьзна яра. Бакъдерг эр ду ас, суна Делан Са долчу, халачу хьолехь дохку меттигашкахь хилар, хазнех юьзначу хьалдолчу, амма Дела цигахь хиларх яьлла йолу, особнякаш йолчохь хуьлучул, гIоле хета. Сан, Национальни студенчески спортивни ассоциацин гуран юкъахь Дэвисан кубкана юниорски матчашкахь, къоначийн ловзарийн программехь ловза, тIаккха сайн штатехь хьалхара меттиг яккха, сий хилла. Суна Iилманийн совгIаташ а деллера, сан социальни статус а яра, белхан накъостийн а, куьгалхойн а, хьаькамийн а лерам а бара. Сан хазачу а, гIарабевллачу а зудаберашца цхьаьнакхетарш хуьлура. И дерриг а дуккха берш цунах лаьцна ойла еш хилла а ца Iаш, амма доллучу дагца цу тIегIерташ а хиллачун хьокъехь ду. Амма ма-дарра долчунна тIехь цу дерриге цхьаьнатоьхначух схьаэцна долу сий дар а, там хилар а, Далла гергахь яьккхинчун, ур-атталла ах минотан а мах болуш дац. Ур-атталла дустар а хуьлийла дац церан! ЛадогIийша, Дезачу Йозанашкахь Мусах лаьцна хIун боху:

> Тешар хиларна, ша воккха хилча, пирIунан йоIан кIант ву ала дуьхьал хилира Муса. Делан халкъаца халонаш лан резахилира иза, йоццачу ханна долу къилахь самукъадалар лелочул. Дала леррина Къобалвинчун сийсазвар шена доккхаха хьал лерира Мусас Мисар-мехкан хазнел а. Иза шена лун долчу совгIате

> хьоьжура. Тешар хиларна, Мисар-мохк дӀатесна цо, паччахьан оьгӀазаллех а ца кхоьруш, хӀунда аьлча, ца гуш Волчуьнга хьоьжуш санна, доьналла долуш вара иза (Iеб. 11:24-27).

Тидам белаш, цунна хӀуманех валарх бала хьегар гӀолехь хетта. Цо, Исраилан кӀентийн хьолах къасталуш долу, хьал дӀалаьцна дара. Церан харжам бацара. ХӀетте а, лоллех кӀелхьарбевлла болу уьш, даим а леткъамаш беш а, хамталлаш еш а хуьлура, ткъа, дуьненахь уггаре а нах хьоьгучу меттигах ваьлла волчу цуьнан, цунах лаьцна дагахь баллам бацара. Шен лаамца цо кху дуьненахь шен долахь долу уггаре а гӀолехь дерг дитинера, цо, стеган тӀекхиийла долу, уггаре а лакхара дарж дӀатеснера. Стенна? Иза кхин совгӀат схьаэца гӀертара. Цунна сатийсина латта а доцуш, амма сатийсина Цуьнан юххехь хилар хила лаьара. Яьгна цайолучу куллана гергахь цкъа бен ца хиллачу цхьаьнакхетарал тӀаьхьа, цунна лууш дерг цхьаъ бен дацара — даим а, доллучуьнца а Дела вовзар.

Аса конференцишкахь а, динан тобанашкахь а эзарнаш адамашна кхайкхамаш бина. Аса телевизионни программашкахула а, книгашкахула а миллионаш адамашна гӀуллакхдар дина. Дала тхо, ур-атталла дагардойла а доцчу тайп-тайпаначу некъашца декъалдора. Амма сан харжам бан дезнехьара, ас цхьа а техкар доцуш, муьлхха а кхиам дӀатосур бара, Цунна гергахь висчхьана. Иза цхьана а хӀуманца дусталуш дац. ХӀетталц суна девзина доцу хӀуманаш сан даге шабар-шибар деш долу, Цуьнан гергахь хилар а, Цуьнан аз а хаадалар, — дуккха а долчу адамашна гӀарабевлла болчу кхайкхамел я миллионаш экземплярийн книгийн тиражел, алсам цецдоху синтем бар ду.

# Далла герга дахкар

Сан дог лозу, сайна гӀуллакхдархой кхиам хиларе гӀертар гучу хенахь, кхиаме хиларехь шайна там хилар карор ду а моьттуш. Церан Ӏалашо — кхечу адамийн бӀаьргаш чохь тӀеэцарна тӀекхиар дара. Со, гӀуллакхдарехь кхиам хиларна тӀекхиа гӀерташ, цуьнгахула билгалоне а, лоруш а хилла дӀахӀитта лууш долчу адамашка хьоьжуш Ӏийна, тӀаккха, бӀарздаларе а дегаш, ткъа наггахь боданечу ницкъаша дӀасадехкинчу гуранашка а кхочура уьш. Цара даккхийн гӀуллакхдарш дӀахӀиттадора, тӀаккха, и дерриг а оццул даьсса хиларх, цара церан ша-шайн телхина леларца я боьхачу лаамашца кхоьллина долу и дерриг а чекх муха долу, ур-атталла кхета а ца кхуьура.

Суна, кхин дерш санна кхиам хиларе а цакхуьуш, амма оццу бохамечу ноти тӀехь чекхдовлуш долу, кхин а дукха адамаш а гина. Уьш бӀарзбаларе хуьлура церан динан тобанашкахь шина бӀеннал я пхеа бӀеннал, эзарнал я пхеа эзарнал сов адам ца хилча, аьлча а, церан болуш болчу нахал сов ца хуьлу дела. Церан книгаш цкъа а цара шайна Ӏалашо хӀоттийначу бараман тиражехь дӀаса ца йохкалора, уьш, царна къамел дан луун долчу, «яккхийчу» конференцишка ца кхойкхура. Цара там хиларан хаадалар, иза карадойла доцчохь лоьхура. Ишттачу гӀуллакхдархойн кхиамна тӀаьхьаидар, статусна тӀе а кхиъна, кхиаман лакхенга хьаладовла гӀертачу йохка-эцар лелочу адамийн хьолах тера ду. Ишттачу тешачарна шаьш стенан дуьхьа кхоьллина ду дицло.

Цу гӀуллакхна бӀостанехьа, баккхийчу кхиамашна тӀекхиъна, доккха гӀуллакхдар долу, адамаш а дуьхьалнисделла суна, делахь а церан дегнаш кхин а алсам Далла тӀегӀертара. Цара, шаьш даккхийдерца шайн мел хилларг дӀа а делла, кхечу гӀуллакхдаре дӀагӀур дара я Дела

реза вархьама, хIуъа а кхин дерг дийр дара, боху. Дукха хьолахь, уьш, шаьш хIинца дIалаьцна долчу, хьоле ца гIерта. Цара чIагIдо, Дала Ша дIахIоттийна уьш кху метте, бохуш, тIаккха царна цхьа хIума бен ца лаьа, — Дела реза вар. Суна цаьрца уьйр хиларехь хаза а хезна, церан леларехь ган а гина, церан дегнаша Деле муха кхойкху. Уьш, сийлахь кхиам зийна волчу, амма хIетте а шех къен а, миска а стаг олуш хиллачу, Даудаца буста мегар ду.

Суна иштта, дуьстича даккхийн доцчу гIуллакхдаршкахь, шаьш шайна хьажийна дерг кхочушдеш дуйла хаьа дела, машарехь а, декъалаллашкахь а дехаш долу, адамаш а дуьхьалнисделла. Церан гIуллакхдаран жамIаш церан динан тобанан декъашхойн дукхаллица я кхиаман тIехуларчу билгалонашца а доцуш, амма Дела юххера вовзарца а, мадарра Цунна гергахь леларца а дагардеш ду. ХIорра стаг а иштта ваха везаш ву. Вай дерриш а Делан дуьхьа кхоьллина ду, тIаккха вайх цхьанна а, цкъа а Иза вовзар а, дахарехь Иза воцуш а билггал бакъдолу там хилар карадойла дац. Билггал цу чу лаьцна бу даггара машар а, там хилар а.

## Делан юххехь хиларан ши аспект

Кхузахь вай, Дезачу Йозанашкахь Далла гергахь хилар бохург хIун ду, бохучун, билгалдаккхар дан деза. Цкъаделахь, иза Цуьнан массанхьа хилар ду. Билггал цунах лаьцна боху Дауда: «Хьан Синах а къаьстина, стенга вер вара со? Хьан юьхь-дуьхьлара а стенга водур вара со?» (Заб. 138:7). Делан массанхьа хиларан маьIна ду, Иза цхьана хеннахь массанхьа а хилар. Дауда кхин дIа боху: «Со стигала хьалаваьлча – цигахь а Хьо ма ву. Эхарте со кхаьчча – цигахь а Хьо ма ву. Нагахь: «Бодано хьулвойла со», я: «Суна гонах

йолчу серлонах бода хуьлийла», – ас аьлча а, Іаьржачу бодано дІахьулвийр вац со Хьох. Хьуна-м Іаьржа бода а сирла серло санна бу» (Заб. 138:8,11,12). Ларамаза, вай цкъа а дІа ца таса, Делан ваІда дагадогІу (хь. Іеб. 13:5). ТІаккха вайна Цуьнан юххехь хилар хаалуш дацахь а, цу гІуллакхо Иза даим а гергахь хиларан ма-дарра дерг харц цадо. Вайна дуьххьалдІа иза ца хаало.

Далла гергахь хиларан шолгІа агІо Иза ма-дарра гуш хиларна догІуш ду. Ма-дарра гуш хилар бохучун маьІна гуш доцург а, хезаш доцург а, девзаш доцург а гуш а, хезаш а, девзаш а хуьлий хийцадалар ду. Мусана даггара Веза Эла ма-дарра гергахь хила лаьара. Билггал иштта Везачу Эло Ша вайн синна бен гайтина ца Іа. Ишттачу хьелашкахь Цуьнан гергахь хилар иштта вайн хьекъал а, синан хаадаларш а кхета дуьйлало. Билггал тІаккха вайн хьекъална Цуьнан хаар хуьлу. Цу юххехь хиларан аспектах лаьцна Іийсас кху байтехь бохура:

> Ас тІедиллина гІуллакхаш тІе а оьцуш, уьш кхочушдеш верг ву Со везарг. Ткъа Со везнарг Сан Дена а везар ву. Суна а везар ву иза, Аса Со гойтур ву цунна (Яхьъя 14:21).

Назмаалархочо кхунах лаьцна хІара дІахьедарца боху: «Декъала ду Хьуна хастамаш бан хиъна долу къам. Хьан юьхьан серлонехь лелаш ма бу уьш, ва Веза Эла» (Заб. 88:16). Кипас Делах хьогах берш ШуваІотан дийнахь тІекхойкхура: «ХІинца, шаьш лелийначунна дохко а довлий, Далла тІедерза, шайн къинош дІадахийтархьама. ТІаккха Дала шуна паргІат зама йоуьйтур ю. ТІаккха Цо шуна хІоттийна волу, Ша леррина *Къобалвинарг воуьйтур вара»* (Век. 3:19,20, курсив авторан).

Делан Ша юххехь хилар тайп-тайпаначу некъашца

гойтийла ду. Дезачу Йозанашкахь цхьаболчарна Иза гора, вукхарна, Иза Ша ган а ца гуш, Цуьнан аз хезара, кхоалгIачарна Цуьнан юххехь хилар хаалора, тIаккха Цуьнан къайленан юкъарлонгахула цу сохьта, хьалха хилла доцу, хаарш хуьлура. Къаьсташ дерг цхьаъ ду — Иза вогIучу хенахь, шуна иза билггал хаьа, шуна иза дерриг а шайн кийрахь долчуьнца хаалур ду, тIаккха шуна хуур ду Иза кхузахь хилар.

## Ша Веза Эла я Цуьнан гуш хилар леха?

Суна, дог лазаме Цуьнан юххехь хилар лууш долу, тIаккха и бахьана долуш, тиладелла адамаш гина. Цара дукхах долчу барамехь гучудаккхар лоьху, ткъа Везачу Элан юьхьша а доцуш. Дела Эли-ЯхIуна юххехула тIехвелира, тIаккха Цуьнан юххехь хилар сийлахьчу билгалонашца гучуделира. Цкъа хьалха боккха а, чIоггIа а мох хьаькхира, амма механа юкъахь вацара Веза Эла. ТIаккха мохк бего болабелира, амма Дезачу Йозанашкахь къаьстташ аьлла ду, мохк бегорехь вац Веза Эла. Мохк бегорал тIаьхьа цIе яра, амма цIергахь а вац Веза Эла. ЦIелал тIаьхьа тийна мох хьаькхира, тIаккха бен Эли-ЯхIу, ша Далла гергахь нисвеллийла, ца кхийтира.

Суна, Дела гучувалар лоьхуш долу, гарехула шайна Ша Дела карор ву а моьтту, адамаш гина. Амма цара Веза Эла шайн дагца ца лоьху, ишттачу хьолан жамIехь Цуьнан гуш долу гергахь хилар зерхьама. Сих-сиха Дала Iаь тоьхначу а, Iорадаккхаречу а кхайкхамал тIаьхьа, аса Делаца дуьхьалкхетархьама, адамаш хьалха довларе тIекхойкху. Адамаш, церан доIанаша кхечу адамийн тидам тIеийзош я, гуламан атмосфера а йохочу кепара, доIанаш дан дуьйлалуш долу, меттигаш а хуьлу. Цхьаберш буьйлу, вуьйш бего я ишарш ян буьйлало. Иштта леларан бахьана стенца ду

аьлча, мацах цара Дела лоьхура, Цуьнан гергахь хиларо уьш белабалийтина, бегабайтина я белхийна, тIаккха хIинца цара кхетамехь доцуш изза до, Дала Шен гергахь хилар иштташ кепара гойтург хилийтаран са а туьйсуш, амма иза ца хуьлу. Сих-сиха ас иштта адамаш дIа а тедеш, иза ца дар доьху цаьрга, ткъа дуьххьалдIа дIа а тийна, шайн дог Ша Iийса лехарехьа дерзор а доьхуш. Нагахь цуьнца цхьа гуш дерш хилахь, иза тIехдика ду! Амма вай Иза цхьана гуш хиларшца леха ца веза. Вай Ша Веза Эла леха веза!

Азихь хилла, дохкодовларна тIекхайкхарна дуккха болчара хетарг аьлла, цхьа цхьаьнакхетар дагадогIу суна. Гуламан цIийнан хьалхарчу декъехь, берриге а дакъа лаца лууш берш дIатарбархьама, меттигаш тоъал йоцуш хьал нисделлера. Чохь болчарах дуккха болчарна тIекхайкхарна жоп луш хетарг ала лаьара, цундела ас цаьрга доIа а деш, шаьш долччохь леха Иза, аьлла, дийхира. ДоIа дар чекхдаьллачул тIаьхьа, ас уьш нийсса шаьш долччу меттехь, Везачу Эле дистхила тIекхайкхира. Делан кхузахь хиларо уггаре а тамашийначу кепара дIалецира берриг а тхан гулам. Даккхийдере дара, чохь болчарна Ша а гойтуш, Веза Эла гуламна тIехь паччахь хилла, дIахIоттаре хьежар. Ас дуккхазза а зийнера иштташиг, амма суна и гIуллакх марздаларе я гуттара санна долу хIума хилла дIа цахIоьттира. Иштташ хиламашкахь, хьуна Иза, хьайца юххехь лаьттачу адамел, алсамчу барамехь хаало. Гуламехь Цуьнан паччахьалла хилла дIахIоьттинчу хенахь, цхьаъ чIоггIа вела хIоьттира, тIаккха суна сихха гIайгIане хилар хааделира. ТIаккха кхуззахь сайн хьолана кхетор хилира суна — Веза Эла тхуна схьаварал а сиха, дIаваханера, ткъа адамаш кхин дIа а дуьйлуш а, аз айдеш а Iара, Иза тхуна юкъахь висина волуш санна.

Со уьш совца а бина, бехк баккха хIоьттира, цара

дуьххьалдIа масех бутт хьалха Иза гергахь а волуш, церан махка цхьа гIараваьлла хаза кхаъ кхайкхориг веана волуш леллийнарг юха лелош хилар, кхета а деш. Хаза кхаъ кхайкхорхочун гIуллакхдар, дуккха а болчара «деза делар» олучу, чIогIа нуьцкъалчу гушдолчуьнца догIуш дара. Со, Дела веана волуш адамийн даккхийдеран белар хуьлуш хиларан, хенаш хиларх, баккъал а теша. Ма-дарра аьлча, ас сайн зедалар тIехь зийна иза, иштта и хIума тхан гуламашкахь а гина суна. Цкъа Индонезехь берриг а гулам Дезачу Сино доккхадерца дIалаьцнера, тIаккха со талмажца цхьаьна шина сахьтехь, адамаш ма-дарра лаьттахь керчаш долчу, чIогIIачу беламе хьийжира. Дерриг а пхи зуда йоьлхуш хиларна тIера доладелира, амма тIаьхьа и белхам ерриге аудиторихула дIасабаьржачу, болучу беламе делира. ХIетталц цара цхьа а иштганиг зийна дацара. Цара баккъал а Дела лоьхура!

Амма кху муьрехь дерриг а кхечу тайпана хуьлуш дара. Адамийн тидам Делан гергахь хиларан арахьара гуш долчунна тIекъевлина бара, ткъа Ша Везачу Элана а доцуш. Уьш, нагахь адамаш доьлуш дацахь, хIета Делан гергахь хиларан гар ца хиларан, жамIана тIебаьхкинера. Со сих-сиха хуьлура Далла гергахь тIаккха нуьцкъала а, къаста а къаьсташ хаа а лора суна Иза, амма Цуьнан гергахь хиларан арахьара билгалонаш яцара. Иза гергахь волуш сан сецацалун велхар доладалар хуьлура, амма, иза сан Дела лехаран а, Цунна герга вахаран а жамI дуйла, кхетара со.

Шуна къаьсташ хилийтархьама, цхьа масал далор ду ас. Сурт хIоттадейша шайна, аша хьеча тIе юьйхинчул тIаьхьа, куьйгаш кисанашка доьхкича, царна чохь бIе долларан банкнота карайо. Ас хеча тIе юьйхира, цу чохь ахча карораан са а цатуьйсуш, тIаккха ларамаза суна иза карийра. Со хеча тIе юха бен лууш вацара, ткъа тIе юьйхина ваьлча, хIара

сюрприз карийра. Вай гучудалар ца лоьху, амма Везачу Элан юьхьша лоьху, ткъа дерриг а Цуьнан гергахь хиларца догIуш дерг, иза суьрпризаш а, цIаьххьана хуьлу совгIаташ а ду.

Гулбеллачаьрга бехк баьккхинчул тIаьхьа, ас кхетийра уьш, со кхета царна Цунна гергахь хила лууш хиларх, амма цара шайн яханчу хенан зедаларца Ша Дела ма хийцахьара, аьлла, дIахьедира. Цу дIахьедарал тIаьхьа Делан гергахь хилар юхадирзира зал чу, тхоьгахь деза сий дар а хуьлуьйтуш. Кху муьрехь дуккха берш боьлхура, ткъа бийла а ца буьйлуш, , коьртаниг хIун дара, Веза Эла лоьхучу массарна а, Цуьнан хьакхавалар хааделира шайна тIехь, тIаккха, боьлхуш бара уьш я бацара доьзна доцуш, Цуьнан тамашийна гергахь хиларна хааделира.

## Гуш долчо вуза ца во

Дагахь латтаделаш, Исраилхойн кIентий цкъа а маннане ца бузалора. Дала гIум-аренгахь манна лора царна, уьш сабIарзделла кхечуьнан хьашт долуш хилар гайтархьама — Цунна гергахь хилар. Мусас аьлла:

> Дагахь латтабелаш, яьссачу аренгахула хIокху шовзткъа шарахь шун Везачу Дала шуьга байтина болу массо а некъ. Цо шуьга и некъ байтина, шайн кIезигаллина шу къардалийтархьама а, шу зерхьама а, шун даг чохь хIун ду хаархьама а. Цунна хаа лаьара, аша Шен весеташ лардийр дуйла я доцийла. Цо шу шаьш-шайна кIезиг хоьтуьйтуш къардалийтира, мацалла хIоттийна, гIелдира, стигалара манна олу кхача белира шуна, шуна а, шун дайшна а хIун ю а хиъна йоцу. Иза дира Цо шуна дIагайтархьама, адам деккъа цхьана баьпках дехаш доцийла, амма Везачу

> Элан *багара схьадолучу* хlора дашца дехаш дуйла (Кар. 8:2,3, *курсив авторан).*

Леррина толлур вай арадовлар боху дош. Мусас, дешнаш Цуьнан багара арадовлуш дара, ца аьллера. Цуьнан дагахь дара, иза кхин дlайоьдуш йолу процесс хилар, тlаккха иза яханчу хенахь чекх а ца яьлла. Аьлла Дош хозийла ду, нагахь хьо Цунна гергахь велахь! Эли-Яхlу Далла гергахь ларамаза ца нисвеллера, дуьххьалдlа юххехула чекхволуш. Иза, цунна жоп далале хьалха гучуваьлла Волчу, Деле сатуьйсуш вара. Яханчу заманахь Делан гучуваларан хенахь, Азера адамаша цкъа хьалха арахьарчу гушдолчунна ориентаци йора. Амма жамlехь Дала гулам битинера. Иза цхьа керладерг кхолла дlаваханера, и нах Иза воцуш а бисина, Иза цкъа мацах хиллачохь, леха гlертара.

Манне цкъа а тоам ца балора исраилхошна. Нийсса иштта цхьана а арахьарчу гуш долчуьнга цкъа а вайн уггаре а чlогlа гlертарш кхачаме далур дац, арахьара гуш дерш, чаккхенан lалашо хуьлийла доцу дела. Нагахь уьш кхин дlа а лехахь, вай кхин а алсам чlогlачу догдаларан новкъа гlур ду, нагахь вай юха а Цунна гергахь хилар леха ца дуьйлалахь.

## Интеллектан барамехь юкъаметтигех тоам бар

Дела лехаран кхин сингаттаме чекхдалар, тешачара Ша Веза Эла хьалавоккхучу метта, Цуьнан гергахь хиларан арахьара гар хьаладаккхаран, хьал хилла дlахlоттийла ду. Дуккха а долчу адамийн ишттачу тергоно уьш ма-дарра Далла гергахь хиларера дlабуьгу. Дела лоьхуш болчийн дисгармонин а, гуттара санна доцчу леларх а догдаьлла болу уьш, шаьш ларлуш хуьлий дlа а хlуьттий, Везачу Элаца йолчу

юкъаметтигашкахь хьекъалан барамехь тоам беш хуьлу. Иза бохаме хьал ду, вай алсам долчунна кхоьллина долу дела. А.У. Тозера яздора, тӀаьхьарчу деношкахь тешарца бакъвина хиларан доктрина

> …иза ма-дарра адамашна Дела вовзарна новкъарло еш йолчу кепара интерпретировать йора. Динан уьйр хиларан ерриг формальни а, синан лакхалле а йоцу процесс хилла хийцаелла… Адам «кӀелхьардолу», амма Деле хьогалла зуьйш ца хуьлу. Шен духехь, цунна специально кхачаме долуш а хетуьйту, кӀезиг долчух тоам беш хила а Ӏамадо иза (*The Pursuit of God, pp*. 12, 13).

Хьекъалан барамехь Делаца йолу юкъаметтигаш куьцанна ен я синан лакхаллин йоцуш ю ала мегар ду. Вай Цуьнца ма-дарра хилархьама кхоьллина ду, ткъа теорихь данне а доцуш. Вай Цуьнца и уьйр хиларан кхачамалла зеллалц, вайна цкъа а там хилар хир дац. Ӏийса, Далла гергахь вай хилар дӀакъастош долу, кирхьа дӀадаккхархьама велла. Билггал цундела боху назмаалархочо:

> Ва массо а ницкъийн Веза Эла! Ма тайна ду-кх Хьо Ӏаш долу цӀеношǃ Сан са цига кхача лууш ду. Везачу Элан цӀийнан керташкахь хила сан са хьаьгна а ду. Самукъа а даьлла, сан дог а, сан дегӀ а дийна волчу Деле кхойкхуш ду. Хьозанна а шена даха меттиг карайо, чӀегӀардигна а шен кӀорнеш чуяхка бен карабо Хьан сагӀа доккхучу кхерчана уллохь, массо а ницкъийн Веза Эла, сан Паччахь а, Дела а! (Заб. 83:1-4).

Хьозанна а, чӀегӀардигна а Иза волчохь тӀетовжийла

карайо, ткъа ша шен цо цӀа доцург лору, цуьнан са, Везачу Элан керташкахь хила лууш, бала хьоьгуш долу дела, боху, назманан авторо. Цо дӀахьедо, цунна уггаре а езаш йолу хӀусам — иза Далла гергахь йолу меттиг ю, бохуш. Тидам белаш цуьнан дешнийн: «Ма тайна ду-кх Хьо Ӏаш долу цӀенош». Иштта Ӏалашо ю, Дела везачийн! Уьш гушдолчу Цуьнан юххехь хиларх хьогах бу. Вай Цунна герга мел догӀу, и хьогалла чӀагӀлуш дӀахӀутту, тӀаккха Цуьнан гергахь хиларо алсамчу эффектаца Ӏаткъам бо вайна.

## Темица доьзна хаттарш

1. Кху коьртан юьхьенгахь яздина ду: «Цу хенахь суна динан тобанехь ши коьрта тоба карийра… Хьалхара тоба — иза, Цуьнгара, Цуьнан царна лойла дерг схьаэца гӀерташ болу, Дела лоьхурш бу. Ткъа шолгӀаниг — иза, И Мила хиларан бахьанина лоьхуш долу, адамаш ду. Шаьш шайца бакъахьара а хилий, аша шаьш муьлхачу тобанехь лору, ала?
2. Мисар-махкара паргӀатбевллачул тӀаьхьа исраилхоша Далла хастамаш а беш, баркалла бохура Цунна хьашт латторна, ткъа шолгӀачу дийнахь, шайна дезарг ца хуьлу дела, хамталлаш ян а, леткъамаш бан а буьйлалора уьш. Шайн «гӀум-аренгахула гездар» дагадаийтарца, шайн леларехь исраилхошца муха цхьаьнадогӀуш дерг гойла ду шун?
3. Хила тарло, аша шаьш нийсса хӀинцца «гӀум-аренгахула» чекхдовлуш долу дела, йоьшуш ю хӀара книга. Иштточу хиламехь, мох а, мохк бегор а, цӀе а санна долчу хӀуманашна тӀеӀоттавеллачу Эли-ЯхӀун зедаларера, хӀун ду аша схьаэцнарг?

Корта 5

# КИРХЬАНАН ТІЕХЬА

Далла гергахь хиларо лаьттахь муьлххачу а халкъал сийлалле до вай.

Далла гергахь хиларо, Иза Мила ву бохучух лаьцна, даим а алсам довзийтарш дохьу вайна, тІаккха хІорра вовшахкхетарца вай хилаза ца долуш а, гуттаренна а хийцало. Делан Йозанаш дешарца, вайна го, адамашна Делан некъех а кхеташ, Цунна гергадахка а, И волчохь хила а лаьара.

## Схьакъасторан фактор

Хьалхабоьдучу коьртехь, Дала Мусагахула исраилхошка, Ша а воцуш, кхин дІа некъ бан омра дина хилар, гира вайна. Веза Эла халкъана дина ваІда кхочушдан воллура, амма халкъ Шен юххехь хиларх доккхура Цо. Цунна жоп луш Мусас сихха аьлла: «Нагахь Хьо-Хьо тхоьца вогІур вацахь,

тхо кхузара ара а ма дахахьа» (Ара. 33:15). Мусас дуьххьара гайтинера вайна массарна а, Далла гергахь хилар сов ду дерриге а кхечу ваIданел, тIаккха цара шайн тIеийзош хилар дойу, нагахь уьш Иза воцуш кхочушдеш делахь. Мусас ша маликаш тIаьхьахIиттина догIуш долуш вахар дIататтар муха кхетадо, ладогIийша:

> Нагахь Хьо-Хьо тхоьца вогIур вацахь, тхо кхузара ара а ма дахахьа. Хьо тхоьца веача бен, тхуна муха хуур ду, суна а, Хьайн халкъана а Хьо реза вуйла? *Кхин муьлхачу тайпана дуьнен чохь мел долчу халкъах къастало со а, Хьан халкъ а* (Ара. 33:15,16, *курсив авторан).*

Кху жоьпехь къайладаьлла нуьцкъала билггал бакъдерг ду. Далла гергахь хиларо вай Цуьнан сий дархьама, Лаьттахь дерриге а халкъашна юкъара схьакъастадо. ГIуллакх вай керста дин даре деш а, библейски динан тобанашка лелаш хиларехь а дац. ГIуллакх, вай цкъа вешан доттагIчуьнца цхьаьна къилахь волчун доIанца доIа а дина, алтарьна хьалхадовла тIекхайкхарна жоп делла, дика адамаш хиларехь дац. Вай Цуьнан гергахь хилар бахьанехь схьакъаьсташ ду, тIаккха билггал цу гIуллакхо деш ду деза (Цунна схьакъастийнарш). Билггал Цуьнан гергахь хиларо деш ду хIара, Лаьттахь бехаш болчу массеран а бIаьргаш чохь, лечкъош доцуш а, гуш а.

Амма тIаккха оццул адамаш Делаца йолчу юкъаметтигех хьекъалан бен барамехь тоам беш стенна ду? Дала леррина Къобалвинчун гергахь хилар доцчу, иштачу керсталлина тIетовш стенна ду вай? Далла гергахь хилар а доцуш, вай тоам беш хила муха Iемина? Вай, адамашкахь эмгаралла а, Далла гергахь хила лаам а, Цунна юххехь хила а ца кхойкхучу, ишттачу керсталлина стенна Iамадо? Цунна жоп луш А. У. Тозера яздо:

> Далла, вай тІедожжийна Цунна гергахь хиларе кхача гІерта а, вешан дахар Цуьнца дІакхехьа а, лаьа. Вай Цунна гергахь хиларх вешан доларчу масалина тІехь тешна хила деза. Иза, шена тІетевжина хила еза, дуьххьалдІа йолу доктрина яц, иза, ша Лаьттахь волчу хІора минотехь воккхавен дезаш долу, дахар ду (*The Pursuit of God*, p. 34).

Дуккха берш шаьш Делан хиларан кхетамах тоам бина Іаш бу, ур-атталла цхьана а муьрана Цуьнца уьйр хиларе ма-дарра довла а ца гІерташ. Шайн кІелхьардовларх тешна хилар адамашкахь оццул кІоргене кхачарна, цу кхетамал кхин дІа баха лууш берш чІогІа дукха бац. Цара шайн доІанаш до, тІаккха цкъа бала а белла, Иза волчу гІур бу уьш. Амма Дала леррина Къобалвинчуьнца ма-дарра долу уьйр хилар тІехдалийтина, тІаккха Делан вайца лела лууш хиларан лаамах долу нуьцкъала довзийтинарг а дайна. Иза цкъа долу а, генара а сагатдар дац, амма иза вайца даим а, хаддаза а уьйр хила, Цуьнан билггал бакъболу а, даггара а лаам бу. Цунах тешна хилархьама, цхьаьна Дезачу Йозанашка хьовсур вай.

## Хьан зийна Цуьнан гергахь хилар?

Вайна Делан Йозанийн ерриге текстан йохалла го Цуьнан лечкъош доцчу гергахь хиларан масалш. Іеданерчу бешахь Адам а, Хьава а Дела волчохь лелара, церан муьтІахь цахиларо, цаьрга хІара дайтталц, «бешан дитташна юккъехь къайладелира Цунах» (Дол. 3:8). Цу меттехь адамо ша Делан гергахь хиларх дІакъастийра. Церан кІанта Кхаима дог чІагІдаларан жамІехь кхин а генаваьккхира ша Делан гергахь хиларх.

Делахь а Дела юхацавелира, Цунна хьалха санна, Шена

дезаш долчу адамца юххехь хила лаьара. Эххар а ХӀанох а, Нохьа а санна долчу адамаша, жоп делира Цуьнан деган лаамна, тӀаккха, шен рогӀехь, Делан дог дашийра шайн цахӀуттуш Цунна герга дахка лаарца. ЖамӀехь, Адамо Ӏеданан беш йитинчул тӀаьхьа, и шиъ шайн хенахь милла а кхин волчул, Далла гергахь вара.

ИбрахӀима шен дахарехь сих-сиха зера ган а гуш долу Далла гергахь хилар. Иштта долу цхьа цхьаьнакхетар, Дела и волчу Седаман а, Ӏаморан а гӀалийн хин йолчу кхелах лаьцна дагавала веанчу хенахь хилира. ГӀаланашна тӀехь кхел йинчул тӀаьхьа вай йоьшу: «Цу дийнахь Ӏуьйрре гӀаьттина, Везачу Элана ша хьалха хӀуттучу метте вахара ИбрахӀим» (Дол. 19:27). Иза, ИбрахӀим Далла гергахь а волуш, Цуьнца уьйр хиларх марзо оьцу, дуккха а болчу хиламех цхьаъ бен бацара. Къаналле лестинчу хенахь ИбрахӀима шен ялхочуьнга олу: «Шен кхаби чуьра дерриг а хи эмкалшна дӀа а доьттина, юха, една яхана, кхин а хи а деана, массо а эмкална хи малийра цо» (Дол. 24:20).

Вай иштта йоьшу, «Шамъал воккха хилира. Веза Эла цуьнца вара, Цуьнан цхьа а дош кхочуш ца хуьлуш ца дисира» (Шам. 3:19). ХӀунда ца дисира цуьнгахь кхочушхилаза цхьа а дош? Цу хаттарна жоп вайна кху байтехь карадо: «Веза Эла Хьанатана тӀехьаьжна хилла: цо кхин а кхо кӀант а, ши йоӀ а йина. Ткъа церан кӀант Шамъал Везачу Элана уллохь воккха хуьлуш хилла» (Шам. 2:21). Кхузахь вайна юха а го, Дела юкъарло йоцчу уьйрехь дӀавеллало. Нагахь вайна Иза юххера вовзахь, вай Цо бохург эр ду, тӀаккха вайн дерриге дешнаш кхочушхир ду.

Ширачу Весетехь, Дела а везаш, схьахетарехь, Муса воцчул, кхин волчу муьлххачул а дукха Далла гергахь хиллачу Дауда, бохура: «Иштта Хьан лай волчу Даудан цӀа Хьуна хьалха чӀагӀделла лаьттар ду» (Дад. 7:26). Мусана

санна, цунна цхьа а кхиам хила ца лаьара, нагахь иза Делан гергахь хиларх воккхуш белахь. Мелла а тIаьхьа, ша вуно чIогIа ямартлонан а, адам деран а къа латийначу хенахь, цо даггара дохковаларан мохь хьаькхира: «Хьайна хьалхара со дIа ма ваккхахьа, Хьайн Деза Са соьгара дIа ма даккхахьа» (Заб. 50:13). Цунна, Далла гергахь хилар доцуш, дерриг а шен дахар даьсса а, маьIна доцуш а хилла дIахIуттур дуйла хаьара! Цо иштта дешнаш яздина: «Iалашвехьа со, Ва Дела, Ахьа со ларвар аса лоьху дела» (Заб. 15:11).

Психологаша, пхеа шарахь тIетуьйжучу юкъаметтигаша, адаман юьхьша кхуллу, боху. Кхоччуш цуьнца реза ву со, хIунда аьлча Дезачу Йозанаша боху: Ма Iехалолаш, вежарий! «Вочу накъосто дика амал талхайо» (1 Ко. 15:33). ТIаккха кхечу меттехь а: «Къинош леточарна вон тIаьхьадаьлла лела, ткъа бакъахьа болчарна диканиг лур ду» (Киц. 13:21). Даудах лаьцна хIун алийла ду? Иза цхьаъ вара яьссачу аренгахь, «Дауд волчу схьагулбелира гIело йинарш а, декхарийла бахнарш а, дуьненах дог диллинарш а. Дауд царна тIехь хьаькам хилла дIахIоьттира, хIинца кхуьнца виъ бIе гергга стаг вара» (Шам. 22:2). ТIаккха цу адамашца цо шен дахаран итт шо сов хан яьккхина. ОхьатеIийна а, реза боцуш а, синца гIайгIане а, цу тIе кхин а декхарийлахь берш а! Уьш буьрса а, оьгIазе а, тIаккха долччул а сиха, кIоршаме а, дог ца лозу а адамаш дара. Амма хийцавеллий цаьрга Дауд? ХIан-хIа! Стенна? Дауда Далла гергахь волуш дуккха а хан йоккху дела, тIаккха и бахьана долуш паччахьаллин амалш а, шен агIонаш а ларйина, жамIехь иза ерриге а тIаьхьенашкара сийлахь баьчча санна, кхоллавелла!

Суна дукхадезачу библейски дакъанех цхьаммо Делан Iаламатечу тIекхайкхарна Даудан жоьпах лаьцна дуьйцу. Дауда аьлла:

## Далла герга дахкар

> Сан даго Хьоьгара схьааьлла, Хьо леррина леха. Цундела Хьо лоьхур ву аса, Веза Эла (Заб. 26:8).

Иштта дара цуьнан дахар. Цо Везачу Элаца оццул дукха хан йоккхуш хилла, и бахьана долуш цунна реза воцчу веа бIе стагана бина а ца Iаш, амма дийнна къомана а Iаткъам бан хиъна. Цунна адамашна Iаткъам бан хаьара, шен хан хьекъалаллин а, хаарийн а, кхетаман а Хьостанца йоккхуш хилла дела. Делахь а Дауда Далла гергахь хилар и дерриг а хилархьама ца лоьхура. Цуьнан Деле эмгаралла яра, иза Цуьнан дог довза гIерташ волу дела. Цунна Иза дуьнен чохь мел долчу хIуманал а дукха везара, ткъа цу безаман бахьана, цо Цуьнца дукха хан йоккхуш хилар дара.

ОхI, нагахь Даудан кIантана, Сулимина, ден и даггара лаам тIаьхьалонна биснехьара! Цунна шозза гинера Исраилан Дела, тIаккха иза цхьа-милла а цул хьалха а, тIаьхьа а хиллачул хьекъале вара. Делахь а цунна Далла гергахь хиларан лараме хиларх кхета ца хиира. Шен дахаран чаккхенгахь, дерриге а шен шераш эрна дайинчу хенахь, цо, Устаз цIе йолу, гIайгIане книга язйина. ТIаккха иза хьекъалалла а, алалур доцу бахам а, дуьненахь уггаре хаза зударий а болуш, иштта сийлалла долуш а, хIетахьлерчу ирх а, пурх а долчу дуьненахь, дика дош догIуш волу стаг хиллехь а, цуьнга цхьа хIара бен ца аладелла: «ДIасаидарийн сихалла — дерриг а сихалле ду!» Нагахь цуьнан шен ден Даудан дог хиллехьара, исраилхойн истори кхечу тайпана кхиъна хилла хир яра.

Ма-дарра аьлча, библейски историн дуккхах долу дакъа кхечу тайпана хир дара, нагахь тайп-тайпаначу адамашна Далла гергахь хилар леха дезаран лараме хилар девзинехьара. Доккхачу халахетарна, Цуьнан гергахь хиларан

билггал болу барам чІогІа кІезиг болчара зийна, делахь а ур-атталла уьш а, шайн билггал стенан чам баккха ирс хилла, ца кхетта. Уьш, Далла гергахь хилар кІорггера а, хаддаза а там хиларан чаккхе йоцу хьоста хиларан хьокъехь ма-дарра долчух, ца хууш бисина, ткъа иза, нагахь хьо даим а Дела лоьхуш велахь бен, хуьлийла дац. Ишттачу адамех цхьаъ, паччахь волчу Даудан геннарчу гергарчарех волу, Іузи-ЯхІу паччахь вара. Шен дахаран хьалхарчу шерашкахь иза Дела лоьхуш вара, жамІехь иза боккхачу кхиамна тІекхиъНера, делахь а тІаьхьа цунна шен кхиаме хиларан хьоста а, хьалхара бахьана а дицделлера. Шен дозаллехь цок хин Веза Эла ца лоьхура, тІаккха жамІехь иза, чкъуран дІа цайоьрзу цамгар ерг санна, дІакъасторехь велира (хь. 2 Ше. 26).

## Боккха бохам

Вайн кхин дІа а доьшийла ду Шира Весет, амма боккха бохам кхин а хьалха хилла, паччахь Дауд гучувалале дуккха а шераш хьалха, цуьнан хІуьнах болчийн, ИбрахІиман тІаьхьенаш, Мисар-махкара араевллачу хенахь. Кху книгин хьалхабогІучу кортошкахь вайна, Далла исраилхой, уьш Шена тІеберзорхьама, лоллера арабаха лууш хилла хиларх лаьцна девзина. Цунна уьш Шена тІеозо лиира, царна Шен гергахь хилар гайтархьама. Амма, цу Делан ламна, церан терго муха яра: «Халкъ геннахь лаьтташ дара, ткъа Муса Дела чохь волчу юькъачу мархина гергавеара» (Ара. 20:21, курсив авторан). Ма боккха бохам бу! Дала Ша дІавоьллуш ву царна, ткъа уьш геннахь лаьтташ бу. Мусан бен, иза чІогІамалле хьалха ваха меттахваьккхина йолу, Цунна гергаварна, эмгаралла яцара. Халкъан ишттачу тергонан жамІехь Дала эвлаяалла кхоьллира, иза халкъан векалш санна, цунна хьалха лаьттара. Дала, Ша, кирхьана тІехьа къайлаваьлла, халкъана юкъахь

хилийтархьама, четар дӀахӀотто омра динера. Кестта Делан къовламечу гайтарца четар дина даьлча, вай йоьшу:

> Делан четарна гонах марха хӀоьттира, ткъа цу гуламан четаран чоь Везачу Элан *олаллин нуьро* юьзира. Муса Делан четарна кӀел ца вахалора, цунна гонах марха хиларна а, Везачу Элан олаллин нур цу гуламан четарна чохь хиларна а (Ара. 40:34,35, *курсив авторан).*

## Цуьнан гергахь хиларан тайп-тайпана барамаш

Кху меттехь суна жимма юкъах а ваьлла, Делан гергахь хиларан тайп-тайпаначу барамех лаьцна даре дан лаьа. Хьалхайогӏучу байтехь шех лаьцна бохучу а, Цуьнан гергахь хиларан маьӀна долчу а, олаллин нуьран тидам бейша. Четар дина даьллачу хенахь, цу чуьра Делан гергахь хилар иштта сийлалле хиларна, Делан доттагӀ волуш санна, Цуьнца юьхьдуьхьал вистхуьлуш волу, Муса а ца валалора цу чу. СуртхӀотталой шуьга Цуьнан хазаллин лаккхарчу бараман, Ӏаламатечу а, оццу хенахь кхерамечу а Цуьнан гергахь хиларан?

Дуккха а шераш тӀаьхьа Везачу Элан четар чохь хилар, ала мегар ду, тергал ца дора. Иза, динан коьрта да а, кхелахо а, иштта геннара АхӀаронан тӀаьхьенах волчу, Ӏелин заманахь дара. Цул совнаха, Делан четарна дуьххьалдӀа чу бахана а ца Ӏаш, амма Мусас шена чу ваха магийна доцчу меттехь, инзаре къинош летадора. Вай йоьшу: «Цу деношкахь Делера хаам нахе наггахь бен хуьлуш бацара, Делера долу сурт а наггахь бен ца хӀуттура» (Шам. 3:1). Амма Везачу Элан дош цу деношкахь наггахь бен стенна дацара? ТӀаккха, хӀетте а,

Делан бІарлагІаш я довзийтарш, Цуьнан Дош юкъа а далош, Цуьнан гергахь хиларца бен карадойла дац. Цуьнан гергахь хилар доцуш, довзийтарш а хир дац, ткъа Цуьнан гергахь хилар кІезиг бен доцчохь, Цуьнан довзийтарш а наггахь хир ду. Амма Цуьнан гергахь хилар нуьцкъала а, чІоггІа а гуш долчу меттехь, цигахь довзийтарш а хир ду нуьцкъала а, чІоггІа а! Хьалхара Паччахьаллин цІе йолчу тептаран оццу коьртехь жимма дехьо авторо дуьйцу, «Делан къуьда [Цуьнан гергахь хилар] хІинца а дІа ца байна [Делан кхоччуш ца хилар]», бохуш. ТІаккха хІетте а и бохам тІаьхьо хилла, Іелин гІуллакхдаран чаккхенгахь, Делан тІорказ пІелаштамхоша схьадаьккхинчу хенахь. Шен дахаран тІаьхьарчу сахьташкахь Іелина ихавод дош хезира, цуьнан «Исраилан сийлалла дІадаьлла», боху, маьІна ду.

Іела вехаш хиллачу заманахь, исраилхошна юкъахь къинош летор дукха хиларна, Делан гергахь хилар халла бен хаалуш дацара. Амма Исраилан исторехь, Цуьнан гергахь хилар, адамашна хІинцца дина даьллачу Делан четарна чохь санна, ма-дарра а, схьагуш а, ткъа довзийтарш нуьцкъала а, комаьрша а долуш санна, ца гойтуш долу хьелаш а хилара. Ткъа Делан гергахь хиларан барам лекха боцчу хенахь, Иза адамашна халла хаалучу кепара гергавогІу, Шен сийлалла ца гайтар гІолехь а хеташ.

Иза Якъубан масалина тІехь гойла ду. Цунна Делаца тийса а луш, Иза юьхьдуьхьал гуш хилла, амма, гуш ма-хиллара, Цуьнан сийлалла гар доцуш дара иза. ХІетте а Якъуб кхоччуш хийцавелира, тІаккха цу Делаца цхьаьнакхетаран жамІехь Цуьнан довзийтарехь хьалакхиар совделира (хь. Дол. 32:24-30). Нунин ЮшаІна Дела гинера, амма ша Везачу Элан эскаран баьччанца къамел деш хиларх ца кхеттера. Вукху агІор, Муса Деле кхайкхира, Иза юьхьдуьхьал ган лаам

а болуш, цу гӀуллакхна Дала жоп делира: «Сан юьхь хьуна ган мегар дац, иза гина стаг дийна вуьсур вац» (Ара. 33:20). Вайна Мусана Дела Цуьнан дерриге а сийлаллехь ган болу лаам го, делахь а, иза цуьнга далур дацара. Ткъа Нунин ЮшаӀна а, кхин болчарна а Везачу Элан юьхь гинехь а, уьш дийна биснера. Стенна? Царна Веза Эла дерриг а Цуьнан сийлаллехь ца гина дела.

## Цуьнан юьхьан къегар

Цкъа-делахь, Везачу Элан сий бохучуьнга доцца хьовсур вай. Цхьаболчарна, иза цхьа дохк, марха я и санна долу кхин гар ду, моьтту. ЖамӀехь иштта дӀахьедарш хозийла ду вайн: «О, тхан дӀабаханчу гуламна тӀе Везачу Элан сийлалла тӀедоьссинера». Делахь а Делан кхетамийн иштта терго яро «Ӏалашонаш хьекъале доцучу дешнашца кхулуьйту…» (Аюб. 38:2).

Долччул а хьалха Делан сийлалла — иза марха яц. Аша хоттийла ду: «ХӀета, хӀоразза а бохург санна, Дезачу Йозанашкахь Делан сийлалла хьахочу хенахь, иштта марханах лаций а стенна олу?» Цуьнан бахьана хӀара ду: Дела марханехь къайлавуьйлуш ву. Иза, Ша гуш хилархьама, тӀех бӀаьрг кхолабен ву, цундела мархано къайлаяьkkхина ю Цуьнан юьхь, иштта дацахьара, Цунна гонаха долу муьлхха а дилха, цу сохьта хӀаллакдина а, делла а хир дара. ДагадогӀий шуна, Дала Мусага аьлла, цхьаннан а Цуьнан юьхь а гина, дийна вуьсийла дац. Цуьнца доьзна хаттар кхоллало: хӀета муха ду ЕшаӀ-ЯхӀуна а, Яхьазкхиална а, векал волчу Яхьъяна а Везачу Элан сийлалла гина, тӀаккха дийна бисина, ткъа цул тӀаьхьа цунах лаьцна вайна дийца а дийцина? Жоп дуьххьал дӀа ду: уьш дегӀа чохь а боцуш, синехь хилла. Чохь са долчу

дилханан везачу Делан гергахь дерриге а Цуьнан сийлаллехь хуьлийла дац. Иза, Шена чохь цхьа а бода боцу, дIакхоллу цIе ю (хь. Iеб. 12:29; 1 Я. 1:5). ПахIала иштта яздо Iийсах лаьцна:

> Iийса кху дуьнен чу схьавар шен хан тIекхаьчча гойтур ду Дала – декъала а, Ша цхьаъ бен воцу Нуьцкъалхо а, паччахьийн Паччахь а, олахойн а Олахо а ву Иза. И цхьаъ бен вац Iожалла тIейогIур йоцург. Цхьа а адам тIекхочийла доцучу нуьрехь Iаш ву Иза. Цхьанна а адамна Иза гина а вац, цхьанна а адамна Иза гойла а дац. (1 Ти. 6:15,16).

Iийса, адамех цхьанна а гина а, гойла а доцчу, сатохалур доцчу бIаьрг кхолабен серлонгахь ву. Назмаалархочо дIахьедо, Везачу Эло серлонах долу духар леладо, бохуш (хь. Заб. 103:2). ПахIала а цунах лаьцна тешна хиларца яздора, ша а Дамасакхе воьдучу новкъахь цу юххегIорталун боцу сийлалле Далла гергахь хиларан цхьаболу барам зийна дела. Цо иштта дуьйцура цунах лаьцна паччахье АгIрипе:

> Делкъахан хуьлучу хенахь, ва паччахь, тхо новкъа схьадогIуш, стигалара цIеххьана малхачул а чIогIа серло кхийтира (Век. 26:13).

ПахIална Iийсан юьхь ца гора, цунна Цунах схьайолу серло бен ца гора. И серло юххера малхбалехьарчу маьлхан сатохалуш доцчу къагарал сов яра! ПахIал Делан сийлалла долчохь вара. Иза я Iуьйренан а, я суьйренан а малх бацара, амма бIаьрг кхолабен, делкъенан малх бара. Со, «маьлхан» штатехь, Флоридехь, шийтта шарахь вехаш вара, тIаккха цкъа а бIаьргаш маьлхах ларбен очкиш ца лелийна аса. Делахь а со Лизица масех шо хьалха Гергара Малхбале вахнера, тIаккха

цигахь сан бІаьргаш маьлхах ларбен очкиш тІедохка дийзира! Кху екъачу гІум-аренан климатехь малх дуккха а къеггина бара, ткъа экваторна гергахь хиларо цуьнан сатохалун доцу къегар дуккха а чІагІдора. Маьлхан серло Іуьйранна хьалххе а, суьйренан гергахь а сатохадаларе яра, амма цхьайттанна тІера ши сахьт даллалц йолчу хенахь, малх сатохадалар доцуш къеггина бара. ТІаккха хІетте а ПахІала, Іийсан серло, Гергарчу Малхбален делкъенан маьлханчул, кхин а сов къегара, бохуш, чІагІдо! Минотана ойла а ей, дагадаийтийша, маца гІиртина шу нийсса малха тІе хьовса? Иза чІогІа хала ду, нагахь и мархашна тІехьа къайлабаьлла бацахь. Везачу Элан сийлалла къегарца делкъенан маьлхан бІаьрг кхолочу къегарал дуккхазза а сов ду.

ТІаккха, Юала а, ЕшаІ-ЯхІус а цхьаьна, Везачу Элан сийлаллин нур дІаделладелачу хенахь, малх кхулур бу, бохуш, чІагІдеш стенна хилла, кхеташ хилла дІахІутту. «ХІинца оьгІазаллица а, йогучу дераллица а тІедогІуш ду Везачу Элан буьрса де. Лаьттах яьсса аре ян а, цу тІера къинош летийнарш дІабаха а догІуш ду и де. Стигаларчу седарчаша а, седарчийн тобанаша а шайгара серло лур яц. Ша хьалагІоттуш, малх кхоьлина хир бу, батто а шен серло лур яц» (Еш. 13:9,10).

Кхин а цхьацца хІума кхето пурба лойша суна. Екхначу буьйсанна стигалахь хІун го вайна? Седарчий! Уьш ерриге а стигалахь дІасакхийсина ду. Амма Іуьйранна малх хьалабаьллачу хенахь хІун хуьлу? Стенга доьлху седарчий? Уьш дІа а довдуш, ана йистана тІехьа дІалечкъа те, малх чубуззалц, тІаккха сихха шайн метте юха а догІуш? Вайна иза иштта доцийла хаьа. Амма хІетте а хІун ду те хуьлуш дерг? ДуьххьалдІа седарчийн сийлаллин цхьа барам бу, ткъа маьлхан сийлалла церан сийлаллал дуккхазза а сов ду, цундела, малх гучубаьлча, церан сийлалла маьлхан

сийлаллица дуьстича, кхоьлина хуьлу. Уьш шаьш долччохь дуьсу, амма кхин гойла дац уьш. Нийсса оццу кепара, Iийса Шен сийлаллин нуьрехь юхавирзича, иза дустийла доцуш малхал къеггина хир ду, тIаккха Цо и дIалоцур бу. Малх шен меттехь буьсур бу, амма вайн иза хIинца гойла хир дац. Иштта ду! ХIинца, ПахIала, Iийса Цуьнан сийлаллин нуьрехь «адамех цхьанна а гина а вац, гойла а дац» стенна боху, кхетий шу?

Везачу Элан сийлаллин нур муьлххачу кхечу серлонал сов ду. Иза кхачаме серло а, дIакхоллу цIе а ю. Цундела ду Цуьнан ШолгIачу схьаварехь «Тархашкахь долчу хьехаш чу а, лаьттарчу оьрнаш чу а дIалечкъар бу нах, Везачу Элах а, Цуьнан возаллин сийлаллех а кхерабелла, Иза латта дего веача» (Еш. 2:19, курсив авторан). Яхьъяс цунах лаьцна иштта яздо:

> Лаьттара паччахьаш а, церан уллоранаш а, тIеман хьаькамаш а, хьалдерш а, нуьцкъалнаш а, массо леш а, паргIат берш а хьехашна чохь а, чIажашна чохь а дIалевчкъира. Цара лаьмнашка а, тархашка а бохура: «Тхуна тIе а эгий, *дIахьулдейша тхо Iарша тIехь хиъна* Волчунна гарх а, Iахаран таIзарх а (Довз. 6:15,16, *курсив авторан).*

## Делан сийлалла бохучун хIун маьIна ду?

Кху хаттарна жоп лур вай: Делан сийлаллин хIун маьIна ду? Жоп даларна Мусан Делаца уьйр хиларна тIе юхадоьрзур ду вай. Мусас Далла гергахь хилар дехна а ца Iаш, амма цо иштта Цуьнан сийлаллин нур гар а доьхура.

> Мусас дехар дира: *«Хьайн сийлаллин* нур гайтахьа суна» (Ара. 33:18, *курсив авторан).*

Жуьгтийн дош «сий» — *kabowd* ду. Шен библейски дошамехь Стронга, цу дешан «цхьа хIуъа долчун мохь, амма тIедеанчу а, бакъахьарачу а маьIнехь бен доцуш», боху маьIна хилар, кхетадо. Цу дешан билгалдаккхарехь иштта «исбаьхьалла а, сийлалла а, шорто а, сий а» ду. Мусас Деле дерриг а Цуьнан сийлаллин нур гайтар доьхура. Леррина дешийша Делан жоп:

> Хьуна хьалхахула Сайн *сийлаллин нур чекхдоккхур* ду Ас, хьуна хьалха ЯхIува боху Сайн цIе а кхайкхор ю, къинхетам бан луучух къинхетам а бийр бу, къахета луучух къа а хетар ду (Ара. 33:19, *курсив авторан).*

Мусас цунна сийлалла гайтар доьхура, ткъа Дала дикалла гайта ваIда дира. Жуьгтийн дош «дикалла» — иза *tuwb* ду. Иза, «дикалла дешан уггаре а шуьйрачу маьIнехь», бохург ду. Кхечу дешнашца, цхьа а хIума къайладаьккхина дац, дерриг а комаьрша а, дика а дерг гуш ду.

ТIаккха Дала элира: «Ас, хьуна хьалха ЯхIува боху Сайн цIе а кхайкхор ю». Лаьттара паччахь зал чу валале хьалха, кхайкхорхочо цуьнан цIе дIахьейо. Тронни зала чохь паччахьан дерриг а цуьнан сийлаллехь а, паччахьаллин цIе кхайкхорца а возалле гучувалар турбанан аз тIаьхьадалорца деш дара. Цу кепара гайтина ду паччахьан сийлалла, тIаккха кхузахь болу берриш а, паччахь мила ву, кхеташ хуьлий дIахIуьтту. Цуьнан сийлаллин гергахь хиларо адамаш сий даран хаадаларх дузу. Амма нагахь и монарх шен гIалин урамашкахула гуттара санна духар а долуш, цуьнан кертара тIаьхьахIиттинарш а боцуш водахь? Бакъдерг аьлча, дерриг а паччахьан кертахь иштта ган а гуш хилларг, арахь дайина хир ду, тIаккха цхьана а тIехволучунна паччахьаллин особа евзар яц. Цуьнан гергахь хиларо хIинца са лоцуьйтур дац,

цуьнан сийлалло, адамашна тронни зала чохь хилийтина болу, Iаткъам бийр бац. Шен духехь, билггал Дала сацам бина Мусана хьалха Шен цIе дIахьеян, иштта а аьлла: «ТIаккха хьуна хьалха Иегован цIе а кхайкхийна, дерриг а Сайн сийлаллехь хьуна хьалха хIоьттина вогIур ву».

Керлачу Весетехь Везачу Элан сийлалла вайна Дала леррина къобалвинчу Iийсан юьхьшахула гайтина ду боху (хь. 2 Ко. 4:6). Везачу Элана гергахь хиллачу дуккха а болчара Цуьнан юьхь а, Иза Ша а гина, бохуш, тоьшалла дора. ХIаъ, шеко яц, амма ас эр ду шуьга, цхьанна а Иза Цуьнан кхоччуш долчу сийлаллин нуьрехь ца гина.

Цхьаннан мурдашна Iийсан юьхь Иза Денвеллачул тIаьхьа гина хиларан хьокъехь хаттар дойла ду. ХIаъ, нийса ду, амма хIетахь а иза Цуьнан сийлаллин нуьран кхоччуш гар ца хилла. Ас хIинца аьлла ма-хиллара,  Ширачу Весетехь яздина адамаш хилла, Везачу Элана гергахь а долуш, амма Цуьнан сийлаллин нур гуш доцуш. Веза Эла ИбрахIимна Мамрера ножан диттийн беш йолчохь веана, амма сийлаллехь а воцуш (хь. Дол. 18:1,2). Веза Эла Якъубца тасавелла, ткъа ЮшаIна ураталла вовза а ца вевзина Иза (хь. Юш. 5:13-15). Иштта болу кхин хиламаш а хилла.

Нунин ЮшаI Иерихонна тIелатале хьалха Везачу Элана дуьхьалкхеттачу хенахь, Иза цунна ТIемало санна гучуваьллера. И вовза ца вевзина, ЮшаIа хаьттира: «Хьо тхайниг ву я тхан мостагIех ву?» ТIаккха Дала, Ша Везачу Элан эскаран баьчча волуш санна дIа а веллавелла, Нунин ЮшаIна мачаш дIаяха буьйр дира, иза тIехь лаьтташ волу латта деза долу дела! “Якъуб сахиллалц лийтира Везачу Элаца, тIаккха сатосуш мохь туьйхира: «Доьху хьоьга, хьайн цIе йийцахь суна» (Дол. 32:29). ГIалахула гуттара санна долчу духарца волавелла лелачу, тIаккха дуккха болчарна иза вевзаш ца хиларан,

паччахьца долчу масалина тӀе юхадоьрзур вай. Билггал ишттачу гарехь гинера Веза Эла Якъубна а, Нунин ЮшаӀна а, амма царна хӀетте а Цуьнгара сийлахь довзийтарш хиллера.

Изза догӀу Иза Денваларал тӀаьхьа йолчу мурана а. Магдалера Марем Ӏийса вистхиллачарех дуьххьарлерниг яра, тӀаккха цунна иза бешлелорхо ву моьттинера (хь. Яхьъя 20:15,16). Мурдаш Ӏийсаца чӀара бууш бара хӀордан йистехь (хь. Яхьъя. 21:9,10) тӀаккха цкъа хьалха я Иза а, я Цуьнан аз а ца девзинера царна. ТӀаккха Цо, цхьа шайна чӀогӀа девзаш долу хӀума дича бен, царна Иза къобал ца вира. Денвеллачул тӀаьхьа Иза иштта, Цуьнан валар хӀинца а хилале, хӀун хила дезаш ду хезначу, шина мурдаца вогӀура, делахь а царна Иза ца вевзинера, «Дала цу шина стагана Ӏийса ца вовзийтина» дела (хь. Лака 24:16). Царна а ца вевзинера Иза я юьхьца а, я дегӀаца а, я озаца а. Царна массарна а Цуьнан юьхь а гинера, Цунна гергахь а хиллера уьш, амма Цуьнан сийлаллин нур боллучу кхачамехь гайтина дацара. ТӀаккха царна массарна а Цунна гергахь хиларх довзийтар хиллера.

Цунна бӀостанехьа векална Яхьъяна, Патмос гӀайренна тӀехь волуш, Веза Эла синца гинера. Амма хӀара кхоччуш кхин цхьаьнакхетар дара, хӀордан йистехь динчу мартанца дусталур доцу, Яхьъяна кху муьрехь Ӏийса дерриг а Цуьнан сийлаллин нуьрехь гина дела. Цо иштта гойту Ӏийса: «Цуьнан аьтту куьйгахь ворхӀ седа бара. Цуьнан багара схьадолура шинна а агӀор ира долу тур. Цуьнан юьхь а, шен нуьцкъалаллин нуьрехь болу малх санна, лепаш яра. Сайна и гича, велча санна, Цуьнан когашка вуьйжира со. Ткъа Цо, суна тӀе аьтту куьг а диллина, соьга элира: «Ма кхера. Со ву Хьалхарниг а, ТӀаьххьарниг а» (Довз. 1:16,17). Везачу Элан сийлаллин юххехь хилар оццул чӀогӀа хиларна, Яхьъя велла волуш санна, охьавуьйжира.

Билггал Везачу Элан сийлалло во Делах Дела. Ерриге Цуьнан агIонаш — ницкъ а, олалла а, хьекъалалла а — мадарра юстийла доцуш еза а, сийлалле а ю. Иза цхьа а хIума сецош а, къайладоккхуш а вац! И сийлаллин нуьрехь гергахь хилар, Дела цхьадолчу декъехь гуш волчу хенахь бен, зуьйла дац, иза, Мусана Цуьнан букъ бен ца гинчу хенахь, долчу, я иза, Шаул Дамасакхе воьдучу новкъахь, ПахIална бIаьрг кхолош йолу серло а, аз а доцург, гуш а, хезаш а цхьа а хIума ца хиларан, масалехь санна.

## Иза волу меттиг

ИбрахIиман тIаьхьенашка юхадоьрзур вай. Дала дуьххьара Шен сийлаллин нур Синай-лам тIехь гайтинчу хенахь, адамаша Iадорехь юха а девлла, мохь хьаькхира: «Вайн Везачу Дала Шен сийлалла а, возалла а схьагайтира вайна. Цуьнан аз цIерана юккъера схьахезнера вайна. Тахана вайна гира Дела адаме вистхилахь а, и адам дийна диса мегаш хилар. Кхин а цкъа вай дала йиш хIунда кхуллур яра? Оцу сийлахьчу цIеро вай дуур ду. Нагахь санна вайн Везачу Делан аз кхин а хазахь, вай лийр ду» (Кар. 5:24,25, курсив авторан). Цаьрга Цуьнан сийлаллин нуьрехь гергахь хилар ца лалора, церан сий шайн лаамехь хиларо а, юхахьаралло а бехдина долу дела.

Исраилхоша деза четар дIахIоттийра, тIаккха Дела цигахь уггаре еза чоь олучу, чоьнна чохь ваха хиира. Цу чоьнан чоьхьарчу декъе шарахь цкъа коьрта динан да чу воьдура. Иза цу чу арахьарчу кертахула воьдура, цигахь Делаца берта дахкархьама а, ша коьртачу динан ден а, дерриге халкъан а къинош цIандархьама а, цкъа хьалха цIестан гIирса тIехь, цIий Iаноран сагIа доккхура. Цул тIаьхьа коьрта динан да циггахь юххехь лаьттачу цIестан юьхь-куьгдуьлургаца цIанлора. Цул

тIаьхьа бен езачу чоьнан кирхьана тIехьа ца волура иза. Цигаш Iаламан серло яцара. Еза чоь, вайн Серло, Iийсан билгало йолчу, дашочу къуьданан серлоно къагош яра (хь. Яхьъя. 9:5). Цигахь иштта, Iийсан билгало еш долу, бепигаш а дара (хь. Яхьъя. 6:48). Цу меттера кхоалгIаниг, даим а доIа дарехь а, Iамалъярехь а долчу дахаран билгало йолу, фимиаман кIур боккху гIирс бара.

Амма цигахь а иза сихха Делан гергахь хиларе ца волура. Цигахь, еза меттиг дIакъастош долу, кхин а цхьа кирхьа дара. Цигахь къинхетамаллин васхална тIехь ма-дарра а, ган гуш а долу Делан гергахь хилар дара. Iийсас Шен са Деле дIаделлачу хенахь, и кирхьа детIира: «ЦIеххьана Делан цIийна чохь уггар езачу чоьнна дуьхьал оьллина долу кирхьа лакхара дуьйна лаха кхаччалц декъаделира» (Мат. 27:51). Тидам белаш, иза лакхара охьакхаччалц даьттIера, ткъа лахара лакха кхаччалц а доцуш. Билггал Дала, ткъа адамо а доцуш, датIийнера кирхьа, Иза храма чуьра араваьлла дела! Цо Шена, Ша даим а ойла йина йолу, керла хIусам кечйинера, — иза Цуьнан юха дуьнен чу девллачу берийн дог ду. Амма иза маца хилла? Шовзткъе кхойтта де дIадаьлча, ШавуIотан дийнахь, Цунна Шена тоххара дуьйна лууш хиллачу, хIусамехь ваха хиира Иза. Вай йоьшу:

> ЦIеххьана, чIогIа хьаькхначу махах тера а йолуш, стигалара цхьа гIовгIа хезира. Цо уьш чохь болу дерриг а цIа дуьзира. Йогучу цIеран алунех тера долу меттанаш гира векалшна. Уьш, декъа а делла, кхарна хIоранна тIехула севцира. Делан Синах а буьзна, Цо шайна деллачу похIмица тайп-тайпана меттанаш дийца буьйлабелира векалш (Век. 2:2-4).

Делан гергахь хилар гучу ца делира дезачу четар чохь,

Мусас иза дIахIоттийна даллалц, тIаккха нийсса иштта Веза Эла а Шен керлачу хIусаме ца велира, Iийсас «Кхочушхили!» аллалц. ТIаккха, корта охьа а оллийна, Шен са дIаделира Цо» (Яхьъя. 19:30). И керла хIусам абаденна болчу Iахаран цIийца кечйина яра.

> Иштта, вежарий, Iийсан цIий бахьана долуш Делан стигалахь йолчу цIийнан уггар езачу чоьнна доьналла долуш чудаха аьтто бу вайн. Iийсас, Шен дегI сагIина дIадаларца, керла некъ схьабиллина вайна цига. Дийна волу Iийса Ша бу и некъ, ткъа и некъ Делан цIийнан уггар езачу чоьнна дуьхьал оьллина долчу кирхьанах чекхболуш бу. Иштта, сийлахь динан коьрта да стигалахь долчу Делан цIенна тIехь хIоттийна ву вайн. ЦIеначу *дагаца, чIогIачу тешарца* Далла гергахьа кхочийла вай, цинцаш тохарца вайн дегнаш бехк тIелацарх цIан а дина, вайн догIмаш цIеначу хица а дилина. Ваьш сатуьйсург чIогIа лардан деза вай, хIунда аьлча ваIда Динарг тешаме ву (Iеб. 10:19-23, *курсив авторан).*

Вайн тIедерза, аьлча а «езачу меттехь» вехаш Волчунна гергадахка, майралла ю. ХIинца и еза меттиг четарна чохь а, храма чохь а йоцуш, ткъа вайн догIмашкахь ю! ХIаъ, хIинца Дела Дала леррина къобалвинчу Iийсан Цунна лерина долчу сагIигахула, адамийн дегнаш чохь вехаш ву. Сих-сиха, ваьш Цуьнга кхойкхучу хенахь, генарчу тронни залан, хила тарло, ваьшна миллионаш чаккхарма дехьа хиларан суртхIоттадо. Амма хIан-хIа, Иза вайн дегнаш чохь вехаш ву! Вай хIинца а вешан чоьхьа хьийса ца Iемина, вай хьалха санна арахьа хьоьжу! Керлачу Весетан Дезачу Йозанаша къаьстташ омра до вайна «шайн дегнашкахь ма хетта: „Мила вер ву стигалшка хьала?“ – бохуш» (Рим. 10:6).

ХӀаъ, дера, Делан баккъал а, кхоалгӀачу стигалахь лаьтташ йолу, тронни зал ю. Амма Цо Шен халкъаца юххехь хила оццул хьогах хиларна, Ширачу Весетан заманахь Лаьттахь, Шен гергахь хилар гайтина долу, деза четар дӀахӀоттийнера. Ткъа хӀинца Цо Шена кхин хӀусам кхоьллина, шайн дахар Ӏийсана дӀа а делла, иза Дезачу Синца кхочушдан дехначийн дегнаш чохь. Цо Шена, Шен безам болчу а, воьлла долчу а адамна юххехь, меттиг кхоьллина. Вай вешан даг чохь Волчунна гергадогӀучу хенахь, вай иштта Лаьттана миллионаш чаккхарманаш генахь йолчу тронни зал чу довлу. Иштташиг муха хуьлийла ду? Делан Синца геналла яц. Цунна гергахь хилар бохург, иза Цуьнан васхале зал чохь Ӏийсаца а, Деца а цхьаьна хилар ду, Иза Дала леррина Къобалвинчун а, Делан а Са долу дела! (хь. Рим. 8:9).

Тидам белаш, Ӏебархошка Дахьийтаран авторо боху: «Ваьш сатуьйсург чӀогӀа лардан деза вай, хӀунда аьлча ваӀда Динарг тешаме ву» (Ӏеб. 10:23). Авторо иштта кхиниг а боху:

> И дегайовхо вайн синна онда а, тешаме а зӀе ю. *Делан стигалийн цӀа чохь йолчу* кирхьанна тӀехьа дӀайоьду иза (Ӏеб. 6:19, *курсив авторан).*

ДатӀийначу кирхьано хӀинца хӀорра а тешачунна кху дуьненахь керлачу а, дийначу а новкъа Далла гергахь хиларе ван могуьйту. ХӀинца вайн дилха кирхьа хилла дӀахӀоьттина. Нагахь вай, вешан дилха жӀарах дӀатохарца я юхатохарца, цуьнан арахьахула чекхдовлалахь (хь. Гал. 5:4), вай вешан деган «уггаре езачу чоьнна» чудовлу, цигахь Цуьнца хаддаза уьйр хуьлийла ду. Цуьнан гергахь хилар даим ма-дарра дерг хуьлий дӀахӀутту. Цо чӀоггӀа ваӀда дина вайна, нагахь вай цӀеначу а, даггара долчу а дегнашца Цунна герга догӀуш хилахь, Цо вайна Шен гергахь хилар гойтур ду! И ниӀмат кхочушдархьама, Цуьнан дагахь цкъа а

доза тоьхна я готта го болу адамаш, я доза тоьхна хан ца хилла. Исраилхой Цунна тешаме болчу хенахь, дезачу четар чохь Цуьнан гергахь хилар даим дара, тӀаккха нийсса иштта Цуьнан гергахь хилар даим а вайн деган четарна чохь хир ду.

Якъубан дешнашка ладогӀийша: «Далла герга дуьйла, тӀаккха Иза а герга вогӀур ву шуна». Ма сатийсар а, чӀогӀа тешна хилар а ду! Дала ваӀда а до, Ша Шех дуй а боу, хӀунда аьлча «Дала ваӀда а дина, Цо дуй а биъна. И ши хӀума хийцалур доцуш ду, Дала харцдерг дийца йиш йоцу дела. Цундела Дела волчу девдда дӀадахана долу вай чӀогӀа иракарахӀиттийна ду, Дала вайна еллачу дегайовхонна тӀехь латтархьама» (Ӏеб. 6:18). Амма хӀун сатийсар ду иза? Нагахь вай Цунна герга догӀуш делахь, Иза вайна герга вогӀур ву! Цо ондда чӀагӀо йина!

Амма хӀета дуккха а долчу адамаша Цуьнан ган а гуш гергахь хиларх марзо стенна ца оьцу? А. У. Тозера ма-аллара:

> Ӏийсан дилхано кирхьа датӀа а дина тӀаккха Делан агӀор, вайн Цуьнан гергахь хиларе чоьхьадовла цхьа а новкъарло ен долу хӀума дисна ца хилча, вай хьелуш стенна лаьтта те? Вай, дерриге а вешан деношкахь уггаре езачу меттигна арахьа а долуш, тӀаккха Цуьнан юьхье хьежархьама цкъа а цу чу ца довлуш Ӏарх, тоам стенна бо? Вайна Зуда Ялочун дешнаш хеза: «Ломан чӀожана чохь болу сан кхокха, тархашна юкъахь хьулъелла йолу хьо, гайтахьа суна хьайн юьхь, хьайн аз хазийтахьа суна, хӀунда аьлча хаза ду хьан аз, юьхь а ю хьан исбаьхьа» (Илли 2:14). Вайна и тӀекхайкхар ваьшка дерзийна хилар хаало, амма вай юххе ца доьлху, тӀаккха шераш дӀадовлу, вай даккхий а хуьлий, четаран арахьарчу кертахь хила кӀадло. Амма вайна новкъарло еш дерг хӀун ду те? (*The Pursuit of God,* p. 41).

Хаттар хьалхалерра дуьсу: хӀун ду вайна новкъарло еш? Вай массо а хӀума вешан ницкъашца дан стенна гӀерта, вешан бӀаьрзе хиларна вешан новкъара лараме билгалонаш тӀех а юьйлуьйтуш? Вайна хьалха, Цуьнан ваӀданца гаранти йина а, тӀаккха Цо иза йохор йоцу а, иштта къеггина сатийсар хилча, оццул дуккха адамаша, там цахилар а, сингаттам а стенна зоь? Кхин дӀа вайна, Дала хӀорра тешачунна тӀекхочийла долуш йина, и инзаре юкъаметтигийн уьйр хилар нисъярна билггал новкъарло йийриг хӀун ду, гур ду.

## Темица доьзна хаттарш

1. Кху коьртан юьхьенгахь оха иштта хаттарш дира: «Делаца йолчу юкъаметтигех хьекъалан барамехь бен тоам ца беш стенна хуьлу оццул дукха адамаш? Дала леррина Къобалвинчун гергахь хилар доцчу, иштттачу керсталлина реза стенна хуьлу вай? Далла гергахь а доцуш, ваьш тоам болуш хета муха Ӏаьмма вай?» Муха жоьпаш лур дара аша кху хаттаршна?
2. Психологийн чӀагӀдарца, пхеа шарахь адамашца йолчу юкъаметтигийн, адам хийца хьуьнар ду, бохура. Вай иштта, Дезачу Йозанаша и хетарг чӀагӀдеш хилар а дийцира: «Вочу накъосто дика амал талхайо» (1 Ко. 15:33), иштта а: «Къинош леточарна вон тӀаьхьадаьлла лела, ткъа бакъахьа болчарна диканиг лур ду» (Киц. 13:21). Шун дахарехь, Дезачу Йозанашкахь далийначу цхьаннан я шинненан а чӀагӀдарийн билггал бакъхилар тӀечӀагӀдеш болу муьраш хиллий? Шун шайн зедаларна тӀедоьгӀна царех лаьцна дийцийша.

Корта 6

# ДЕЛАН ДОТТАГIИЙ

Цо царна юххера доттагIалла
дIахьедира, амма цаьрга шайн
харжаман жамIехь иза тIе ца эцалора.

Со хIара кортош язбеш волуш, сан даг чохь Цуьнан гергахь хиларан Iебар воцу хьогалла йогуш ю. Кху темина долчу хабаро, суна чохь цIе а латош, вай оццул чIогIа дезаш Верг леха лаам чIагIбо сан. Ерриге хенийн а, халкъийн а кху романтически безамехь Цо даим а хIорра къаьстина схьаэцна долу адам лоьху. Делахь а Иза Ша, хьаххийнчуьра ала, вай лехарна долччул а хьакъ дерг, иштта атта «даккхар» а дац. Иза сийлахь а, веза а Паччахь ву, тIаккха ишттачу даржехь волчуьнга санна, Цуьнан сийлахьчу ларамца терго ян а еза. Цундела, Iаламехь ду, «деза кхерар» теми тIехь ца совцуш, Цунна герга дахкарх лаьцна бохийла дац.

# Некъийн декъадалар

Кху галморзехь «ДоттагӀалла лоьхучун» а, «билггал бакъдерг лоьхучун» а некъаш сих-сиха дӀасадоьлху. «ДоттагӀалла лоьхурш» муьлххачу а деноминацихь а, муьлххачу юкъараллехь а карабойла ду. Цара адам юххехь хила а, иза декъалдан а лууш волчу Делах лаьцна хабар дуьйцу, делахь а иза кхоччуш доцу даггара дахьийтар ду, ишттачу адамашна Цуьнан возаллех лаьцна диццдо дела. Сих-сиха иза дикачу ойланца хуьлу, цхьадолу адамаш динан агӀор дерг тӀехдаккхаран тешаш хилла дӀахӀиттина я ишттадолчух бохам хилла долу дела, вукхарна дуьххьалдӀа адамаш цхьанна дезаш хила а, царех гӀайгӀа беш хила лаьа. Цундела доккхачу халахетарна, цара вониг дагахь доцуш кхоччуш доцу дахьийтарш кхайкхадо, цу гӀуллакхо жамӀехь кхин а алсам ладамечу тӀаьхьалонашка даладо.

Законаллин борзморзахан багара кӀелхьара а девлла, вайн телхина хилар а, дерриге а лаьттарчунна агӀончаш хилар а диццдеш волчу Делан безамах а, кхетамах а лаьцна бен кхайкхамаш ца бийраш, нийсса бӀостанехьарчу тергоне кхочу. Цара, вукхарна шайна Цуьнан Дош хазийла хилархьама, адамаш Цунна гергадахкарна чудовла ца кхойкху. Нагахь цара цу гӀуллакхна тӀекхайкхуш белхьара, царна, безачу безаман а, кхераман а боцург, Цунна тӀебоьду кхин некъ ца хилар гур дара.

Цу тайпаначу кхайкхамаша, уьш тӀекхиа гӀерта, лаамна там бечу Ӏалашонна тӀекхиа «атта Веза Эла» схьахьево вайна. Делах кхерар юьстах дитарца, цара, шайн духехь, адамаш кхоччуш Цунна гергахь хиларе кхача аьтто хиларх доху.

ДЕЛАН ДОТТАГІИЙ

## Сийлахьчу ларамехь

ХIара ду, Цунна юххехь хиларх хьакхалуш долу, гуттара долуш долу а, хийцалуш доцу а билггал бакъдерг. Иза Дезачу Йозанашкахь гайтина ду:

> Хьан оьгIазалло хIаллакдо тхо, Хьан дераллах тхо кхоьру (Заб. 88:7).

Кхин цкъа а доьшур вай кху байтан шолгIа дакъа: «Хьан дераллах тхо кхоьру». Иза гуттара а долуш долу билггал бакъдерг ду. Шуна цкъа а, Дала, Цуьнга ларам ца бинчохь, Шен гергахь хилар гайтар карор дац. Иза ван а веана, адамаша Цуьнга сийлахь ларам а, лерам а ца гойтучохь а, Цунна доггIу хьакъ дIа ца делачохь а вуьсур вац. ТIаккха, адамашка дика илли алалуш а, Iамалъялуш а, исбаьхьа кхайкхамаш балуш а я хьехамаш балуш а хилар, бен дац. ДоIанаш кхоччуш библейски билггал бакъдолчуьнца догIуш хезаш хилар бен дац, нагахь цу гIуллакхца Делах кхерар дацахь, Иза гуламе а веана, Ша гайта хIуттур вац. Билггал и хиллера Iелица а, цуьнан кIенташца а долчу хьолехь.

Ас гIуллакхден деххачу шерашкахь сан, халкъах юьзна, яккхий аудиториш гар нисделла, тIаккха барамехь доцуш дукхазза гуламашкахь Делан гергахь хилар схьалаца аьтто боцуш меттигаш а хилла. Цуьнан бахьана иштта ду: адамашна а, ткъа наггахь динан тобанан Iуналхошна а юкъахь Везачу Элах беза кхерам тоъал бацара. Цигахь хастамаш баран а, Iамалъяран а тобанаш тIех дика хуьлийла ду, иштта похIме хелхарш деш берш а, мукъамбалорхой а, иллиалархой а сов дика хуьлийла ду, гулбеллачарна тIехула байракхаш лесташ а, зала чохь берш хелхабуьйлуш хуьлийла а ду. ГIуллакхдар керлахаллин а, лаккхарчу технологих пайдаэцаран а,

тӀаккха прессин векалш болуш а хуьлийла ду. ГӀуллакхдар кхоллараллин а, самукъадаккхаран а хуьлийла ду, гуламе баьхкинчаьрга юморца маршалла хоттийла а ду, цу тӀехь хьаштечу теманех пайда а оьцуш, амма хӀетте а гуламехь цхьа хӀуъа дерг тоьаш хир дац.

Гуламехь Делан гергахь хилар хир дац. ЧӀогӀа дегаӀовжаме ду, гулделлачу адамийн дукхахдолу дакъа, мел даьсса хилла и цхьаьнакхетар, кхетарг ца хилар. Кхузахь билгалдаккха магаде, Хаза кхаъ дӀабаларан кхоллараллин а, керлаллин а кепаш шаьш шайн дика ю, тӀаккха церан цхьана а хиламехь Делан ган а гуш долчу гергахь хиларна новкъарло йойла дац. Со хӀинцалерчу гуламашкахь а хуьлуш, цигахь Дела гергахь хиларан ницкъах а, нуьцкъалаллах а марзо оьцуш Ӏийна. Далла гергахь хиларан лаккхарчу технологех пайда эцарна я уьш ца хиларна дуьхьал цхьа а хӀума дац, амма цо деган хьал ца гойту.

Ишттачу хиламашкахь Дала лелорца со адамашка Везачу Элах кхерарца муьтӀахьхиларх лаьцна дийца волало, тӀаккха хӀоразза а ас дохкодовларна тӀекхойкхучу хенахь, суна дуккха долчу адамаша кхайкхарна жоп луш хилар го, цу юкъа богӀу лидерш а. ТӀаккха гуттара бохург санна хӀинца а доӀа а дале, тхуна Далла гергахь хилар го, тӀаккха адамаш делха дуьйлало. ХӀунда хуьлу ишттаниг? Иза везаш а, лоруш а, Цунах кхоьруш а долу адамаш тӀеийзадо Дала. Билггал цундела аьлла Якъуба:

> Далла улло гӀо, Иза а шуна улло вогӀур ву. Къинош летийнарш, шайн куьйгаш дила, шалхончаш, шайн дегнаш цӀанде (Якъуб 4:8).

Цкъа дуьххьара хьаьжча, Якъуб, вай юха дуьнен чу бовлаза

къилахь берш олучу, тешаш боцучаьрга вистхуьлуш хилар, хетийла ду. Мухха делахь а, кху шен дахьийтарехь Якъуба пхийттазза шен аудиторих «вежарий» олу. Цо лаккхара дуьнен чу девллачу адамашка боху.

Къилахьверг бохучу даше хьовсур вай. Грекийн маттахь и дош *hamartolos* ду. Вайно цу дешана билгалдаккхар ло, мадарра цуьнан маьIна «хьажийначу Iалашонна тIе ца кхеташ верг» ду. Кхоччуш нийса ду, тешаш доцчу адамех и алар, делахь а цунах керстанийн хьокъехь а пайда эцийла ду. ТерайогIучу контекстехь цуьнан дагахь ду, шайн ойланашкахь хьажийначу Iалашонна тIе ца кхеташ верг, ткъа цо шен рогIехь нийса цалеларш юхадарна я леларна тIедаладо. Кхин дIа Якъуба боху: «Нисде дегнаш, шалханчаш». Цу тIекхайкхарца цо тешаш верг хьажийначу Iалашонна тIе ца кхетачу, коьртачу бахьанина тIевалаво.

Делах кхерар даг чохь кхоллалуш а, ша арахьарчу леларехь гойтуш а хиларх кхетар, чIогIа лараме ду. Цкъа Дала хIара аьлла Шен халкъах лаьцна:

> *ХIара халкъ баганца Суна тIекхочу,* маттаца Со лору цо, амма церан дегнаш Суна дукха генахь ду. Суна хьалха болу ларам адамаша Iамийна долу парз бен дац (Еш. 29:13, *курсив авторан).*

Далла гергахь хилар даим а, доллучу дисинчул а, берриге бисинчарел а алсам Делах кхоьруш а, Иза везаш а долчу даг чох кхоллало. Иза дуьххьалдIа арахьара леларш дац, амма адаман деган бахьана ду. Цундела Делах кхерарх билгалдаккхар даларца, вай уггар хьалха деган хьокъехь долчух дерг ала деза.

Иштта, Делах кхерар иза Далла хьалха ларам а, лерам

а, сий а хилар ду. Вай охьатеIа Цунна хьалха кIорггечу ларамца. Иза, Цунна хьалха а, И волчохь а Цуьнан омранийн а, лаамийн а лараме терго ярца, дегош хила деза бохург ду. Амма иза доладалар бен дац.

## Ларам боцуш Далла гергахь хилар

Цхьана хIуманах кхетархьама, наггахь, и цхьа хIума хIун дац, къастор пайденна ду. Хила деза кхерам боцуш Далла гергахь хиларан тIехдика масал АхIаронан шина кIентан дахар ду. ХIинца а скини дIахIоттийна ялале хьалха Везачу Эло Мусага омра дина: «Хьайн ваша АхIарон а, цуьнан кIентий а исраилхошна юкъара схьа а къастабай, царах Суна гIуллакх деш болу динан дай бе. Уьш АхIарон а, цуьнан кIентий: Надаб а, АбихIу а, ЭлиIазар а, Итамар а хила беза» (Ара. 28:1).

И Делан нах дIа а къастийна Везачу Элана гIуллакх дан а, Делан халкъехьа хила а Iамийна бара. Церан Цунна юххехь хиларна гергадахка бакъо яра. Церан тIедилларш а, гIуллакх даран дозанаш а, Дала царна Мусагахула деллачу, ма-дарра долчу омранашца доза тоьхна дара. Iамор чекхдаьллачул тIаьхьа уьш Далла гIуллакх дан лерина бара, тIаккха Далла гергахь хиларо деза четар дуьзира, цул тIаьхьа церан гIуллакхдар доладелира.

Амма царех шина Делан стеган дахар, дезачу четар чу Делан сийлалла гучудаьллачул тIаьхьа, кестта хедира.

> АхIаронан кIенташа, Надаба а, АбихIус а, хIораммо а богуш болу кIора дIасабахьа шен ной схьа а эцна, *цу чу цIе а, хаза* хьожа йогIу хIума а йиллира. Амма Цунна хьалха цара еана цIе хийра яра, хIунда аьлча Везачу Эло царна тIе ца диллинера иштtаниг дан (Iам. 10:1, *курсив авторан).*

Тидам белаш, Надаба а, АбихIус а Веза Эла волчу хийра (язйина йоцу) цIе еанера. Вебстеран дошамехь хийра боху дош иштта кхетош ду: «Дезачу хIуманашка ларам ца хилар я цадашар гайтар ду; ларам ца хилар». Иза, Дала деза я сийлахь-деза олуш долчуьнга ларам боцуш я сий ца дарца терго яр, бохург ду. Цу Делан шина стага, Везачу Элана Iамалъярна дIакъастийна кIуртухаргаш схьа а эцна, шайн харжамца цIерах а, кIур боккхучу гIирсах а юьзира. Цара Везачу Эло тIедиллина деанарг схьа ца ийцира. Уьш дезачун хьокъехь бала боцуш бара, тIаккха цу гIуллакхо муьтIахь цахиларна тIебалийнера.

Уьш Далла гергахь хиларе магадойла доцчу а, тIеэцийла доцчу а кIурбаккхарца баьхкинера, дезачу хIуманашка цхьа гоьдазала а, тривиальни а долчун санна терго йинера. Хьовсийша цунах хIун хилира:

> ЦIеххьана Везачу Элера цIе елира, ткъа оцу цIеро уьш дIакхаьллира. Иштта и шиъ Везачу Элана хьалха велира (Iам. 10:2).

И ши стаг шайн лараме цахиларна тIехула цу сохьта Делан кхелана хьалха а хIоьттина, Iожаллина тIеIоттавелира. И ларам цабар нийсса Далла гергахь хилира, уьш беза лоруш берш хиллехь а, уьш Делан лаккхара сий дар гайта декхарийлахь бара. Цара къалатийнера, Везачу Далла герга а баьхкина, Иза веза а, кхераме а Дела воцчуха санна! Царна шаьш тIехпаргIате хетара Иза юххехь волуш! ЛадогIийша, Мусас сихха царна кхелйинчул тIаьхьа аьллачу дешнийн, тIаккха леррина «Суна уллохь болчара» дешнийн цхьаьнатохаран тидам бейша:

> Мусас элира АхIароне: «ХIара дара Везачу Элана ала лууш хилларг, Цо иштта аьлча: *„Суна уллохь болчара Со Веза хилар лара деза, ткъа дерриг а халкъана хьалха Сан сийлалла къобалдан деза“*». Амма АхIарон вист а ца хуьлура (Iам. 10:3, *курсив авторан).*

Цу дIахьедаро дуьненан весет долуш санна абаденан амал дIакхоьхьу. Дала, цхьаннан а, хьакъдолу ларар а, кхерам а боцуш, ойланза долчу дагца Цунна гергавайла дац боху. Массара а, цхьа а юкъара а ца волуьйтуш, Иза веза лара а веза, Цуьнан гергахь хиларе кIорггечу сий дарца терго ян а еза.

Везачу Эло къаьстташ кхетийнера, Ша волчохь лараме цахилар магор доцийла, делахь а Надаба а, АбихIус а цу дIахьедаре ла цадуьйгIира. Тахана цу маьIнехь цхьа а хIума ца хийцаделла, Иза хьалха санна веза Дела ву. Цо Шена гергаван хила деза хьакъ долу ларам а, сий дар а доцуш, магориг хиларан ойла ян ца еза!

Цхьа а юкъарадалар хуьлийла дац, къаьсттина доьзалийн зIенашна. Важа ши веза стаг Мусан вешин АхIаронан кIентий бара. Амма царех цхьа а Делан кхел нийса хилар шеконе даккха ца хIоьттира, Дела бен бакъхьара а, нийса а воцу дела. Цул совнаха, Мусас АхIароне а, висинчу шина кIанте а, беллачарна тIехь ур-атталла белха а мегар дац, шаьш дийна бисархьама, аьлла, дIахьедира. Иштта ца хилча иза кхин дIа Везачу Элан сий дайар хир дара, цундела Надабан а, АбихIусан а догIмаш меттаматтана арахьа а даьхьна, цигахь дIадоьллира.

Цу шина стага ойланза терго йинера ма-дарра долчу Делан омранийн. Уьш Иза волчу хьакъ долу ларам бар доцуш а, Цунна хьалха кхерар доцуш а баьхкинера, тIаккха шайн деган хьолаца муьтIахь цахилар гайтинера. Гуш ма-хиллара, къинан орам Везачу Элах кхерам ца хиларехь леха беза.

## Делах кхерар Цунна хьалха Iадорах къасталуш

Дела исраилхошна Синай-лам тIехь гучуваьллачу хенахь, уьш Иза гергахь волуш ирахь ца латталора. Бахьана стенца дара аьлча, церан Везачу Элах кхерар тоьаш дацара. Уьш Цуьнан гергахь хиларх юхабевллачу хенахь, Мусас цаьрга элира:

> Кхера ма кхера. Дела шу зен а, Шега болчу ларамах шу дуьзна а долуш, шуьга къа ца латадайта а веана ву (Ара. 20:20).

Мусас «ца кхера» омра дира, Дела «Цуьнах кхерар церан юьхьана хьалха хилийтархьама», халкъ зен веана дела. Дуьххьара хьаьжча дерриг а аьлларг цхьанацадар хетало, амма иза иштта дац. Мусас Везачу Элах кхерарна а, Цунна хьалха Iадор хилар хаадаларна а юкъара башхалла ялайора. Царна юкъара башхалла вуно йоккха ю. Далла хьалха Iадор я кхеравалар зуьйш волчу стеган, къайладаккха хIума ду. Цунна Дела гергахь хила ца лаьа, Иза волчохь йолчу къеггинчу серлоно, иза къайладаккха гIерташ волу хIума, гучудоккхур долу дела. ПахIала боху: «Ткъа нагахь и дерриг а серлонга даккхахь, церан бакъйолу амалш гучуевр ю» (Эпа. 5:13).

Далла вай Iадор зуьйш хила ца лаьа, амма Цо вай Цунна хьалха кхерам болуш хилар тIедуьллу вайна. ПахIала яздо: «ХIунда аьлча Дала вайна кIиллоллин са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме хилийта а делла» (2 Ти. 1:7), ткъа Яхьъяс цунна тIаьххье боху: «Безамца кхерам а бац. Ткъа буьззина бакъболчу безамо кхерам дIатотту, хIунда аьлча кхерам гуттар а таIзарца боьзна хуьлу. Кхоьруш волчун буьззина

бакъболу безам бац» (1 Я. 4:18). Далла хьалха Iадор зуьйш долчу адамийн кхераран са ду, ткъа Делах кхерар а доцуш, хIунда аьлча Керлачу Весетан дахьийтарийн автораша вайга иштта боху дела, «Иштта, сан хьоменаш, гуттара а со юххехь волуш шаьш муьтIахь ма-хиллара, со юххехь воцуш а чIогIачу кхерарца а, дегIе зуз дарца а кхидIа къахьегалаш, шайн кIелхьардовлар кхочушхилийтархь» (Пил. 2:12). ПахIала иштта омра до вайга «Баркалла а долуш, Цунна товш йолчу кепара Далла Iамал ян еза вай, ларамах дуьзна а, кхоьруш а долуш, хIунда аьлча «вайн Дела массо а хIума дIахьулъеш йолу цIе ю».» (Iеб. 12:28,29). Кипас кхин а хаддош олу: «Делан Йозанаш тIехь аьлла ма ду: «ЦIена хилалаш, хIунда аьлча Со а цIена ву». Нагахь хIораннах а озабезам ца беш, цо диначуьнга хьаьжжина кхел еш Волчух аша Дада олуш хилча, шаьш дуьнен чу даьхкина хьеший хилла йолу хан сийлаллин кхерам дагахь а болуш яккха» (1 Ки. 1:16,17). ХIара могIанаш дешарца, Делах кхерар ширачу заманан керсталлин дIадаккхалур доцу дакъа хиларх, ца кхетийла дац.

Тидам белаш Мусас адамашка Дела юххехь волуш хиларх лаьцна бохуш хиларан: «шаьш дуьнен чу даьхкина хьеший хилла йолу хан сийлаллин кхерам дагахь а болуш яккха» ХIунда аьлча Делан безамо а доцуш, амма Делах кхераро лардойла ду вай къинах. ПахIала омра до вайга «кхерарца а, дегорца а кхочушде шайн кIелхьардовлар». Цо кIелхьардовлар безамца а, дикаллица а деш ду ца боху. Кхечу дахьийтарехь, Делан даим а вайна юкъахь хиларан дагадаийтарехь, цо кхайкхам бо: «Дала вайна и ерриге а чIагIонаш йина дела, вешан догIмаш а, синош а бехдеш мел долчух цIанде вай» (2 Ко. 7:1). Тидам белаш, цо иза Делан безамехь дан деза ца боху.

Цкъа а дицлур дац суна со, хьарамлонна тIехула туьрмехь

волчу, гIуллакхдархочуьнга хьажа вахар. Ас цуьнга хаьттира: «Хьо Дала леррина Къобалвинчун безамах дIа муха къаьстина?»

Цо соьга а хьаьжна, тешна хиларца элира: «Со дIа ца къаьстина».

Кхоччуш ца кхетарца со дуьхьалвелира: «Ткъа курхьалла а, ямартло а муха хуьлу?»

Цо элира: «Джон, цу ерриге а хенахь со Дела везаш вара. Дерриге гIуллакх стенца ду аьлча, со Цунах кхоьруш вацара». ТIаккха цо, ас дерриг а дахарна дагахьлаттош долу, цхьа хIума элира: «Джон, миллионаш американски керстанаш сох тера бу. Цара Iийса шайн КIелхьарвоккхург ву а, Иза веза а олу, амма уьш Цунах шайн лаккхара Олаллах а, Омранчах а санна, ца кхоьру».

Цу муьрехь суна чохь серло летча санна хилира. Со, вайн, ваьш вешан сурт хIотторехь а, кхетамехь а кхоьллина Iийсан васт дезийла долуш хиларх, кхийтира, делахь а иза бакъволу Iийса вац. ХIунда аьлча Дезачу Йозано чIагIдо, Везачу Элах кхерар — Дела юххера вовзаран хьекъалаллин юьхьиг ю, аьлча а, долалун меттиг ю (хь. Киц. 1:7; 2:5). Со кхийтира, кху стагана Iийсан харцхьадаьккхина васт дезара.

## Уьш Сох кхерархьама

Мусас къаьстташ кхетийра: билггал Делах кхерараро сецадо вай къинах, ткъа къино вай Делаца уьйр хиларна генадоху. Везачу Эло, Цуьнца барт бинчу адамашка, элира: «Амма шун харцонаша шуна а, шун Далла а юккъе херо ялийтина. Аша летийначу къиноша Цуьнан юьхь шуьгахьара дIаерзийтина, ткъа цу бахьаненна Цунна шу ца хеза» (Еш. 59:2). Тидам белаш, Цо, вайн къиноша дIакъастийна Иза вайх, ткъа вайх

Иза а доцуш, аьлла. Дала и бохучу хенахь, Цо Шен халкъах лаьцна боху, ткъа деланийхойх а доцуш. Иза вай ваьш Далла юххехь хиларх дӀакъастор ду, тӀаккха цуьнан бахьана стенца ду аьлча, Цунна хьалха деза кхерар ца хиларех ду.

Далла хьалха *Ӏадор* зуьйш волчу стегах къасталуш, Цунах кхоьруш волчу стеган, къайладаккха хӀума дац. Цунна, цуьнан дахар Везачу Элана хьалха дӀайиллина книга санна, дуйла хаьа. Цо Делан лаам дисинчу долччул а хьалха хӀоттабо. Делан лаам цунна, доттагӀел а, доьзалал а, тӀаккха ур-атталла шен синал а алсам беза бу. Иштта стаг, Далла муьтӀахь хиларал гӀоли а, цуьнан гӀертарна алсам там беш а, цхьа а хӀума доцийла кхета. Иза ша дӀа а тосий, шен жӀара схьа а оьций, Ӏийсана тӀаьхьахӀутту. Иза Делан дуьхьа вехаш ву.

Иштта характеристика ю Мусан дахаран. Иза кхоьрура Делах. Исраилхой ца кхоьрура. Исраилхоша шаьш-шайн лаамаш а, хьашташ а, бегӀийла дерг а, Далла лууш долчул, хьаладоккхура. Уьш Цунах тешна ца хуьлура, шаьш даим а тешна ду бахахь а. Уьш даим а Цунах шек бара, цхьаьнацайогӀу терго даре деш хиллехь а. Цара мехала цалорура Цуьнан Дешнаш а, Цуьнан лаамаш а, омранаш а, тӀаккха цара уьш долччул а лакхара а цахӀиттадора, Делах ца кхоьру дела. Царна цкъа а Дела ма-дарра ца везнера. Стенна? Цара цкъа а Цуьнан даггара довзийтар ца зийна дела. Цундела дара уьш Иза юххехь хиларх юхабовлар. Церан Цуьнан юххехь хиларан серлонах къайладаккха хӀума дара. Царна, кху дуьнено дерриге хеттарш цхьалха а дахийтина, эххар а цара хьанна гӀуллакх дийр ду, харжа дезаран хан тӀейогӀур юйла, хаьара.

Исраилхой, Делан гергахь хилар хаалучу, Синай-ломана уллора юхабевлча, Муса, мелхо а, цига герга вахара. Цуьнан, Везачу Эле, Цо иштта нуьцкъала а, Ӏаламатечу кепара а

лоллах кIелхьара а даьхна, Ша волчу далийначу адамашна, Цунна гергадахка ца лаьа, ала дийзира. Муса цу киртигах кхоьрура, амма Далла массо а хIума хаьара, тIаккха Цо Муса Шен жоьпаца цецваьккхира:

> Везачу Элана дIахезира шун дешнаш, соьга къамел деш аша аьлла долу. Цо соьга иштта элира: Суна хезира хIокху халкъо хьоьга аьлларг. Цара мел аьлларг дика ду (Кар. 5:28).

СуртхIоттадо ас, ма Iазап лайна хир ду Мусас, и дешнаш а хезна! Иза, Далла, адамаша аьлла долу дерриге а дешнаш девзаш хилла а ца Iаш (тамашена хIума дац ткъа, ма сих-сиха диццдо вай, Далла массо а хIума хууш хилар), амма уггаре а иза цецвоккхуш дерг, Делан ойланца, исраилхой шайн дешнашкахь бакъ хилар дара. ТIаккха Мусас хаьттира, церан Далла юххе дахкийла хIунда дац.

Халкъан Цунна герга дайла стенна дац, Цо Муса кхетийначу хенахь, Делан жоьпехь гIайгIане хилар хазийла дара:

> ЭхI-хIай, Соьга ларамах дуьзна а хилла, дерриге а Сан весеташ кхочушдан даим церан дегнаш делахьара, шайна а, шайн берашна а гуттаренна диканиг хилийтархьама! (Кар. 5:29).

Шен кху жоьпаца Дала ши киртиг кхетийра. Цкъа-делахь, кхоччуш Далла герга вогIийла дац, нагахь деза кхерар тоьаш дацахь. ТIаккха, шолгIа-делахь, иштта кхерам хиларан тоьшалла муьтIахь хилар а, Цуьнан омранийн кхочушдар а хир ду. Исраилхошна хабар дийца а, моттаргIанаш ян а хаьара, амма церан дегнаш чохь Делах кхерар дацара. Дерриг а

гуттара а дагна тӀера дола а ло, адаман леларехь ган а го!

ТӀаккха Везачу Эло Ширачу Весетехь далийначу уггаре а бохамечу дӀахьедарех цхьаъ далийра. Цо Мусагахула Шен халкъе делира хӀара дахьийтар:

> Вало, дӀаала цаьрга: «Шайн четарш чу юхадерза» (Кар. 5:30).

Делан дог, доьхна хила деза, тӀаккха, Муса а, халкъ долчу юхавирзича, даг чохь хало зуьйш хилла. Суна хаало кийрахь хало. Дала уьш Мисар-махкара цхьана бахьанехь арабаьхна — Шена герга балорхьама, — амма уьш цхьана а хӀуманах ца кхийтира (хь. Ара. 19:4). И сийлахь кӀелхьарваккхар Цуьнан делаллин Ӏалашо яра. Амма халкъан Цуьнан довзийтар хила боккха аьтто баьлча, уьш тӀехьа юхабевлира. Царна Цуьнан юххехь хиларе чоьхьадовла ца лиира, шаьш Цунах ца кхоьру дела. Уьш шайн четаршка юха а бирзина, Цунна юххехь хиларна арахьа бисира, Цуьнан аз а ца хезаш. Цо цаьрга гергахилар дӀахьедира, амма шаьш-шайн харжамца царна иза схьаэца ца лиира.

## Делаца доттагӀалла

Вукху агӀор, Мусас адамаш четарш чу дӀадахийтинчу хенахь, Дала цуьнга аьллачу дешнашка ладогӀийша:

> Ткъа хьо кхузахь Соьца виса. Ас хьоьга дӀаэр ду массо а весеташ, парзаш, тӀедехкинарш. Халкъана хьеха деза ахьа уьш, Ас шайн дола доккхун долчу лаьтта тӀехь уьш иштта лелийтархьама (Кар. 5:31).

Иштта ду! «Ткъа хьо кхузахь Соьца виса. Ас хьоьга дӀаэр

ду...» СуртхIоттадой аша шайна, ма даккхийдер ду! Ма бусталур боцу озабезам бу! Мусага виса а висий, Делан даге ладогIа кхайкхина! Дерриг а Дуьненахь цхьа а гIолехь дерг хуьлийла дац! ТIекхайкхар а хилла, безамехь а, хьекъалаллехь а, хаарехь а, ницкъехь а чаккхе йоцуш Волчун гергахь висар. Ерриге а стигалаша дагавохуш а, дерриг а кхоьллина дерг тIегIерташ Волчуьнца юххехь латтар. Мусана хилла иштта тIекхайкхар!

Мусан Делах кхерар дара, цундела цуьнан Цуьнца юххера йолчу юкъаметтигех воккхавейла дара. Цунах тоьшалла вайна назмаалархочун дешнашкахь карадо: «Шен некъаш гайтира Цо Муса-пайхамарна. Шен гIуллакхаш гайтира Цо Исраилан халкъана» (Заб. 102:7). Мусана наггахь доцуш хьалхxе дуьйна, хIинца а и хиламаш ма-дарра хилале хьалха, Дала хIун дийр ду хаьара, Муса, исраилхой герга ца бахкалучу меттигна юххехь лаьтташ висарна, Дела цуьнца Шен деган ойланашца дагаволу дела.

Исраилан халкъана Дела шайн доIанашна жоп даларца вевзара. Царна Цуьнан бахьанаш а, лаамаш а, Iалашонаш а, Цуьнан деган кхин йолу кIоргенаш а ца евзара. Царна Цо деш дерг гора, амма уьш Цо и хIунда до ца кхетара. Мусана Иза къайлечу меттехь хезначу дешнашца вевзара. ХIара ю сан безамечу библейски байтех цхьаъ:

> ПаргIат юкъаметтиг ю Везачу Элан Шега ларамах буьзначаьрца, Шен барт а Цо царна бовзуьйту (хь. 24:14).

Байтан маьIна ца хуьйцуш, олийла ду: «Делан деган къайленаш — Цунах кхоьручарна, тIаккха Шен весетан некъаш Цо царна дIа а доьллу». Вайн массеран а вешан къайленаш ю (тIаккха ерриш яц уьш вон), делахь а вай

берриге а бевзаш болчаьрца дага цадовлу царех лаьцна, амма, ваьш юххера уьйр йолуш а, тешна долуш а, юххерачу доттагIех тешна хуьлу. Цунна доккха бахьана ду: вайна, цара цкъа а вайна лазам бархьама я шайна евзинчу къайленах, гIоли йолуш санна пайда эцархьама, вайн деган мехалла долчух пайда ца оьцийла хаьа. Вайна хаьа, цара вайн къайленаш ларйийр ю. Вайна, цара вешан тешам хилар харцхьа а даьккхина, шайна са хиларан дуьхьа, пайда оьцур боцийла хаьа. Царна вайн дог девза, тIаккха уьш вайна уггаре а диканиг хила лууш а бу.

Иштта ву Дела а. Иза Шен къайленашца, шайн там хиларийн а, беркатан а тIех гIайгIа бечу адамашца, дага цавуьйлу. Иза къайленашца Шен санна дог долчаьрца а, Цуьнан дуьхьа шен дахар охьадиллинчуьнца а, дагавуьйлу — ишттачарех Цо Шен доттагIий олу. Ингалсан Делан Йозанийн гочдарех цхьанна тIехь назманан хIара байт иштта хезаш ю: «Везачу Элан доттагIалла — Цунах кхоьручарна, тIаккха Шен весетан къайленаш Цо царна дIа а йоьллу» (хь. 24:14).

## ИбрахIим — Делан доттагIа

Ширачу Весетехь Делан доттагI цIе яьккхина волу стаг вара. Цу стеган цIе ИбрахIим ю. Иза Делан доттагI хилла дIа стенна хIоьттина? Жоп карадойла ду, иза кIелваханчу доккхачу зерехь. Цуьнан ткъе пхеа шарахь сатийса дезна Делан ваIда кхочушхиларе. Цул тIаьхьа цуьнан шен бер хуьлуш йоцчу, Сарат цIе йолчу, зудчух кIант хуьлу. Бог дал ему этого сына много лет спустя после того, как они с женой вышли из детородного возраста. КIантана Исхьакх цIе тиллира, цуьнан делар боху маьIна ду. Цу беро, церан сурт хIоттадойла а доцу, даккхийдер деара церан цIа чу.

Дела тидаме хьоьжура цу доьзале, ткъа ИбрахIимна а, кIантана а юкъахь чIоггIа а, кIеда-мерза а безам бара хьалакхуьуш. Зеран хан тIееара, тIаккха Дала ИбрахIиме дийхира: «Хьайн цхьаъ бен воцу, *хьайна дукхавезаш волу кIант Исхьакх,* Мори-махка дIа а вигий, Ас гойтун болчу лома тIехь, вен а вей, сагIина вагаве» (Дол. 22:2, *курсив авторан).*

Шуьга суртхIотталой, мел Iазап лайна ИбрахIима, и омра а хезна? Иза сатийсина волу кIант вара, ткъе пхеа шарахь доккхачу собарца дуьнен чу даларе ладоьгIна бер. Исмаил хIинца цIера дIаэккхийна вара — тIаккха ИбрахIим цхьа а хIума доцуш вуьсуш вара. Амма иза хIинцца, безаман уьйраш къаьсттина чIогIа йолчу хенахь, дан деза? Исхьакх жима бер долчу хенахь, сагIина вар стенна ца дехна Цо? Дуккха а болчу библейски Iилманчаша цу хенахь Исхьакхан ткъе кхойтта шо хилла лору.

Шуьга суртхIотталой цу буьйсанан? Хила тарло, ИбрахIиман кийрахь Iазапе къийсам боьдуш хилла хир бу. Муха дехийла ду Делан цуьнга цунах лаьцна? Дерриг а дагалаьцна ма-хиллара дIадоьдуш дара. Цкъа Исхьакха зуда а ялийна, тIаккха цуьнан тIаьхьено, Дала ИбрахIимна вaIда дина дийнна халкъаш а, паччахьаш а кхуллур бу. Деле ИбрахIиме кIентан дахар муха дехийла ду, цу тIе иштта хьалха? Хезий шуна, ИбрахIиман цу буьйсанна дагера довлу хеттарш? Цу хиламехь вуьшта Цо суна Исхьакх стенна велла? Цо суна иза юха схьаваккххархьама велла-м вац те? Везий те Цунна Исхьакх, суна ма-веззара? КIентан дахаран метта сан дахар схьаэца стенна ца лиъна те Цунна?

Делахь а ИбрахIиман цу дерриге а хаттаршна а, ойланашна а тIехь доллуш цхьа хIума дара: Везачу Элах кхерар. Дала аьлла, тIаккха и муьтIахь вара. Вай йоьшу: *«Iуьйранна хьалххе хьала а гIаьттина,* шен вираца, Исхьакх а, ши ялхо а эцна, сагIа деш даго дечиг а даьккхина, Дала

шега гIо аьллачу метте дIавахара ИбрахIим» (Дол. 22:3, курсив авторан). Тидам белаш Iуьйранна хьалхxе бохучу дешнийн. Шуна бакъдолуш цкъа-мацца а хезна хир ду, цхьаболчу наха бохуш: «Дела соьца тIаьхьарчу масех баттахь болх беш ву, амма со цкъачунна кийча вац». Ишттачу наха дуьххьал дIа шайн Везачу Элах тоъал кхерар ца хилар гойту.

Делах кхерар, Цуьнан Дош хазарехь вегош хилар ду. Иза, вай Цунна муьтIахь ду ур-атталла цу гIуллакхна бахьанаш я маьIна а, пайда а гуш доцуш, бохург ду. Цуьнан, вай Цуьнга ур-атталла цхьана а хIуманах кхеташ дацахь а, ладугIуш хиларан маьIна ду. И муьтIахьхилар ур-атталла, цо лазам беш белахь а, хуьлу. Вай Хазачу кхоан кхайкхамчаш долуш санна Дала леррина Къобалвинчун ДегIана вон гIуллакх дина. Тіех сих-сиха муьтIахьхиларх лаций, цунах тIедериг а, пайда а гуш долчу хенахь бен, ца олу. Вай, масала, иштганиг олу: «Нагахь шу дIалуш хилахь, тIаккха Дала...», я «Нагахь аша доIа дахь, тIаккха Дала...», я «Нагахь шу муьтIахь хилахь, тIаккха...» Иза, практически, цхьа хIума цунах юхахиларxьама, Дала леррина Къобалвинчунна тIе ван мегарг хиларх долу, адамашка дахьийтар ду. Теший те со, Дала декъалвийриг хиларх? Шеко йоцуш! Амма вай цхьана а хиламехь, декъалаллаш хиларан дуьхьа бен, Далла гIуллакх деш хила ца деза! Вай Далла гIуллакх дан дезаш ду, деккъа цIена Иза Дела волу дела, ткъа Цуьнгара цхьа хIума юха хиларxьама а доцуш.

ИбрахIиман муьтIахьхилар цу сохьта хилла дара, тIаккха иза кхаа дийнахь, Дала шена гайтинчу, лома тIе дIаихира. Дала гергахьа болу лам стенна ца хаьржинера? Кхаа дийнахь ваха стенна дезара? Схьахетарехь, Дала Шен буьйранах лаьцна ойла ян хан еллера ИбрахIимна, тIаккха ур-атталла, хила тарло, юхаверза а. Делан аз хезаш долуш сихха дIаваха волавалар иза цхьа гIуллакх ду, тIаккха гIуллакх чекхдаллалц

дар, иза кхоччуш кхин гIуллакх ду. СуртхIоттадой аша шайна, хIун ойла ян дезара Мусан кхо де дIа а даьлла, Делера кхин хIумма а ца хезаш, иза лам болчу а веана, шен дахарехь уггаре а хьоме дерг сагIийна дала дезачу, хьоьжуш волуш.

ХIетте а ИбрахIима ломан боьххье дIа а кхаьчна, сагIа даккха меттиг дIа а хIоттийна, Исхьакх дIа а вихкина, цунна тIехула урс хьаладаьхьира. ТIаккха цIаьххьана Везачу Элан Малик кхайкхира ИбрахIиме:

> Ма велахь кIант, цунна зе ма делахь. *ХIинца го Суна,* хьо Дела лоруш а, Цунна муьтIахь а вуйла. Суна го, хьайн цхьаъ бен воцу кIант Сан дуьхьа ахь ца кхоор (Дол. 22:12, *курсив авторан).*

Муха хиира Далла ИбрахIим Шех кхоьруш вуйла? Иза, ур-атталла, ИрахIим Дала лелочух кхеташ воцчу хенахь а, цуьнан муьтIахьхила кийчахиларца кхийтира цунах. Иза, ур-атталла и гIуллакх лазаме а, цхьа а маьIна доцу хIума хетийла долуш а, муьтIахь вара. Дела ИбрахIима Везачу Элан лаамаш доллучу хIуманал лакхабаккхаре хьоьжура. ТIаккха Дела кхийтира, «хIара, Аса Суо дIавелла мегар долу а, Сайн дегах дагавала мегар долу а, стаг ву».

## Делан дIаеллаелла агIонаш

Сихха цул тIаьхьа бIаьргаш хьалахьажийча, коьллашна юкъахь бисина, ка гира цунна. ТIаккха цуьнан дагера мохь белира: «Иегова-ире» (цуьнан маьIна ду «Везачу Эло оьшург ло»). Иза дуьххьарлера стаг вара, Дела Иегова-ире кепехь вевзинарг.  В ответ на уважение и послушание Авраама Бог открылся ему той гранью Своего характера, которую раньше никто из людей не знал.

Шуна со, книгин автор волу, Джон Бивер санна, вовзийла ду. Шух цхьаболчарна со, Джон Бивер, — оратор санна вевза. Амма зуда ю, цуьнан цIе Лиза ю, тIаккха цунна со майра хиларе терра, вевза. Иза сан чIогIа юххера доттагIа а, зуда а ю, тIаккха со цуьнца, иза йоцчу, цхьанна а ца евзачу къайленашца дагавуьйлу. Тхан кIентий бу, тIаккха царна со да санна вевза. Тхан юкъаметтигаш специфически ю, дайн кIенташца бен ца хуьлучу кеппера. Шун дахарехь а иштта дай а, зударий а, кIентий а, доттагIий а иштта кхин дIа берш а бу. Делан а иштта дуккха агIонаш, я амалан башхаллаш ю.

Дела ИбрахIимца, цул хьалха цхьанна а девзина доцчух, дагавуьйлу. Веза Эла ИбрахIимца ур-атталла Шен Iалашонашца а дагавуьйлура, тIаккха вукхунна шен ойла гайта а магадора. Уьш цхьаьна билгалечу хеттаршка хьоьжура. Иштточу къамелех цхьаъ Седамах а, Iаморах а хьакхалуш дара. Дала элира: «Со дан воллург Ас ИбрахIимах лачкъор дац!» (Дол. 18:17). Веза Эла ИбрахIим волчу веара цуьнца хьал дийцаре диллархьама, тIаккха Цо Шен доттагIчун ойла мехала а йина, ладуьйгIира цуьнга. Седам шен бохамечу кхелах хьалхаер яра, нагахь цу чохь итт мукъа а бакъахьарнаш карийнехьара. Амма цигахь ур-атталла цу барамехь а уьш ца нисбелира!

## Делан Iалашонашка дог ца лазар

ДуьххьалдIа тамашийна хIума ду, Делан Йозанаша бакъахьара ву олуш волу (хь. 2 Ки. 2:7), ИбрахIиман вешин кIант ЛутIа, иштта чIогIа шен ден вешех къасталуш хилар. ЛутIа дилханан адам дара, тIаккха Делах цакхоьрура и. Цуьнан истори ИбрахIиман историх къасталуш ю. Цо шен некъ ИбрахIимца цхьаьна болийнера, амма хIоразза

а, дилхано синца цхьаьна дахар долийча, къовсар гучу цадаьлча ца долу. ИбрахIим Делан гIуллакхаш адамийнчарел хьаште долуш вара, цундела цо ЛутIига шена латта хьалха къастор дIахьедира. ИбрахIим ЛутIина кхаьчначул тIаьхьадисинчух тоам бан кийча вара, иштта делахь а, цхьа хан дIаяьлча, цо хаьржина долу латта, шена тIехь шура а, моз а охьадогIу, токхе хилла дIахIоьттира.

Вай йоьшу: «ДIахьаьжначу ЛутIина Йордан-хи догIу ерриг а меттиг гира» (Дол. 13:10).

Цу заманахь Иорданан меттиг уггаре а езаш а, ялта хьекъа латта долуш а яра. Кхин а хIун гира ЛутIина бIаьргаш хьалабахийтича? Цунна Седам а, Iамора а гIаланаш вон долчух юьзна юйла хаьара. Хила тарло, цу лаьтте хьоьжуш, иза, телхина Iаткъам а ца зуьйш, цу гIаланийн бахамах пайда муха оьцур бара те, бохург, билгалдаккха гIертара. Цо ша гIалина чохь а ца вехаш, ткъа шен четарш Седаман арахьарчу нийсачу аренашкахь дIахIитто сацам бира. Иштта цуьнан телхинчух генахьа а волуш, цу кIоштан бахамах а, шортонах а марзо эцийла хир дара. Вай йоьшу: «ткъа Ибрам КанаIан-махкахь висира. ЛутIа тогIи чохь йолчу гIаланашна юккъехь ваха хиира. Седамана тIекхаччалц дIа а вахана, шен четарш хIиттийра цо» (Дол. 13:12). Делахь а хьо телхина долчунна генахь латта мел гIиртича а, амма нагахь хьо Делах кхоьшуш вацахь, къа цхьа хан яьлча хьо шена тIе ца озош Iийр дац. Иза хила а хилира ЛутIица: иза Седаман аренашкахь четарш дахкарна тIера дIаволавелира, амма ялх корта лахахь вайн ешийла ду, Седам гIалахь цуьнан хIинца шен цIа дара (хь. Дол. 19:2).

Седам ехаш а, хьалакхуьуш йолу а гIала яра. Цуьнан бахархойн сурт хIоттор а дацара, церан гIала лаьттаца дIашарйина хирг хиларан, диснарг дагардалун долу масех сахьт бен дисина ца хилар. Цу гIуллакхо цецдаха

ца деза вай. Амма вайн сагатдан дезарг хIун ду, ЛутIина а дагацадогIура и ма-дарра дерг. Дала цуьнга дIахьедан маликаш, къинхетамаллин геланчаш, хьажийнера. Делах кхоьруш а, Цуьнан къайлене ойланаш а, Iалашонаш а хIинца а уьш дахарехь кхочушйина хилале хьалхxе дуьйна евзачу ИбрахIимах къасталуш, ЛутIа Седамехь цунна юххехь бехаш болу къилахь берш санна, дог ца лозу стаг вара. ИбрахIим Делан доттагI вара, иза Цунах кхоьру дела!

## Бакъволу Iийса

Везачу Элах кхераран серлонгахь ИбрахIиман а, ЛутIин а дахар талларца, вай ша цу кхетаман билгалдаккхаре хьовсур ду. Везачу Элах кхераро Далла дезаш дерг дезар а, Цунна ца дезаш дерг ца дезар а юкъалоцу. Дерриг а Цунна лараме дерг, вайна лараме хилла дIахIутту, ткъа Цунна бен доцург, вайна а лараме долчуьра соцу. Цуьнан приоритеташ а, лаамаш а вайн хилла дIахIуьтту. Везачу Элах кхерар Делан лаамна а, Цуьнан дерриге а лууш долчунна а хаддош муьтIахьхиларехь гуш хуьлу.

Дезачу Йозанашцa догIуш, нагахь вайн Делах кхерар делахь, Иза вайна гергаван волало. Вайн Цуьнца гергадахкаран бараме терра, вайн Цуьнга болчу безаман ницкъ алсамболу. Вайна ваьшна дIавеллалуш волу дийна Дела веза, ткъа дуьххьалдIа Цунах лаьцна хаарш доцуш. КIорггера а, даим а Везачу Элан кхерам боцуш, вай, билггал бакъволу Дела вовзарх дозалла дойла доцу, безам даре бо. Вайна Цунах лаьцна хаьа, амма Иза ца вевза вайна. Кху хиламехь вайн синхаамаш Iийсан вастана тIеберзийна бу, вешан суртхIотторехь кхолладеллачу вастана, вайна, Ден аьтту агIор хиъна Iаш Волу, бакъволу Iийса ца вевза дела.

И хьал, голливудски гӀарабевллачу кинохь ловзучу артистийн я спортсменийн ларамхойн хуьлучу, безамца дуста дуста мегар ду. Царна, интервьюн а, газетни статьян а гӀоьнца массийн хаамийн гӀирсашца кхоьллина, васташ деза. Цу гӀарадевллачу адамийн цӀераш сих-сиха американцийн цӀеношкахь хеза. Суна, ларамхоша шайн кортабеттачарех, уьш шайн юххера доттагӀий болчуха санна, бохуш хезна. Суна, гӀарадевллачу адамийн дахарера хиламаш, уьш церан доьзалан декъашхой болчуха санна, дагна Ӏовжаме тӀеоьцуш хилар а гина. Амма царна уьш баккъал а дуьхьалнисбеллехь, и гӀарадевлла адамаш искусственни кхоьллинчу вастах чӀогӀа къасталуш хилар гур дара. Ларамхошна а, гӀарадевллачу адамашна а юкъара юкъаметтигаш — иза цхьана агӀорхьа лела урам бу. Нагахь уьш дахарехь цхьаьнакхеттехьара, тамаша бу-кх царна цхьаьнадогӀу хьашташ карориг хилар, церан дийца хӀума хир дацара, цу адамашна вовшийн ца девза дела.

Изза тенденциш суна динан тобанашкахь а гинера. Дуккха болчара Везачу Элах лаьцна, шаьш Цуьнца чӀогӀа юххера долчуха санна, дуьйцу, амма церан ойланашка ладоьгӀча, цара шайна вевзаш Воцчух лаьцна дуьйцу, царна Цунах лаьцна бен, ца хаьа дела. Царна Цунах лаьцна хезнера, амма Цуьнан аз ца хезнера. Царна Цо лелош дерг го, амма Цуьнан некъаш ца девза, Царна Цо хӀун аьлла хаьа, амма Цо бохург ца хаьа.

Цу тайпана башха хӀума хилира соьца дӀадаханчу шарахь. Тхо доьзалца Гавайяшкахь садоӀуш дара. Хенан башхалла хиларна, со Ӏуьйранна хьалхxе самаволура. Цкъа Ӏуьйранна, со пляжехь доӀа деш волчу хенахь, суна тӀе стаг а веана, соьца хабар дийца волавелира. Цунна чӀогӀа тамехь хетара гӀайренна тӀехь, тӀаккха цо карзахе дуьйцура цу темех

лаьцна. Сихха бохург санна цо соьга элира, «кху гIайренна тIехь мехкарий исбаьхьа бу — чIогIа доттагIалла дезаш а, коммуникабельни а». Кхин дIа цо, ша дукха хан йоццуш хиллачу, синкъерамах лаьцна дийцира, тIаккха кхечу дилхалийн теманех хьакхавелира. Дерриг а цуьнан хабарш чIогIа хIордакхе а, гомха амал йолуш а дара.

ТIаккха цо соьга хаьттира, ас хIун леладо аьлла. Цунна со динан гIуллакхдархо ву аьлла хезча, иза воха а воьхна, Везачу Элах лаьцна дийца хIоьттира. Цо, ша, цуьнан динан тобано байкершна кечйинчу, хаза кхаъ кхайкхоран проектехь дакъалоцуш вара, элира, ткъа цул тIаьхьа шен Iуналхочух лаьцна дийца хIоьттира. Цо ша, Iийсана тIе муха веара, дийцира, ур-атталла шеца йолу, брошюрка а елира суна. ТIаккха цо шен зуда а, бераш а хьешан цIийнахь хIинца а дийшина ду, элира (и дешнаш олуш суна сихха, цо гIайренна тIера доттагIалла дезаш болчу мехкарех лаьцна дуьйцуш, цуьнан воьхна хилар дагадеара). Сан дог лозура, и стаг тешна вара цунна Веза Эла вевзаш хиларх, делахь а дерриг а цуьнан дахаро бIостанехьа долчух лаьцна тоьшалла дора. Цундела боху Iийсас, вайна тешачарах берш церан стоьмашца бевза, аьлча а дахаран вастаца, ткъа дешнашца а, гIуллакхдарца а доцуш (хь. Мат. 7:20-23).

Иза дуккха а долчу масалех цхьаъ ду. Со, шун а оццул къеггинчу масалшца Iиттадала дезна хиларх, тешна ву. Берриге а цу тайпаначу хиламашкахь, Лала леррина Къобалвинчух тешар даре деш берш, киноргчу артистийн ларамхойх тера бу. Суна лазаме ду ишттачу нахана тIера. Уьш, кIелхьардовла лууш, амма дуьненан хIуманаш деза адамаш ду, цара шайн там хила гIертар а, шайн Iалашонаш а, дан дохкург а, Делан дагалецамел лекхадоккху.

Амма кхин адамаш а ду, ма-дарра кIелхьардевлла а

долуш, амма, ЛутӀех терра, адамийн хьашташца дехаш долу. Уьш адамийн гӀуллакхашна юкъаийзийна бу. Царна Далла гӀуллакхдан лаьа, амма церан аппетиташа царех кху дуьненан леш бина. Цара шайн шаьш дезарна ЖӀара тӀехь дала а ца магадо, шайн дахарехь Дала леррина Къобалвинчун цӀандаран балхана дуьхьало а йо. Уьш Цуьнан лаам леха а ца гӀерта, цара Делан Пачхьалкх шор а ца йо. Уьш кӀелхьарбаьхна бу, амма царна Далла юххехь хилар ца тоьа. Уьш хьалха санна, шайн дилханан кирхьанца доза тоьхначу, арахьарчу кертахь беха, цо царна керлачу а, дийначу а новкъана гергадан новкъарло йо дела. Уьш Иза волчохь лаьтташ а бу, ткъа оццу хенахь Цунна генахь а бу.

Арахьарчу кертахь дехаш долу адамаш, Дала уьш кху дуьненан охьатаӀорах кӀелхьара стенна даьхна ца кхеттера. Цара юххера Дела вовзаран лаккхара адамийн хьовсийна хилар дӀадахийтина. Царна Делан безамах а, декъалаллех а, лардарх а, токхо а, шорто а латторах а лаьцна кхайкхамаш тамехь хета. И дерриг а билггал бакъдерг ду, амма царна шайн доларчу деган хьолах лаьцна хьакхалуш долчу хаттаршка ладогӀа а ца лаьа. Цара, шен духехь цкъа а царна там бийр боцург хоржу, тӀаккха, шайн даг чохь долчу, дийначу хинан хьостанна юххехула тӀехбуьйлу.

Вай, Далла вайца юххера юкъаметтигаш хила лууш хиларх а, Иза веза хиларх а, цхьанненна а Шех вела могуьйтург цахиларх а, кхета деза. Цо, вай Шена тӀедерзорхьама, тӀехлакхара мах белла, тӀаккха вай кху дуьненан доттагӀий дуьсийла муха ду? Вай Далла гергахь хила тӀекхайкхале хьалха, Якъуба дӀахьедина: «Тешам боцурш! ХӀара дуьне дезар Делаца мостагӀалла хилар дуйла ца хаьа шуна?» (Якъуб. 4:4). Цо боху, нагахь вай адамашца доттагӀалла лоьхуш делахь, вай Далла мостагӀий хилла дӀахӀуьтту. Дагахь

латтаделаш, цо тешачаьрга боху шуна. ПахӀала иштта чӀогӀа ма-дарра шалхалла доцчу дешнийн цхьаьнатохарех пайда оьцу: «ХӀунда аьлча массо а адамашна кӀелхьардохуш долу Делан дикалла гучуделира. Ӏесалла а, дуьненан боьха лаамаш а дӀа а тесна, собаре а, догцӀена а, суьпа а лелаш кху заманчохь даха хьоьху вайна оцу дикалло. Вай иштта лела деза, къобалдинчу сатийсаре ла а дуьйгӀуш: иза хир ду сийлахьчу Делан а, вайн КӀелхьардохург волчу Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан аа сийлалла схьадар» (Тит. 2:11-13). Билггал цундела тӀекхойкху вай ПахӀала «кхерарца а, дегадарца а шайн кӀелхьардовлар кхочушдан».

## Ӏийсан доттагӀий

Вайна сих-сиха, нагахь вай Иза тӀеоьцуш делахь, вай Цуьнан доттагӀий хуьлий дӀахӀуьтту, бохуш болу кхайкхамаш хеза. Ас сатуьйсу, хӀинца шу кхетта, Делан адамех муьлхха а волчух, ойланза а, ойла ца еш а Шен доттагӀ ву олийла цахиларх. Цкъа, со доӀа деш волуш, Иза соьга кхайкхира: «Хатта Сан халкъе, Со царна уьш Суна санна, тешаме хила лаьий те?» Ӏийса Лаьтта тӀе, хӀорра а «Лаккхара дуьнен чу бевллачийн Клубе» юкъахӀоттархьама ца веана. Цо, Шена уьш дезна ма-хиллара, Ша везаш долчу адамашца лоьху доттагӀалла, иштта бен хуьлийла дац вайн Цуьнца доттагӀалла. Цо Ша тӀечӀагӀдо и билггал бакъдерг:

> Шу Сан доттагӀий ду, нагахь аша Ас тӀедиллина гӀуллакх кхочушдахь (Яхьъя 15:14).

Ӏийсас доттагӀаллина дӀахьебеш болу, билгалбаьхна билламаш бу. Цо ца боху: «Шу Сан доттагӀий ду, нагахь Со Дала леррина Къобалвинарг хиларх тешахь». Цо, гуш

ма-хиллара, боху: «Шу Сан доттагІий ду, нагахь Ас шайна тІедуьллуш дерг кхочушдеш делахь». Кху коьртехь вай хІинца, Цо весет динарг кхочушдан ницкъ а, хьуьнар а, Везачу Элах кхерарна юкъахІоттийна ду, аьлла.

Іийсас цунах лаьцна, ЯхІуд Искархо, Цунна ямартло ярхьама, дІаваханчул тІаьхьа аьлла. Нагахь вай хІара байт ешахь, вайна, Іийсас цхьайтта мурде бохуш хилла хилар, гур ду: «ХІинца ца олу Ас шух ялхой,..» (Яхьъя 15:15). Цо аьлла: «Ас хІинца ца олу», ткъа иза, И цаьрга ялхошка санна, хьоьжуш хилла хиларан, тІаккха хІинца уьш юкъаметтигийн керлачу бараме дехьабевлла хиларан, маьІна ду. Цу чІагІдарал тІаьхьа Цо боху:

> ХІинца ца олу Ас шух ялхой, хІунда аьлча ялхочунна шен олахочо дийриг ца хаьа. Амма шух Ас доттагІий аьлла, Сайн Дегара хезнарг дерриге а Ас шуьга дІахаийтина дела (Яхьъя 15:15).

Тидам белаш, Олахочун доттагІашна, Цо хІун до хьаа. Царна девза Цуьнан некъаш! Царех доттагІий хІинца хІунда аьлла, ткъа церан юкъаметтигийн юьхьенгахь а доцуш? ХІума муха ду аьлча, цара гІуллакхца тешалла дина шайн тешаме хилар а, муьтІахьхилар а, Цунна тІаьхьа а хІиттина халачу зерех а, талларх а чекхбевлла а, цхьаьна Іаламатийн а, билгалонийн а, дерриге дина долчу диканан а даккхийдер лайна дела. Церан тешаме хилар церан муьтІахьхиларца тешалла дина дара.

Іийсан чІагІдар, Цуьнан цІе йоьхучунна дІасадаьржаш ду: «шух Ас доттагІий аьлла, Сайн Дегара хезнарг дерриге а Ас шуьга дІахаийтина дела». Тидам белаш, Цо къаьстташ аьлла, доттагІалла хила хьакъ долуш хир ву, Цунна муьтІахь верг.

Забура тӀехь, Дала Цунах кхоьручарна кечдинчу сийлахьчу къинхетамаллах а, декъалаллах а лаьцна бохуш йолу, дуккха байташ ю.

Дала муьлххачух а стенна ца олу Шен доттагӀ ву? Схьахетарехь, вай кхерамечу эвхьазлох лардархьама. ДагадогӀий шуна АхӀаронан кӀентий а, Делан АхӀароне долу дӀахьедар а, уьш беллачул тӀаьхьа: «Сайна гергабогӀачаьрца ваз а велла, дерриг а халкъана хьалха сийлахь хир ву».

Изза яздеш ду Керлачу Весетехь а, цхьа стаг шен зудчуьнца ойланза йолчу эвхьазлонца везачу Далла герга баьхкинчу хенахь. Уьш, Иза волччохь, кхуззахь белла дӀабевлира (хь. Бек. 5:1-11). «ТӀаккха боккхачу кхерамо дӀалецира ерриге а динан тоба», Деле болу ларам ца хилар мел ладаме ду, тешаш берш кхеттачу хенахь. ТӀаккха юха а: «Сайна гергабогӀачаьрца ваз а велла, дерриг а халкъана хьалха сийлахь хир ву».

ДӀадаханчу шарахь аса тамашийна къайле дӀайиллира. ДоӀа дечу хенахь, хабар дийцар саца а дина, со дуьххьалдӀа сайн Ден возаллах а, тамашеначу сийлаллах а ойла еш Ӏара. Аса, Ӏийсас со Шен долаваккхархьама, исбаьхьа а, цецваккхаре а баьккхинчу толамах лаьцна, ойла йора. Ас Цуьнан дикачу Синах а, Цо уьйр хиларна а, Шена уллохь хиларна а, со хаьржина хиларх лаьцна ойла йора. Ма тӀекхиийла доцуш а, цецваккхаре а ду и дерриг а!

Иштта ойланаш ечу хенахь, со ерриге а агӀонашкара Везачу Элан гергахь хиларо дӀалацархьама, сан дешнаш ала дезаш цахилар карийра суна. Иштта атта Цуьнан гергахь хиларе чу волийла хиларх цецваьллачу, аса Дезачу Сине хаьттира. Цо сан даге элира: «КӀант, Ӏийсас Шен мурдашка хӀун омра динера, уьш доӀа дан Ӏамочу хенахь?» Ас Везачу Элан доӀа дийшира: «Стигалшкахь волуш волу, тхан Дада! Еза хуьлда

Хьан цIе». Со инзарваьллера, тIаккха ас воккхаверна мохь туьйхира: «ХIара ду-кх иза, хIара ду!» Вай долччул хьалха а, юьхьенца дуьйна а Иза вазван веза, аьлча а Иза веза лара веза: «Еза хуьлда Хьан цIе»! Вай Цуьнан гергахь хиларе Иза веза ларарехула чоьхьадовла деза! Ма дукха шерашкахь дина ас и доIа, ма-дарра долуш, цу чохь вайга Iийса вистхиллийла а, ца кхеташ!

## Дахаран хазне долу догIа

Везачу Элах кхерар ду — иза Далла гергахь хиларан догIа а, дерриг а дахаран бух а бу. ЕшаI-ЯхIус боху вайга:

> Ма сийлахь ву лакхахь Iаш волу Веза Эла! Нийсо ярх а, бакъдерг лелорах а хьалаюзур ю Цо Цийон. Веза Эла халкъан заманашкахь чIогIалла хир ю. Цо алссам кIелхьардахар лур ду, хьекъалалла а, вовзар а луш. Везачу Элана хьалха ларамах дуьзна хилар – иза халкъан хазна хир ю (Еш. 33:5,6).

Везачу Элах кхераро кIелхьардовларан а, хьекъалаллин а, хааран а хазна дIайоьллу. Стенна? Иза Далла гергахь хиларан бух болу а, тIаккха цу буха тIехь Цуьнан хазна дIаеллалуш йолу а дела. Делан безамца цхьаьна иза дахаран бух бу. Вайн ма-дарра Дела везийла а, Цунна гергахь хиларх даккхийдер а хуьлийла дац, нагахь вайн Делах кхерар дацахь.

## Темица доьзна хаттарш

1. Цунна хьалха Iадор хаалаларна бIостанехьа Делах кхерар бохург хIун ду, шайн дешнашца муха кхетор дара аша?

2. Кху коьртехь ИбрахӀим, Делан доттагӀа, цуьнан вешин кӀантаца, бакъахьара ву аьлла, цӀе йоккхуш волчу, ЛутӀица вустуш ву. ЛутӀа цунна тамехь хеташ долчу, телхинчу Седам а, Ӏамор а гӀаланашна гонахарчу меттигашка хьоьжучу хенахь, иза цу гӀаланийн бахамех пайда эцаран аьттонах ойла еш вара, церан телхина хиларо Ӏаткъам барх кӀелхьарволийлах са а туьйсуш. Шун цкъа-мацца а цу тайпана ойланаш гучуйийлиний? Делах кхерараро муьлхачу кепара цу тайпана хӀаллакден ойла ярш ца хуьлийтийла ду?
3. Гавайски пляжехь авторна дуьхьалкхеттаре доьрзуш, алийша, шун хиллий те цкъа-мацца а цунах тера дуьхьалкхетарш? Муха лелла шу цу хенахь?
4. Хиллий те цу тайпана цхьаьнакхетарш, кху книги тӀехь гайтинчу эпизодехь санна, къаьстташ, я, хила тарло, шу шаьш хилла цу пляжера стаг санна, шайн хабаршца а, леларшца а шайн деган цу муьрехь хилла лаамаш а гойтуш? Цу хьелашкара муьлха урок схьаэцна я схьаэца дуьлалуш ду шу?
5. Забуран 24:14 назманехь («ПаргӀат юкъаметтиг ю Везачу Элан Шега ларамах буьзначаьрца, Шен барт а Цо царна бовзуьйту») авторо гойту, Дела чӀогӀа ларлуш тӀевоьду адамца доттагӀалла бохучу хаттарна, вай кхерамечу эвхьазлонах лардан лаьа дела.
6. «Эвхьазлонан кхерам» стенца бу?

Корта 7

# ДАГГАРА ЮХХЕРА ХИЛАРНА НОВКЪАРЛО ЙИЙРИГ ХIУН ДУ?

Iехаделлачу адамаша шаьш, шайна духехь
вевзаш Воцчу,
Делах лаьцна хаарца тедо.

Везачу Элах кхерар — иза вайн Далла гергахь хиларан бух бу. И билггал бакъдерг Киცанаш книгин юьхьенгара дуьйна кхеташ хилла дIахIутту. Вай йоьшу: «Кхетаме кхачархьама, адам уггар хьалха Везачу Эле ларамах дуьзна хила деза» (Киц. 1:7). Муьлхачу хьекъалаллах? Киცанийн авторо иза иштта кхетадо:

> Сан кIант! Ас хьайга мел бохург дIаэца, ас хьайна дина хьехарш хьайгахь латтаде. Хьекъалалле ладогIа, цунах кхета а хьажа. ХIума къасто хаар деха хьайна, гIуллакххах кхетархьама, хьайн аз айаде. Ахьа хьекъалалла, дети санна, лахахь, дIалачкъийначу хазнина санна, хьо цунна тIаьхьаваьлла лелахь, Везачу Эле болчу ларамах

вуьзна хиларх хьо кхетар ву, Дела вовзар хIун ду хьуна хуур ду (Киц. 2:1-5, *курсив авторан).*

Библейски терминийн Дошамехь хаар боху дош «цуьнца йолуш йолу юкъаметтигаш дагахь хуьлу, стагах лаьцна хаам» санна, кхетош ду. Вайнан МаьIнийн дошамехь хаар бохучу дешо «Цуьнца (Делаца) ма-дарра а, юххера а девзаш хилар» тардолуьйту. Кхин дIа Дошамехь, хаар бохучу дешан «Дела вовзврна а, Цунна хьалха кхерарна а юкъахь шеко йоцу параллель ю» дагахь хилар, аьлла ду.

ХьалхайогIучу текстера шу, Везачу Элах кхерар Цуьнан весеташ лакхара ларарехь гойтуш хиларх, кхетта. Цуьнан весеташ лараран, Цуьнан Даше, Цунна муьтIахьхила доллучу кийчахиларца, хьелашца доьзна доцуш, леррина ладогIар ду. Делах деза кхерар доцчу адамийн, Делаца юххера уьйр хиларан сатуьйсийла дац, Якъуба, ишттачу адамаша «шаьш шайн Iехадо», боху дела (Якъуб. 1:22),- Ишттачу адамашна Цуьнан лаам бевза, амма иза кхочуш ца бо. Iехор — кхераме хIума ду, хIунда аьлча Iехийначу адамашна шайца дерриг а низамехь ду моьтту, ма-дарра долчу хенахь иза иштта дац. Iехаделлачу адамаша шаьш, шайна духехь вевзаш Воцчу, Делах лаьцна хаарца тедо.

## Везачу Элан харцхьадаьккхина васт

Везачу Элах кхерар доцуш вайна ма-дарра аьлча Дела ца вевза. Цу тайпаначу хиламехь вайн синехь я вайн ойла ярехь харцхьадаьккхина васт кхоллало. ТIаккха ур-атталла нагахь вай Цуьнца уьйр хилар даре деш я Иза лоруш а, Цунна багаца бен Iамалъеш еш а дацахь, вайн дод Цунна генахь ду, ткъа вайн дахар Цуьнан лаамашца догIуш дац. Иза Исраил-мехкан масална тIехь гойла ду.

Вай хIинца хьалхабогIучу кортошкахь аьлла ма-хиллара, Мусас шен халкъ, иза Далла тIедалорхьама, Сина-лома тIе далийнера, амма «Халкъ геннахь лаьтташ дара, ткъа Муса Дела чохь волчу юькъачу мархина гергавеара» (Ара. 20:21). Ма гIайгIане ду, уьш цу тамашийначу а, инзардохучу а Делаца цхьаьнакхетаре бахка ца хIиттар. Хьанна хьаьа цу жамIехь хIун хуьлийла дара? Церан Цо Ша аьллачу Цуьнан дешнаш хаза аьтто бара! Амма, вай хIинца аьлла ма-хиллара, царна Цунна герга дахка ца лиира, церан дегнашкахь Делах кхерар дацара, цундела цара Цуьнан весеташ лар цадора (хь. Кар. 5:29).

Дог даьллачу Дала, Шена а, халкъана а юкъахь юкъарлонча дIахIоттийра. Цо Мусага элира: «ГIой, нах болчу чувосса, юха АхIаронца хьалавала» (Ара. 19:24, курсив авторан). Дала Муса а, АхIарон а Ша волчу юкъарлой бахийтина. Цара, Делан дешнашка ла а дугIуш, уьш халкъе дIакхачо дезаш дара, ткъа адамийн жоп, шен рогIехь, Далла тIедан дезара. И дерриг а шен ораман кепехь къасталуш дара Далла дагадеанчу адамашца юххехь хиларх.

Вай кхин дIа йоьшу Арадовлар цIе йолу книга, тIаккха вайна го, Муса юха а лам тIе хьалавелира, ткъа АхIарон меттаматте юхавирзира. Тера ду, иза лам тIе хьалавала волавелла, амма мухха-делахь а меттаматтахь нисвелла. Стенна? Цунна, Далла гергахь хуьлучул, адамаш долчохь дуккха а бегIийла хеташ хилла дела. Цунна Везачу Элах кхерар ца тоьара. АхIарон адамех алсам кхоьрура, Делах чул, цундела цунна адамашна гIуллакх дар гIолехь хетара. Цо адамашна цара деххнарг делла, цу тIе чIогIа сиха.

Муса лам тIехь волу хIинца шовзткъа де ду, тIаккха вай йоьшу:

> Муса лам тӀера чу ца вуссуш дукkха а хан яьлча, халкъо, АхӀаронна гонах а гулделла, элира: «Тхо Мисарара арадаьхначу Мусана хӀун хилла тхуна ца хаьа, цундела, хьалха а ваьлла, тхо дӀадуьгун долу дела ве тхуна (Ара. 32:1).

АхӀаронан баьччанан похӀма дара, ткъа цу совгӀатна билггалйолу агӀонаш йогӀуш ю, масала, магнито санна, адамаш тӀеийзоран корматалла. И похӀма бахьана долуш, стага адамаш муьлххачу хиламехь а шена тӀеийзор ду, тӀаккха бен дац, хьуьнаре баьчча Далла гергахь ву я вац. Цуьнца кхетош ду иштта ма-дарра дерг, ээарнаш адамаш долу динан тоба хуьлийла ду, амма гӀуллакхдаршкахь Делан гергахь хилар ца хуьлу, тӀаккха Цуьнан лаамаш цигахь харцхьабабаьхначу гарехь гайтина бу. ЧӀогӀа сих-сиха, Делах кхерар ца тоьаш волчу баьччано, Делан а боцуш, адамийн лаамаш кхочушбархьама, Дала деллачу похӀманех пайда оьцу.

Адамаш АхӀароне деха хӀиттира: «Хьала а гӀаттий, ваьшна хьалхаваьлла вогӀун волу дела ве вайна, хӀунда кху стагаца, Мусаца, хӀун хилла ца хаьа дела». Тидам белаш, цара ца аьлла, «хӀунда аьлча Делаца... хӀун хилла ца хаьа». Уьш Дела дацаре ван ца хӀиттира, цара дуьххьалдӀа Муса мегар воцуш лерира.

## Дела я деланаш?

Делан Йозанийн оригинальни текст сайн талларехь, со даим а гочдар оригиналана юххера меланна ду къасто гӀерта. Ингалсан матте гочдархоша сих-сиха деланаш бохучу дешах пайда оьцу. Делахь а жуьгтеха «деланаш» — иза *elohiym* ду. Ширачу Весетехь и дош 2 606-за Ӏотталуш ду, царех 2 350-за

(90 процент сов) цуьнан, вай гІуллакх дечу, Нуьцкъалчу Делан маьІна долуш ду. Деккъа Доладалар цІе йолчу книгин хьалхарчу коьртехь и дош ткъе шийттазза Іотталуш ду, тІаккха берриге а хиламашкахь дагахь дерг Веза Эла ду. Масала, Делан Йозанийн хьалхара байт иштта хезаш ю: «Юьхьанца Дала кхоьллира стигалшший, латтий» (Дол. 1:1). Кхузахь *elohiym* «Дела» санна гочдина ду. Ши бІе шовзткъе иттазза Ширачу Весетехь цу дешах, харц дела билгалваккхархьама, пайда эцна. Цундела даим а контексте хьежа деза, яздинчух нийса кхетархьама.

АхІарона халкъе аьлла: «Шайн зударийн а, кІентийн а, йоІарийн а лергех йохку дашо чІагарш, схьа а яхий, со волчу схьая» (Ара. 32:2). Адамаша иштта дан а дира. «Нехан карара уьш схьа а эцна, лала а йина, царах старгІин сурт дира цо, уьрсаца иза то а деш» (Ара. 32:4).

Цо деших старгІин сурт дича, дерриге халкъо элира: «Хьо Мисарара арадаьккхина, хьан дела ву хІара, Исраилан халкъ!» (Ара. 32:4).

Жуьгтийн дела бохучу дешах кхузахь а *elohiym* аьлла, пайда эцна ду. Адамаша бохура: «ХІара хьан *elohiym* ву, ва Исраил, хьо Мисар-махкара арадаьккхина волу!» Шуна гой, хилларг? Адамаша бохучух нийсо кхетархьама, кхин дІа йоьшур вай.

> Иза ган а гина, ша динчу суьртана хьалха сагІа доккху меттиг а кечйина, АхІарона дІахаийтира: «Кхана *Везачу Элана* лерина деза де хир ду» (Ара. 32:5, *курсив авторан).*

Жуьгтийн Веза Эла боху дош кху байтехь — иза *Jehovah* я *Yahwch* дош ду. *ЯхІува* — Ширачу Весетехь уггаре а деза дош

ду. Иза цхьааллехь а, билггал бакъволчу а Делан долара цӀе ю. Цунах Ширачу Весетехь цкъа а харц дела билгалваккхарна пайда ца эцна. И дош оццул деза хиларна, жуьгтийн яздархоша ур-атталла иза дуьззина ца яздора. Цара дашера дерриге а мукъаза аз дерш дӀа а даьхна, мукъа аз долу элпаш бен ца яздора: YHWY. Жуьгтийн яздархоша иза еза тетраграмматон лорура, олуш доцчу деа элпан цхьаьнатохар. И еза цӀе хезаш хьахо мегаш дацара, тӀаккха Исраилехь иза муьлххачу а емалдарх ларъеш яра.

Иштта, шен духехь, АхӀарона а, исраилхоша а стеран диллинчу суьртана тӀе а гойтуш, элира: «Хьо Мисарара арадаьккхина, хьан дела ву хӀара, Исраилан халкъ!» Цара ца аьлла: «ХӀара баӀал ву хьан, Исраил, хьо Мисармахкара арадаьккхина волу!» Цара иштта мисархойн лоллех паргӀатдовлар кхечу харц делана тӀе ца яздора. Цара дуьххьалдӀа стерана шайн Везачу Элан цӀе тиллинера.

## Ӏамалъярал тӀаьхьа шайн духахьараллина харцо магор

Уьш къайла цадоккхуш Дела юхатетта ца хӀиттира, амма Цуьнан сий шаьш динчу старгӀин суьртан бараме лахдинера. Уьш шайн хаарехь билггал бакъволу Дела вовзарехь Ӏехабеллера. Хьалха санна шайн кӀелхьардохург а, паргӀатдохург а Яхве къобал а веш, цара Цуьнан тодаран ницкъ керст цабора, амма дуьххьалдӀа Цуьнан билггал бакъдолу васт — дагадаийтинчу вастаца хийцинера. Хьовсур вай, кхин дӀа хӀун хилира те:

> ШолгӀачу дийнахь, хьалхе хьала а гӀевттина, дийнаташ дагоран а, бертан а сагӀанаш дехира цара. Юха, яа а, мала а охьа а хевшина, шайн самукъадаккха хьалагӀевттира уьш (Ара. 32:6).

Тидам белаш, цара цу стерана сагIанаш дехира. Амма сагIанаш стенна дохура? Иза, шаьш гIуллакхдан чIагIо йинчу, ЯхIуван сий дархьама, деш дара. СагIанаш дахар а, Iамалъяр а чекхдаьллачул тIаьхьа, уьш ловза а ловзуш, шайн адамийн аппетиташна там бира. Ингалсан Делан Йозанийн версийх цхьанна тIехь, цара «малар мийлар дIахIоттийнера», боху.

Хуьлийла дуй и саннарг тахана? Ду теша тахана а, Цуьнан кIелхьардахаран дикано шаьш кху дуьненарчу баланех паргIатдаьхна долу а, Iийсан цIе яккхарца кхойкхуш долу а, амма шайна хьалха Цуьнан васт харцхьадаьккхина сурт хIиттош, оццу хенахь Цунах цхьана а тайпана кхерар а доцу адамаш? Уьш баккхийбоь Делан бер лаккхара дуьнен чу далар хаадаларшна, цара Иза шайн Веза Эла хилар даре до, динан тобанан цIийне а лела, кIелхьардовларх а, паргIатонах а лаьцна иллеш а олу, кхайкхамаш а хеза царна, закат а ло цара, амма динан тобанан цIа чуьра арабевлча, барт бечу хенахь харцлоь, оццу хенахь шайн бизнесан Делан декъалаллаш хиларх тоьшалла а деш. Хила тарло, цара эладиташ дуьйцу шайн динан тобанийн Iуналхойх а, кхечу адамех а лаьцна, «иза бакъ ду, тIаккха цунах лаьцна массарна хаа а хаьа», бохуш. Цара ямартлонаш а йо, кхин долу тамехь доцу хIуманаш а леладо, ткъа цул тIаьхьа дерригенах а бехказабуьйлу, кIелхьардовлар хилла доллушехь, шаьш хIинца а дегIа чохь дехаш ду, тIаккха ма-дарра долу хьашташ кхочушдан дезаш ду а, бохуш. И список чаккхе йоцуш кхин дIа йойла ду.

Вевзий те царна Iийса? Хатта цаьрга — тIаккха цара шуна сихха а, чубаьржжина а жоп лур ду: хIаъ! Iехалуш буй те уьш? ХIинца стигалшкахь Сийлахьчунна аьтту агIор хиъна Iаш Волчух даре дой те цара, я шайн суртхIотторехь шаьш кхоьллинчу, дерриг а цара доьхуш дерг, луш волчунна Iамал

йо те цара? Амма кхин а лараме хIун ду: кху суьртехь вай ваьш-м ца го те вайна?

Вайна карадо, адамашна Делах кхерар тоьаш доцчу хенахь, церан Цуьнга кхайкхийла ду, амма уьш даим а шайн дилханан хьашташна юкъахбуьйлуш хуьлу, ткъа дегI, вайна хууш ма-хиллара, Делаца мостагIалла долуш ду, Делан лаамна муьтIахь цахуьлу (хь. Рим. 8:5-7). Иштта адамаш Цуьнан лаамашна муьтIахь цахуьлу, Цуьнан цIе тIекхойкхуш делахь а, цара шайна Иза вевза бохуш чIагIдо, цу тIе, Цо церан лелар къобалдеш хиларх даггара теша а тешаша уьш. Церан муьтIахь цахилар Везачу Элах кхерар цахиларна тIера долало, муьлххачу а ла цадогIаран орамна тIера. Дерриг а доьхнарг стенца ду аьлча, уьш Iехалуш бу, «Iийса вевза» а моьттуш.

## Цхьа а къайладаккхар доцуш

Кху бохаме Делан Йозанийн дуккха а йолчу меттигашкахь хьовсийла ду. Иза Адаман кIантана, Кхаимна тIера дIаболабелла, кестта Адам къиила ваханчул тIаьхьа. Кхаиман да-нанас бешахь къа латийначу хенахь, шайн бодане хиларан бахьанехь цара шайн дерзина хилар диттийн гIашца къайладаьккхинера — лаьттан стоьмашца. Дала царна, Цуьнан лаамца догIуш, Цунна сагIийна дийнаташ дан дезаш хилар гайтинера. Цо царна духар дийнатийн кхекхех тегнера, тIаккха суна хетарехь, и дийнаташ уьстагIий хилла.

Цундела Кхаим бодане хиларан цIе яккха мегар дац. Даненегара цунна, Далла сагIийна, лаьттан стоьмаш а доцуш, ткъа дийнаташ схьаэца лууш хилар хаьара. ХIетте а Дезачу Йозанашкахь вай йоьшу: «Цхьа хан яьлча, Кхаима шена лаьтто деллачу ялтанах дакъа *Везачу Элана* хьалха деара» (Дол. 4:3, курсив авторан). Гуш ма-хиллара, иза ган а гуш,

Далла гIуллакх дан гIертара, Делан Йозанашкахь цо шен совгIат харц делана деана, аьлла доцу дела. Цо леррина гIертарца болх бора, шен къахьегаран стоьмаш Далла сагIина далархьама, хIетте а иза къайладаьккхина доцу муьтIахь цахилар дара.

Амма цу муьтIахь ца хиларан орам стенца бу? Иза изза бу — Везачу Элана хьалха кхерар ца хилар. Иза кхеташ хилла дIахIутту, Дала Кхаиме деллачу хаттарца, Дала Кхаиме, хьан вийна ваша мичахь ву, хаьттина дела. Кхаиман жоп чам боцуш хезара: «Суна хIун хаьа? Со гIарол-м вац сан вешина?!» (Дол. 4:9). Гуш ма-хиллара, исраилхошошца а, цара лалийна динчу старгIин суьртаца а болчу хиламехь санна, Везачу Элах кхерар ца хиларо Кхаим, Делан васт цо хIаллакдина а, тIаккха Цунна гIуллакх даран некъаш а иштта хийцина хиларна а, тIевалийнера. Кхаимна, ша Iехорца, ур-атталла шен Делах цхьа-хIуъа а къайладаккхалур ду моьтту, Дела — массо санна волу, стаг волчуха. Делан васт Кхаиман бIаьргаш чохь адаман бараме кхаччалц кIезигдина дара. ПахIала чIогIа ладаме дIахьедо вайга, тIаьхьарчу деношкахь вай сих-сиха хьоьжур ду кху тенденцига: «ХIунда аьлча шайна Дела вевззашехь, оцу адамаша хьакъ мадду сий а ца дора Делан, Цунна хастамаш а ца бора. И даран метта адамаш эрначу ойланашкахьа дирзинера, кхетам боцу церан дегнаш Iаржделлера. Шаьш хьекъал долуш ду а бохуш, уьш сонта бовлуш бара. Цкъа а лийр воцучу Делан сийлалла цара хийцира цIушна Iамалъярх. И цIуш лийр долчу адамийн а, хьозанийн а, дийнатийн а, текхаргийн а куьцехь бара» (Рим. 1:21-23). Кхаимца болчу хиламехь санна, сийдаре кхерам ца хиларо иштта адамаш шаьш шайн Iехорна тIедаладо, тIаккха уьш, Дела церан телхина некъаш гуш ца хиларх, теша буьйлало.

Кхаима деллачу жоьпан ойланца, цунна Делах цхьа-хӀуъа а къайладоккхийла цахилар дицделла. Дела адам дац, Цунна массо а хӀума ган а го, хаа а хаьа. Вай Делах кхерар дицдечу хенахь, вайн синан лакхалле кхетаме хилар а иштта дов, хӀунда аьлча уггаре а бага ваханчу къилахь волчунна, Далла цуьнан бунт а, дуьхьало яр а, хууш хилар хаьа. Делах лаьцна хаар а долуш, амма Везачу Элах кхерар доцчу адамаша, шаьш харц сатийсаршца тедо, иштта а бохуш: «Везачу Элана гуш дац» (Яхь. 9:9), я, нагахь гуш делахь, хила тарло, Иза дерригенах кхетар а ву, геч а дийр ду. Ур-атталла цхьаболу динан тобанийн хьалхабевлларш а бац юкъарбевлла. Дала боху: «Адаман кӀант, гой хьуна Исраилан халкъан къаноша боданехь, шайн-шайн цӀушна лерина йолчу меттехь, дийриг? Цара хӀораммо а ша-шега боху: „Тхо Везачу Элана гуш дац, Веза Эла хӀокху махка тӀера дӀавахана“» (Яхь. 8:12).

Ӏийсан Делах кхера дина сецна омра дицдина те вай? ХӀунда аьлча Цо аьлла: «Мел къайлаха дерг а гучудер ду, мел хьулдинарг а хоуьйтуш хир ду» (Лака 12:2). Амма вай Делах кхерар дойучу хенахь, вай Дела вешан бараме кхаччалц охьавоккху, тӀаккха кхетаза, Цунах цхьа хӀума къайладоккхийла ду. Нагахь ишттачу нахе Нуьцкъалчун массанхьа хиларх а, дерриге хӀума гуш хиларх а хаьттича, уьш чӀоггӀа а, тешна хиларца а Делан цу атрибуташна тӀетовр бу. Амма кӀоргге шайна чохь цара Цуьнан дикаллах кхетар дайина, хӀунда аьлча, нагахь церан кхетам белхьара, уьш Цунах цхьа а хӀума къайладаккха я дӀалечкъо хӀуьттур бацара. Цара дуккха а дерг къайладоккху дикачу адамех, тӀаккха сих-сиха цу тӀехь кхиаме а хуьлу, делахь а царна дицло «Везачу Элан бӀаьргашна муьлххачу а меттехь го, Цо тергам бо вочу а, дикачу а адаман» (Киц. 15:3).

## Доцуш долчу, шен мутьIахь хиларх тешар

ХIетте а вайн истори кху тIехь чекхйолуш яц. Кхин дIа ша шен Iехоро стаг, иза мутьIахьхиларехь вехаш хиларх, тешарна тIевалаво, ма-дарра долчуьнца иза иштта дацахь а. Цхьаннан метта гайтарехь Даудан тIаьхьенех цхьаъ волчун дахаран масал дало мегар ду — Iузи-ЯхIу цIе йолчу паччахьан. Цуьнан ялхитта шо долчу хенахь, цуьнан да Iамаси велира, тIаккха Iузи-ЯхIу цуьнан метта ЯхIуд-мехкан паччахь хилла дIахIоьттира. Къона стаг ялхитта шо долуш паччахь хилла дIахIоьттича, нагахь иза тоъал хьекъал долуш велахь, Дела леха волало, иза Iузи-ЯхIус дан а дира. ЖамIехь иза кхиаме хилла дIахIоьттира. Дуккха а шерашкахь шен пачхьалкхехь шортонах а, кхиамах а воккхавера иза. ТIаккха вай йоьшу: «Цуьнан цIе геннарчу мехкашкахь а йоккхура, хIунда аьлча, тамашийначу тайпана гIo а хилла, ницкъ болуш дIахIоьттинера иза» (2 Ше. 26:15).

Амма Iузи-ЯхIу ницкъ болуш хилла дIахIоьттича, цуьнан дог деза детташ а, дозаллах дуьзна а хилира. Дозалла а, Делах кхерар а вовшашна дуьхь-дуьхьал ду. Адаман даг чохь деза кхерар дацахь, цунна чохь дозалла кхоллало. Леррина ешалаш, хIун хилира тIаккха:

> Ша ницкъ а болуш дIахIоьттича, Iузи-ЯхIун дог шена бохамна кураделира. Шен Везачу Далла дуьхьал къа латийра цо, хIунда аьлча иза ша чувелира Везачу Элан цIа чу, цу чохь хаза хьожа йогIу хIума ягорхьама. Динан да Iазар-ЯхIу а, цуьнца Везачу Элан тоьлла волу везткъа динан да а вахара паччахьна тIаьхьахIоьттина. Цара, Iузи-ЯхIу-паччахьна дуьхьало а йина, цуьнга элира: «Iузи-ЯхIу, ахьа яго ца еза Везачу Элана лерина хаза хьожа йогIу хIума. Иза оцу гIуллакхна

> къобалвинчу АхIаронан тIаьхьенах болчу динан дайн гIуллакх ду. Аравала Делан цIа чуьра, хIунда аьлча ахьа къа латийна, ткъа иза Везачу Элана гергахь хьан сийнна хир дац». Iузи-ЯхIу чIогIа оьгIазвахара. Ткъа цуьнан карахь яра хаза хьожа йогIу хIума чохь ягош йолу пхьегIа. ТIаккха, иза динан дайшна оьгIазвахча, цуьнан хьаж тIехь дIа ца йоьрзу чкъуран цамгар гучуелира. Иза хилира динан дайшна хьалххахь, Везачу Элан цIа чохь, хаза хьожа йогIу хIума ягочу кхерчана уллохь (2 Ше. 26:16-19).

Цуьнца доьзна вай хаттар дан деза: Iузи-ЯхIун дог дозаллах айаделча, иза алсам я кIезиг синан лакхалле хилла дIахIоьттира? Аудиторина иштта хаттар дича, ладугIуш болчийн дукхах долчу дакъано, иза кIезиго синан лакхе хилла дIахIоьттина, алий, жоп ло. Делахь а иза кхоччуш иштта дац, Iузи-ЯхIу Далла *Iамалъярхьама*, храме вахана дела. Ма-дарра аьлча, иза шен леларшкахь алсамо синан лакхалле (я алсамо динан) хилла дIахIоьттинера. ЧIогIа сих-сиха терабогIучу хиламашкахь, къаьсттина эмгаралле синан лакхалле лелар а, дозалле хилар а вовшийн багара а йохуш, доьду, цу тIе цхьаъ вукхо хьул а деш. Дозалло адамаш, уьш динан хилар ма-дарра долчунна къера цахуьлуьйту, ткъа динан долчо дозалла харц синан лакхаллин кхолларца хьулдо. И шиъ ший а Делах кхерар а, Цунна хьалха билггал бакъдолу муьтIахьхилар а ца хилар ду.

Тидам белаш, Iузи-ЯхIу Iораваьккхича, иза, бакъдерг а хезна, чIогIа оьгIазвахара. Изза хиллера Кхаимца а, иза билггал бакъдолчуьнца Iораваьккхича. Дезачу Йозанаша боху: «ЧIогIа оьгIазвахана, хьаьжа юккъе шад хIоттийра Кхаима» (Дол. 4:5). Кхаим Делана оьгIазвахара! Нагахь аша, Везачу Элах кхерар ца хиларна муьтIахьхиларе дехаш доцу

адамаш Iорадаха сацам бахь, уьш оьгIаз цабоьлхуш Iийр бац. Стенна? Ма-дарра аьлча, цара шаьш бакъахьара лору дела. Амма уьш Iехало, ткъа Iехавелла хиларан ша бакъахьара лараран маьIна ду, хьо галваьллачу хенахь.

Иштта ца хилча Iузи-ЯхIу безачу нахана оьгIаз стенна воьдура, нагахь цо ша харцвоцуш лоруш хилча? Иза храм чу Iамалъярхьама веанера, амма, АхIаронан кIенташа санна, цо Делан сацамаш ларар диц а дина, Цуьнан васт шен бIаьргаш чохь лахдинера. Шен муьтIахь цахиларехь цо кхоччуш шен лелар Делан законашца догIуш ца динера. Хеталора, цунна Далла гергаван лаьа, аьлла, амма ма-дарра аьлча, иза ша Iамалъян лууш Волчунна, генаволуш вара.

ХIинца, вайн динан тобанашкахь, Далла гергахь хилар даре деш, амма церан дахар Делан лаамца догIуш данне а доцу, оццул адамаш стенна ду, кхеташ хилла дIахIутту. Вай хIинца даре деш йолчу агIонийн кхетар доцуш, иштачу адамийн, Цуьнан Дешан билггал бакъдолчуьнца цхьаьнацадогIу делаллин довзийтарех долчу тоьшаллашка ладогIарца, кхоччуш цецдовларе дахкийла ду. ДоIа динчул тIаьхьа, Дала лерам бан омра динчу, динан безачу гIуллакхдархошна критика йойла муха ду церан? Нагахь аша царна Дезачу Йозанаша цу темина бохучух лаьцна дерг дагадаийтахь, уьш оьгIазгIур бу. Цара шу галдевлла а, шуна синан лакхалла ца тоьаш хилар а лору, ма-дарра долчунна тIехь билггал Цуьнан некъа тIера юхабевлларш уьш болчу хенахь.

Эвлаяъ хиларе терра аса дуккхазза а, сайца, цара Делера довзийтарш лоруш долчуьнца, дагадуьйлучу адамашца хабарш дийцина. Цу тайпаначу довзийтарех сан сино синтем бар зуьйра. И довзийтарш царна Делера хилла хиларх уьш тешна боллушехь, царна хаддош, со Дезачу Йозанашкара дало воллучу, дешнашка ладогIа ца лаьара. Цара иштта терго соьга

йина а ца Iаш, амма царна гIо дан гIертачу массеран а йора. Шайн бакъхилар тIечIагIдарна цара, контекстера схьаэцна долу, кхин дакъош даладора, тIаккха шайн довзийтарш даре дан ца лаьара. Цул тIаьхьа уьш сох кIелхьарбийла гIертара, царна гIо дан гIертачарех дIа а къесташ, церан бIаьргаш чохь вай синан лакхалле хила севцца дела. Цхьа хан яьлча церан шайн тешна хуьлийла дара, цара хаьржинчу некъан жамIаш Делан лаамца догIуш ца хилар, тIаккха цара сатуьйсуш дерг схьаоьцуш ца хилар а. Уьш, хезнарг Iийса а воцуш, ткъа шайн суртхIоттар дуйла, дагадан буьйлало. Шайн Далла гергабахка гIертарехь, уьш, шена тIаьхьа дог далар далийна долу, шаьш шайн Iехоре бегна те?

## ЦIушна Iибадатдархочун дагца Далла гергахь хилар

Цу тайпаначу шаьш шайн Iехорах кIелхьардахаран кеп ю, тIаккха хIетте а иза Делах кхерарехь чулаьцна ю. Делах кхоьручу хенахь, вай Цунна тIе даьссачу дагца а, Цуьнан хьехаман дешнашка ладогIа я нисдала кийчахиларца догIу. Вай вешан кхетамна я ваьш дезаран лаамашна тIе цатевжа, амма даггара Цуьнан лаам бен кхочушбан ца лаьа.

Дала вайна хIинца дIабиллинчу, Цуьнан ламца богIуш боцчу вешан чIогIачу лаамашца Везачу Элана гергадахкар, уггар а сонта а, кхераме а гIуллакх хилар олийла ду. Цу гIуллакхо стаг ша шен Iехоран тIаьхьабогIучу барамна тIевалор ву, цу тIе уггаре а вастволуьйтучунна. И ша шен Iехоран барам, Дала баккъал а вайна ваьш Цуьнга доьхуш дерг луш я схьаэца магош хилар бу:

> ТIаккха соьга Везачу Элера дош кхечира: «Адаман кIант! ХIара нах шайн дегнаш чохь цIушна тIебирзина

> а бу, цара шаьш галбовлуьйтуш долу харцдолчун новкъарло шайн бIаьргашна хьалха дIа а хIоттийна. Сайгара жоп лехийта деза те Ас? (Яхь. 14:2,3).

Веза Эла, Цуьнан халкъ Иза волчу, ша даха деза некъ гайта а, Цуьнгара хьехам я хьекъалалла хила деана, амма церан дегнаш чохь къайлабаьхна цIуш болу дела, дог доьхна вара. Къаьсташ дац, адамаш, Везачу Элана хьалха церан дегнаш цIена ца хиларх кхеташ дара, я билггал бакъдерг церан бIаьргех къайладаьккхина дара те. ЦIуйх тешаро тийса а болуьйтуш хьарамлонга бохуьйтура уьш. Жуьгтийн дош «хьарамло» — иза *awon* ду, тIаккха цуьнан кхеташ я кхетаза Делан лаам бохор, маьIна ду.

Тидам белаш, цара цIуш шайн кертахь я чоьнаш чохь, я цIеношкахь дIахIиттийна, ца аьлла Дала. ЦIушна Iамалъяро церан дегнаш чохь орам теснера. Дагахь латтаделаш, цIушна Iамалъяр харц дела тIекхайкхарца доза тоьхна ца Iа. ХIинца аьлла ма-хиллара, цIушна Iамалъяр иштта даг чохь харцхьададаьккхина Делан васт кхоллар а, билггал бакъволу Дела, вай дехна долу дерриг а дала дезаш волчу, дагаваийтинчу цIунан бараме кхаччалц лахаваккхар ду. Муьлххачу цIушна Iамалъяран орам вайна бохачу лаамашкахь карабо. Керлачу Весето чIагIдо:

> Иза иштта долу дела, шайна чохь лелаш болу а, кху дуьненца боьзна болу а адамийн лаамаш хIаллакбелаш: нахаца лелар, цIена доцург лаар, боьхачу лаамех дуьзна хилар, зуламе лаамаш хилар, сутара хилар *(хIунда аьлча сутара хилар цIушна Iамал яр санна ду)* (Ков. 3:5, *курсив авторан).*

Эпасхошка Дахьийтарехь (5:5) ПахIала юха а хьахадо,

цӀушна Ӏамал йийриг волчу, боьха лаамаш болчух лаьцна. Схьагарехь, цӀушна Ӏамалъяран хьар боху маьӀна ду, цундела хьар бохучу кхетамна билгало карор вай. Вебстера кхетадо, иза «билгалъяьхна хӀуманаш хила а, долаяха а чӀогӀа лаам». Ас доӀанехь Везачу Эле цу дешан билгалдаккхар далар дийхира. Цо суна иштта жоп делира: «Хьар — иза карадогӀучуьнга гӀертар ду».

И билгалдаккхар ахча бен хила лаам хиларца доьзна дац. Кху юкъадогӀу долахь дерг а, юкъарлонгара хьал а, бегӀийла дерг а, кхечу адамаша къобалдар а, там хиларш а, олалла а, сексуальни талхар а иштта кхин дӀа а. Хьар — иза, вай вешан долуш долчунна реза ца хилча, кхочу хьал ду. Вай кхин а, кхин а хила гӀерта, вайна, Дала луш луш долчуьнгахь машар я тем ца хуьлу дела. Кхеташ я кхетаза вай Цуьнан вайн дахарна йолчу Ӏалашонашна а, дагалецамашна дуьхьало йо. Цу бахьанехь вайга боху: «Ахчанна тӀаьхьадовлий ма лела, шайн долчух тоам бе. Дала Ша ма-аьлла: «Ас цкъа а вуьтур вац хьо, хьох къаьстар а вац Со» (Ӏеб. 13:5). Вай баккъал а, «Ахьа бакъдолчу дахаран некъ суна гайтина, Хьуна уллохь хиларна хазахетарх со вузор ву Ахь, Хьан аьтту агӀор со леларна, абаденналц а там суна хуьлуьйту» (Заб. 15:11) бохучух тешаш хилча, Иза воцчохь я вайн дахарна Ӏалашонаш йоцчохь, там хилар лоьхур дац вай.

Хьар реза ца хиларна а, синтем барна а юкъахь дехаш ду тӀаккха ойланзачу лаамаша дузош а ду. Билггал и ала мегар ду, уьш Мисар-махкара арабевллачу хенахь, исраилхойх лаьцна. Царна даим а, царна хеташ ма-хиллара, уггаре а гӀолехь дерг дезара, Дала царна Шен лаам гайтина боллушехь. Царна, сатийсинчу лаьттахь дахарна кечдархьама, Далла уьш бига луу, некъ тамехь ца хетара. Цара дахаран хьелашна а, хи а, юург а ца хиларна

а, иштта кхин дIа долчунна а леткъамаш бора. Царна деза кхерар ца тоьара, цундела церан дегнаш, царна чохь боьха лаамаш гучубовларна, дика латта хилла дIахIоьттира. Дала царна Ша гайтинчу хенахь, уьш Цунна гергахь хиларх къайлабовла сихбелира, шайн, цара Ша Делан лаамел хьаладоккху, къайлаха там хила гIертаран, билггал бакъдерг къайладаккхархьама.

Веза Эла Мусаца цхьа волуш висинчу хенахь, халкъо, церан боьха лаамаш кхочушбалун волу, вастехь Дела кхоьллира. Церан массо а хIума дешина гонаха хьийзаш хиларан ма-дарра дерг билгалдаккхар хьаште ду. Царна Цуьнан лааман дика тоам ган а гуш карош ца хилар, церан ахчане оццул безам хиларехь гуш дара. Уьш шаьш шайн Iехоран юькъачу дохкарехь лелара.

Хьаххийнчуьра аьлча, боьха лаамаш цIушна Iамалъяран кхечу кепийн а орам бу. Дерриге а адамаш Далла Iамалъян лаам болуш дуьнен чу довла кхоьллина ду. Делахь а царех дуккха берш билггал бакъволчу Кхоллархочунна муьтIахьхила лууш бац. Цундела уьш харц деланаш болчу боьлху. Амма харц деланаш мичара бовлу? Уьш адамо кхуллу. Адамо, шена лууш дерг луш волчу, харц делана Iамал йо. ТIаккха халонан орам кхузахь — юха а боьха лаам бу.

Мухха делахь а, цIуша муьлхха кепаш тIеэцахь а, уьш адамна там хиларна хьоста хуьлий дIахIуьтту. Цара, бакъонца Далан бен йоцу, меттиг дIалоцу.  ЦIуно ирсан хьостанан а, бегIийла долчун а, машаран а, кхачонан а иштта кхин дIа а гIуллакх до. Дала боху: «Шайна цIуш ма бе,..» (Iам. 26:1). Вай ваьш бо ваьшна цIуш. ЦIу — иза, вай вешан дахарехь Делал а лакхара хIоттош долу, дерриг а ду. Иза, вайна Везачу Элал а дукха дезарг а, тешна дерг а, тIеоьцург я лууш дерг ду. ЦIу — иза вай цунна чуьра вешан ницкъаш схьаоьцу, я, бIостанехьа,

— вай вешан ницкъаш дӀалуш верг ву. Тешаш верг цӀушна тӀеийзало, цуьнан дог реза цахиларх а дузий, цо шен дахарна Делан лаамехь доцу, там хилар лоьхучу хенахь. ТӀаккха хӀетте а цуьнан жамӀехь боьха лаам гучуболу.

## Боьхачу лаамца догӀу жоп

Дала Яхьазкхиалехула аьллачу, Цуьнан дешнашка юхадоьрзуш, вайна го, Дела, адамаш И волчу гӀодайтархьама, даг чохь цӀуш болуш догӀуш хиларна, холчухӀоьттина хуьлу. Царна, Дала церан шаьш шайна дезаран лаамаш кхочушбан лаьа, амма уьш Цуьнан лаам бовза ца гӀерта. И хьал, дайнанойн хьекъалаллечу хьехаре ладогӀа ца луучу, амма данана церан ойланашна а, Ӏалашонашна а новкъарло ца яр бен луучу, кхиазхой нислучу хьолах, дукха къасталуш дац. Уьш, дай-наной хьекъалалла а, зедалар а долуш, царна уггаре а диканиг лууш хиларх, ца кхета.

Дала Яхьазкхиална меттавоуьйту а, синтем баре а жоп делира. Шалхалла йоцчу кепара Цо пайхамаре аьлла, «Нагахь санна Везачу Эле хаттар дан пайхамар волчу милла а вагӀахь, ткъа иза шен даг чохь цӀушна тӀевирзина а хилахь, ша галволуьйтуш йолу харцдолчун новкъарло шен бӀаьргашна хьалха дӀа а хӀоттаяхь, Веза Эла волчу Ас-Айса цунна жоп лур ду. Ткъа Сан жоп цуьнан дуккха а цӀушка хьаьжжина хир ду!» (Яхь. 14:4). Делан Йозанийн керлачу американски стандартни вариантехь хӀара байт иштта хезаш ю: «Аса, Везачу Эло, цуьнан дагчуьра цӀуйн дукхаллин барамехь жоп лур ду цунна». Аьлча а, кхечу дешнашца, Делан жоьпан хӀара маьӀна ду: «Аса, Везачу Эло, цуьнан боьхачу лаамашца догӀу жоп лур ду цунна».

## Тилавелла Делан лаамехь волу стаг

Къаьсттина иза гуш ду БалиIаман хиламехь. Иза харц волчу делан а воцуш, ткъа билггал бакъволчу, вай гIуллакхдечу Везачу Элан, Иегован, сийлахь пайхамар вара. Цуьнан пайхамараллин гIуллакхдар, цунах лаьцна берриге паччахьашна хезна хиллал, нуьцкъала хилла. Царех цхьаъ вара, Муабан а, Мидин а паччахь.

Муабан а, Мидин а бахархой Iадийна бара, исраилхоша хIинцца дуьненара уггаре а нуьцкъалчех долчу цхьана халкъана, ткъа билггала Мисар-махкана, тIехь толам баьккхина дела. ХIинца исраилхой меттамотт хIоттийна Муабан нийсачу аренашкахь севццера. Муабан адамаша, нагахь исраилхой иштта сихха Мисар-махкаца ларийна хилча, Муабан цхьа а сатуьйсийла а ца дуьсу, бохура. Кхерам дерриг а лаьттахула дIаса а баьржина, паччахьан цIийне кхечира.

Паччахьан Iалашо кхоллаелира. Иза, сийлахьчу пайхамаро БалиIама дерриг а декъаладинарг, декъалахилла хир дуйла, ткъа дерриг а цо неIалт кхайкхийнарг, неIалт хилла хир дуйла, кхетара. Цо гIарабевлла нах бахийтинера БалиIам волчу дезачу совгIаташца, тIаккха цо цуьнга векалшца цхьаьна юха а веана, Муабан лакхенашкахь паччана юххехь дIа а хIьоттина, Исраилна неIалт кхайкхор доьхура.

БалиIама дIахьедарна тидам тIебахийтира. Цо цаьрга аьлла: «Шу буьйса йоккхуш диса кхузахь, ткъа аса, Везачу Эле хаттар а дина, Цо сайна делла жоп шуьга дIадуьйцур ду» (Лел. 22:8). Цуьнан жоп тахана дуккха а болчу тешачийн дешнашца дуста мегар ду: «Цу хаттарх лаьцна доIа а дина, Везачу Эло сайга хIун эр ду, хаза пурба лойша суна».

Везачу Эло БалиIамна а веана, хаьттира: «ХIара хIун нах бу хьо волчохь?» Кхечу дешнашца: «Стенна дан деза ахь

цунах лаьцна доIа? И нах Соьца весет долуш бац, тIаккха цара хьоьга, Ас шайца весет динчу, Сан халкъана неIалт кхайкхадар доьху! Вуьшта ахь Соьга хеттарш стенна до?»

Изза билггал бакъдерг тахана вайна а хаа деза. Вай ураталла доIа дан а ца деза, хIуманаш а ду! Вайна хIинца хьалхxе дуьйна хаа дезаш ду Делан жоп, цу тайпана хаттарш Цуьнга дале хьалха. Суна тамехь ца хета, сан кIентий-кхиазхой суна тIе а богIий, айса царна тоххара а, гуттаренна а дихкина дерг сайга дехча. «Стенна хоьтту цара?» — бурбур до аса, сайн дагахь, хаддош, цара шайн кIорггехь хаза сатуьйсуш долу, жоп юха а олуш. Цара хоьтту, сан дош царна дахаран цу областехь закон я доза тохар долу дела.

БалиIамна тIе юхавоьрзуш, сан дагадогIийла ду, цунна дIахьедина долу совгIат а, цо Муабан а, Мидин а халкъана юкъахь дIалоцун долу хьал а, баккъал а безам бохуьйтуш дара. Ахчане а, сийдаре а гIертаро, БалиIам бIаьрзе а вина, нийса ойла йойтур яц те цуьнга?

Къинхетамечу Далла, схьахетарехь, моьттура: «Дика ду, БалиIам, хьо цхьана а хIуманах кхетта я кхета лууш ца хилча, Ас чIогIа къаьстташ гойтур бу хьуна Сайн лаам». ТIаккха Цо элира: «Хьо цаьрца ма гIолахь, цу халкъана неIалт а ма кхайкхаделахь, хIунда аьлча и халкъ декъалдина ду» (байт 12). ХIинца кхетий хьо? Со тоххара кхетта, Дала бохучу хенахь, Цуьнан дешнаш даим а къаьсташ а, кхеташ а, шалхалла йоцуш а хуьлу. Иза дукха хьолахь вай ду дерриг а кхоло а, чолхе даккха а тIера.

БалиIам мутIахь хилира, тIаккха шолгIачу Iуьйранна хьеший дIахьовсийра, цаьрга иштта а аьлла: «Шу шайн махка юхадерза, Везачу Эло ца могуьйту суна шуьца дIаван» (байт 13, курсив авторан). Иза мутIахь хиллехь а, цуьнан озехь дайн халахетар хозийла дара, къаьсттина «Везачу Элана ца лаьа» бохучу дешнаш-

кахь. СуртхIоттадейша шайна ишттачу суьртан: товш а, кхиаме а, амма вон репутаци йолчу, къоначу стага йоI-кхиазхо дискотеке кхайкхина. Шега тидам барх Iеха а елла, цо шен дега яхийтар доьху. Шен безаман а, декхаран синхаам хиларна, цо гIиллакхе, амма хаддош дIатотту и дехар. Цо халахетта а йолуш, къоначу стаге хаам бо: «Сан йогIийла дац, дена-нанна со дIахеца ца лаьа». Ма-дарра аьлча цо боху: «сан дас-нанас „хIан-хIа", боху, амма сан и дойла делхьара, аса „хIаъ", эр дара». Иза дас-нанас ца магийна дела бен, ца йоьду. Цунна яха лаьа, амма ден-ненан дехкаро, цуьнан боьха лаам кхочушбан ца могуьйту. Халахетарна, нагахь иза шен ден-ненан деган хьолах ца кхетахь, цунна хьалха я тIаьхьа цу къоначу стагаца цхьаьна яха аьтто карор бу, тIаккха и дерриг а, долччул сиха, вон чекхдер ду.

БалиIаман ахчане нийса терго яцара. Иза боьхачу лааман алуно дIалаьцна вара. Цунна цуьнан хьал лакхара, ткъа бахам алсам хилла дIахIотта луур дара. Цо ладуьйгIира, амма ца луъушехь. Делан дош цунна доза тухуш дара, ткъа воккхавер а доцуш, ма-дарра, цуьнан цунна лууш дерг схьаэцийла доцу дела.

## Ша-шен боьхачу лаамах Iехавалар

Муабан а, Мидин а къаноша паччахь волчу юха а баьхкина, элира: «БалиIам тхоьца ван реза цахили». Амма цу гIуллакхо паччахь ца сацийра. Цо кхуззахь кхин а алсам гIарабевлла а, лоруш а болу къаной бахийтира, кхин а алсам дезачу совгIаташца а, сий даран чIагIо ярца а.

Балакха стенна деш дара иза? Схьахетарехь, иза йилбазаллин ницкъаша тоьттуш вара. ХIунда боху ас иштта? ГIуллакх стенца ду аьлча, Делан Йозанаша кхетадо: «Амма хIора а шен харц лаамаша зуьйш ву, цара иза, Iеха а вой, дIалоцу» (Якъуб. 1:14, курсив авторан). Тидам белаш шина киртиган. Цкъа-делахь, дешнаш ша-шен боьха лаамаш бу.

Муьлхха а, вай дӀалоцуш а, Делан лаамна дуьхьал болу а лаам, — иза хьар ду, тӀаккха иза цӀушна Ӏамалъяр бохург ду. ШолгӀа-делахь, дешо *Ӏехаволуьйту*. Иза мостагӀчун прерогатива ю — билггал цо Ӏехаво. Тидам белаш, лууш доцчуьнца Ӏехалойла дац. Нагахь аша динан тобанан декъашхошна, зовкх хьегийта чӀагӀо а еш, чӀогӀа наркотик дӀахьеяхь, ма-дарра массара а, цхьана а секундана хьем ца беш, хаддош дӀатоттур ду и дӀахьедар. Стенна? Церан и схьаэцца жимма а лаам хир бац. Лууш доцчуьнца, Ӏехалойла дац. Делахь а хӀетте а, аша ЖӀара тӀе хьажийна боцчу, лаамех Ӏехалойла ду. Вай, вешан амал дойучух, я, кхечу дешнашца, ваьшна чӀогӀа луучух, Ӏехало.

МостагӀчунна, хӀара пайхамар ахча а, ларар а дезаш вуйла хаьара, цундела сийдоцу паччахь дезачу совгӀаташца кхин адамаш дахийта меттахвохура. Керлачу векалийн БалиӀамна, дерриге цунна деза, хӀуъа делахь а, дала, дӀахьедан бакъонаш яра. Цара БалиӀаме паччахьан дешнаш дӀаэлира: «Дерриг а ахь аьлларг, хуьлуьйтур ду хьуна». Ма схьахьедар а ду иза! Цхьа гӀуллакх ду, долуш дерг, амма хьан лулахочун доцург схьаэцар, тӀаккха кхоччуш кхин ду — паччахьера хьуна луъург хилийта, дӀахьедар хилар, къаьсттина нагахь хьан ледаралла паччахьан ницкъ леларан зонехь елахь. Амма ладогӀийша, хӀун жоп делира БалиӀама:

> Нагахь Балакхa детих а, дешних а дуьзна долу шен паччахьан цӀа суна схьалуш хилча а, сайн Везачу Дала бохучунна тӀера а ваьлла, Цо магийтина доцу жима я доккха цхьа а хӀума *дан йиш яц сан* (Лел. 22:18, *курсив авторан).*

Дуккха болчарна тамехь хуьлийла дара БалиӀаман муьтӀахьхилар. Делахь а вайна юха а леррина гулдина долу

дешнаш хеза, цо «и дойла дац» боху дела. ТIаккха юха а цуьнан билггал болчу лаамийн кхочушхиларан новкъахь Везачу Элан лааман гарехь йолу дуьхьало ю лаьтташ. БалиIамна, тахана динан тобане лелачу дуккха адамашна девзаш дерг, хаьара. Хаа а хууш Делан лаам талха а беш, кхин д/а а декъалаллаш схьаэцар хуьлийла дац. Цунна иштта, ах гергга хIинцалера тешаш болчарна девзаш дерг, хаьара: хаа а хууш Делан лаам талхош волчуьнга, таIзар ду сатуьйсуш. Делахь а наггахь, стаг бохаме валорхьама, билггал иштта долу хаар тоьаш хуьлу, Делан лаамца лууш дерг хила аьтто ца хиларца, шу изза схьаэца, Цуьнан лаамца догIуш долчуха долу, го баьккхина доьлху некъаш леха дуьйлало дела. СуртхIотторан кепехь БалиIамца болчу хиламе хьовсур вай:

> Шайна лаахь, аша а кхузахь буьйса яккха, шайл хьалха баьхкинчара санна, ткъа аса ладугIур ду Везачу Эло сайга кхин хIун олу (Лел. 22:19).

Шуна хезий иза? «Кхин а хIун эр ду соьга Везачу Эло?» Хила тарло, цунна алсамо дезачу совгIаташка Делан сацам хуьйцийла ду моьтту те? Я цунна, Везачу Элан дуьххьарлера дехкар, БалиIамна кхин а алсам деза совгIаташ хила сатийсарца доьзна хилла мотту те?

Стенна оьшура цунна цу нахах лаьцна юха а доIа дар? Гой шуна, иза хIетте хIинца а цунна оццул дезаш дерг схьаэца кеп каро гIерташ ву. Цуьнан даггара болчу лаамо нийса ойла яран хьуьнар дIалоцу. ХIинца иза, дега-нене ша кхиамечу къоначу стегаца дIасаяла яхийтар доьхучу, цу йоIах-кхиазхочух цхьана а хIуманца къасталуш вац. БалиIам юхахьара а, къарцалуш а ву, цунна воккхаверца Делан лаам кхочушбан ца лаьа, Везачу Элан лаам цуьнан деган боьхачу лаамашца цхьаьна ца богIу дела. Я, хила тарло, цIушна Iамалъярхочун дагна? Дезачу

Йозанаша тIечIагIдо сан нисдар: «хIунда аьлча муьтIахь цахилар, бозбунчалла лелор санна, къилахь ду» (Шам. 15:23). ЛадогIийша, хIун жоп ло Дала БалиIамна:

> Цу буьйсанна Дала, БалиIамна дуьхьал а веана, цуьнга элира: «И нах хьо дIакхойкхуш баьхкина хиларна, цаьрца дIаваха кечло, амма Аса хьайга де бохург бен ахьа ма делахь» (Лел. 22:20).

Бахийтинарш БалиIам волчу баьхкинера, цара иза цаьрца вогIург хиларх сатуьйсуш хилла дела. ХIета, шен духехь, Дала боху: «Цу наха хьо дIакхайкхинчу хенахь, гIо цига, амма ахьа Ас хьайга бохург бен дан ца деза». Вай гал-м ца девлла те, хуьлуш долчун вешан мах хIотторехь? Тидам белаш, кхузахь ца аьлла: «ТIаккха буьйсанна БалиIам волчу иблис а деана, аьлла цуьнга: хьала а гIаттий, цаьрца гIо». Цигахь иштта ца аьлла: «ТIаккха буьйсанна БалиIам волчу харц са а деана, аьлла...». Аса-м, дера, забар йо, амма, Дала хIинца БалиIамна ваха магош хилча, Цо баккъал а цунна кхин а алсам ахча кечдина боху, ойла хила мегар ду.

## Лууш дерг схьаэцар

Иштта, БалиIамна Делера цига ваха магадар хилира. ШолгIачу Iуьйранна иза хьалххе хьала а гIаьттира, де хьалха Везачу Эло шена дина омра кхочушдархьама. Хьовсур вай, тIаккха хIун хилира:

> Iуьйранна БалиIам, хьала а гIаьттина, шен виркхела а йоьжна, оцу муабахойн баьччанашца ваха новкъа велира. БалиIам, шен ши ялхо шеца а волуш, шен виркхела тIехь новкъа воллушехь, Дела

> оьгIазвахара цунна, ткъа некъа тIехь *Везачу Элан Малик схьахIоьттира, цунна дуьхьало ярхьама* (Лел. 22:21,22, *курсив авторан).*

И муха хуьлу? ХIинца Дела БалиIам Цо яханчу буьйсанна дина омра кхочушдеш хиларна оьгIазъоьхуш ву! Вайна хаьа, Дала даим а омра деш долчух Шега отчет ло, амма тIаккха хуьлуш дерг муха кхето деза? Жоп вайна, Цо Яхьазкхиале бохучу, дешнашкахь карадо. ДагадогIий шуна, Шен халкъан дуккха цIуш болуш, Цуьнан цунна билггал бакъдолу жоп лойла дац, аьлла хилар?

Динан тобанехь дуккха долу адамаш кхунах ца кхета я ца хаьа. Нагахь вай баккъал а, Делан лаамера цаьрга йолу терго ваьшна къаьсташ йолу, хIуманаш хила кхин дIа а амал дойуш делахь, хила мегаш ду, Везачу Эло эххар а лур ду вайна иза. Амма вай хууш хила деза, тIаьхьалонгахь цу тIера вайна Цуьнан кхел хир юйла!

Шу цецдевлла хила мега цу билггал бакъдолчух. Амма дагабаийтийша Исраил-мохк, дагабаийтийша халкъан паччахь хила лаам. Шамъал Везачу Элана тIе веара цу дехарца, тIаккха Дала царна паччахь вала Шена лууш ца хилар гайтира цунна. Цо Шамъал, паччахьо халкъера тоьлла кIентий а, йоIарий а схьабохур бу, тоьлла латтанаш а, кемсийн бошмаш а схьайохур ю, иштта ял яла а дезар ду церан, аьлла, кхетийра.

Шамъала Делан лаамах лаьцна хаам бира халкъана, тIаккха хьовсийша, муха яра терго: «Амма халкъ Шамъалан озе ладогIа реза цахилира». Тидам белаш, кхузахь, Везачу Элан озе ладогIа реза цахилира, ца аьлла. ТIаккха юха а, Мусан хиламехь санна, цара Шамъалан авторитет къобал цайира, Везачу Элан шаьш шайн вастан суртхIотторна

ориентаци а еш, шайна вуно чӀогӀа лууш дерг хила лаьа дела. Дала тӀаьхьа тевира Шамъал: «Хьо вац цара дӀатеттинарг, амма Со дӀатеттина» (хь. Шам. 8).

Эххар а Дала царна паччахьаш белира. Цо ур-атталла Ша хаьржира царна дуьххьарлера паччахь, Шаул. Дала хин дерг ма-аллара, паччахьаша халкъера тоьлла латтанаш а, кӀентий а, йоӀарий а схьабохура, ял а йолуьйтура. ТӀаккха, хан яьлча, паччахьаша исраилхой бавелхоша йийсаре бигаре балийра. Дала царна, царна даггара лууш дерг делира!

> Дагабаийтийша Исраилхой яьссачу аренгахь. Цара, адамо цкъа-мацца а диъначул, уггаре а тоьллачу даарех йолу, стигалара манна йиънера. Эли-ЯхӀус цу маннех бина болу ши хьокхам бен ца биънера, тӀаккха цунна уьш шовзткъа денна а, буьйсанна а тоьънера! Сурт хӀоттадой аша, ма пайде яра и манна! Амма исраилхой цу даарх кӀадбеллера тӀаккха уьш жижиг ца хиларна леткъам бан хӀоьттира. Цара Везачу Эле жижиг доьхура, тӀаккха вай йоьшу, «Цара дехнарг Цо царна дӀаделира» (Заб. 105:15). ТӀаккха царна юха а, цара амал дойуш дерг хилира. Цо тамашийначу кепара латтадора царна дерриг а церан хьашташ:Стигалахь Цо малхбалехьара мох карзахбаькххира, иштта къилбехьара мох а Шен ницкъаца карзахбаькххира. Цо, чан санна, жижиган догӀа даийтира царна тӀе, хӀорда йистера гӀум санна, дукха олхазарш а гӀовттийра. Церан четаршна гонах охьа а оьгуьйтуш, Цо олхазарш церан меттаматтана тӀе дахкийтира (Заб. 77:26-28).

Цара дийхира, тӀаккха Везачу Эло тамашийначу кепара делира царна доьхург. Цо мох а балийтина, хӀордехьара кхаа

миллион адамна тоьаш долу, лекъаш далийнера! Цецваларе тамашийна хIума ду, лекъаш гIум-аренгахь дехаш доцу дела! Тамашийна дерг и хилла ца Iара, исраилхойн лекъашна таллархьама я тоьпаш а, я жIаьлеш а дацара. Инзаре тамашийна хIума ду! Амма хьовсийша, тIаккха хIун хилира:

> Цара шаьш дуззалц биира и кхача, *хIунда аьлча лиънарг дара Цо царна делларг.* Амма шаьш лиънарг уьш дIайиъна а бовлале, и кхача церан багахь болчу хенахь, царна Дела оьгIазвахара, Цо церан тоьлла берш а байира, исраилхойн кегийрхой а хIаллакбира (Заб. 77:29-31, *курсив авторан).*

Дала тамашийначу кепара кхачам бира церан лаамна, амма уьш лекъаш диъна бовлале хьалха, Цо царна тIе Шен кхел Iанийра. Цо царна церан дегнийн боьхачу лаамашца догIуш долу жоп делира.

Кхунах лаций ойла ейша: къона стаг йоIана тIехьийзаш ву. Цуьнан да-нана синтем байна ду: «КIант, тхуна шун юкъаметтигаш тамехь яц. Дита цуьнца вовшахдеттадалар». Къоначийн динан Iуналхочо тIечIагIдо ден-ненан саготта хилар: «Со реза ву хьан ден-ненан ойланца. Ас цунах лаьцна доIа дечу хенахь, суна сайн синехь чIогIа сагатдар хааделира. Ахь баккъал а сацо деза цу йоIаца долу вовшахкхетарш». Амма къоначу стага дуьхьало йо, иштта а бохуш: «Ас дехха доIанаш дина, тIаккха Дала ас иза яло мегар ду, аьлла соьга». Цо и ялийра, тIаккха иза цецвуьйлучуьра ца соцура, церан доьзалехь халонийн чаккхе стенна яц те бохуш.

Кхин а цхьана хIуманан ойла ейша: стага шен зудчуьнга боху, ша балхара керлачу даржах лаьцна доIанаш деш ву. Зудчо цуьнца шена хетачух лаьцна доькъу: «Суна тамехь ца хета и дарж. Нагахь хьуна и дарж хилахь, хьан хенан дукхах долу

дакъа дӀасалелаш дайа дезар ду. Хьан рогӀехь динан тобане лелийла хир дац, Ахьа, Дала вайн динан тобанан Ӏуналхочун даг чу юьллуш йолу къайленаш юкъахйуьйлуьйтур ю, Далла Ӏамал ян аьтто хиларх лаьцна-м дуьйцур а дац...» Динан тобанан Ӏуналхочо цуьнга изза бохуу, амма майрачо хадамаллах вуьзна а волуш, хьалаваккхар хиллалц, кхин дӀа а доӀанаш до. Цхьа шо дӀадаьллачул тӀаьхьа, иза цецвуьйлу, белхан гӀуллакхна ваха дезначохь, хьешан цӀийнан чоьнна чохь хийрачу зудчуьнца цхьана меттахь вижина хилар, муха нисделла, бохуш.

И список кхин дӀа йойла ду. Вай кхета деза, нагахь вай Дела реза воцу цхьа хӀума чӀогӀа лууш делахь, Делан вайна иза лойла ду. Цо, вайн даг чохь хиъна Ӏаш волчу цӀуца догӀуш доллу, жоп лур ду. ТӀаьххьарчу хьесапехь Цо иза, вай дохко а девлла, Цуьнан юха а вайн деган васхал меттиг схьалоцийла хилархьама, деш ду.

> Цундела ахьа дан деза цаьрга къамел. ДӀаала цаьрга: „Исраилан халкъан Хьалдолчу Эло иштта боху: ‘Нагахь санна Везачу Эле хаттар дан пайхамар волчу милла а вагӀахь, ткъа иза шен даг чохь цӀушна тӀевирзина а хилахь, ша галволуьйтуш йолу харцдолчун новкъарло шен бӀаьргашна хьалха дӀа а хӀоттаяхь, Веза Эла волчу Ас-Айса цунна жоп лур ду. Ткъа Сан жоп цуьнан дуккха а цӀушка хьаьжжина хир ду! Аса иза дийр ду, шайн цӀуш бахьана долуш Суна херабевллачу исраилхойн дегнаш юха схьалецархьама’“ (Яхь. 14:4,5).

Ингалсан маттерчу Делан Йозанийн кхечу версихь и меттиг иштта хезаш ю: «Ас и дийр ду, Исраилан халкъан дог Сайна юха карадерзорхьама». Везачу Элана эмгаралле вай шен дагна тӀеозо лаьа. Дагахь латтаделаш, Цо вай лоьху, Цунна вай Шена герга дало лаьа. Цунна цхьа-милла

а хIаллакьхила ца лаахь а, Цо цкъа а Шега ларам боцу терго яр могуьйтур дац. Цуьнан дог ша кхоччуш Далла дIавеллачунна дIаделладелла ду. Цу бахьанина Иза, шен дог боьхачу лаамийн борзморзахан бага нисделларг, уьш цIушна Iамалъяр долу дела, Ша волчу юхаверзо гIерта.

Тилавелла лелачу кIанта дега шена тIаьхьалонна догIу дакъа схьадоьхучу хенахь, иза цуьнца кIант санна, доьзалан декъашхо волуш санна хабар дуьйцуш вара, ткъа хийрамахкахо я ваьлла леларг санна а доцуш. Кхоччуш гуш ду, кIентан куьйгалла деш ша шен везаран дагадар дара. Да, кIантана ахчанан нийса Iуналла далур доцийла хуъушехь, дуьхьал цахилира цунна. Цо цунна дуккха ахча делира, тIаккха, дена хьалхе дуьйна гуш ма-хиллара, кIантана тIаьхьа боккха бохам хилира. Дика дер ду, ша метта веанчу хенахь, цо да волчу юхаверза сацам бина хилар. Цу цхьаьнакхетарехь иза ден дагах кхийтира, хьалха цкъа а ца хилча санна.

Дела, Везачу Элана хьалха деза кхерар ца хиларна тиладелла лела хIора бер, Шена тIедерзоран сатуьйсу. Халахетахь а, БалиIамца болчу хиламехь санна, цхьаберш Везачу Элан дагца берта а, иза довзарна а тIецабогIу. Нагахь аша БалиIамца йолчу историн дисина долу дакъа дешахь, шуна гур ду, иза тIевирззина кхин дIа а лууш дерг хила амал дойуш вара, тIаккха цу тIера таIзарна цунна тур туьйхира.

Кху дустаро вай Керлачу Весетана тIедаладо, цигахь, деза кхерар ца хиларан бала хьоьгуш долу адамаш, исраилхойн кIенташца а, Кхаимца а, БалиIамца а бустуш бу (вай кху коьртехь даре дина цу адамех лаьцна). Дешийша хIара дIахьедар:

> Шуна иза хууш делахь а, шуна дагадаийта лаьа суна, Везачу Эло Мисар-махкара Шен халкъ арадаккхар а, амма тIаьхьо халкъана юкъара Шех цатешнарш хIаллакбар а (ЯхI. 5).

Кхин дӀа ЯхӀуда, шайн дахарехь боьха лаамаш а, цӀена цахилар а, мутӀахь цахилар а гойтуш, Делан дика емал а деш, юхабуьйлурш боькъу:

> Къа ду церан, хӀунда аьлча Кхаиман новкъахула боьлхура уьш, БалиӀам санна, кхаьънашка марзбелира уьш, Кхорахь санна, гӀевттира уьш, ткъа иза санна, хӀаллак а хир бу уьш. Шун бертан пхьорашкахь цу наха шу юьхьӀаьржачу хӀиттадо. Эхь ца хеташ, шуьца шуьнехь Ӏаш бу уьш, амма шайн бен бала хир бац церан. Мохо лело, догӀа доцу мархаш ю уьш, стом боцу гуьйренан дитташ ду, шаьш лаьттах орамашца схьадахарна шозза делла долу (ЯхӀ. 11,12).

Тидам белаш, вайн безамечу суьйренашкахь а нислуш хилла-кх марздаларш, тӀаккха и дӀахьедар кхоччуш иштта вайн динан тобанан гӀуллакхдархошна догӀуш а лара мегар ду. Дицдан мегар дац, Ӏийса, ша дуьненан боьхачу лаамех цӀена ларйинчу, Шен нускална тӀаьхьа юха вогӀур ву (Шен коьртачу безамна. Царна декъалаллаш хила лаьа, царна Далла герга дахка лаьа, амма царна Везачу Элах кхерар ца тоьа. Цара шаьш шайн Ӏехадо, тӀаккха церан шаьш шайн ледар алсамдалар бен хир дац, нагахь уьш безачу кхерамца а, безамца а Делан дагана тӀе юха цаберзахь.

## ДӀахьедан а, хьеха а

Цунах лаьцна мелла а кхечу тайпана ала пурба лойша суна. Ӏебархошка дахьйитаран авторо аьлла: «Юха а девлла, хӀаллакьхуьлучарах дац вай, тешарца кӀелхьардохучарах ду» (Ӏеб. 10:39). Со тешна ву, шу хӀинца хӀара книга а йоьшуш, шайн дог зен кийча ду, шу Везачу Элан юьхьана хьалха лела

лиъна а ца Iаш, амма доллучу дагца гIуллакхашкахь а, билггал бакъдолчунна тIехь а Цунна там бан лууш долу дела, ткъа ойланашкахь а, дешнашца а бен доцуш. Цундела вайга боху:

> Иштта, сан хьоменаш, гуттара а со юххехь волуш шаьш муьтIахь ма-хиллара, *со юххехь воцуш а чIогIачу кхерарца а, дегIе зуз дарца* а кхидIа къахьегалаш, шайн кIелхьардовлар кхочушхилийтархьама. ХIунда аьлча Шен дикачу Iалашонца шуна чохь лаамаш хилар а, гIуллакхаш дар а Хуьлуьйтург Дела ву (Пил. 2:12,13, *курсив авторан).*

Дезачу кхерарехь лелаш долу адамаш, даим а хир ду Далла муьтIахь, Цуьнан гергахь хилар царна хаалуш делахь а, дацахь а, доьзна доцуш. Уьш къарцало ур-атталла, царна хеташ ма-хиллара, Дала уьш дIатесначу хенахь а, амма Цо иза цкъа а дийр дац! Веза Эла, Делах кхерарехь лелаш а, царна Цуьнан лаам лаарна белла а ца Iаш, амма иза кхочушбан а ницкъ лочарна, гергавогIу. Цо вайна вешан кIелхьардовлар безамца а, даккхийдерца а хилла ца Iаш, амма кхерарца а, дегорца а кхочушдан омра до. ТIаккха хIетте а Везачу Элах кхерар — къаьсттина лараме киртиг ю, цо вайн дегнашкахь дуьхьало ца еш муьтIахьхилар а хуьлуьйту, догIу лелар дан меттах а доху.

Дерриг а кху коьртехь яздинчо метта а даладо, кхетаме хиларна тIе а кхойкху. Делахь а, муьлххачу а адаман Дала леррина къобалвинчу Iийсаца кхачаме хиларан сургтхIотторхьама, вайн кхето деза, иза муьлххачу хьекъалаллина Iама а деш, боху ПахIала (хь. Кол. 1:28). Цкъа дуьххьара хьаьжча кхетор тамехь доцу а, ца оьшу а гIуллакх гойла ду, амма эххар а иза са кIелхьардаккхаре а нислур ду, цо пайден стоьмаш а дохьур ду. Суна тамехь

ду оптимистични а, даккхийдеран а дешнаш хазар, амма ас иштта суртхIоттадо, Къемат дийнахь дуккха болчара гIуллакхдархошка а хьоьжуш, мохь хьоькхур бу: «Ахь соьга цунах лаьцна схьа хIунда ца хьедора?» ТIаккха нагахь кхайкхамчашна адамашна тедаран а, синтеме а дешнаш бахар гIоли хетнехь, уьш бегор бу, адамийн цIийца бехдинчу, шайн куьйгашка а хьоьжуш.

Цкъа ас цунах лаьцна динан гIуллакхдарехь аьллера, цул тIаьхь суна тIе дарвелла волу динан тобанан Iуналхо веара. Цо элира: «Хьо муха ваьхьа тхан куьгаш тIехь цхьаннан цIий хир ду ала? Иза ширачу весетан гIучIа бу, ткъа вай ниIматца дехаш ду». Ас сайн Делан Йозанаш дIа а диллина, ПахIалан дешнаш гайтира цунна:

> Цундела ас тахана дIахоуьйту шуьга, со жоьпехь хир вац, шух цхьаъ кIелхьара ца валахь, хIунда аьлча, шеко а йоцуш, хIумма а лечкъа а ца деш, ас шуна Делан лаам кхайкхийна. Сема а, ларлуш а хила. Iуьно Iалашбо бажа санна, Дала Шен КIентан цIийца яьккхина йолу, Делан Сино шайга елла йолу Iийсах тешачу нехан тоба Iалашъе (Век. 20:26-28).

Цкъа а дицлур дац суна, Iуналхочо, ПахIалан дIахьедар а дешна, зийна долу и Iадор. Иза гIуллакхдеш волу дуккха а шераш дара, тIаккха цо дуккхазза а дешнера и дешнаш, амма цу дийнахь цунна уьш кхечу бIаьргашца гинера. Цо собаре бехк цабиллар дийхира, тIаккха оха кхин а масех минотехь кхайкхамашкахь хIуманех готта суртхIоттgoogle ран гуре ца лацийтарх лаьцна къамелаш дира, даим а дикачу киртигех я, бIостанехьа, деккъа вочух лаьцна а бен дийца ца дезарна кIел сиз а хьоkхуш. Вайна, вешан «дIахьедар а, хьехар а» дойла хилийтархьама, собаре хилар деза.

Вай, Iийсас дIахьедеш ма-хиллара, дукха берш, ур-атталла хаьржина берш а, Iехалур болчу заманахь дехаш ду. Цо, харцо а, Iехор а массанхьа а дIасадаьржар ду, аьлла. Вай, охьа ца кхетархьама, чIогIа леррина ваьш стенна тIехь лаьтташ ду, хьежа деза. Вай Далла герга, Делах кхерарх дуьзначу, цIеначу дагца, ойланза доцуш, дахка деза, тIаккха Iехадала хала хир ду. Вайн безаме Дада вайгахьа ву, Цо вайна дахарна а, цIаналлина а оьшуш долу дерриг а делла. Цо вайна, вай Цуьнан лаамна муьтIахь долуш дахийла хилархьама, Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула ниIмат делла, тIаккха вайн Цуьнца юххера уьйр хилар Цунна хьалха деза кхерар хиларехула бен, хуьлийла дац.

## Темица доьзна хаттарш

1. Аша шеца догIуш хIара долу, «Везачу Элах кхерар доцуш... вайн синехь я суртхIоттарехь харц васт кхоллало», дIахьедар дийшира. Керсталлехь бaькхинчу некъе юхахьаьжча, алийша, шун кхетамехь харцхьадаькхина Делан васт кхиаран, хиламаш хиллий те шун дахарехь? Нагахь хиллехь, хIун хилла цигахь харцхьадаькхина?
2. Коьртехь бохуш ду, вайна Делан лаамна дуьхьал цхьа хIума луучу хенахь, Делан вайн лаам кхочушбойла дуй. Хьаналхиларе шайн доIанан дахаре хьаьвсича, алийша, шу даим а Далла тIе шаьш шайн дезаран я ур-атталла боьхачу ала мегардолчу лаамца а дахкар хуьлий те? Шуна лууш дерг а хилла, амма цул тIаьхьа цунах лаьцна дагахьбаллам хилла болу, хиламаш хиллий те шун дахарехь?

3. Хьалхарчу коьртан хьалхарчу хаттарехь шуьга хаьттинера, хIара книга еша сацам стенна бира аша. ХIинца, кху книги тIера схьаэца хиънaчу дерригенах ойла а йина, аша схьаэцна йолу урокаш чIогIа пайденна ю, алийла дуй те шун? Шайн суртхIотторехь сурт диллинчу Делан вастехь хIун хийцамаш ган дуьйлало шу, тIаккха гIуллакхашкахь а, билггал бакъдолчунна тIехь а Иза реза вар, бохург, хIун ду шуна?

Корта 8

# ДАГГАРА IАМАЛЪЯР

«Динан сино, шен лаам кхочушбархьама,
Сан Дешах пайда оьцу».

Делах кхерар доцчаьрга, Iехадалар сатуьйсуш ду. Амма кхерарца Цунна гергабогIучарна Цуьнца тIекере а, юххера а уьйр хир ю. Иштташу тергонан арахьара гар берриге а Делан лаамашна дуьхьал дош ца далош муьтIахьхилар ду. Вай муьтIахьхилла а ца Iаш, амма вайн дегнаш а иштта Цуьнан лаам кхочушбан лаарх дуьзна ду. Вайна иза даим а, Цунна хьалха леллачеран, дахарехь го.

ХIанохна Далла тамехь хила хиънера. Вай, хIуманийн духе кхиа наггахь хуьлу, хьуьнар долчу, Динан тобанан хьалхалерчу дайх цхьаъ волчу, Климентан, сочиненера дакъа схьаоьцур ду. Хьалхарчу бIешарехь ваьхна волу, Климент Римски, векалийн ПахIалан а, Кипин а динан ваша вара. Цо яздора: «Схьаоьцур вай, масалина, Далла тамехь хила хиъна,

аьлла, тоьшалла хилла волу, ХIанох, цундела валар ца гуш дIаэцна а вара иза». Иштта, Делан дуьхьа ХIанохан дерг, Иза реза ван хиъна долу, цуьнан муьтIахьхилар дара.

Делан Йозанашкахь Далла хьалха лелла, рогIера стаг, Нохьа вара. Доладалар книги тIехь иштта гайтина ду цуьнан дахар:

> ХIара ду Нохьин тIаьхьенах хилларг. Нохьа хилла шен тайпанехь лела хууш а, *Далла гергахь бакъахьара а, цIена а стаг. Иза Дела даг чохь волуш лелаш вара* (Дол. 6:9, *курсив авторан).*

ХIанохан дахарехь санна, Нохьин дахаран коьрта амал, цо даим а Делан лаам кхочушбеш хилар дара. Кхечу дешнашца, иза Делан лаамашна муьтIахь вара. И ший а стаг, шена пайденна йолчу Iалашонан ойланан дуьхьа бен, муьтIахь воцчу, БалиIамна, кхоччуш бIостаналла вара. БалиIам, муьтIахь цахиларан хиламехь, декъалалла хуьлийла цахиларх, кхетара, тIаккха эххар инзаречу муьтIахь цахиларна тIера таIзар дина вара.

БалиIама Делан дош харцхьадаькхинера, шен Далла муьтIахьхиларехь шена пайда лоьхуш волу дела. Иза Делан лаам кхочушбан лаьа дела бен, доцуш, муьтIахьхила гIерташ вацара. Делан лаам — иза Цуьнан дуьххьалдIа болу лаам бац, амма къарлур доцу а, хийцалур доцу а закон ду.

Кхоччуш кхин гIуллакх ду — Даудца дерг. Дезачу Йозанашкахь иштта бохуш ду цуьнан дахарх лаьцна:

> Цул тIаьхьа Шаул дIа а ваьккхина, Дала Дауд хIоттийна паччахь. Цунах лаьцна Дала тоьшалла дина: „Суна Юшаян кIант карийна, и стаг Сан даго тIелоцуш ву. Цо кхочушдийр ду Сан гIуллакххаш“ (Век. 13:22).

Делах кхерар — иза вай Далла хьалха дуьххьалдIа кхерам зуьйш хилар хилла а ца Iаш, амма Цуьнан лаам кхочушбеш хилар ду. Вай берриге а Цуьнан лаамаш кхочушбан гIерта, уьш вайн вешан болчуха санна. Вай Цуьнан деган лаамаш вешан болуш санна тIеоьцу. Иза дан а ду и билггал бакъдолу муьтIахьхилар.

## Динан са

Цкъа а дицлур дац, Везачу Элана Iамалъечу хенахь, Цо кIеда-мерза сан даге алар: «Джон, хьуна хаьий, динан са бохург хIун ду?»

ХIинца хаьа суна, Дала вайга хаттарш дечу хенахь, Цунна вайгара хаам хаа а ца лууш, амма Цо, вай цхьа хIума ца хууш, я вайн хIинца долуш долу довзийтинарш шордан лууш хиларан ма-дарра дерг констатировать до. Ас хIинца, динах тешачу стеган лелар хIун ду бохучух лаьцна, дийцина, амма Цунан хаттарна ас жоп делира: «Веза Эла, суна иза билггал ца хаьа. Ткъа динан са бохург хIун ду?»

ТIаккха Цо сан даге элира: «Динан сино Сан Дешах пайда оьцу, шен лаам кхочушбархьама». Цуьнан дешнаш кIоргге а, еххачу ханна а сан дагах кхийтира, тIаккха сан, шайна жоьпаш каро дезаш долу, дуккха хаттарш гучудевлира.

Билггал ишттачу кхетам харцхьабаккхарехь бехке войла ду БалиIам. Цунна Далла муьтIахьхила лаьара, амма шен пайдечу хьашташна тIехула, Делан деган лаам кхочуш ца балора. И бахьана долуш, Везачу Элан Малико аьлла цуьнга, «ахьа схьалаьцна *некъ дегаза бу Суна*..» (Лел. 22:32, *курсив авторан*). БалиIаман некъ бакъахьара бацара, амма талхийна бара. Аьлча а БалиIама Делан Дешан маьIна харцхьадаьккхина я талхийна, шена пайда хиларан дуьхьа пайда эца а гIоьртина.

## Даггара Іамалъяр

Нагахь аша, Везачу Элаца юххера уьйр йолуш леллачу, ИбрахІиман а, Мусан а, Нунин ЮшаІан а, Даудан а, Эсиратан а, Даниалан а, Дезачу Йозанийн кхин болчу а турпалхойн дахар теллича, шуна цхьа юкъара билгало карор ю. Церан Далла гергахь хиларан тІегулдалар, Цуьнан лаамашна даггара догІуш долу, муьтІахьхилар дара. Ша ширачу заманан юкъаметтигашка ваьллачу, хІора стаге, Цо кхойкхура:

> Мисар-махкара Аса шун дай арабаьхначу хенахь дуьйна, хІара де тІекхаччалц Аса шун дайшка юх-юха а дІахьедар дора: *'ЛадогІа Соьга', – бохуш* (Ярм. 11:7, *курсив авторан).*

Веза Эла холчу хІуттий хуьлу, Цуьнан халкъ Цунна муьтІахь а ца хуьлуш, амма шен деган лаамийн лорх доьдуш хиларна. Царна Цуьнан дог ца девзинера, тІаккха, долччул сиха, дерриге Цуьнан дешнаш царна гаттийн гураш а, доза тохар а хуьлий дІахІуттура. Цуьнца догІуш, цара шаьш дан дохкург кхочушдан аьттонаш лоьхура, магийначун шаьш шайн тоьхначу, Дала шен хан тІекхаччалц садеттачу, дозанашна ориентаци а еш, амма оццу бахьанина церан Цуьнца юххера юкъаметтигаш хуьлийла дацара. Цуьнца гергара а, юххера а уьйр хиларна кхоччуш долу муьтІахьхилар оьшу. Керлачу Весетехь Іийсас хІара боху вайга:

> Амма тІейогІуш ю и зама, тІееана а яьлла иза, шаьш баккъалла а Дена Іибадат дечу наха, синца а, бакъдолчуьнца а Іибадат деш. ХІунда аьлча иштта Іибадат дийраш *лоьху Шена* Дас. Дела Ша а Са ду. Цундела Цунна Іибадат деш болчара синца а, бакъдолчуьнца а Іибадат дан деза» (Яхьъя 4:23,24, *курсив авторан)*.

Кху масех могӀанашкахь ма дукха аьлла ду! Цкъа-делахь, тидам белаш, Дада Шена иштта Ӏамалъярхой лоьхуш ву. Дагадаийтийша, хьалхабогӀучу коьртехь вай, ма эмгаралле лаьа Цунна вайна герга а веана, вайца уьйр хила, бохуш, дийцира. ТӀаккха юха а цунах лаьцна Ша Ӏийсас боху вайга.

ШолгӀа-делахь, Дала Цунна синца а, даггара а Ӏамалъен берш лоьху. Дуьйцур вай, Ӏамал яр бохург хӀун ду. Цкъа а дицлур дац суна и де, со сайн Делан Йозанаш доьшуш волчу хенахь, цӀаьххьана Деза Са сан даг чохь кхайкхира: «Ӏамалъяр — иза меллаша олу илли дац!» Сан тидам кхуззахь цу ойланна тӀебахийтина бара.

Дуккха болчара билггал иштта лору Ӏамалъяр — меллаша, даздаран илли. Дагадаийтийша гуттара санна долу инжилан Далла гӀуллакхдар. Вай гуламе догӀу, Далла хастамаш а беш, баркалла баха дуьйлало, цул тӀаьхьа вай Ӏамал йо, тӀаккха догӀу дӀахьедарш, сагӀина хӀума ялар, кхайкхам бар, цул тӀаьхьа алтарни гӀуллакхдар хуьлу. Ламастан динан тобанашкахь хьалхxе дуьйна програмкин зорба туху, ткъа вай, хаза кхаъ кхайкхоран керстанаша, дуьххьалдӀа дагахьлаьттачу кепара дӀакхоьхьу вешан гӀуллакхдар, амма хӀетте а вай вешан Синца я Цо дуьгуш хиларан маьршонах дозалла до. Хесторна а, Ӏамалъярна а юкъахь йолу башхалла ца евзачарна, кхетадо ас, хестор – сиха олу иллеш ду, ткъа Ӏамалъяр – меллаша олу назманаш ду. Тоъал самукъане ду, вай иллеш тӀехь яздина долу книгаш яккхийчу экранни проекторех хийцар. Цундела, вай *Ӏамалъяр* бохучу хенахь, тешачийн дукхах долчу декъо CD тӀехь а, мукъаме видеокасеташ тӀехь я ша гӀуллакхдарехь меллаша олучу иллийн суртхӀоттадо.

Везачу Эло сайга и аьлча, ас сихха элира: «Веза Эла, суна Ӏамалъяр бохург хӀун ду ца хаьа. Доьху ас, алахь соьга иза мадарра, хӀун ду».

ТӀаккха Цо чӀоггӀа элира: «Иза дахар ду».

ТӀаккха кхуззахь масал далийра суна. Цо элира: «КӀант, сурт хӀоттадехьа хьайна кхуьнан. Хьо Ӏуьйранна самаволу, тӀаккха Лизас хьоьга цунна бераш школе дахийта гӀо дар доьху, ткъа ахьа хьайн йиш яц боху. ТӀаьхьо Ӏуьйранна цунна юха а гӀо оьшу, ткъа хьан юха а йиш яц. ТӀаккха цо хьоьга марта кечдан гӀо дар доьху, амма хьо юха а тӀехмукъа вац. Делкъал тӀаьхьа цо хоьтту, бераш школера схьадаладойла хир дуй хьан, аьлла, тӀаккха цунна Ӏуьйранна хилла доллу жоп хуьлу. ТӀаккха юха а цо делкъенна юург кечъян а, цӀахь цӀано ян а хьоьгара гӀо лоьху, юха а цунна хьо чӀогӀа мукъа ца хилар хеза».

Кхин дӀа Цо бохура: «Суьйранна, бераш дӀадийшинчул тӀаьхьа, хьо ма-дарра болчу лаамца цунна тӀе вогӀу, ткъа билггала, хьуна цуьнгара кӀеда-мерза хилар оьшу. Ахьа кӀеда-мерзачу дешнашца цунна тӀе а вогӀий, олу: „Хьоменаг, ма еза суна хьо”».

ТӀаккха Везачу Эло хьаьттира соьга: «ХӀун жоп лур ду цо хьан безамах лаьцна а, хьуна юххехь хила а луучу дешнашна?»

Ас элира: «Долччул сиха, цо эр ду: „Хьоменаг, воло дӀавижа, буьйса дика а хуьлда хьан”».

ТӀаккха Везачу Эло элира: «Хьо бакъ ву, амма цо иштта ларам боцуш жоп стенна лур ду хьуна?»

Ас жоп делира: «Даггара юххера хилар Ӏуьйранна долало, ткъа  суьйранна дуьххьалдӀа кульминацин киртиг тӀекхочу».

Везачу Эло сайга аьллачун тӀехь ойла еш, со кхийтира, нагахь со сайн зудчун хьокъехь иштта леллехь, сан зудчуьнга безамах лаьцна дагара хаитар дешнашкахь бен дуьсур дацара, я гӀуллакхца а, я билггал бакъдолчуьнца а тӀечӀагӀдина а доцуш. Зудчуьнца иштта волчу майрачо, ша-шен Ӏехаво.

ТІаккха Везачу Эло соьга хІара элира: «КІант, Аса дерриг а кІиранах тидам бар лоьху, дуккха бераш ду Сан, амма цара Со кхоччуш тергал ца во. Со уьш, юххехь вехаш волчу лулахочунна гІуллакх дан меттахбаха гІерта, амма царна Со ца хеза я Ас бигарна муьтІахь ца хуьлу, церан Іалашоне дехкина тамехь а, самукъане а хІуманаш долу дела. Цара, Ас цаьрга сагІина ахча ло я динан тобанна а, юкъараллина а, шен доьзалан декъашхошна а, иштта кхин дІа а гІуллакхдар дехча, ла цадугІу Соьга. ТІаккха гуламе а лелаш, Соьгара цхьацца ма-дарра дерг хила лаьа, ткъа билггала, декъалдар. Цара Соьга болчу безамах лаьцна кІеда-мерза эшарш а лоькхуш, цунах Іамалъяр олу. Иза Іамал яр дац, иза дуьххьалдІа меллаша олу иллеш ду!»

Со цецваьккхина вара оцу гучудаьккхинчо. Со кхийтира, сан Іамал яран концепци нийса яцара. ТІаьхьа суна, ас хьалха тидам бина доцу, цхьа билгалдаьлла хІума хааделира. Пурба лойша суна, ешархо, хьоьга хаттар дан: Дезачу Йозанашкахь дуьххьара *Іамалъяр* боху дош мичахь гойла ду? Иза чІогІа лараме хаттар ду, хІунда аьлча хІоразза а, авторо шен книги тІехь, дуккха а болчарна бевзаш боцу, керла кхетам чу балочу хенахь, цо цуьнца тІаьхьахІоьттина кхааннах цхьа хІума даладо. Цо цу керлачу терминна я билгалдаккхар ло, я цу кхетаман маьІна долу, гайтаре масал даладо, я керлачу дешах, цо шен маьІна къаьстташ гойтучу, кепара пайда оьцу. Дуьххьара *Іамалъяр* бохучу дешаца вай Доладалар цІе йолчу книги тІехь Іиттало:

> ИбрахІима элира шен ялхошка: «Вираца кхузахь совца, ткъа со а, кІант а, цига дІа а вахана, *Далла лерина гІуллакх а дина,* юхавогІур ву (Дол. 22:5, *курсив авторан).*

## Далла герга дахкар

ИбрахӀим Исхьакхаца цхьаьна меллаша долу иллеш алархьама ца ваьллера лома тӀе хьала. Иза, шен дахарехь уггаре а хьоме дерг дерхьама, ваханера цига, Дала шега цунах лаьцна дехна дела! Иштта, гуш ма-хиллара, Ӏамалъяр — иза муьтӀахь долуш дахар ду. Иштточу билгалдаккхаро, Дала, Шена эшарш лоькхучу, Шен халкъе оццул даггара стенна бохура, кхетадо:

> Суна генаяккха лоькхучу хьайн эшарийн гӀовгӀа, хӀунда аьлча хьан дечиг-пондарийн аьзнашка Ас ладугӀур дац. Нийсо, доьду хи санна, дӀагӀойла, ткъа бакъдерг – лекъар доцу татол санна! (Ӏам. 5:23,24).

Со дуккха а, хӀинцалера а, исбаьхьа а мукъамаш болчу, динан гӀуллакхдаршкахь хилла, амма Везачу Элан гергахь хилар суна цигахь ца хаалора. Иштточу хьелашкахь ас хьалхарчу рогӀехь Дезачу Сине а хьоьттуш, леррина сайн дог толлу: «Халахетар диний те ас цхьанна, я къа латийний те ас?» Дукха хьолахь кӀоргге даг чохь, сайца дерриг а низамехь хиларан синтем а, тешнахилар а хаало суна, тӀаккха, адамаш шаьш ду Делаца гергахь хиларна новкъарло йийраш, кхета со. ТӀаккха со тешна хиларца Делах кхерарх а, муьтӀахьхиларх а лаьцна кхайкхам бан волало. Сан тоьшалла дойла ду, иштточу атмосферехь хӀоразза бохург санна, ах гергга адамаша кхайкхаман чаккхенгахь дохкодовларна тӀекхайкхарна жоп ло. Цул тӀаьхьа со шолгӀачу гуламе оццу динан тобане оццу эшаршца а, оццу исбаьхьачу хастамаш баран тобанца а схьавогӀу, тӀаккха хӀоразза бохург санна, Делан гергахь хилар уггар а тамашеначу кепара гучудолу. Стенна? ХӀунда аьлча, билггал бакъдолу Ӏамалъяр — иза муьтӀахьаллехь долу дахар ду, ткъа хӀинца цу дахарера, Делан дог даккхийдоь а, пайхамаран Ӏамосан книгин декъа тӀехь бохуш йолу, Цуьнан

терго ца йойту а, хастамаш баран эшарш арайовлу. Вайн Цуьнца йолчу юкъаметтигашкахь а хуьлу вешан зудчуьнца вайн хуьлуш йолчу юкъаметтигийн агІонаш, айса дийнахь сарралц, сайн цуьнга ца ларам хилар доцуш, динчу гІуллакхашкахула сайн цуьнга болчу безамах иза тешийначул тІаьхьа, иза сайца кІеда-мерза хилар лахарца воьду со цунна тІе.

## Даггара Іамалъяр

Іийсас вайга, Дада Цунна синца а, даггара а Іамал еш берш лоьхуш ву, боху. ТІаьхьабогІучу кортошкахь вай ма-дарра синца Далла Іамалъярх лаьцна къамел дийр ду. Амма хІинца даггара Іамалъярх лаьцна дуьйцур вай. Грекийн билггал бакъдерг боху дош— *aletheia* ду. Вайно хІара билгалдаккхар ло цу дешан: «Гуш долчун а, хеташ долчун а бухенгахь долу бакъдерг. Хаттаран гайтина а, бакъдолу а духехь дерг».

Суна тамехь хета и билгалдаккхар, цо, Іийсас вайга аьлларг ма-дарра кхетадо дела. Іийсас кхуьнца, билггал бакъдолу Іамалъяр, адаман хиларан бухенгахь, ткъа билггал цуьнан даг чохь, Іуьллуш хилар чІагІдо. Къаьстташ алархьама, аса адамийн уьйр хиларан кхаа барамах лаьцна дуьйцур ду.

Уьйр хиларан хьалхара а, уггаре лахара а барам — иза вербальни коммуникаци ю. Іийсас иза, кемсаш тІехь болх бан вахийтинчу, шен шина кІентан масална тІехь кхетадо (хь. Мат. 21:28-31). Цхьана кІанта жоп делира: «ДІавогІу, эла», ткъа ша ца вахара. Вукхо элира: «Ца лаьа», амма тІаьхьа, дохко а ваьлла, вахара. Кхин дІа Іийсас кхетадо, Делан лаам кхочушбинарг болх бан вахара, хьа хьалха иза дІатеттина хиллехь а. Цу кепара, деш-леларца тІечІагІдар — иза дешаца аларан кепаца дустар дича, коммуникацин лаккхара кеп ю.

Якъуба а боху вербальни коммуникацин масалх лаьцна

хIокху декъехь: «Нагахь вешина я йишина тIеюху хIума а, кхача а эшахь, ткъа шух цхьаммо цаьрга алахь: «Маьрша дIагIо, дох а ло, дуззалц хIума а яа», амма царна оьшург ца лахь, хIун пайда бу цуьнан?» (Якъуб. 2:15,16). Векало Яхьъяс тIечIагIдира и билггал бакъдерг, иштта аларца: «Нагахь цхьаннан, ша дика хьал долуш вехаш воллушехь, халла воллучу шен веше къинхетам бацахь, тIаккха Делан безам муха хир бу цуьнца?» (1 Я. 3:17).

И билггал бакъдерг дуккха а хьелашкахь гойла ду. Масала, стага шен зудчуьнга еза боху, амма цкъа а цуьнца хан ца йоккху. Я, масала, зудчо майрачуьнга веза боху, амма цкъа а цуьнан хьехаршка ла а цадугIу, кредитни картанах пайда эцар а ца сацадо, доьзалан бюджет лагI а еш. Схьахетарехь, шуна царех тера хьелаш девзаш ду, тIаккха и список чаккхе йоцуш кхин дIа йойла ду. Яхьъяс кхин дIа ойла йо цу темина шен дахьийтарехь:

> Сан хьоме бераш! Дашца а, маттаца а доцуш, гIуллакхца а, билггал долчу бакъдолчуьнца а дезийла вайна вовшийн (1 Я. 3:18).

Вай тIедожжош адамашка безаман дешнаш баха деза, амма чIогIа шалхалла хир дара, вешан безамах долу дешнаш тIечIагIдарна, уьш гIуллакхца а, билггал бакъдолчуьнца а безаш дIа цахIиттича. Тидам белаш, векало боху «гIуллакхца а, билггал долчу бакъдолчуьнца а». ХIара дан а ду коммуникацин лаккхара ши барам бохург.

ГIуллакхаш, я лелош дерг, — коммуникацин вербальни барамал тIаьхьа шолгIа дерг ду. Делахь а хIара уьйр хиларан лаккхара барам бац, тIаккха кхузахь атта тилалойла ду, гIуллакхаш билггал бакъдолчунна бIостаналле хуьлийла долу

дела. Масала, ПахІала боху: «Нагахь санна аса сайн берриг а бахам дІабекъахь а, ур-атталла сайн дегІ ас дагадайтахь а, амма сан безам бацахь, суна цунах цхьа а пайда ца хуьлу» (1 Ко. 13:3). Цо, безаман лаккхара гайтар хеталойла долу, гІуллакхаш яздо, делахь а цо дІахьедо, иштта сийлахь долчуха хеталуш долу гІуллакхаш, даг чохь Делан безам боцуш а кхочушдалург хиларх.

Цу гІуллакхо дала а до уьйр хиларан лаккхарчу бараме, ткъа иза вайн дегнашкахь кхочушхуьлуш ду. ХІара бу адаман и коьрта барам. Билггал хІара барам бу Яхьъян а, Іийсан а дагахь берг, билггал бакъдолчух лаьцна бохуш. Ойланаша а, даггара дагахь хиларо а дерзина доккху билггал бакъдерг вайн Іамалъяран бахьанашкахь, делахь а Делан Дешан гІоьнца бен къастадойла дац уьш.

Вайга доллучу лардеш долчух уггаре а алсам хьайн дог лардан омра до, цу чуьра — дахаран хьоста арадолуш долу дела. Нагахь вай и агІо тергал ца яхь, вай чІогІа сиха Іехалур ду. Делан дигар а, Цуьнан Са а доцуш, ша шен лаамехь долу дог, — Іехо чІогІа атта ду.

Дала Шен халкъе дІахьедо: «Нагахь, Соьга ла а доьгІна, Ас бохург аша тІеэцахь, лаьтто кхиийна уггар диканиг дуур ду аша» (Еш. 1:19, курсив авторан). Тидам белаш, Дала ца боху дуьххьалдІа ладогІа деза, амма, вайна цкъа хьалха лаа деза, ткъа цул тІаьхьа муьтІахьхила деза, бохуш, чІагІдо. Лаамо, я муьтІахьхила кийча хиларо, вайн деган тергонан амал билгалйоккху. Сан кІанте цхьаъ де аьлла, дехийла ду, тІаккха цуьнан иза сихха муьтІахь а хилла, кхоччуш ладугІуш волуш а хеташ, дойла ду, амма шен даг чохь цуьнан хамталла а еш, реза цахилар гойтийла ду. Ма-дарра дерг иштта ду, иза даггара муьтІахь цахуьлу, амма ладугІуш хиларан моттаргІа йо цо. Яхьъяс, вайна Дела а, вешан юххерниг а гІуллакхна

тlехь санна, билггал бакъдолчунна тlехь а везаш хила веза, бoху вайга, ткъа иза деган барам бан а бу: «Иштта вайна хаа тарло, ваьш билггал бакъдолчух дуйла. Цундела Цунна хьалха вешан дегнаш тедан тарло вай» (1 Я. 3:19).

Цкъа а йицлур яц суна, Дела сайца цу темех лаьцна вистхилла киртиг. Аса кхул хьалха а тlе бохуьйту ницкъ кlезиг бацара, цкъа а хамталлаш ца ярхьама а, гlам-гlим ца дархьама а. Со кхетара, Дела вайн леткъамаша емалвойла, вешан хамталлица а, реза цахиларца а вай Цуьнга иштта бохучуха долу дела: «Суна тамехь ца хета, Ахь деш дерг, ас Хьан меттахь хилча, кхечу тайпана дийр дара». И дарца вай Везачу Элах кхерар ца хилар гойту, ткъа Далла и ца деза. Шен духехь, билггал иштачу тергонна тlехула исраилхой сатийсинчу лаьтта тlе ца бовлабелла. Иштта, со цхьана ханна олачунна тlехь цхьана а хlуманна леткъам беш вацара тlаккха ц ума-дарра долчунна дозалла деш а вара. Амма цкъа lуьйранна самаваьлча, Дезачу Сино сайга къовламе олуш хезира суна: «Суна хьан дагахь реза цахилар хеза!» Со зулам деччохь схьалаьцна вара. Со lадийна лаьттара, сайн дозаллехь суо мел lехавелла хиларх а кхеташ. Сан Далла lамалъяр даггара дацара, тlаккха, сайн даг чохь гlалаташ гучудахархьама, Цуьнан нисдечу Дешан серло ийшира. Со кхуззахь дохковелира тlаккха хlинца, хlетахь дуьйна Везачу Эло со кху гlуллакхна тlехь нисцаварна, воккхавоь. Далла бу хастам Цуьнан къинхетамаллина!

Кхин цкъа а хьовсийша Войнан дошамехь билггал бакъдолчун билгалдаккхаре. Цу тlехь боху, билггал бакъдолчо, хеташ я арахьара долчун бухенгахь lуьллу, ма-дарра дерг билгалдоккху. Иза хаттаран ма-дарра духехь гар ду. Вай оццул атта дlадовлу билггал бакъдолчух! Масал далор ду ас. Вайн доlанаш дойла а, Везачу Элана хастамаш беш иллеш олийла а ду, амма

и деш цхьа а дош даг чуьра догIуш ца хуьлийла ду. Вай илли оллушехь, мел йолчу хенахь, вайн, ваьш меца хиларх ойла йойла а ду, селхана берийн довдаларх лаьцна а, ма исбаьхьа гIуллакхаш ду динан гIуллакхдар чекхдаьллачул тIаьхьа Iалашо йина хилар дагадогIийла а ду, иштта кхин дIа а. Вайн доIа а деш, бохийла ду: «Веза Эла, ма баркалле ву Со Хьуна». ТIаккха оццу хенахь масех дийнахь, ваьш нисделлачу чолхечу хьолах лаьцна, хамталлаш йойла ду вайн. Баккъал а дуй те вай Далла баркалле, я вешан деган кIоргенехь, Цо дерриге а гIуллакхаш вай нийса а, цхьаьнадогIш а лоруш ма-хиллара, дIа цахIитторна, бехке во те Иза? И список кхин дIа йойла ду.

Даггара Далла Iамалъяр, Цунна муьтIахьхилар бохург хилла а ца Iаш, амма Цо де аьлла омра динчунна, воккхавер а ду. Iамалъяр, иза Цуьнга баккъал а хьайн дагахь дерг алар ду, ткъа иштточу хиламашкахь хьакъ долу ала дезарг а доцуш. Делаца шалхалле хила ца мега. Суна, Дауда муха аьлла, тамехь ду:

> Халкъ! Муьлххачу хенахь а Цунах тешна хила. *Шайн дегнаш Цунна хьалха делхаде.* Дела ву вайна дIалачкъа меттиг (Заб. 61:9, *курсив авторан).*

Со Делаца кхоччуш дог цIена волчу хенахь, Иза сайна гергахь хилар, карийра суна. Нагахь ас цхьа хIума Цунах къайладоккхуш делахь, и гIуллакхо суна новкъарло ян долало, тIаккха со доIанехь кхин дIа ца вахало. Сан соьца сайца къийсам бан дезаш хуьлу, айса Цуьнца зIе йойуш йолу дела. Цо, цхьа а моттаргIа а йоцуш, цIеначу дагца Шена гергаван кийча верг лоьху. Со, гуламехь адамака хьоьжуш а волуш, цара: «Баркалла Хьуна, Iийса... аллилуйя, Далла бу хастам», бохуш хезачу хенахь, ойлане волу. Хьаште ду, цара, профессиональни керстанийн маттах кхетархьама практиковать дечуха дуьххьалдIа

юхаолуш ду те и дешнаш, я и синхаамаш а, ойланаш а церан деган кIоргера йогIуш ю те, ойла йо аса? Цу тайпана хиламаш, майрачо, шен дог юххе а ца дуьллуш, шен зуда теярхьама, дуьххьалдIа цуьнга болчу безамах лаьцна бохучу хьолаца, бустийла ду. Кхоччуш кхин гIуллакх ду, стага и ехна а йолуш, цуьнца иза шен нускал долуш санна, чIоггIачу синхаамца цуьнга шен безамах лаьцна дуьйцуш хилар.

Хастам баре эшарш лекхар охьаIена даггара Iамалъяран дахарера, иза шен духехь муьтIахьхилар ду. Дала леррина Къобалвинчун ДегIаца, хастамаш барца а, Iамалъярца а эшарш лекхарна, къаьсттина похIмалле адамаш ду. Уьш хIинцалера назмаалархой бу. Царех цхьаберш билггал бакъдолчу Iамалъяран дахарца бехаш бу, вукхара хаадаларе адамийн дахар дIакхоьхьу. Амма ур-атталла шаьш цIена ца хиларца емалдинчеран а, хьалха санна, шайн корматалла бахьана долуш, инзаре синхаамийн алу йолу эшарш лоькхийла ду. Делахь а царна и кхочушдечу хенахь Везачу Элан деза гергахь хилар ца тоьа, ткъа цIеначу иллиалархойн хастамаш бар а, баркалле хилар а Делан гергахь хиларца юххехь догIуш хуьлу, цара Цунна а, Цуьнан халкъана а шайн доллучу дагца гIуллакхдечу хенахь.

## Iийсас Ша гайта ваIда дар

Билггал бакъхиларехь Далла Iамалъяр – Цунна даггара Iамалъяр бохург ду. Иза цу дешан кIорггерчу маьIнехь Цунах кхерар а, ларар а ду. Назмаалархочо аьлла:

> Декъала ду Хьуна хастамаш бан хиъна долу къам. Хьан юьхьан серлонехь лелаш ма бу уьш, ва Веза Эла (Заб. 88:16).

Дала, Цуьнан тIекхайкхар Iамалъярехь хаза лууш берш, лоьху. МуьтIахь хилларш, Цунна гергахь лелар бу. Царна иза юххера вевзар ву, Цо Ша цу адамашна гойтур волу дела. Iийсас цунах лаьцна иштта аьлла:

> Кестта дуьненна гур вац Со, амма шуна гур ву Со. Соьца дахар хиларна, шу а дехар ду. Цу дийнахь хуур ду шуна Со Сайн Деца хилар а, шу Соьца хилар а, Со а шуьца хилар а. Ас тIедиллина гIуллакхаш тIе а оьцуш, уьш кхочушдеш верг ву Со везарг. Ткъа Со везнарг Сан Дена а везар ву. Суна а везар ву иза, *Аса Со гойтур ву цунна»* (Яхьъя 14:19-21, *курсив авторан).*

Цунан весеташ а долуш, уьш лардеш берш, Цунна даггара Iамалъеш бу. Цо ваIда дина, царна Иза гур ву аьлла. ДагадогIий шуна, гучудала бохучун, гуш доцчу сферера гуш долчу метте ара довлар, девзаш доцчуьра — девзаш а, кхеташ а долчу довларан, маьIна ду. Делан Йозанийн шорйинчу версихь и дакъа иштта хезаш ду:

> Кестта дуьненна гур вац Со, амма шуна гур ву Со... Ас тIедиллина гIуллакхаш тIе а оьцуш, уьш кхочушдеш верг ву Со везарг. *Ткъа Со везнарг Сан Дена а везар ву. Суна а везар ву иза, Аса Со гойтур ву цунна* (Яхьъя 14:19, 21, *курсив авторан).*

Даггара Цунна Iамалъечу адамашна бен, баккъал ца вевза Иза. Цо Ша царна дIавоьллу, тIаккха уьш Цунна хьоме доттагIий хилла дIахIуьтту. Цу гIуллакхо цецбаьхнера векалш, тIаккха царах цхьаммо яздинера:

> Искархо а воцуш, кхечу ЯхIуда элира Iийсага: «Веза Эла! И хIун ду? Хьо тхуна хIунда гайта воллу Хьо,

> дуьненна а ца гойтуш?» Іийсас элира цуьнга: *«Нагахь стагана Со везахь, цо Сан дош лардийр ду.* Сан Дена иза везар ву, ткъа Вай и волчу а гӀур ду, ваьшна хӀусам а йийр ю цигахь. Со ца везачо Сан дешнаш а тӀе ца оьцу. Ткъа шуна хезаш долу дош Сан дац. Иза Со ваийтинчу Ден ду (Яхьъя 14:22-24, *курсив авторан).*

Иштта, гуш ма-хиллара, дерриг а юха а муьтӀахьхиларна тӀе юхадоьрзу. Дагадаийтийша, хӀун аьлла Дала сан даг чохь: «Іамалъяр — иза, Цуьнан лаамашна муьтӀахьхиларехь долу, дахар ду». Вайна Иза цу дешан билггал бакъдолчу маьӀнехь везаш велахь, тӀаккха Иза хьажа вогӀург санна а доцуш, ткъа даиманна а вахархо волуш санна, вогӀу, вайца даим а вахархьама. Иштта Цо Ша гойту, я дӀавоьллу вайна Ша.

Деза Са делла долу дуккха а адамаш ду, амма цара шайн Олахочун Дош доллучу дагара лар цадо. Уьш, чӀогӀа атта Іехалуш долу, адамаш ду. Билггал цундела церан похӀма гучудаларехь Делан гергахь хилар цхьаболчу барамехь гойла ду, масала, кхайкхамехь а, назманаш аларехь а, доӀа дарехь а гӀуллакхдаран кхечу кепашкахь. Цу маьӀнехь уьш, чӀогӀа похӀма долуш а, хӀоразза а, цуьнца лелаш и Делан похӀма долчу хенахь, Везачу Элан гергахь хиларан билггал болу барам зуьйш волчу, делахь а Делан дагна тоъал генахь хиллачу, БалиІамах къаьсташ бац.

Цу адамийн Іехадалар стенца ду аьлча, цара церан гӀуллакхдарехь Делан гергахь хилар, Цо церан дахар къобалдаран билгало хилар лору, тӀаккха Цуьнан гергахь хилар гӀалате Цунна юххехь хиларан тешалла долуш тӀеоьцу. Кхеторна иштта масал дало мегар ду. Дикачу стеган шена гӀоьнна кхин стаг лоцийла ду. Белхалочунна, ша шена болх беллачунна гергахь хӀора денна волу дела, цунна иза дика вевза аьлла тарлойла

ду. Шу кхеташ ма-хиллара, иштта дIахьедар бухенгахь нийса дац. Iийсас аьлла, Цуьнан цIе даре деш долу адамаш тIаьхьенгахь ладамечу халонна тIеIитталур ду:

> ХIусамдас неI дIакъевлича, шу арахь дуьсур ду. И неI етташ, дехар дийр ду аш: „Эла! ДIаеллахьа тхуна“, – бохуш. Амма Цо *[Везачу Эло]* эр ду шуьга: *„Суна шу а ца девза [юххера],* шу мичара даьхкина а ца хаьа“. ТIаккха аш эр ду: „Оха Хьоьца яа а йиинера, мала а меллера, Ахь тхан урамашкахь хьехамаш а бинера тхуна“, – аьлла. Амма Цо эр ду: „Ас боху шуьга, Суна шу а ца девза, шу мичара даьхкина а ца хаьа. Шу массо а харцончаш ду, дIадовла Суна юххера!“ (Лака 13:25-27, *курсив авторан).*

Нагахь хIара Инжилан Маттай декъа тIера параллельни дийцаршца (хь. Мат. 7:21-23) цхьаьна дешча, изза хаттарш, Цуьнан цIераца Iаламаташ деш хиллачу адамаша, Iийсага деш хилла хилар карадойла ду. Уьш похIма долуш бара, амма цара, церан похIманашца юххехь догIу Везачу Элан гергахь хилар, Цо къобалдаран я юххехь хиларан билгалонна эквивалентни хилар лорура. Гой шуна, Иза вевза аьлла тешна долу и адамаш, мел инзардаьхна хир ду ишттачу дIаделладаларо, хIетте а уьш Цунна гергахь хила ца битина. ЧIогIа лараме ду, Цуьнан даим а юххехь хиларна а, гIуллакхдарца юххехь догIучу гергахь хиларна а юкъахь йоккха башхало хилар.

ДагадогIий шуна лакхахь ялийначу байехь ЯхIудан (Искархо а воцуш) хаттарна Iийсан жоп? Цу жоьпо гойту, Везачу Эло, Цунна даггара Iамалъечу адамашкахь, Шена ваха хIусам кхуллур ю. Иза къаьсттина билгалъяьлла байт ю, цу чохь хIусамах лаьцна бохуш долу дела. Суна тамехь

ду, вехийла, хIусам, веха меттиг, боху дешнаш. Цу дешнаша ширачу заманан а, керлачу заманан а эвлаяашна юкъара башхалла гойту. Ширачу заманан эвлаяийн Далла хIусам хиларан озабезам бацара. Делан вахаран меттиг дезачу четаран уггаре а езачу чоьнна чохь яра, ткъа тIаьхьа храма чохь яра. Амма кхузахь а параллель ялайойла ду. Iелин заманахь Делан гергахь хилар наггахь хуьлура, тIаккха уратталла, цул совнаха, Дела четар чохь адамийн шайн лаамехь леларна хиллане а ца хуьлура. Амма, Цуьнан халкъ доллучу даггара Цунна муьтIахь долчу хенахь, Цуьнан гергахь хилар чIоггIа а, гуш а хуьлура.

Тахана изза хуьлуш ду. Синца а, даггара а Цунна Iамалъечу тешачара, — Цунна цIеначу а, эмгараллечу а даггара муьтIахь а хуьлуш, — шайн дахарехь Цуьнан даим а гергахь хилар зоь. Ишттачу адамашна Дала Ша дIавоьллур ву. О, ма цецдохучу уьйр хиларо сатуьйсу тIаккха вайга! Тешаш берш, вайна иштта ойла йойла а доцу хазна схьахьееш йолчу хенахь, муьтIахь боцуш я адамийн долчунна тарлун терго йолуш, муха бахкало!

Цо вайх Шен вехаш меттиг ян а, вайна чохь, къаьсттинчу меттигехь санна, хила а чIагIо йина, тIаккха цу кепара Ша вайна гайта, я Шен билггал бакъдолу амал дIаделла ваIда дина. Ойла ейша, хIун дала хьехош ду вайна ишттачу ваIдано, тIаккха иза хиндолчунна бен а доцуш, амма вайн ма-дарра долчу дахарна, кхуззахь а, хIинцца а хила хьахийна ду! Суна чIогIа безамехь ю и байташ, хIунда аьлча царна чохь вайн сийлахьчу Паччахьна «Ша гайта», я Ша суна а, персонально шуна а ган а гуш ван, лаьа. ТIаьхьабогIучу кортошкахь вай, Цо иза билггал муха до хьовсур ду. Амма цкъа хьалха тIаьхьабогIучу коьртехь вай, Ша вехаш Iа лууш болчарна чохь лоьхуш долу, кхи а цхьа, чIогIа лараме а, хилаза ца долу а, дика толлур ду.

## Темица доьзна хаттарш

1. Дезачу Йозанийн ХIанохан а, Нохьин а, ИбрахIиман а, Мусан а, Нунин ЮшаIан а, Даудан а, Эсиратан а, Даниалан а, кхин болчу а санна турпалхойн дахар толлуш, шуна цхьа юкъара билгало карор ю — иза, шайн доларчу лаамел лакхабовлучу, цIена а, даггара а болчу, Делан лаамашна муьтIахьхилар ду. Нагахь шу хIинца таханлерчу дийнахь дуьйна цу тайпана муьтIахьхилар гойтуш дIахIиттича, хIун хир дара шун дахарехь?
2. Кху коьртехь далийначу забаречу дIахьедарна тIехь ойла ярца, цо бахарехь «хестор — иза чехка олу иллеш, ткъа Iамалъяр — меллаша олу назманаш ду», реза дуй шу ишттачу ойланца? Везачу Эло авторна Iамалъяран билгалдаккхар делла, «иза дахар ду» а, аьлла. И агIонаш практикехь кхочушъяро, хIун хийцамаш бийр бу шун дахарехь?
3. Инжилан Лакера (13:25-27) а, Маттайгара (7:21-23) а долчу дакъошкара дешнашна тIехь ойла ярца, Везачу Элан вайца даим а хиларна а, гIуллакхдарца юххедаьлла догIучу Цуьнан гергахь хиларна а юкъахь йолу башхалла муха кхетор яра аша?

Корта 9

# ХЬАЬНЦА ВУ ДЕЛА

Пачхьалкхан ницкъ а, олалла а делла долу
шала динарг, иза Везачу Элах кхерар а,
Муьтlахьхилар а ду.

Кху коьртехь вай, вайн Цуьнца иштта кlорге уьйр хилар луьуш волчунна гергадахка хилаза ца йолу, кхи а цхьа чlогlа лараме элемент толлур ю. Вайн коьртачу байто «Далла герга дуьйла, тlаккха Иза а гергавогlур ву шуна», бохуш, тlекхойкху вай. Амма, цу цецваккхаречу тlекхайкхарал хьалха а, тlаьхьа а хlун бохуш, ду хьовсур вай:

> Аьлла ду: «Дела курачарна дуьхьал ву, амма ша кlезиг хеташ lаш болчарна Шен дика ло Цо»... Далла улло гlо, Иза а шуна улло вогlур ву... *Везачу Элана муьтlахь хила,* Цо ойур ду шу (Якъуб. 4:6-10, курсив авторан).

Делан кхайкхам муьтlахьхиларна шина тlекхайкхарна юкъахь бу, тlаккха цунна тоъал бух а бу, хlунда аьлча Дала аьлла:

> ХIунда аьлча иштта боху Лекхачо а, Лакхаваьккхинчо а, абаденналц Вехаш Волчо а – Везаниг ю Цуьнан цIе: *«Со лекхачу а,* езачу а меттехь Iаш ву. Дог доьхнарш а, синца *муьтIахь берш* а бу Соьца. Ас синца *муьтIахь болчеран* са метта а далор ду, дог доьхначеран дог метта а далор ду (Еш. 57:15, курсив авторан).

Якъуба боху, нагахь вай Везачу Элана хьалха муьтIахь хилахь, Цо вай лакхадохур ду. Стенга лакхадохур ду? Дала пайхамар волчу ЕаI-ЯхIугахула жоп ло — стигалийн лакхенга а, езачу метте а! Дала, Ша дуьххьалдIа йоццачу ханна хьажа а доцуш, амма Шен хIусам йойла долу, адамаш лоьху. Якъуба вай Делаца доццачу цхьаьнакхетарна хилла а ца Iаш, вай даим а Цунна гергахь хила а, даха а кхойкхуш ду, амма, ЕаI-ЯхIус ма-бохху, иза муьтIахьболчарна бен хуьлийла дац.

## МуьтIахьхиларх лаьцна хьалхалера суртхIоттор

Дала леррина Къобалвинчуьнца болу дуккхаберш я муьтIахьхиларх а, я цуьнан ницкъах а ца кхета. Цара, муьтIахьхиларан маьIна ледарло а, жоьпазалла а лору, тIаккха муьтIахьхиларан кIел сих-сиха ур-атталла ша дин хилар кхетадо. Амма ма-дарра аьлча билггал бакъдолу эсалалла сих-сиха гIалате дозалла хилар тIеоьцу! Дагаваийтийша, шен ден дехарца, тIаме бахана болчу, шен вежаршка хьажа вахана волу, Дауд. Иза, шайна юкъахь цуьнан вежарий болчу, тIемалойн тобанна тIе веара. Цунна уьш тамашена лелаш хилар хааделира, дIуьтIа ГIолиатна хьалха кхоьруш тархашна тIехьа лечкъаш болу дела. Цунна и гIуллакх дийнна шовзткъа дийнахь дIадоьдуш хилар хиира. ТIаккха Дауда хаддочу озаца хаьттира: «Мила ву хIара дин доцу, сунтваза волу пIелаштамхо, дийна волчу Делан эскарна луьйш волу?» (Шам. 17:26).

Цу хаттаро deралле валийра Даудан вожкхаха волу ваша, Элиаб. Долччул сиха, цунна моьттина: «Сан жимах волу ваша дуьххьалдIа качвина кIант хилла а ца Iаш, иза бIокъежна хиларх вуьзна а ву-кх». Цундела Элиаба кIоршаме жоп делира Даудана: «Суна евзаш ю хьан сонталла а, хьан вон дог а» (Шам. 17:28).

Собардейша, амма мила вара те царех куралле? Цхьа корта бен хьалха доцуш, вай йоьшу, пайхамар волу Шамъал Юшайн цIа а веанера, кхин дIа паччахьалла ден волчунна даьтта хьакхархьама, амма цуьнан Юшайн дуьххьара дуьнен чу ваьлла кIант юхататта дезнера. ГIуллакх стенца ду аьлча, Юшайна санна, иштта Шамъална а, билггал Элиаб вогIуш ву цу ролана, моьттинера, иза Юшайн кIентех уггаре лекха а, ондда а, товш а хилла дела. Амма Дала чIоггIа элира: «Иза вац Аса хаьржинарг» (Шам. 16:7). Цхьа бахьана бен дац, Дала стаг дIататта, тIаккха и бахьана — дозалла ду. Элиаб, цо Дауд бехкевина, дозалла долуш вара, оццу хенахь, Даудах лаьцна аларца, Дала Шена Шен даго къобалвеш верг карийна боху (хь. Век. 13:22). Дауд ледара а, жоп доцуш а, я ницкъ боцуш а ванне а вацара.

Дауда, тIеман аренгахь а волуш, вешин халахетаре дешнийн цхьа тидам а ца беш, чIогIачу тешнахиларца дIуьтIина дуьхьал вахара, цуьнга, иза корта боцуш виса дезарг хилар, дIа а хьедеш. Дауда, мостагIчун меттаматтехьа дIа а хьаьдда, ГIолиат вен а вийна, цуьнан корта баьккхира.

Пурба лойша суна, вай ма-дарра аьлча, муьтIахьхилар хIун ду бохучух, кхеташ цахиларх тешалла дан. Лелар цIе йолу книга Делан Йозанийн хьалхарчу пхеа книгех цхьаъ ю, царех Товрат олу. Вай йоьшу цу книги тIехь:

> Ткъа кху лаьттахь мел долчу адамал Мусана ша кIезиг хетара (Лел. 12:3).

Ма дІахьедар а ду хІара! Нагахь вай ваьшца цІена делахь, вай къера хир ду, вайна чІогІа луур дара, вешах а иштта олуш хилар, амма вай ваьш вешах лаьцна иштттаниг ала даьхьар дац. Стенна? Дозаллечу стеган бен лойла дац ша-шен иштта мах. Делахь а хьан язйина Лелар цІе йолу Книга? Жоп — Мусас. Иштта ду!

Вай цкъа а стагах эсала ву эр дацара, нагахь цо ша шех эсала ву тІаккха ур-атталла лаьттахь а эсалаллениг ву аьллехьара! Шуьга сурт хІотталой, гуламехь хьала а гІаьттина, иштта аьллачу гІуллакхдархочун: «Шух массарех а со эсала стаг ву». Цунах бийла а буьйлуш, мунепакъ эр дара, делахь а хьовсийша, хІун боху Іийсас:

> Дуьйла Суна тІе, кІадделларшший, балехь дершший. Аса дагна синтем лур бу шуна. Сан дукъ шайна тІеэца, *Сох Іама, хІунда аьлча даг чохь Со чІогІа эсала а,* кІеда а ву шуна. Цундела шуна Со волчохь деган синтем карор бу (Мат. 11:28,29, *курсив авторан).*

Иштта, шен духехь, вай муьтІахьхиларан билггал бакъдолчу маьІанах ца кхетара, вай муьтІахь волчу стага цкъа а шех лаьцна цхьа а дика дерг ца олу тІаккха, цхьана а хІуманна пайденна боцу нІаьна санна, вехаш хилар, лору дела. Делахь а и дерриг а билггал бакъдолчунна тІехгенахь ду.

## МуьтІахьхиларан билгалдаккхар

МуьтІахьхиларан кхо агІо ю. Цкъа-делахь, иза вайн Везачу Эле ладугІуш хилар ду. ШолгІа-делахь, иза вай кхоччуш Цунах дегайовхо йолуш хилар ду. ТІаккха, кхоалгІа-делахь, иза вайн ваьшга йолу терго ю. Доцца хьовсур вай цу агІонех хІорранга а.

Цкъа-делахь, вайн муьтІахьхилар. Якъуба эсалаллах лаь-

цна яздинчул тIаьхьа сихха, цо тешаш берш тIекхайкхира: «Далла муьтIахь хила» (Якъуб. 4:7). И агIо муьтIахьхиларца а, эсалаллица а юькъа зIе йолуш ю. Везачу Эло даим а Шен халкъана сатийсарш а ло, Шен дагалаьцнаршца а доькъу. «ХIунда аьлча шуна лерина йолу Сан ойланаш Суна бен ца хаьа, – боху Везачу Эло. – И Сан ойланаш шуна аьттонна ю, шуна вонна яц, сатийсамах дуьзна долу хиндерг шуна дIадала лерина ю уьш» (Ярм. 29:11). Цу ойланаш дагахь хиларшо вайна Делан лааман сурт а хIоттадо, тIаккха вайна хьалхалаьттачу некъан пайхамараллин сурт а дуьллу. Вайна даггара и ойланаш дагахь хилар кхочушдан лаьа, билггал Цо дуьллу вайн дегнаш чу Шен ойланаш дагахь хилар (хь. Заб. 36:4). Вешан даг чохь вайн, Цо вай стенга дуьгу, хьалхахIоттар ду, ткъа вайна хетадаларо, вай даха дезачун логически схеман сурт дуьллу. Делахь а тоъал сих-сиха Дала вай логикина нийсса бIостаналлечу юьхьарлацарехь дуьгу. Даггара долчу муьтIахьалло Делан хьекъалалла а, омранаш а вайн кхетамал сов хилар къобалдо, тIаккха вай Цунна муьтIахьхила сацам бо ур-атталла, ваьш цхьана а хIуманах кхеташ дацахь а. Кицанашкахь (3:5) яздина ду: «Хьайн доллучу дагца Везачу Элах тешна Iаш хила. Хьайн долчу хьекъална тIетевжаш а ма хила».

ИбрахIима деххачу шерашкахь Исхьакхах лаьцна Делан ваIда кхочушхиларе сатийсинера, Исхьакх дуьнен чу ваьллачул тIаьхьа, иза дуккха а долчу халкъийн да хирг хиларан, ойла хила бух болуш вара. Амма цкъа суьйранна дерриг а хийцаделира, Дала, Исхьакх верхьама, ИбрахIимна кхаа дийнахь бан безачу новкъа вала омра дина дела! Цу омранехь цхьа а маьIна дацара. Шуьга хьалхахIотталой шайна, муха къийсам лан безаш хилла ИбрахIима, дуьхьал дош ца далош Далла муьтIахь хиларна? Иза лазаме тIеэцна сацам бара, тIаккха Дала хьалха динчу ваIданан серлонгахь цуьнан

цхьа а маьӀна дацара. Амма шен муьтӀахь хиларан бахьанина ИбрахӀима ладогӀа сацам бира, Везачу Элан омранах кхоччуш кхетам ца хиллехь а.

Делан Йозанашкахь дуккха кхин масалш ду, Дала омра деш я, хеталуш ма-дарра, Дала Ша хьалха гайтинчунна, бӀостанехьалла долу, хьелаш магош хиларан, амма вешан муьтӀахь хиларца  Библии есть много других примеров того, как Бог повелевает или допускает обстоятельства, которые, как кажется, противоречат тому, что Он показал ранее, но своим послушанием мы получаем исполнение прежде данных нам обещаний путями, которые находятся выше нашего понимания.

## Вайн Делах кхоччуш дегайовхо хилар

ШолгӀа-делахь, муьтӀахьхилар Делах кхоччуш а, дуьхьало йоцуш а доьзнахилар долуш санна, билгалдоккхийла ду. Дауд дозалле хеталора, амма иза, Дала цунна делла хьуьнар хууш вара. Цуьнан дешнашца аьлча, «Лоьмах а, ченах а со кӀелхьарваьккхина волчу Везачу Эло со оцу пӀелаштамхочун куьйга кӀелара а воккхур ву» (Шам. 17:37). Цуьнан вежарий шайн хьуьнарех бен тешна бацара, цундела, цара шайн Даудаца дустар дечу хенахь, царна шаьш даккхийн а, ондда а хетара. Амма Даудан ницкъ цуьнан Везачу Элах тешарехь а, Цунна муьтӀахьхиларехь а бара.

Вайна изза агӀонаш Килабехь а, Нунин ЮшаӀехь а го. И шиъ сатийсина латта талла хаьржинчу исраилхойн шийтта баьччанах вара. Шовзткъа де дӀадаьлча цара юха а бирзина, талларан жамӀах лаьцна дийцира Мусага а, халкъе а. Итт хьалхабевлла лелачара хӀара аьллера: «Ахьа дӀахьажийначу лаьтта тӀе кхечира тхо. Иза билггал шуьрех а, мазах а дуьзна

токхе латта ду, ткъа хIорш бу цу махкара беана стоьмаш. Цу махкахь дехаш долу халкъ ницкъ болуш а ду, церан гIаланаш чIагIйина а ю, дикка яккхий а ю. Тхуна-м Iаьнакххахой а гира цигахь» (Лел. 13:28,29).

Иштта дешнаш а хезна, халкъ тийжам бан хIоьттира. Килаб адамаш дIатедан а хIоьттина, чIоггIа тешна хиларца элира: «Вай, даха а дахана, и латта ваьшна схьадоккхур ду, хIунда аьлча иза вайга схьадаккхалур долуш ду» (байт 31).

Кхечу баьччанаша юха а дуьхьало йира: «Цу халкъана дуьхьалдовлалур дац вай, хIунда аьлча иза вайл ницкъ болуш ду!» (байт 32).

Кхин дIа Дезачу Йозанаша боху вайга: «ТIаккха наха маьхьарий хьаькхира: «ТIулгаш детта царна!» – аьлла. Амма Везачу Элан олаллин нур доьссира Делан четарна тIе берриг а исраилхошна хьалха» (Лел. 14:10).

Дерриге халкъан а, кхечу баьччанийн а бIаьргаш чохь Килаб а, Нунин ЮшаI а шаьш шайх тешна а, деза детта а адамаш дара. Ткъа, исраилхошка и латта схьадаккхалур дац бохуш, чIагIдеш болу баьччанаш, реалисташ бара. Уьш, хьолан мах а хIоттийна, леш хилла болчу кхаьрга и нуьцкъала а, дика чIагIйина а йолу гIаланаш а, меттиг а схьаяккхалур йоцийла, кхийтира. Эххар а, цара шайн зударий а, бераш а лардора (хь. Лел. 14:3). И баьччанаш, дерриге а халкъан, цу юкъабогIура иштта къанбелларш а, гIорасизанаш а, гIайгIа беш а, муьтIахь болуш а хеталора. Килаб а, Нунин ЮшаI а дозалле а, сонта а гуш вара, гIаддайначу адамийн аьттонах ойла ян лууш воцу дела.

ХIаъ, амма хьовсийша, мичара оьцу цара шайн тешна хилар: «Амма Везачу Элана дуьхьал ма довла. Цу махкахь Iачу халкъах а ма кхера, цунах вайна ижу хир ю. Уьш ларбан цхьа а вац, ткъа вайца Веза Эла ву. Ма кхера царах!» (Лел.

14:9). Нунин ЮшаI а, Килаб а кхоччуш Делан ницкъана тIетевжина вара, ткъа шайн доларчу хьуьнарна а доцуш. Царна, уьш цу латта тIе а бахана, Делан лаамца иза схьадаккха дезаш буйла, хаьара. Уьш баккъал а дозалле куралла йийраш хетийла долуш бара, ткъа оццу хенахь важа баьччанаш реалисташ гуш бара. Амма билггал Дала дIакъастабо муьтIахь берш дозаллечарах.

МуьтIахьхилар, я кхоччуш Делан ниIматах дегайовхо хиларо иштта ПахIалан дахаран амалш билгалйоху. Цо шех лаьцна иштта боху:

> Цхьа хIума дан похIма тхайгара ду-м дера ца моьттура тхуна, ткъа тхан и похIма Делера ду (2 Ко. 3:5).

ТIаккха кхин а:

> Ткъа Везачу Эло соьга элира: «Тоьар ду хьуна Соьгара долу дика, хIунда аьлча Сан ницкъ хьан гIорасизаллехула кхоччуш гучубоккху». Суна чохь Дала леррина Къобалвинчун ницкъ хилийтархьама, сайн гIорасизаллех долу дозаллаш совдохур ду аса. Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа иза хиларна, со реза ву сайн гIорасизаллина а, со дола хетарна а, халонашна а, суна тIаьхьабовларна а, цатемашна а, хIунда аьлча со гIорасиза волччу хенахь сан ницкъ а хуьлу (2 Ко. 12:9,10).

Иштта яра ПахIалан дахаран прогресси: дукха мел веха, Делан ниIматах воьзна дIахIуттура иза, тIаккха шен ницкъана а, похIманашна а, я хьуьнаршна а мелхо а кIезиг тIетийжара. Дала леррина Къобалвинчунна дукха муьтIахь мел хуьлу, иза шен хадамаллица Цуьнан сийдарехь алсам майралле а, ницкъ болуш а лелара.

## Вайна ваьш муха долуш го

Цу гӀуллакхо вай муьтӀахьхиларан кхоалгӀачу агӀонна тӀедаладо, ткъа билггала, вайна ваьш муха го, бохучунна. Шен тӀеверзар хиллачул тӀаьхьа, ПахӀала, Ӏийсаца цхьаьнакхетале хьалха шен хиллачу берриге кхиамех а, юкъараллехь хилла долчу хьолах а, и дерриг а нехаш ю а аьлла, дӀа а къаьстина, ша муьтӀахьвира. Дала леррина Къобалвинарг вовзале хьалха хилла долчу дахарх дукхах долчу декъехь баккъал а нехаш ю алар хала дац.

Амма Дала леррина Къобалвинчунна тӀедирзинчул тӀаьхьа вайн кхиамех лаьцна хӀун алийла ду? Сих-сиха иза кхоччуш кхин истори ю. Цу турпалаллех лаьцна бохуш, ПахӀала дӀахьедина: «Динан вежарий! Оцу Ӏалашоне со кхаьчна ваьлла аьлла ца хета суна. Делахь а цхьа хӀума кхочушдо ас: сайна тӀехьа дерг диц а деш [тӀевирзинчул тӀаьхьа, Дала цуьнгахула динарг], хьалха долчунна тӀекхача гӀерташ ву со» (Пил. 3:13, *курсив авторан).*

ПахӀал дине веана, иза векал вина вазвина вара масех шо дӀадаьллачул тӀаьхьа (хь. Век. 13:1-4). Цунна, юха а баккхийчу кхиамашна тӀекхиа магийна долу, дуккха а синан лакхалле довзийтарш а хьекъалалла а хилира. Цо ерриге Азихь а, Малхбалерчу Европехь а динан тобанаш дӀахӀиттийнера. Вайна, 56-чу шарахь Коринтехь кхоьллинчу динан тобане долчу цуьнан дахьийтарехь, цуьнан муьтӀахьхиларан тешалла го. Цунна ваха итт шо дуьсуш дара, тӀаккха иза зийна ветеран вара Ӏийсана гӀуллакхдарехь. Амма хӀара ду цо бохург:

> Ткъа векалех уггаре а кӀезигниг волу со-м векал ву ала хьакъ долуш а вац, хӀунда аьлча Делан долахь йолу, ерриге а Ӏийсах тешначийн тоба хӀаллакьян тӀаьхьаваьлла леллера со (1 Ко. 15:9).

Шуна хезий цу дешнашкахь муьтӀахьхилар? КӀел сиз хьакха лаьа, иза харц муьтӀахьхилар дац. МоттаргӀанечу муьтӀахьаллина, нийса схьаэцначу дешнех, эсала хетийтархьама, муха пайда эца беза, хаьа, делахь а цуьнца хьекъалан а, деган а эсалалла дац. Иштта агӀо Ӏехаваре а, шалхалле а ю. Амма Дезачу Синан иракарахӀотторца Делан Йозанаш яздеш шу харц лелур дац! ПахӀале иштта дӀахьедар далур дацара, нагахь ша ма-дарра аьлча иштта волуш гуш вацахьара. Цундела нагахь ПахӀала ша векалех уггаре кӀезиг верг ву бохучу хенахь, цунна шен даггара муьтӀахьхиларехь баккъал иштта моьттура.

Делахь а кху дӀахьедаре хьовсийша: «Аса цара массара а хьегначул сов къахьегна» (1 Ко. 15:10). Хьанал сов? Берриге а бисинчу векалел! Собардейша! ПахӀал шех дездетташ ву те? Битам хӀоттало, хӀинца кхоччуш кхечу стага боху. Муха олийла ду цуьнан ша векалех уггаре кӀезиг верг ву, тӀаккха кхуззахь «ша царел массарел а дукха къахьегна», бохуш, деза а детташ? Юьхьанца цуьнан дешнаш дозалле хетало, тӀаккха цуьнан хьалха дина дӀахьедар дӀадойуш долчуха а долуш, делахь а иза иштта дац. ТӀаккха ПахӀалан, шен кхоччуш воьзна хиларх лаьцна долу дешнаш догӀуш ду:

> Бакъду, иза аса ца динера, соьца долчу Делан дикано динера (1 Ко. 15:10).

Цо дӀахьедо, дерриг а цо динарг, Делан ниӀматца бен ца дина, бохуш. Иза ша берриге а шен кхиамех дӀакъасто хьуьнар долуш вара. Цо кхоччуш кхетадора, берриге а цуьнан кхиамаш хила аьтто, цуьнгахула чекхболучу, Делан ницкъехула бен ца хилар.

Хала ду хӀетте а ПахӀала ша «векалех уггаре кӀезиг верг ву», боху, билгало тӀеэца. Цуьнан заманахь а, иштта тӀаьхьайогӀучу

динан историхь а иза сийлахьчу векалех цхьаъ лоруш вара. Амма хьовсийша, ворхI шо дIадаьлча, ша дIакхалхале кхо-диъ шо хьалха, 63-чу шарахь, цо Эпасехь тешачаьрга хIун боху. Коринтхошка Дахьийтар яздаран хенал тIаьхьарчу кху ворхI шарахь цо дерриг а шен хьалхадогIучу дахарехь динчул, кхин а сов дерг дина. Кхузахь цо иштта яздо шех лаьцна:

> Суна, *Делан долахь болчарна юкъахь уггар а лахара волчунна,* деллера Делан доккха совгIат: кхечу къаьмнийн нахана Дала леррина Къобалвинчун кIорггера довзийла доцучу хьолах лаьцна болу хаза кхаъ дIакхайкхор а (Эпа. 3:8, *курсив авторан).*

Кхул ворхI шо хьалха цо ша «векалех уггаре кIезиг верг ву», олура, ткъа хIинца цо ша кхин алсам кIезиг во, берриге а эвлаяэх лахарниг ву а олуш! Иза хIун ду? Нагахь цхьаннан деза деттийла хилча, иза, дера, ПахIал ву. ТIаккха дагахь латтаделаш, Делан Йозанаш яздеш харц лоьйла дац, политически нийса динан стиль хоржийла дац. Цунна баккъал а ша ишттачу серлонгахь гора!

И хьалакхиар кхин дIа доьдура, вайна цуьнан тIечIагIдар и валале хьалха Тимапига Дахьийтарехь карадо:

> Дала леррина къобалвина Iийса кху дуьнен чу веана къинош летийнарш кIелхьарбахархьама». И дош бакъ а ду, цунах цхьа а тайпана шеко йоцуш теша а деза вай. Къинош летийначарна юкъахь со массарал а хьалхара ву (1 Ти. 1:15).

ХIинца цо шех векалех а, ур-атталла эвлаяэх а кIезиг верг ву ца олу. Цунна ша къилахь болчарех хьалхарниг го. Тидам белаш, цо ша къилахь болчарех хьалхарниг хилла ца боху,

амма кху предложенехь тIерачу хенах пайда оьцу. Делахь а билггал цунна делла дара, тIедирзина долу адам Дала леррина Къобалвинчуьнца кхоччуш керла кхоьллинарг хуьлий дIахIуттуш хиларан, тIаккха цунна дерриг а шираниг дIадаьлла, ткъа хIинца — дерриг а керла ду, боху довзийтар (хь. 2 Ко. 5:17). ДуьххьалдIа цо цкъа а, КIелхьардохучо цуьнан дуьхьа динарг мел дукха ду, диц ца дора.

ПахIала гIуллакх ден хан ях мел ло а, шен муьтIахьхиларан барам хьала мел болу а, цунна ша кIезиг хьакъ долуш гора. Иза цуьнан ханна пропорцица алсам дуьйлуш долу, Делан ниIматан лелар хилла, хила тарлой те? ХIунда аьлча Якъуба боху, Дала «ша кIезиг хеташ Iаш болчарна Шен дика ло» (Якъ-уб. 4:6). Ткъа, Дала Шен некъаш, цуьнан бахьанна ур-атталла векал Кипа а цецвуьлу, къайла цадохуш ПахIална гойтуш хиларна хилла, хила тарлой те? Дала ЕшаI-ЯхIу пайхамарехула, Ша муьтIахь берш болчохь наггахь бен доцуш, ткъа даим а цаьрца хуьлу, боху. Вай даим а Цуьнца дехаш долчу хенахь, вовшашна чIогIа юххера хуьлий дIахIуьтту.

## Ницкъан шала бераш

ХIинца Паччахьаллин шала ницкъийн теме дехьадевр вай. Иза Везачу Элах кхерар а, МуьтIахьхилар а бохург, ю. ДагадогIий шуна, хьалхабогIучу кортошкахь вай, Везачу Элах кхерар — иза, Дела юххера вовзаран некъан юьхьиг хилар, къастийнера, делахь а изза ала мегар ду муьтIахьхиларх лаьцна а. Назмаалархочо дIахьедо:

> *КIезиг шаьш хетарш* нийсонна тIе Цо берзабо, Шен некъа тIехь лела уьш Цо Iамабо (Заб. 24:9, *курсив авторан).*

Дала Шен некъаш эсалчарна гойту, аьлча а муьтӀахь болчарна. Жимма лахахь вай йоьшу:

> Нагахь санна стаг *Везачу Элах кхоьруш велахь,* адамо харжа беза *некъ* гойтур бу Цо (Заб. 24:12, *курсив авторан).*

Шен духехь, Везачу Элах кхерар долу адамаш, баккъал а муьтӀахь ду, ткъа даггара муьтӀахь долу адамаш, баккъал а Делах кхоьру. Дагадаийтийша, Мусана Везачу Элан некъаш девзара, ткъа исраилхошна Дела доӀанашна Цуьнан жоьпашца бен ца вовзара, аьлча а Цуьнан гӀуллакхашца. Муса Везачу Элах кхоьруш а, чӀогӀа эсала а вара. Гой шуна цу кхетамашна юкъара зӀе? Исраилхошна Везачу Элах кхерар ца тоьара (хь. Втор. 5:29), ткъа иштта муьтӀахьхилар а (вайна иза Нунин ЮшаӀан а, Килабан а хиламехь гинера).

Назмаалархочо Делах кхерар муьтӀахьхиларца хаддаза хиллал йолчу зӀенашца вовшах тосу. Вайна даим а гои за Дезачу Йозанашкахь. ХӀара ишттачу масалех цхьаъ ду:

> *Везачу Эле ларамах* вуьзна хиларо хьекъалалла хьоьху, ткъа сийлаллина хьалха эсалалла хуьлу (Киц. 15:33, *курсив авторан).*

Боданан пачхьалкхехь а бу шайн шала ницкъаш. Уьш Везачу Элах кхерарна а, Муьт*Ӏ*ахьаллина а кхоччуш бӀостаналле бу. Иза Хамталла а, Дозалла а ду. Вайна, Кицанашкахь и шишша дерш вовшашна дуьхь-дуьхьал муха хӀиттадо, го.

> *Кхечарал ша лахара* а хеташ, *Везачу Эле болчу ларамах* стаг вуьзна велахь, цунна хьал а, сий а, дика дахар а хуьлуьйтур ду. *Зуламечу нехан некъашна* тӀехь

> коканаш а, гураш а хуьлу, амма шен дахар дезаш верг цига гӀур вац (Киц. 22:4,5, *курсив авторан).*

Шуна, Везачу Элах кхерар а, муьтӀахьхилар а юха а вовшех дихкина а долуш, дозаллина а, реза цахиларна а дуьхь-дуьхьал хӀиттийна хилар, го. Ӏийсас Ша цхьа-милла а адамех я маликех волчул алсам муьтӀахь вина. Цундела Иза муьлххачу цӀерал хьалаваьккхина вара (хь. Пил. 2:8,9). Кхин диканаш доцург а, Цуьнан Везачу Элах кхерарехь воккхавер дара, цундела Цуьнца а, Цунна тӀехь а Деза Са барам боцуш дара (хь. Еш. 11:2,3; Яхьъя 3:34).

Цу гӀуллакхна бӀостаналле, даьтта хьаькхна долчу каруб-малико, амма тӀаьхьа массарна а девзаш долу иблис хилла дӀахӀоьттинчу, Люциферо, кураллехула ша хьала а даьккхина, цул хьалха а я тӀаьхьа а цхьа-милла а ца хилла, бунтахо хилла дӀахӀоьттира. Цундела иза «жоьжахатин кӀоргене» охьакхоьссинера (хь. Яхь. 28:14-17; Еш. 14:12-15).

ДагадогӀий шуна, Дезачу Йозанашкахь даим а Делан веха меттиг стигалшкахь ю, ткъа йилбазийн меттиг — уггаре а лахарчу сферашкахь ю. Массанхьа а Дезачу Йозанашкахь дозалла а, хамталла а жоьжахатица, ткъа муьтӀахьхилар а, Везачу Элах кхерар а — лакхенашца йозуш йолу меттиг хилар карадойла ду. Лакхенашка хьаладовлар — Делаца юххера уьйр йолуш хилар бохург ду!

## Мила хоржу Дала

Дела дозаллечарна а, реза боцчарна а дуьхьалвуьйлу (хь. Якъуб. 4:6), амма Цунах кхоьруш долу адамаш, тӀеийзадо, — аьлча а даггара муьтӀахь долу адамаш. Ширачу Весетехь, Дезачу Йозанаша тӀедожош ма-хиллара, Цунна гӀуллакх деш а, Ӏамалъеш а адамаш хилла. Цара Цунна сагӀина Ӏахарш

а, стерчий а дохьура, езачу чоьнна чохь хаза хьожа йогӀу кӀур боккху хӀуманаш а ягайора, баьпкан сагӀа даккха а ца диццдора. Делахь а Дала, Цуьнан бӀаьргаш чохь церан сагӀанаш дахар, адам дерах тера хӀума ду, аьлла, цара дохьуш дерг сагӀина хьакхин цӀий дарца дустийла ду, ткъа церан хастам баран а, доӀанийн а билгало еш долу кӀур баккхар, цӀушна Ӏамалъярх тера дара! ТӀаккха Цо, хӀунда ду кхетадо:

> Со а хир ву цаьрца шога. Уьш кхоьруш дерг доуьйтур ду Ас царна тӀе, хӀунда аьлча Со кхайкхира, амма жоп луш стаг вацара, Ас къамел дира, амма цхьаммо а ла ца дуьйгӀира. Цара Суна хьалха зуламениг дора, Суна цадезарг а хоржура (Еш. 66:4).

Амма Дела реза стенна ца вина цара? Церан сагӀанашна тӀаьхьахӀиттина муьтӀахьхилар доцу дела (хь. Шам. 15:22). Кхечу дешнашца, Далла, шайца Везачу Элах кхерар доцу, Ӏамалъяран муьлхха а кепаш яц товш.

Везачу Эло къовламе бехке бира цу тайпана «Ӏамалйийраш». Сурт хӀоттадой аша, ма Ӏадор зийна хир ду цара? Царна шайн гӀуллакх дарца шаьш Цунна там бина моьттура, делахь а, царна, шайн Ӏамалъяро Цуьнан цунах дӀаверзаран бен, лаам ца хуьлуьйтура. Амма Дала цкъа а Шен халкъана юкъахь дийна дерг схьа ца доккху, нагахь Иза юха дӀаден воллуш вацахь. Цо цкъа а цхьа а хӀума Шен халкъехь йоха ца йо, нагахь дӀахӀотто воллуш вацахь. Цундела Цо кхуззахь, адамехь тӀеийзош дерг хӀун ду, кхетадо:

> Ша кӀезиг хетачуьнга а, дог доьхна волчуьнга а, Сан дашна вегавеш волчуьнга а Сан ларам бу (Еш. 66:2).

Жуьгтийн дош дола дан («лакхарчу механ» маьӀнехь) — иза

*nabat* ду. Стронго и дош «леррина хьажа, гӀайгӀа бан, цуьнца там хиларан а, дика лааран а хаадалар а зуьйш» санна, билгалдоккху. Аьлча а, шен духехь, Дала боху: «Со шега леррина тидам тӀебахийтарца а, там хиларца а хьоьжучуьнца, Ас диканиг хилар зоь». Кхечу дешнашца, Цо боху: «Суна и стаг тамехь хета, Суна иза Сайна тӀеозо лаьа». ХӀинцалера автор а, хьехамча а волчу Томми Тинниса, ас лоруш ма-хиллара, вайн заманан сийлахьчу книгех цхьаъ язйина. Цуьнан «The God Chasers» цӀе ю. Цо, исбаьхьа яздина Дела везачийн дегнаш. Дела лехар цхьа гӀуллакх ду, ткъа Дала хьо лоьхучу хенахь дерг — иза кхоччуш кхин ду! Делахь а Дала кху байтехь баккъал а, Иза ишттачу адамашца уьйр хила лууш хиларх боху.

Дагаваийтийша Дауд. Дала Исраил-мехкан коьртачу пайхамарна, Шамъална, иза Шаул дарваларх кхоьруш воллушехь, Юшай волчу ваха омра дира. Дала цунна цига ваха омра динера, Цунна Юшайн кӀентех цхьаъ Шена тӀеоза лаьа дела. Шамъална берриге боккхаха болу кӀентий гира, тӀаккха, эххар а, Везачу Эло цуьнга олу: «ХӀан-хӀа, Шамъал, Ас хаьржинарш боккхаха болу вежарий бац, ткъа хӀинца аренгахь уьстагӀий дажош волу, жима а, хьаьрса а верг ву, билггал иза дола ваккха лаьа Суна Сайна» (парафраз авторан).

Амма Далла, боккхаха болу вежарий а боцуш я Исраил-мехкан кхечу божарех цхьа-милла а воцуш, Дауд стенна везна? Жоп хьалхайогӀучу байтехь карадойла ду. Далла эсалчаьрца а, синца холчухӀиттинчаьрца а, Цуьнан Дешана хьалха бегочаьрца а хила лаьа юххера уьйр. Холчудаьлла са бохучун, сихха дохко а ваьлла, Делан авторитетана а, олаллина а муьтӀахь хиларан маьӀна ду. Кху библейски байтан кхин а цхьа ингалсан гочдар иштта хезаш ду: «Суна, эсала а, дохковала кийча а волуш, Сох кхоьруш а, Суна муьтӀахь а волу, стаг тамехь ву». Холчудаьлла са — иза муьтӀахьхиларан а, Везачу

Элах кхераран а кхин а цхьа кеп ю. Иштта, шен духехь, эсала а, Цунах кхоьруш а, Паччахьаллин шала ницкъийн — Веза-чу Элах кхераран а, мутIахьхиларан а диканехь лелаш долу, адамаш лоьху Цо. Цундела боху Делан Йозанашкахь:

> Кхечу нахах кхаьрдачех Иза а кхаьрда, амма ша кIезиг хеташ Iаш волчунна Шен дика ло Цо (Киц. 3:34).

ТIаккха кхечу меттехь а:

> Мел дукха ду-кх Хьоьгара долу дика, Хьоьга ларамах буьзначарна дала Ахьа кечдина долу… Хьайн юьхьца къайлабоху Ахь уьш. (Заб. 30:20,21).

Цундела омра до вайга Керлачу Весетехь «мутIахь а долуш де гIуллакх» (1 Ки. 5:5) тIаккха «шаьш дуьнен чу даьхкина хьеший хилла йолу хан сийлаллин кхерам дагахь а болуш яккха (1 Ки. 1:17). Дела Дезачу Сино Кипехула тешаш берш Цуьнца мерзачу уьйр хиларе тIекхойкху, Цуьнан дог билггал цу Цунна хьоме долчу берашца уьйр хиларе гIерта дела.

Харжам вайгахь бу. Дала, вай Цунна тIедахкархьама, некъ биллина вайна! Цо иштта, вайга и кхочушдалархьама, тоъал ниIмат делла вайна. Ма инзаречу Далла а, Дена а гIуллакх деш ду вай! ХIинца вайна тIекхайкхар хазаран а, цунна жоп даларан а тIаккха Цуьнан, Цо Ша гойтучу, чоьхьарчу чоьнаш чу дахкаран а хан ю. ТIаьхьабогIучу кортошкахь вай, Цо иза ма-дарра муха до, даре дийр ду.

## Темица доьзна хаттарш

1. ХIокху коьртехь дуьйцу адамашна, дукхахьолахь моьтту муьтIахь хилар, иза адам гIорасиза хилар санна я дуьхьало ялурш ца хилар, я юьхь кIеда хилар, ур-атталла динехь дуьйцучух дуьххьалдIа кхетар ду церан, аьлла. Оццу хенахь муьтIахь долуш лелачу адамех лаьцна, гIалатбовларца уьш кура нах бу олу, дукхахьолахь. Цунах лаьцна ойла а ей, алийша, буй те шуна юкъахь, шайна хьалха уьш кура бу аьлла хетна болу, амма билггал аьлча уьш муьтIахь болуш хилла болу нах. Нагахь иштта нах белахь, хIинца хIун жамI дина аша, шаьш нийса ца хилла хиларх?
2. МуьтIахь хиларан хIокху кхаа агIонах лаьцна ойла елаш — Далла муьтIахь хиларан, кхоччуш Цунах дозуш хиларан а, шу шайга муха хьожу бохучу агIонан а, иштта Цунах лаьцна Делан Йозанаш тIерачу масаллийн а. Олийла юй теша шун оцу кхаа агIонех цхьаъ шайн дахарехь халонийн ю аьлла хета меттиг дIалоцуш?
3. ЕшаI-ЯхIу-пайхамаран тептар кхузткъе ялхалгIачу коьртехь дуьйцу, цхьана тобанерачу наха Далла лерина гIуллакх дарх а, Цунна Iамалърх а лаьцна, Iадаташа тIедуьллург ма-бохху кхочушдарца. Оцу наха бакъдолу сагIа а доккхура, хила ма-дезза хаза хьожа йогIучу хIуманийн кIур боккхура, дан деза сагIанаш дохьура. Делахь а Везачу Элана там хилар ца далора царна оцу гIуллакхашкахула, церан Цунна муьтIахь хилар ца хиларна. Хуьлийла дуй те, нагахь хуьлийла делахь, ур-атталла похIма долчу а, корматалла йолчу а динан лидерна куьйгалла деш-шехь, вай Iамалъяр Далла тамехь доцуш?

# MessengerX

***ХIора денна дешарна шун юххедиллар***

**Дуьйцийла йоцуш маьхза!**

ДуьхьалдIа шайн мобильни гIирсана чу а яккхий, пайда эца дуьйлало!
Я сайта тIехь веб-версих пайда эца:

MessengerX.com




## 120 + меттанаш, тIаккха иза хIинца а доза дац

- Хьовса а хьовсий, материалаш 120 сов меттанашкахь чу яккха.
- Материалех доттагIашца дага а довлий, дешаран тоба дIайолае.
- Керла материалаш даим а тIекхеташ ю.

## Хьовса. Еша. ЛадогIа.

Шайн хьовсийла а, ешийла а, ладогlийла а долу, шайна юкъа курсаш а, электронни книгаш а, аудиокнигаш а, йоцца фильмаш а, и доцург а догlу, гlирсийн йоккха библиотека талла.






## Уггаре а ларамечу агlонашкахь кхиар

Доьзал а, дика юкъаметтигаш а, шун дахаран lалашо а, порнографех паргlат хилар а, шайн тешар чlагlдар а, Делан озе ладогlар а, бизнес лидералла а и доцург а санна, йолу теманаш талла!

## Шун кхиарна тlе болу некъ

**MessengerX**-н lалашо шуна дахарехь шолгlа гlулч яккха гlо дар ю. Оха шуна кху некъа тlехь диса гlо ден долу, дешаран некъ а, нуьцкъала гlирсаш а кечбина.



## Шуна тамехь хин йолу, алсам исбаьхьа функциш!

- Шуна кху материалашца дагадийла гӀо ден долу а, ур-атталла дешаран тобанаш йоло а дуьххьалдӀа а, атта а болу гӀирсаш.
- Chromecast а, AirPlay а шун безамечу смарт телевизорш чохь хьовсарна.
- Шайн прогресс берриге а шайн гӀирсашна тӀехь ларъе. Шайна тамехь хетта материалаш шайн сихха тӀекхочийла йолчу библиотекехь латтае.
- Офлайне хьажархьама материалаш шайн гӀирсашна чу яха.
- Билггал аша лоьхуш дерг карорхьама, хьекъале лехар а, фильтр а.
- Аудио книгийн рогӀаллин кортош а, Делан Йозанийн аудиош а, ур-атталла шайн маттахь гӀарадаккхаран эшарш а лекхийта автоматически!

# MessengerX - 1-2-3, алар санна, атта ду!




**1** Apple Store-ра а, Google Play-ера а **MessengerX** юхxедиллар чу даккха

**2** Учетни запись а кхоллий, шайн маттарчу юхxедилларх пайда эца

**3** Шайна тамехь хеттачу гIирсашка хьежа а хьежа, еша а еша, ла а доIа, царех дага а дийла

## Дешархой хилла дIахIитта, дешархой бе

**MessengerX**-ан дакъа хиларе терра, аша тхуна гочдина гIирсаш дерриге дуьненахула дIасабала гIо дийр ду.

***ХIорра а хаа хьакъ долуш волу дела!***

Чуяккха кхузахь App Store

Схьаэца кхузахь Google Play

</> Ерриге а браузершкахь тIекхочийла долуш ю

**MessengerX.com**

Корта 10

# ДЕЗАЧУ СИНЦА ГЕРГАХЬ ХИЛАР

Со, Деза Са — хIинца динан тобанехь уггаре а тергал ца ечу юьхьшанех цхьаъ хиларх, теша.

ХIинца вай, со дукха хенахь дуьйна даре дан лууш волчу, темина тIекхаьчна: Везачу Эло вай Шена герга муха даладо. Долччул хьалха кхин цкъа а юха ала пурба лойша суна: Цунна шуьца, шуна Цуьнца хила лаьачул алсамчу барамехь юххера уьйр хила лаьа. Дагадаийтийша Мусан дешнаш: «Цхьана Везачу Элана бен, кхечу далла ахь Iибадат дан мегар дац, хIунда аьлча Эмгаралла Ерг цIе йолуш волу Веза Эла – эмгаралла йолу Дела ву» (Ара. 34:14).

Дукха хан йоццуш со доIанехь ойланашка ваханера, тIаккха со меттаван кхиале, ас элира  : «Веза Эла, нагахь сан Хьоьца юххера юкъаметтигаш кхузахь, Лаьттахь, хуьлийла дацахь, доьху Хьоьга, со Хьо волчу стигалшка дIаэцахьа!» Ас и

дешнаш аллачу хенахь, сан жимма голаш дегийра. Со, айса и дешнаш даггара аьллийла, кхетара, амма сихха бохург санна, сан хьекъал гӀайгӀане дуьйжира: «И хӀун ду ахь бохург?» Сан кхетамалла хаттар деш дӀахӀоьттира, ткъа юй те сан цу тайпа долу хӀуманаш деха бакъо, аьлла.

Масех сахьт дӀадаьлча со кеманна тӀе хиира, кресли чохь бегӀийла дӀа а тарвелла, тӀоьрмиг чуьра Делан Йозанаш схьаийцира аса. Сан бӀаьргашна хьалха хӀоьттина байт, хӀара яра:

> Хьоьга кхойкху ас, Веза Эла, сан Тарх! Суна жоп ца луш ма хилалахь. Хьо вист ца хилча, эхарте кхаьчначех тарлур ву со (Заб. 27:1).

Со кресли чуьра хьалаэккхаза висира. Делан Йозанаш кху агӀонна тӀехь цахууш дӀаделладелла те? Кху байто нийсса ас масех сахьт хьалха Везачу Эле далхийна долчух лаьцна бохура. Со кхийтира, иза соьга Везачу Элера дош дара.

Нагахь Дела вайга вистхуьлуш вацахь, вай, жоьжахати воьдучу, къилахь волчул гӀоли дац, боху Дауда. Ас даим сайца Делан Йозанийн вайн заманан гочдар леладо, цундела со цу тӀе хьаьжира, тӀаккха иза ас тахана Ӏуьйранна шех лаьцна доӀа деш хиллачуьнца кхоччуш цхьаьнадогӀуш дара. Цигахь яздина дара: «Нагахь Хьо вистцахуьлуш хилча, суна кара а вахана, валар гӀолехь хир долу дела». Билггал цунах лаьцна мохь хьоькхура ас Везачу Эле цу Ӏуьйранна. Ас оццул дукхазза ешнера и байт, амма цкъа а иза ишттачу серлонгахь ца гинера суна.

Со, айса Дезачу Сино вигарца, Делан лаамца догӀуш, доӀа дина хиларх кхийтира. Иза суна иштта, Далла вайца хабар дийца лууш хиларан тӀечӀагӀдаран гӀуллакхдар хилира, аьлча

а, Цунна вайца чIогIа юххера юкъаметтигаш хила лаьа. ХIара, Дауда язйина, Делан Йозанийн сан дуккха безамечарах йолу, цхьа байт ю:

> Сан даго Хьоьгара схьааьлла, Хьо леррина леха. Цундела Хьо лоьхур ву аса, Веза Эла (Заб. 26:8).

Шуна хезий Делан деган бала хьегар? Цо вайх хIорра а тIекхойкху, иштта а бохуш: «Герга дуьйла Суна, Со шуьца уьйр хила лууш ву, Суна Сайн деган къайленашца шуьца дага а вуьйлуш, шуна девзаш доцу сийлахь а, тIекхочийла а доцург, гайта лаьа!» ХIара хIорра а тешаш волчун дахарехь хила дезаш ду. Везачу Элана герга дуьйла, тIаккха нагахь шу гергадагIахь, Цо, Ша а шуна гергаваран, гаранти ло. Вай, ткъа Цо а доцуш, вай ваьш билгалбоккху Цуьнца гергахь хиларан барам. Цо хIинца Шен доларчу чоьнаш чу йоьду неI дIайиллина. Иза сатуьйсуш ву, Цо вай Ша волчу дIакхойкху. Вайх доьзна ду, жоп лой те вай, тIаккха вай Цунна герга мел кхочу, Цо Ша а, Шен лаамаш а алсам дIабоьллур бу вайна. Амма кхин цкъа а Якъуба кху сийлахьчу тIекхайкхарал жимма хьалха яздина долчу, дешнашка хьовсур вай:

> Шуна моьтту хир ду Делан Йозанашкахь эрна аьлла: «Дала вайна чохь Iан деллачу Синна вай Шен хила лаьа»? (Якъуб. 4:5).

Иза даггара, эмгараллац, вайца гергахь хила лууш ву. ХьалхабогIучу кортошкахь, Иза вай, кху дуьненан боьхачу лаамашца декъа хIуттург цахилар, гайтина. Цу бахьанехь Якъуба боху: «Тешам боцурш! ХIара дуьне дезар Делаца мостагIалла хилар дуйла ца хаьа шуна? Дуьненах шена доттагIа хила лууш верг, Делан мостагIа хуьлу» (Якъуб. 4:4).

Масалина, шен ямартчу майрачуьнга дIахьедеш йолу, зуда яло мегар ду: «Хьо соьца а, хьайн езарца а вахалур вац, цундела харжам бе! Нагахь ахь и харжахь, ахь со дIатосу, тIаккха со дIагIур ю!» Изза ду Везачу Элаца дерг а, Цо шу адамашца доькъур дац. Цунна шун даг чохь цхьаъ бен боцу безам хилла дIахIотта лаьа, кхечу тайпана Иза вайна хьалха дIавеллавала хIуттур вац.

## Эмгараллац безам болу Са

Хьалха вай вешан хьокъехь къаьсттина Цуьнан синхаамех лаьцна дерг дийцаре дуьллура. Амма хIинца вай Са бохучу дешана ойла тIеяхийта еза. Хьаште ду, Дезачу Йозанашкахь бохуш дерг: «Эмгараллалц деза, вайна чохь дехаш долу са». Тидам белаш, цигахь, «эмгараллалц деза, вайна чохь вехаш волчу, Iийсана», аьлла дац. Iийса, кхузахь, Лаьттахь, вац, Иза стигалшкахь Цуьнан Сийлаллечун аьтту агIор хиъна Iаш а волуш, тIаккха ма-дарра аьлча, цигахь волу ши эзар шо ду. Иза хьалаваьккхинчу дийнахь, маликаш кху дешнашца дистхилира Цуьнан мурдашка: «Галилай-мехкан бахархой, – элира цара, – шу хIун деш лаьтта, стигала а хьоьжуш? Шу долчуьра Iийса стигала хьалавоккхуш шуна гина ма-хиллара, Иза иштта юха а вогIур ву» (Век. 1:11). Иза мархи тIаьхь, дегIехь а волуш, стигала хьалаваьккхина вара, тIаккха вайна, Иза оццу кепара юхавоьрзург хилар, ваIда дина ду.

Доьху шуьга, нийса кхетийша сох. Вайн КIелхьардохург волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсана баккъал а эмгараллац деза вай, амма вайца Iийса хьалаваьккхинчул тIаьхьа кестта вайна охьа Воьссина Верг ву. И Деза Са ду, тIаккха Иза, байтехь Шех лаьцна бохуш долу, ма-дарра делаллин юьхьша ду. Делахь а, Iийсага кхойкхуш долчу

адамаша, дуккха а долчунна тӀехь тергал ца до Иза. Шен духехь, суна хетарехь, Деза Са — иза динан тобанехь уггаре а тергалъеш йоцчу юьхьшанех цхьаъ ю.

Шаьш ойла ейша: машенахь ткъа минотехь адамца а догӀуш, некъан бохалла цуьнга цхьа а дош ца олийла дуй те? Амма мел сих-сиха лела вай Дезачу Синца билггал цу кепара! Вай вешан дийнан Ӏалашо а хӀоттайо, новкъахь хаьхкина доьлхуш керстанийн мукъаме я радиога ла а дугӀу, тӀаккха сих-сиха Иза вайна юххехь хиларх ур-атталла ойла а ца йо. Вай, цӀахь а, балхахь а, ваьш хуьлучу, кхечу меттигашкахь а Иза ваьшна гергахь хиларх лаций ойла ца йо. Амма нагахь вайга Цунах лаьцна хаттахь, вай тӀедожжош Цуьнан хилар а, Иза вешан даг чохь ма-дарра хилар а къобалдо.

## Вайн Дезачу Синах лаьцна суртхӀоттор

Уьйр хиларехь вай Цуьнан гергахь хилар тергал цадаран бахьанех цхьаъ, иза вайн Дезачу Синах лаьцна кхетам цахилар ду. Цуьнан юьхьша вайна, вай Цунах лаьцна ешна а, кхайкхамашкахь ладоьгӀна а долчунна тӀехула, къайлено дӀакъевлина ю. Ма-дарра аьлча, нагахь хӀоразза а, Дезачу Синах лаьцна цхьа бодане хьанех дерг долуш санна, хьахочу хенахь, ас цхьацца доллар схьаоьцуш делхьара, со чӀогӀа кеста алийла доцуш хьал долуш хир вара. Халахета, амма дуккхаха берш Иза цхьа «вазвинчех цхьаъ» хилар санна кхета Цунах, Кхаанна цхьаъ Верг (ипостась) санна а доцуш, кхечу тайпана аьлча, Делан стаг Иза хилар а доцуш. Цунна шун уггаре а юххера доттагӀ хилла дӀахӀотта лаьа. Нагахь вай Деза Йозанаш таллахь, вайна гур ду, Цуьнан хьекъал а (хь. Рим. 8:27), лаам а (хь. 1 Ко. 12:11), хаадаларш а, къаьсттина, Цуьнан вайга болу безам а (хь. Рим. 15:30). Цо боху (хь. Ӏеб. 3:7), цу тӀе, Цо иза

ган а гуш до (хь. 1 Ти. 4:1). Цо хьеха а хьоьху (хь. 1 Ко. 2:13), Цунна халахетийтийла а ду (хь. Эпа. 4:30) тӀаккха ур-атталла емалдар дойла а ду (хь. Ӏеб. 10:29), Цуьнга харц дерг олийла а ду, адамашка санна.

Цунах лаьцна ойланаш еш вайн суртхӀотторехь сих-сиха кхокханан васт гучудолу. Амма Цуьнан кхокханан гарехь хьалхахӀоттар стенна хуьлу? Цо цкъа а Ша цу гарехь ца гайтина! Инжилан дерриге а деа декъехь Хих Чекхдохучу Яхьъяна Делан Са Ӏийсана «кхокха санна» тӀе дуссуш гина (хь. Мат. 3:16; Мрк. 1:10; Лака 3:22; Яхьъя 1:32). Амма цу дустаро Цунах цхьа а тайпана кхокха ца бо. Суна цхьадолу адамаш дийнаташца а, Ӏаламан ницкъашца а дустуш хезна, иштта а бохуш, «иза мох санна, чехка ю», «иза, сту санна, ницкъ болуш ву». Амма иза, зудчо механ кеп тӀеэцаран, ткъа стаг биъ ког болу дийнат хуьлий дӀахӀоттаран, маьӀна дац. Уьш адамаш дуьсу.

Суна дуьхьал хуьлийла ду: хӀаъ, амма векална Яхьъяна, иза Делан васхале хьоьжучу хенахь, Деза Са къуьданийн кепехь гина. ХӀаъ, и баккъал иштта ду, цо яздо дела: «ГӀантана хьалха богуш ворхӀ къуьда бара. Уьш Делан ворхӀ Са ду» (Довз. 4:5). Амма оццу Яхьъяс яздора: «ТӀаккха со дӀахьаьжча, суна гира и Ӏарш лаьттачу меттигна юккъехь, цу дийнаташна а, къаношна а юккъехь лаьтташ болу Ӏахар. Иза, сагӀина лерина бийна болуш санна, бара. Цуьнан ворхӀ маӀа а, ворхӀ бӀаьрг а бара. Дерриг а лаьтта тӀедахийтина долу Делан ворхӀ Са дара уьш. Ӏахаро Ӏаршана тӀе хиъна Волчун аьтту куьйгара и тептар схьаийцира. ТӀаккха, Цо и тептар караэцча, диъ дийнат а, ткъе виъ къано а Ӏахарна хьалха охьавуьйжира. Цаьргахь хӀорангахь а мерз-пондарш а, дашо боганаш а дара. И боганаш хаза хьожа йогӀучу хӀуманах дуьзна дара. Боганаш чохь дерш Делан долахь болчеран доӀанаш дара. Цара, керла

эшар а локхуш, бохура: «Хьакъ долуш ву Хьо, и тептар схьа а эцна, цу тІера мухІарш дІадаха, хІунда аьлча Хьо вийна вара. ХІора тайпанашна а, меттанашна а, хІора халкъана а, къомана а тІера Делан дуьхьа Хьайн цІий Іанорца адамашна тІера мах дІабелира Ахьа» (хь. Довз. 5:6-9). Цо Іийсах лаьцна бохуш хилар, кхоччуш къаьсташ ду, амма вай Иза дийнат хилар тІе цаоьцу! Вайна билггал, — вай Цуьнан вастехь а, аматехь а кхоьллина дуйла хаьа, Іийса, — иза юьхьша ву, ткъа вай дийнатан вастехь а, цунах тера а кхоьллина дац!

Деза Са — иза юьхьша хуьлу, тІаккха вай Цуьнан вастехь а, аматехь а кхоьллина ду. ХІаъ, хІаъ, билггал Цуьнан вастехь а, аматехь а! Доладалар Книги тІехь вай йоьшу: «ТІаккха Дала элира: «Кхуллур Вай адам, Вешан аматехь а, вастехь а долуш» (Дол. 1:26). Цигахь аьлла дац: «Сайн аматехь а, вастехь а долу адам кхуллур ду». ХІан-хІа, адам Ден а, КІентан а, Дезачу Синан а цхьаалле ницкъ тІебахийтарца кхоьллина дара. Вай исбаьхьа кхетадо кхолларехь Ден а, КІентан а роль хилар, амма Делан Йозанаша къаьстташ боху: «Со Делан Сино кхоьллина» (Аюб. 33:4), тІаккха кхечу меттехь а: «Ахьа царна Хьайн са делча, уьш кхуллу, цу тайпана Ахьа лаьттан сибат цІиндо» (Заб. 103:30). Цундела, Дала: «Кхуллур Вай адам, Вешан аматехь а, вастехь а долуш», аьллачу хенахь, дуьйцийла йоцуш, кхоллархо Цо Деза Са а лорура. Вай Ден а, КІентан а, Дезачу Синан а аматехь а, вастехь а кхоьллина ду. Са юьхьша ду, Делаллин ипостась, ткъа мистикин мох а, тІемадолу олхазар а доцуш.

Муха хир яра Марем Дезачу Синах берах, нагахь вай Цуьнан вастехь а, аматехь дацахьара? Дезачу Йозанашкахь аьлла ду: «Цуьнан дуьнен чу валар иштта хилира: Іийсан нана Марем Юсупна ехна хилла. Амма иза маре яхале гучудаьлла Марем Делан Синах доьзалхочух хилар» (Мат. 1:18). ТІаьхьа

Везачу Элан Малико Юсупе аьлла: «цуьнан кийрахь долу бер Делан Синах схьадаьлла ду» (Мат. 1:20). Нагахь Деза Са юьхьша а воцуш, цхьа къайлене дерг я хIума елхьара, ЙоIстеган Мареман кийрахь Адам муха кхоллалур дара? Иза Делан Синах берах хилла. ГIеххьа тIаьхье гучуялархьама, ши адам оьшу оццу вастехь а, аматехь а долу.

Ас сатуьйсу, аша хIинца Деза Са юьхьша санна, тIеоьцург хиларе, тIаккха ур-атталла, уггаре а тамашена юьхьша. Цу бахьанехь ПахIала тешачаьрга боху:

> Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсан дика а, Делан безам а, Делан Синан *тIекаре а хуьлийла* шуьца массаьрца а. Амин (2 Ко. 13:13, *курсив авторан).*

Тидам белаш, цо боху «Делан Синан тIекаре а хуьлийла шуьца массаьрца а». Ас масех шарахь теллира тIекаре а, уьйр а боху дешнаш, долччул а дукха сайна Дела вовза лаьа дела. Со сайна кара мел беанчу грекийн дошамашкахь хьоьжура цу дешнийн маьIне. ХIорш ду цхьадолу дешнийн цхьаьнатохарш, «уьйр» бохучу дешан маьIна билгалдаккхха гIо ден долу:

- доттагIалле а, юххера а уьйр;
- цхьаьна деш долу гIуллакх я юкъараллин юкъаметтигаш;
- накъосталла я юкъара дакъа лацар;
- юххера юкъаметтигаш;
- юххера хилар, вовшийн дика довзар.

Кхин дешнийн цхьаьнатохарш а ду, уьйр бохучу дешан кхетам билгалбаккхха пайда оьцуш, амма уьш дерриш а маьIница лакхахь дагардинчу билгалдаккхаршца цхьаьнадогIуш ду, цундела хаьржина а ду ас уьш. Цаьрга хIорранга а къастийна а хьовсуш, ойла ер вай царна тIехь:

## ДоттагӀалле а, юххера а уьйр

ДоттагӀалле юкъаметтигаш — иза уггар а хьалха накъосталле юкъаметтигаш ю. Иза адамашна юкъахь вовшийн тешам хиларан хьал ду. Шуна, вовшахкхетарх кӀелхьарбуьйлу доттагӀий карор бац цкъа а, мелхо а, уьш даим а шайн гӀуллакхашца а, хин йолчу ханна Ӏалашонашца а дагабуьйлу Уьш доттагӀий бу, цундела уьш даим а вовшашна юкъахь уьйр йолуш бу. Векалийн гӀуллакхаш цӀе йолчу книги тӀехь вайна Дезачу Синна а, Цуьнан гӀуллакхдархошна а юкъахь цу тайпаначу юкъаметтигийн дуккха а масалш карадо. ХӀара Векалан ПахӀалан тоьшаллера цхьаъ бен боцу хилам бу:

> Ткъа хӀинца Делан Синан лаамца Ярушалайме воьду со. Цигахь сайга хӀун догӀу а ца хаьа суна. Цхьа хӀума хаьа суна, *хӀора гӀалахь* а Делан Сино олу соьга сан халонаш а, набахти а лан дезарх лаьцна (Век. 20:22,23, курсив авторан).

ПахӀалан дешнаша цунна а, Дезачу Синна а юкъахь даим а, хаддаза а уьйр хиларх тоьшалла до. Уьш дахарехь а, гездаршкахь а, гӀуллакхдарехь а накъостий хилла.

Изза олийла ду Керлачу Весетехь Везачу Элан муьлххачу а кхечу гӀуллакхдархочух лаьцна. Деза Са, уьш миччанхьа бахача а, массанхьа а цаьрца дара, тӀаккха уьйр йолуш а хуьлура, уьш Цуьнга бистхуьлучу хенахь. Иза церан ваша вара. Кхин а цхьа мурд, Пилапп, гӀала а йитина, гӀум-аренга вахара, амма цунна ша цхьа волуш ца хеталора, цунна ша кхин дӀа хӀун дан деза, хаьара, хӀунда аьлча «Делан Сино элира Пилапе: «Цу гӀудалкха тӀе а гӀой, улло а хӀоттий, дӀагӀо», – аьлла» (Век. 8:29).

Кипин чолхечу бӀарлагӀах кхета гӀерташ Деза Йозанаш ша

шен девзаш хиларна тIетийжа ца дезара, цунна Сино шега олуш хезна дела: «Дала цIандинарг, ахьа цIена доцуш ма лара». ТIаккха Кипина кхин дIа долу омра хилира: «.. -Кипа, дIа а хIоьттина, шена гиначу суьртах ойла еш вара. ТIаккха Делан *Сино элира цуьнга:* «ШамIа, хьо лоьхуш кхо стаг ву. Хьала а гIаттий, лаха чувосса. Шек а ца волуш, цаьрца дIагIо, хIунда аьлча уьш Ас бахкийтина бу» (Век. 10:19,20, курсив авторан).

Дезачу Синан ПахIалан берриге гонаца даим а йолу доттагIалле юкъаметтигаш ган а гуш ю. ХIара яздо Лакас: «Делан Сино бакъо ца елира ПахIалгIарна Асиа-махкахь хьеха, цундела церан некъ Пхьарга-махкахула а, Галата-махкахула а бара. Миси-мехкан дозанна тIекхаьчча, церан лаам хилира Битхьуни-махка баха, амма Іийсан *Сино ца магийра царна иза»* (Век. 16:6,7, курсив авторан).

Сан кхузахь кхин масалш даладойла дара. Делахь а суна кIел сиз хьакха лаьа, Керлачу Весетан заманан гIуллакхдар-хоша кхоччуш кхетадора Делан Синан агIор долу гIо дар а, дуьгуш хилар а. Деза Са царна цкъа а я мистика а, я Іаламехь доцу хIума а дацара, цундела Цуьнца уьйр хилар царна цхьа гуттара а долу гIуллакх дара.  Они воспринимали Церан да-харехь Цуьнан дакъа лацар Іаламехь долуш тIеоьцура цара. Нийсса иштта, вайца дукха хенахь а, даим а вехаш волчу муьлххачун а вайн дахарехь дакъалацаран сатуьйсийла ду.

Адамаша соьга хоьтту, хьешан цIенойн номерех кIадлой те со, аьлла. Бакъдерг аьлча, со царах цкъа а ца кIадло. Ур-атталла со дуьненан уггаре а хазачу гIаланашкахь хилахь а, со гIалахула экскурси ц алела, сайн Цуьнца уьйр хиларехь боккха там хуьлу дела, цундела суна и мехала аьтто тIехбалийта ца лаьа. Яханчу хенахь, со тоъал болчу барамехь кхеташ а, Дезачу Синца уьйр хилар зуьйш а воцуш, волуш, ас хала лара цхьа волу сахьташ. Сан даим а доттагIойх цхьаъ юххехь

хиларан хьашт дара. Ткъа хӀинца со, собар доцуш, Цуьнца суо цхьаъ волуш висаран хене сатуьйсуш хуьлу, парггӀат Цуьнца хабар дийца а, Цуьнга ладогӀа а аьтто хилархьама.

Цунна а вайца даггара уьйр хила лаьа! Минот а карайой, бӀаьргаш дӀа а къовлий, Ша Деза Са — шун накъост а, шун доттагӀ а, ваша а, гӀуллакххашкахь хиларан ойла ейша. ХӀунда аьлча, Делан дешо чӀагӀдо: «Дезачу Синан уьйр хуьлийла шуьца массаьрца а». Цу дешнаша шун дог а дузийла, шуна а, шун Кхоллархочунна а юкъахь гергахьхиларан неӀ дӀа а йоьллийла.

## Цхьаьна деш долу гӀуллакх

«Уьйр» бохучу кхетаман шолгӀачу билгалдаккхаро — цхьаьна деш долу гӀуллакх я юкъараллин юкъаметтигаш — ойланаш я синхаамаш хийцар тардолуьйту. Юххерчу доттагӀашца цхьаьнакхетаран уггаре а тамехь долу дакъа, вай вовшашца хабар дийца а, вешан деган уггаре а кӀоргечу а, дагарачу а халонашца дагадийла дуьйладеллачу хенахь, хуьлийла ду. Ишттачу киртигашкахь вай Ӏаткъаме хуьлий дӀахӀуьтту, вай девзаш доцу адамаш кхета а ца кхетта, вайх дуьйлун долчу, хӀуманашца дагадуьйлу дела. Амма вайна иза цкъа а хир доцийла хаьа, ваьш доттагӀашца уьйр йолуш долу дела. Царна вайн дегнаш девза, тӀаккха уьш нийса кхетар бу вай шайца дагадуьйлучух. ПахӀала Дезачу Синца билггал ишттачу уьйр хиларх лаьцна боху кху байтехь: «Дала леррина Къобалвинчуьнца а волуш, билггал бакъдерг боху Аса. Со харц ца лоь. Делан Синан карахь долчу сан даго а тоьшалла до суна» (Рим. 9:1). Дезачу Синна ПахӀалан дог девзара, ткъа ПахӀална Цуьнан дог девзара. Цурна юкъахь, тешна хиларан жамӀ хилла дӀахӀоьттина, юххехь хилар дара, ткъа тешна хилар, уьш шайн къайлечу ойланашца а, синхаамашца а

дагабуьйлуш хиларехь гуш дара.

Билггал цундела ду иштта лараме Везачу Элах кхерар. Веза Эла Шен къайлечу дагадарашца, церан хам ца бечаьрца, дагавийла хIуттур вац, Цо, уьш харцхьа а даьхна, гомха ден долчу адамашна хьалха, жовхIарш кхуьссур дац. ДуьххьалдIа аьлча, вай цкъа а ваьшна синца юххера боцчаьрца, къайлечу ойланашца дагадуьйлур дац, тIаккха вайн Дела а иштта ву.

Ширачу Весетан эвлаяаш кхойкхура: «Делан кIоргачу къайленашка хьо билггал кхачало те?» (Аюб. 11:7). Делахь а хIинца, Керлачу Весето Дезачу Синца юххерачу юкъаметтигашна неI дIайиллинчу хенахь, ПахIала гIайгIане дIахьедо: «Ткъа вайна *Дала Шен Синца* дIадиллина иза, хIунда аьлча Делан Сино дерриг а толлу, ур-атталла *Делан кIоргенаш а»* (1 Ко. 2:10, курсив авторан). Тидам белаш, цо иза Шен Синехула до. Са — иза Делаллан юьхьша ду, тIаккха Иза вайца Делан къайлечу а, кIоргечу а дагалецамашца дагадуьйлуш ду! СуртхIоттадой аша? Доккха хIума дац иза!

Иштта, кхин цкъа а, Дезачу Синна шуьца билггал цу тайпана, чIогIа юххера юкъаметтигаш дIахIитто лууш хиларна тIаьхь, ойла ейша. Цунна шуна Шен къайле ойланаш а, синхаамаш а гайта лаьа, тIаккха иштта шуьнаш хаза а лаьа. Делан Дешо чIагIдо дела: «Дезачу Синан шуьца массаьрца а йолчу уьйрехь ойланийн а, синхаамийн а хийцар хуьлийла».

## Накъосталла, я юкъара дакъа лацар

«ТIекере хилар», декъашхо я Дезачу Сино Шен динан гIуллакх дечеран гIуллакхашкахь юкъараллин дакъа лацар бохучун кхозлагIа билгалдаккхаран кхетамах долу масала, юьххьехь хиллачу динан тобанийн баьччанийн тешаллаш гучудоху цара. Цара шайн дахьийтарехь яздора:

> Делан Синан а, тхан а лаам бу шуна кхин хало ца ян, хӀара тӀедиллинарг доцург... (Век. 15:28).

Цу гӀуллакхца цара шаьш-шайн дӀалаьцначу агӀонах санна, кхачам боллуш кхетам белира Дезачу Синан агӀонах лаьцна а. Иза сацам барехь цхьаьна дакъа лацар дара. Пачхьалкхан урхалла дарехь уьш накъостий бара. Цхьа цу тайпана дерг вайн ган йиш ю Керлачу Весетехь а, Дела ИбрахӀимна дуьхьал хӀоьттича, Седам-гӀалица доьзна Шен болчу сацамах дерг дийцаре диллархьама. ИбрахӀимна пурба деллера шена хетарг ала, тӀаккха ИбрахӀима ладоьгӀначул тӀаьхьа, Дала Шен сацамехь долчун жамӀ дира.

И санна дерг мосийттозза Мусаца а хилира. Шен оьгӀазлонгахь Исраилан халкъ хӀаллакдан кийча вара Веза Эла, Цо иза кхочуш а дийр дара, нагахь Муса юкъа ца ваьллехьара. Мусас, Далла Цуьнан ваӀданаш дагадахкийтира, цу тайпана Шен репутацина мел доккха зен дийр ду Цо а олуш. Мусан юкъаваларан жамӀехь хӀун хилира лаьцначух, вайн дийцарехь ешийла ду: «ТӀаккха Веза Эла дохковелира Ша иштта ойла ярна. Ша халкъана дийр ду аьлла зулам ца дира Цо» (Ара. 32:14). Муса а, ИбрахӀим а юкъара гӀуллакхдархой я декъашхой бара Делан, делахь а ур-атталла церан а йиш яцара муьлххачу а хенахь Делаца уьйр хила, ткъа вайн Керлачу Весето деанчуьнга хьаьжжина йиш ю и уьйр хила. Цунах лаьцна ойла ян волавелча, хьайн озабезамех инзарвуьйлу хьо.

Эпасерчу динан тобанийн куьйгалхошка дерзийна долу, ПахӀалан дешнаш хезачу хенахь, Дезачу Сино вайн воккхаха волчу партнеро санна, ловзош йолчу ролан, тӀечӀагӀдар къаьстташ го вайна.

> Сема а, ларлуш а хила. Іуьно Іалашбо бажа санна, Дала Шен КІентан *цІийца* яьккхина йолу, *Делан Сино* шайга елла йолу Іийсах тешачу нехан тоба Іалашъе (Век. 20:28, *курсив авторан).*

ХІокху байтехь кхачам боллуш къасто мегар ду Делан тайп-тайпана йолу агІонаш, шайн кхоччуш болчу барамехь цхьаалла йолу. Деза Са уггар хьалха хьахадо, ткъа билггал Цо хІиттабо динан тобанашкара низам лардийраш. Цул тІаьхьа Делан динан тоба бохучу меттехь Да хьахаво, тІаккха, эххар а, вайна го кхуззахь КІанта дІалоцу меттиг хьахор (Везачу Элан Тоба), хІунда аьлча и Динан Тоба Цуьнан цІий Іаноран мах белла кхоьллина яра. Къаьсттина йолу кхо агІо ю, амма Дела цхьаъ ву. Иза кхетарна хала ду, амма Іаламехь долу масала ду вайн схьаэца, шена чу кхо агІо схьалоцуш долу: чІогІа хІумалла, кочалла, газтайпалла, цу тІе церан молекулярни хІоттам гуттара а цхьатерра хир ду. Оцу тайпана Делан а ю кхо аспект, кхо агІо, оццу хенахь церан кхачамаллехь йолу цхьаалла а ю, хІунда аьлча Дела цхьаъ ву.

Тидаме эца хьакъ ду иштта, Дезачу динан Тобанехь динан баьччанаш дІахІиттош хилар. Иза иштта хилира Антиохерачу кхечу динан тобанан къаноша Везачу Элан юьхь лохучу хенахь а. Цара доІа дечу хенахь «Делан Сино элира: Бар-Нааб а, Шаул а Ас цаьрга кхайкхинчу гІуллакхна схьакъаставе Суна», – аьлла. Далла гІуллакх дина а, марха кхаьбна а бевлча, тІе куьйгаш а дехкина, доІа а дина, тІедиллина гІуллакх кхочушдан дІавахийтира цара и шиъ. *Делан Сино вахийтина и ши векал Селевке кхечира,* ткъа цигара хІордкеманца Кипре дехьавелира...» (Век. 13:2-4, курсив авторан). Са Делан гІуллакхдархошца цхьаьна болх беш дара, Іийсан сий дархьама.

Цу масалийн буха тӀехь, Дезачу Сино баьччаллин я воккхахачу декъашхочун роль ловзош йолу, партнерийн юкъаметтигашка хьоьжийла ду. Кхунна кхин цкъа а кӀел сиз хьакха лаьа суна: Цунна Шена даггара шу а, со а Цуьнан белхалой, Цуьнан накъостий хилла дӀахӀитта лаьа! Цунах лаьцна къаьстташ аьлла ду ПахӀалан коринтхошка дахьийтарехь, цигахь цо яздо: «Тхойшиъ цхьаьна Далла гӀуллакх дийриг ву, ткъа шу Делан аре а, Цуьнан гӀишло а ю» (1 Ко. 3:9). Цхьаьна болх беш а, накъосталлин а, партнерийн а юкъаметтигаш йолчу адамийн, белхан накъостий боху, маьӀна ду. Паччахьан Якъубан версихь кхин а къаьсташ аьлла ду: «Вай Делаца цхьаьна болх беш долу дела». СуртхӀоттадой аша? Цуьнца доьзна юха а сайн хьалхалера хаттар до аса: цхьаьна деш-лелар доцу а, шайна юкъахь юххера кепара уьйр хилар доцу а, партнераш мичахь гина шуна?

Дезачу Синан шун воккхаха накъост а, воккхаха партнер а хила лууш хиларх лаций ойла ейша минотана. Делан Дешо боху дела: «Дезачу Синан шуьца массаьрца а цхьаьна уьйр хилар а, партнералла а хуьлийла».

## Юххера юкъаметтигаш

«Уьйр» бохучу кхетаман хӀара билгало ю — юххера юкъаметтигаш. Уггар дика иза гойту сийлахь-баккхийчу Делан божарша а, зударша а, дуккхачу шерашкахь сан тӀекере хиллачу. Суна дагадогӀу сан дуьххьара вовшахкхетар хилла волу, дуьнен чохь уггар йоккхахачу динан тобанан куьйгалхочуьнца доктор Давид Чоца, иза Кореера Сеул-гӀалахь йолу динан тоба ю. ХӀетахь иза тхо долчу тхан динан тобане дуьххьара веанера. Оцу хенахь со динан тобанан куьйгалхочун гӀоьнча вара, иза тхан гӀалахь волчу ханна

дIасаваккха везара аса. И гIуллакх дукххачу шерашкахь кхочушдинера аса доктор Чо тхо долчу вале бIеннаш тайп-тайпана динан гIуллакх кхочушдеш берш дIасабохура аса гIалахь, хIунда аьлча хьеший кест-кеста богIура тхан динан тобане. Делахь а, хIинца шадерриг а кхечу тайпана дара, хIунда аьлча иза сан машен чу ма-хиънехь, цу чохь оццу сохьтехь Дела гергахь хилар хааделира. Со, сихха бохург санна, вилхира, тIаккха сан юьхь тIехула сецацалун бIаьрхиш охьадаьхкира. Со вистцахуьлуш охьахиъна Iара, сайна цо гIуллакхдарал хьалха цуьнан сагатдан ца лаьа дела. ТIаккха ас цуьнца хабар доло сацам бира. Ас меллаша а, чIогIа кIеда а элира: «Доктор Чо, вайн машинахь Дела ву». Цо вела а къежна, корта таIийра.

ТIаьхьа аса ойла йора, мел дукха книгаш язйина, динан хьехамаш бина хIокху стага шен Дезачу Синца йолчу уьйрах лаьцна бохучун. ТIаккха суна кхин нах а дагабаьхкира, дуккха а долчу шерашкахь аса тIе а оьцуш, цхьаьна тхо хилла болу а, уьш а Дезачу Синца уьйр йолуш баьхна болу, иштта йолу уьйр лараме хиларх дийцина болу а. Аса бIеннаш динан гIуллакх дийраш тIеэцнера, амма царах масех стаг бен дагахь ца лаьттира суна, хIунда аьлча вовшахкхетар тхан хиллачу минотехь дуьйна, Веза Эла гергахь хилар хаалора суна. Ишттачех цхьаъ яра Дженни Уилкерсон, дуккха а шераш кхечарна тIера доIанаш деш даьккхина йолу, ткъа хIинца диккачу хенахь дуьйна Делаца йолу. Иза дуьххьара сан машин чу ма-хиънехь, некъа бохалла сийлаллин дIатер деанера суна. Со кхийтира, суна юххехь йолчу зудчунна Делах лаьцна хиъна а ца Iаш, цунна чIогIа юххера вевзара Дела. Цо дуккха дуьйцура Дезачу Синах лаьцна, со цуьнца вовшах мосазза кхийти а Деза Са хаадалар хуьлура.

Дукха хан йоццуш, шена чохь виъ эзар декъашхо волу

йоккхачу динан тобанна хьалха динан хьехам беш вара со. Иза США-хь, Юккъерачу Малхбузехь ю. Аса и динан хьехам Дезачу Синах лаьцна бира кӀирандийнахь Іуьйранна Далла гӀуллакх дечу хенахь, тӀаккха оццу суьйранна шшовзткъе пхеа минотехь суьйранна хуьлучу динан гуламехь бан безара аса и хьехам. Ткъа суна-м и гулам болабелчхьана ши сахьт а ца тоьира, хӀунда аьлча Дезачу Синан Шен Іалашонаш яра. Цу дийнахь Цо дукха адамашна гӀуллакх дира, иза дуьххьалдӀа инзаре хӀума дара! Эххар а, со платформе вала веззачу хенахь, шех лаьцна я кӀеда стаг ву, я догкӀеда долу стаг ву а ала йиш йоцучу, амма бӀаьрхиш деанчу динан тобанан куьйгалхочо, суна тӀе а веана, элира: «Джон, ас хӀокху динан тобанехь Іуналхо волуш гӀуллакх дечу хӀокху бархӀ шарахь суна цкъа а ца хааделла иштта чӀогӀа Далла гергахь хилар!»

Ас сихха цунна жоп делира: «Цунна кхетор ду. Тахана Іуьйранна вай Дезачу Синах лаьцна дийцира, тӀаккха хӀоразза а ахь Цунах лаьцна дуьйцучу хенахь, Цо Ша гайтаза ца долу».

Иштта юххера уьйр майрачун а, зудчун а юкъаметтигашкахь гойла ду. Цхьаболчу божарша-гӀуллакхдархоша сих-сиха шайн зударех лаьцна дуьйцу. Цара шайн кхайкхамашкахь царах лаьцна хьахадо я хабаршкахь дагадоуьйту царах лаьцна, ур-атталла уьш уллохь бацахь а. Цара шайн зударшца цхьаъ хилар гойту, тӀаккха иза цара шаьш кхетош хилла а ца Іаш, амма хийрачарна а гуш ду. ТӀаккха аша динан гӀуллакхдархочух лаьцна ойла ечу хенахь, шу цадевлла цуьнан зудчух лаьцна дагадогӀуш хуьлу. (Изза олийла ду майрачух лаьцна а, нагахь зуда динан тобанехь гӀуллакх деш елахь.) Соьга кест-кеста Лизех лаьцна хоьтту, иза соьца йоцучу хенахь, тӀаккха ас гуттара дуьйцу цунах лаьцна я яздо сайн книгаш тӀехь. Амма дуккха а кхиболу динан гӀуллакхдархой бу, шайн зударех лаьцна цхьа наггахь

бен хьахош боцу а, наггахь бен царах лаьцна дуьйцуш боцу а, цхьа наггахь бен юххехь хуьлуш боцу а. Нагахь оцу динан гIуллакхдархойх лаьцна къамел деш хилахь, шуна церан зударий дага а богIур бац.

Изза олийла ду Дезачу Синах лаьцна а. Цуьнан, Цуьнца чIогIа юххера уьйр йолу, бераш ду. Аша царах лаьцна доьшучу хенахь, шуна цу сохьта Деза Са а дагадогIур ду, хIунда аьлча кхетар хиларца шаьш дийриг Цуьнца цхьаьна до, Цуьнан лахара болу партнераш шаьш болуш санна. ЖамIехь Iийсана сий алсам хуьлу, Делан Сино Iийсан сий до дела.

Дезачу Синна шуьца юххера юкъаметтигашкахь хила лаьа. Нагахь шу Цуьнан ларам беш делахь, тIаккха Цо Ша а гойтур ву, бIостанехьа болчу хиламехь, шу, зудчуьнца дуккха а шерашкахь ваьхна волчу, гуш долу юххера хилар доцчу динан гIуллакхдархочул, жимма а гIолехь дац. Иштта адамаш вовшашна генадевлла а ца Iаш, амма уьш адамийн бIаьргаш чохь а цхьаалле дийна ца хуьлу. Цундела ойла елаш иштта чу дешнашна тIехь: «Дезачу Синан гергара а, юххера а юкъаметтигаш хуьлийла шуьца массаьрца а».

## Юххера хилар, вовшийн дика довзар

Вайн спискерачу тIаьххьарчу билгалдаккхаро юххера хилар я вовшийн дика довзар тардолуьйту. Кху дешо чIогIа аьттоне билгалдоккху уьйр хилар, цо, вай даре диначу, хьалхадогIучу дерриге а деа билгалдаккхарийн жамI до дела. Шен духехь, Вебстеран дошам тIехь уьйр хиларан билгалдаккхарех цхьаъ юххерачу юкъаметтигашна я бертадахкарна тIедогIуш ду. Юххера хилар уьйр хиларан гIоьнца бен кхиадойла дац, ткъа цо, шен рогIехь, чIогIа доттагIалла кхолладаларна тIедаладо. Вайн байтан ешаран вариантех цхьаъ иштта хезаш ю: «Дезачу

Синан юххера доттагӀалла хуьлда шуьца массаьрца а».

ТӀаккха вай юха а доттагӀаллина тӀе юхадирзи, иза уьйр хиларан чаккхенан Ӏалашо ян а йолу дела. Делан Синна шун доттагӀа хила лаьа. Цунна даггара шуьца тӀекере хила лаьа. Цунна шуна Шена хууш дерг Ӏамо лаьа, ткъа Цуьнан долалла чаккхе йоцуш ду! Иза Дела ву, тӀаккха Цунах хьулдина я къайладаьккхина цхьа а хӀума дац. Цуьнан довзар доцу, цхьа а хаарш дац. ЕшаӀ-ЯхӀус ма-аллара:

> *Везачу Элан хьекъал* довза мила кхаьчна? Цуьнан хьехамча санна хьан Ӏамийна Иза? Хьанах дагаваьлла Веза Эла? Мила ву Цунна къастор луш а, Иза нийсачу новкъа воккхуш а? Мила ву Иза кхетош а, Цунна кхетаман некъ гойтуш а? (Еш. 40:13,14, *курсив авторан).*

## Делан Са Дела ву!

Юха а боху ас: Иза Дела ву! Цуьнан хьекъалаллин а, хааран а, кхетам а доза дац, тӀаккха Иза Шена хууш дерг, шуна хьеха хьогах ву. Ойла ейша: шун цхьа мехала хаам хилча, шу даггара шайна юххера а, безаш а болчаьрца цунах лаьцна дагадовла лууш хуьлу. Изза алийла ду Синах лаьцна а. Цунна чӀогӀа дагавала лаьа шуьца Шена девзаш долчуьнца! Шу кхетий, шаьш тӀекхочийла долуш хуьлий дӀахӀуьттучу кӀоргенех? Хила тарло, шун иза хӀинца а дац, аша, шайца даим а йолуш йолу, и Делаллин юьхьша ца лехна дела? Шу цкъа-мацца а, Дезачу Синна тӀех а девлла, Ӏийсаца юкъаметтигаш дӀанисъян гӀиртиний?

Динан тобанехь, Дезачу Синца юххера юкъаметтигех кӀелхьара а буьйлуш, Ӏийсана гергабахка гӀерташ тӀехдукха

берш бу. Со дукха хан йоццуш ойла еш вара цунах лаьцна, тӀаккха сан коьрта чу ойла еара, Ӏийсан лаьттахь динан гӀуллакхдаран заманахь, яхӀудхой Делаца юкъаметтигаш, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана тӀех а буьйлуш, хила лууш бара. Цара иштта дӀахьедарш дора: «Тхо къотӀалгӀадина дац. Цхьа Да ву тхан. Иза Дела ву» (Яхьъя 8:41), я иштта: «Хьо вукх цу Стеган мурд, ткъа тхо-м Муса-пайхамаран мурдаш ду. Тхуна хаьа Дала къамел динарг Муса-пайхамар хиллий, ткъа ХӀара-м мичара ву а ца хаьа тхуна» (Яхьъя 9:28,29). Уьш шайн Делаца юкъаметтигаш хиларх тешна бара. Ма-дарра аьлча, Дела церан даг чохь вацара. Церан тешна хилар, царна, Мусагахула халкъе делла долу, Цуьнан Дош (Деза Йозанаш) хууш хиларна тӀедоьгӀна дара. Амма хаьарий те? Цара, царна дилхалахь деана а, царна юкъахь долу а и Дош, тӀелацар дӀатоьттура.

Иштта тахана а дуккха болчу тешаш болчарна, Дезачу Синна тӀех а бевлла, Ӏийсаца юкъаметтигаш хила лаьа. Амма билггал Иза ду вайна юкъахь лаьтташ, тӀаккха цхьаннан а Ӏийса юххера вовзийла дац, Иза тергал а ца деш. ТӀаккха хьалхалаьтта кхерам стенца бу аьлча, дилхалахь волу Ӏийса яхӀудхоша тергал цаварал, дуккха а атта ду Делан Са тергал цадар, хӀунда аьлча, Ӏийсах къасталуш, Синан дилха а, цӀий а доцу дела.

Ӏийсас аьлла: «Шуна Со вевзахьара, Сан Да а вевзар вара шуна. Ткъа хӀинца дуьйна дӀа Иза вовза а вевзина, ган а гина шуна» (Яхьъя 14:7). Кхечу дешнашца, Ӏийсас кхуьнца чӀагӀдо: «Шайна чохь хиллачу Дала леррина Къобалвинчун Сино йиийцина йолу хан а, хьелаш а къасто гӀиртина уьш. Цу Сино дийцина царна Дала леррина Къобалвинчун баланех лаьцна а, тӀаьхьа Цуьнца боьзна хин болчу сийлахьчу хиламех лаьцна а». «Амма изза олийла ду Дезачу Синах лаьцна. Амма

шу шайн синан лаамашца дехаш дац. Мелхо а, нагахь санна шуна чохь Делан Са дехаш делахь, Делан Синан лаамашца деха шу. Нагахь санна шух цхьаьнца Дала леррина Къобалвинчун Са дацахь, иза Цуьнан долахь вац» (1 Ки. 1:11; Рим. 8:9).

## Со санна волу, кхинаг

Ша хьалаваккхале хьалха Іийсас мурдашка элира:

> Нагахь шуна Со везахь, Ас шайна тІедиллина гІуллакхаш а кхочушде аша. Ткъа Аса Дега доьхур ду, тІаккха Цо кхин „гІо Дийриг“ лур ву шуна, Иза абаде кхаччалц шуьца хилийта. Билггал бакъдерг гойту Са лур ду шуна, дуьнене тІеэцалур доцу, шена Иза ган а ца го дела а, И довза а ца девза дела а. Ткъа шуна девза Иза, И шуьца долу дела а, шуна чохь И хир долу дела а. Байлахь дуьтур дац Ас шу. ВогІур ву Со шу долчу (Яхьъя 14:15-18).

Кху дІахьедарехь дуккха а лараме хаар ду. Долччул а хьалха тидам белаш, Іийсас юха а муьтІахьхиларх лаьцна боху — «Сан Весеташ ларделаш». Цул тІаьхьа хІара дешнаш догІу: «Тхо тешаш ду оцу дерригенна а. Ша бохург деш волчунна Дала делла Деза Са а ду оцунна теш» (Век. 5:32, курсив авторан). (ТІаккха юха а тидам белаш Дезачу Синан а, ши теш волуш санна хьахийначу, мурдийн а юххерачу юкъаметтигийн.) Кипас боху, Дала Деза Са Цунна муьтІахь волчунна ло. ТІаккха кхузахь юха а го вайна, юххехь хиларан бух, Везачу Элах кхерар ду. Вай вешан динан тобанашкахь цунах лаьцна иштта кІезиг хьехамаш стенна бо?

Инжилан Яхьъяс дІаяздинчу декъан бейтталгІачу коьрте

юхадерзарца, вайн Іийсан иштта боху дешнаш дешийла ду, Дас, Цунна мутІахь болчарна, «кхин Тедийриг» лур ву. Грекийн маттахь Керлачу Весетехь «кхинаг» боху дош санна, гочдеш ши дош ду. Цу шина дешан талларо Дезачу Синах лаьцна дуккха дерг довза гІо дийр ду вайна. Грекийн цу дешнех хьалхарниг ду — *allos*, цуьнан «оццу тайпана кхинаг» боху, маьІна ду. ШолгІа дош *heteros* ду, цуьнан маьІна ду, «кхечу тайпана кхинаг».

Кху дешнийн маьІнехь башхалла гойту, масал даладойла ду. Хуьлуьйтур вай, аша соьга стоьмаш бехна, ткъа аса шуна хьормат ло. Иза дІайиъча, аша кхин а йоьху, тІаккха ас шуна Іаж ло. Ас баккъал а шуна стом белла, амма кхечу тайпана. Нагахь аса шуна кхин а цхьа хьормат еллехьара, иза кхин стом хир бара, амма оццу тайпана болу, аьлча а иза нийсса иштта хьормат хир яра. Цо чулоцу «оццу тайпанах кхечуьнца» а {*allos*), «кхоччуш кхин тайпана кхечуьнца» (*heteros*) а, бохучунна, юкъахь йолу башхалла.

Іийсас вайн байтехь *allos* дешах пайда оьцу, оццу тайпанах кхинаг. Іийсас, ма-дарра, бохура: «Дас шуна кхин Тедийриг лур ву, нийсса Со санна, верг». Ма-дарра аьлча, кхузахь Тедийриг аьлла, билгалдаьккхина грекийн дош — иза *parakletos* ду. И дош тайп-тайпаначу шина дешах хилла: para, «вукху агІор» маьІна долчу, тІаккха *kaleoo*, «тІекхайкха» маьІна долчу. Кхузара ду *parakletos* дешан хІара маьІна — важа, цунна гІо дархьама, кхечу стеган агІор кхайкхинарг. Кху дешах юьхьенца дуьйна кхелъяран ладогІаршкахь юрист я бехкевечун ларвархо, я адвокат билгалваккхарна, пайда оьцура. Иштта, иза, цхьа-хьеннан а гІуллакхах лаьцна дехар деш верг ву, иза дехархо я адвокат ву. Билгалдаккхаран хьашто ду, Дахьийтаршкахь цу дешах цхьаазза пайда эцна, цу тІе Іийса билгалвакккхархьама (хь. 1 Я. 2:1). Цундела Іийсас

даим а вайн дехархочун я адвокатан функци кхочушъеш махиллара, нийсса иштта Деза Са а — вайн изза адвокат ду. Иза кхуза кхайкхина, вайн агӀор, вайна гӀодархьама.

Ӏийсас шен мурдашка боху: «Со шуьца ма-хиллара, иштта Иза а хир ду шуьца». Суна сих-сиха хеза, адамаша бохуш: «ЭхӀ, нагахь сан Ӏийсаца цхьаьнакхетийла хилча, ас ма дукха хеттарш дийр дара Цуьнга». Баккъаллий? Цара цу тайпана дӀахьедар даро, церан Дезачу Синца юххера ца хиларан, мадарра дерг, гойту. Нагахь уьш Дезачу Синца тӀекере бацахь, цара шаьш Ӏийсаца кхечу тайпана лелар дара, стенна лору? Ша Ӏийсас иштта тамашена дӀахьедар ма диний:

> Ткъа Аса бакъдерг боху шуьга (Яхьъя 16:7).

Цо бохург чекхдаккхале хьалха, предложенина цу юкъадалоро, даим а со инзарвоккхуш хилар, билгалдаккха пурба лойша суна. Иза Шен мурдашца кхоъ ах шарахь лелла. Цо цкъа а царех цхьанна а харцдерг а ца аьлла, цхьа а Ӏеха а ца вина. Дерриг а, цу шерашкахь Цо цаьрга аьлларг, даим а кхочушхуьлура. Амма, Иза цаьрца дагавала воллуш дерг, оццул цецдахаре хиларна, Цо Шен чӀагӀдарна хьалхаваьлла, хӀара дӀахьедан дезаш хилар лерира: «ДоттагӀий, Ас шуьга кхоччуш бакъдерг боху, Со харц ца лоь!» ХӀета, и хӀун цецвоккху дӀахьедар ду, хьовсур вай:

> Со дӀавахар гӀоле ю шуна. Нагахь Со дӀа ца вахча, шуна гӀо Дийриг вогӀур вац, ткъа Со дӀавахча, воуьйтур ву Ас Иза шуна (Яхьъя 16:7).

Шу кхетий? Минотана совца а совций, ойла ейша цу дешнийн. Цо боху, царна гӀолехь хир ду, нагахь Иза дӀаводахь. ХӀинца кхетий шу, Иза дан воллуш дерг, къаьсттина

лараме билггал бакъдолу, хIума хилла хиларх? Ерриг а Цо цаьрца йоккхучу хенахь, Иза царна Пачхьалкхах хьакхалуш долу уггаре лараме а, кIоргге а хIуманаш хьоьхуш вара. Цо цомгушнаш то а бора, белларш ден а бора, адамаш хьийзош долу вон жинаш дIа а лелхадора, мурдашна тIера ял а лора, счетех богIу мах а дIалора, тIаккха иза долор бен дацара! ТIаккха Ша дIавахча царна гIоли хир ду алийла муха ду те Цуьнан? Стенна? Цо иза, нагахь И дIаводахь, Цо царна Тедийриг вохуьйтур ву, бохуш кхетадо.

Ойла ейша, нагахь Іийса Лаьттахь виснехьара, ткъа вайна Цуьнца тIекере хила а, я Цуьнга хаттар дархьама, вайн Тель-Авиве доьдучу кеманна тIе а хевшина, аэропортехь таксин а лаьцна, Галилай дахана, цигахь каро везара Иза. Иза каро хала хир дацара, Цунна гонаха ээарнаш адамаш хуьлу дела. Амма шун, шул хьалха лаьтташ долу адамаш чекхдовллалц, латта дезар дара, тIаккха бен шу Цунна гергахьа шаршалур дацара. Амма тIаккха а шун сатийса дезар дара, Кипас хабар дукха дахдо дела, цундела иза къамелехь лекхаха хуьлу. И воцург а цигахь Зевадиин кIентий Яхьъя а, Якъуб а лаьтташ бу. Уьш а уггаре а тийна адамаш дац, цигахь кхин а, шайн даг тIе дижна долу, хаттарш дан аьтто баларе ладоьгIуш, кхин болу мурдаш а бу. И дерриге доцург а, Іийсан суткехь ялханна тIера бархI сахьтна тIекхаччалц, наб ян а, Шега хьажа а, тIаккха хан мел йолу цхьа-хIуъа яа а дезара.

Амма вайна чохь Деза Са хиларан исбаьхьалла, Цуьнан дIадижа ца дезарца доьзна ду. Шун йиш ю Цуьнца тIекере хила дийнан я буьйсанан муьлххачу а хенахь, Цо и тIекере кхечаьрца яр чекхдаларе хьежа а ца деза шун. Цуьнан берриг тидам дийнахь а буса а муьлххачу а хенахь кхоччуш а, декъа-далар доцуш а деккъа шуна тIебахийтина бу. Билггал цу тай-пана итт ээарнашкахь долчу адамийн цхьана хеннахь Цуьнца

уллора уьйр а, дагара а тӀекере хила йиш ю! Цуьнан хьуьнар хилар ду, Цуьнца йолчу дагараллех хьоьгучу вайца массаьрца а шаьш-шайца тӀекере хила. Ткъа иза а дерриг дац. Вайна кечдина кхин а цхьацца хӀума ду, цунах лаьцна кхин дӀа аьлла Ӏийсас:

> Кхин дуккха а дара Сан шуьга ала, амма цкъа хӀинца кхетар дац шу. Ткъа и бакъдерг гойтуш долу Са схьадеача, Цо билггал бакъболчу новкъа дохур ду шу, хӀунда аьлча Цо Шегара бохур дац, амма Шена хезнарг дуьйцур ду, тӀейогӀучу хенахь хиндерг хоуьйтур ду Цо шуна. Цо Сан сийлалла ойур ю, хӀунда аьлча Соьгарчух дӀа а эцна, Цо довзуьйтур ду шуна иза. Ден мел долу хӀума а Сан ду. Цундела элира Ас, Цо, Соьгарчух дӀа а эцна, шуна довзуьйтур ду иза аьлла (Яхьъя 16:12-15).

Билггал аьлча Дезачу Сино вайца къамел дечу хенахь, иза Ӏийса ву вайца вайца къамел дийриг, вайна Дегара долу Дош санна волу. ХӀаъ, церан кхаа тайпана ша-шен йолу агӀонаш елахь а, хӀоранннан Шен хьекъал, лаам, эмоциш йолуш, ткъа Церан кхоччуш долу а, вовшах къасталур доцу а цхьаалла ю. Церан цкъа а хуьлийла дац цхьатерра оцу хьажар хӀумане, я царна хетарг церан гуттара а цхьа Ӏалашо а, дагалацамаш а, лаам кхочуш бар а, цхьатерра хуьлу. Дезачу Йозанашкахь къаьстташ дина долу дӀахьедар дагадаийтийша: «ЛадогӀа, Исраилан халкъ: вайн Веза Дела – цхьа Веза Эла ву» (Кар. 6:4).

## Юкъаметтигийн кхо барам

Дезачу Йозанашкара лакхахь далийначу декъашкахь Ӏийсас, Цунна вайна дуккха а дерг дӀаделла лууш хиларх лаьцна, аьлла ду, амма церан цкъачунна и чутардойла

дац, аьлла ду. Уьш шайн Іаламехь долчу хьекъалца Делан кІоргенечу кхетамех кхета, хьолехь бацара.

Дагадаийтийша, Іийса беллачарна юкъара денвеллачул тІаьхьа, Иза итт мурдана гучуваьллера, амма ТІама царна юкъахь вацара. Дийна волу Іийса гучуваларх кхечаьргара тоьшалла а хезна, ТІамас аьлла: «Нагахь сайна Цуьнан куьйгаш тІехь хьостамех йисина чевнаш а ца гахь, сайн куьг Цуьнан агІонах йолчу чевнна чу а ца дахийтахь, хІуъа хилча а, тешар вац со» (Яхьъя 20:25).

ТІаккха Іийса царна массарна а гучувелира. Цо кхуззахь ТІамига шен пІелгаш кера юккъе а, пІендаршна юкъа а дехкина, тешар дийхира, ТІаккха ТІамин мохь белира: «Сан Веза Эла, сан Дела!» ТІаккха Іийсас ТІаме, со еххачу хенахь ца кхеташ долу, цхьа хІума элира.

> Хьо тийши, хьайна Со гина дела. Декъала бу-кх, Со гина воццушехь, Сох тешнарш (Яхьъя 20:29).

Суна Іийса ТІамица къизалле хилира аьлла хийтира, цо цунна цхьа а тайпана сатийсар хила аьтто ца битина дела, ТІамас иштта аьлла доллушехь: «Сан Веза Эла, сан Дела!» Делахь а ас нийса ойла ца йора, сайна ца хааран а, гІалате ойла яран а бахьанехь. ТІаьхьа Дезачу Сино Іийсас аьллачун къаьстташ дерг чудиллира. Иза ТІамица луьра ца хилира, долччул сиха, Цо дуьххьалдІа цхьадолу ма-дарра дерш билгалдехира. Іийсас дуьххьалдІа элира, Иза дегІаца йолчу агІонан бахьанехь вевзачу адамашна, цкъа а Иза кІорггера вовзийла дац, Иза шайн синца вевзачарех къасталуш а волуш. Билггал цундела Цо тІаьхьара болчарах декъала бу, элира.

Хьовсийша векале ПахІале. Иза цкъа а Іийсаца ца леллера,

Кипа а, бисина болу мурдаш а санна. Цунна Іийса Дезачу Синан довзийтинчуьнца вевзинера. Цо яздора:

> Аса дІахоуьйту шуьга, динан вежарий, йижарий, ас шуна кхайкхийна хаза кхаъ адамашкара боцийла. ХІунда аьлча аса и хаза кхаъ адамашкара тІеэцна а бацара, амма Дала леррина къобалвинчу Іийсас и кхаъ суна бовзийтина хилар бахьана долуш, ас и кхаъ тІеийцира. Шуна хезна-кх сох лаьцна, хьалха бакъволу жуьгти хилла леллачу хенахь со муха вара. Шуна хаьа, мел къиза тІаьхьаваьллера со Іийсах тешначийн Делан долахь йолчу тобанашна, уьш хІаллак а еш. Сайн тайпанара болчу жуьгтийн нийсархошна юкъахь, сайн дайша лелийна Іадаташ лардар тІехь хьалхе йоккхуш стаг вара со. Со дуьненна тІе а валале, со къастийначу Дала, Ша суна динчу диканца, суна хьалха Шен КІант дІахІоттийра, Цунах лаьцна болу хаза кхаъ, жуьгтий боцучу, кхечу къаьмнех болчарна а кхайкхорхьама. Со ца вахара цхьанна а адамах дагавала а, я Ярушалайм-гІала а ца вахара со, сол хьалха векалш хилла болчарна тІе. Амма со Іаьрби-махка а вахана, тІаккха Дамасакх-гІала юхавирзира (Гал. 1:11-17).

Цхьа хан яьлча ПахІал шен Везачу Элаца йолчу юкъаметтигашкахь кхиболу векалш тІе ца кхиъна кІоргенашка кхаьчна. Кипас шен дахьийтаршкахь ур-атталла хьахадо и ма-дарра дерг:

> Вайн Везачу Элан собаре хилар вайн кІелхьардовлар ларалаш, шена деллачу хьекъалца вайн хьомечу вашас ПахІала шуьга яз-ма-дарра. Цо цунах лаьцна дуьйцу шен массо а кехаташ тІехь. Кхета хала хІуманаш

> ду царна тӀехь, цундела кӀорггера хаарш доцучу а, *динехь чӀогӀа боцучу а наха,* кхидолу Деза Йозанаш санна, талхадо уьш, цу бахьаненна шаьш хӀаллак а хуьлуьйтуш (2 Ки. 3:15,16, *курсив авторан).*

Иштта ду! Кипа Ша Устазаца кхоъ ах шарахь лийлира, ткъа ПахӀална Иза лаьттахь гӀуллакх дечу хенахь ца вевзара, амма хӀетте а иза Дала леррина Къобалвинчун Ӏаламах а, Цуьнан некъех а лаьцна ур-атталла Кипина а кхетарна хала долчух, дагавуьйлура. Стенна? Кипа, долччул а сиха, Ӏийсас деш а, бохуш а долчух вузуш вара, тӀаккха цу гӀуллакхо Ӏийсаца юххера хила алсам кӀоргечу бараме дехьавала новкъарло йора. Цундела аьлла Ӏийсас: «Кхин а дуккха ду сан шуьга ала; амма шуьга иза чутардолуьйтийла дац. ТӀаккха Иза, билггал бакъдолу Са схьадеача, шу муьлххачу а бакъдолчунна тӀедерзор ду».

Кхин а цхьа масала ду вайна цхьа муьлххачу а барамехь цу хаттарна серло Ӏаналойла долу. Доьху шуьга, сох нийса кхеталаш, кху масалига хьалхара бух болуш санна, хьовсийла дац, тӀаккха вай иза кхеторна бен ца оьцу. Сурт хӀоттадейша шайна, Интернетехула довза а девзина, цкъа а вовшийн гина а доцуш долчу адамийн. Иштаниг сих-сиха хуьлу, тӀаккха и вовшийн тӀеийзор, безамехьа долу, ур-атталла ламастийн кепара долчул а чӀогӀа а долуш.

И сетехула болчу безаман оццул чӀогӀа хиларна, ур-атталла брак йохайойла ду. Суна цхьа суьйре дагайогӀу, гулам чекхбаьллачул тӀаьхьа, суна жима ши бер долу, къона стаг гира. Суна цуьнгахь сингаттам хилар гира. Ас цунна тӀе а вахана, хьан дерриг а низамехь дуй, хьаьттира.

Цо элира: «Дац, сан зуда, Интернетехула вевзинчу цхьана стаге дӀаяхана соьгара».

Кхин дIа цо дийцира, цо иза витина а ца Iаш, амма шена цкъа а бIаьрга гина воцчу стеган дуьхьа, ялх бер а дитина. Церан вовшашка безам баханера Интернетехула уьйр хиларехула.

Амма дикачунна тIе юхадоьрзур вай. Дуккхачу хенахь бинчу тидамашкахула суна гира, вовшашка кхеташ яздарехула я тIекхочехь боцуш вовшийн довзар хилла, безам баханчу адамийн, уллора хетар дуккха а кIорггера хиларе кхачар наггахь, вовшашна тIекхочехь а болуш, вовшийн гар долчу адамийн чул. Цуьнан бахьана ду, вовшийн гуш хиларан дозанах чекх а бевлла, вовшийн даг чохь долчух хьакхабала церан йиш хилар. Дукхахьолахь, адамийн вовшийн довзар хуьлучу хенахь, уьш тIехула долчуьнга хьажаро, хазалло я кхечу гуш йолчу агIонаша бIаьрган нур дойу церан, тIаккха оцу адаман чохь билггал доллург гар ца хуьлу церан.

ДIабаханчу коьртехь аса ма-аллара, вовшашца йолу тIекере кхаа барамехь хуьлу — дешнаш аларехула хIоттош йолу юкъаметтиг, цхьаьна цхьа гIуллакх дарехула кхоллало тIекере иштта синойн хьашташкахула кхоллало юкаметтиг а. Юкъаметтигашкахь я вовшийн довзарехь а иштта кхо барам бу. Лахара барам — иза дегIаца я Iаламехь берг бу. Халахетахь а, билггал цу барамо сих-сиха дуккха а берш хьалхатоьтту брак яре, физически агIоно шен тамехь хилар дойу, дела. Стаг сих-сиха шена тамехьа долчуьнгахьа дIавоьрзу, масала спортехьа а, динан гIуллакхдарехьа а, ткъа зударша туьканашка леларх а, доттагIашца уьр хиларх а там хуьлуьйту. И дерриг а чIогIа сингаттаме ду.

Кхин дIа богIу синан я юьхьша барам. Иза Дауд ЯхIунатаца юххера варан барам бу. Вай йоьшу: «Дауд Шаулаца къамел дина ваьлча, цуьнан а, ЯхIунатин а юкъаметтиг кхин а чIагIъелира, цунна иза, ша-шена санна, дукхавезавелира» (Шам.

18:1). Дауда, шен доттагI валхош, бохура: «Ма гIайгIане ву со, сан ваша ЯхIуната! Суна хьо чIогIа хьомсара вара. Зударийн соьца болчу безамал а, хьан безам суна беза бара» (Дад. 1:26). Даудан ЯхIунатца йолчу юкъаметтигашкахь цхьана а тайпана талхор дацара, иштта цхьана а вовшахкхетарехула хуьлу безам бацара, амма уьш лаккхарчу барамехь хуьлучу кIорггера дагара хааре кхаьчнера, ткъа иза дуккха а сов ницкъ болуш ду, вовшахкхетарал. Дауда тIечIагIдира иза, шен ЯхIунате болу безам, зудчун хуьлучу безамал боккха хилар дIахьедарца. Церан вовшийн вовзар лакхаро болчу хааран барамехь дара, иза синойн барамехь долу вовзар дара. Иштта болчу барамера йолчу юкъаметтигех кхетаро, кхетам бохьу адамаша шайн доьзал а буьту, шайн довзар телефонехула, кехаташ яздарехула я Интернетехула хиллачун дуьхьа бохучух.

Делахь а вовшийн довзаран уггаре лаккхара барам синан лакхалле барам бу. ХIара боху цунах лаьцна ПахIала:

> Адамех хьанна хаьа, кхечу адамна чохь дерг, цу адамна чохь долчу шен синна бен? Иштта Делан ойланаш а ца евза цхьанна а, Делан Шен Синна бен. Вай тIеэцнарг кху дуьненахь болчийн кхетамехь долу са дац, ткъа Делера схьадолу Са ду, Дала Шегара делларг вайна довзийтархьама (1 Ко. 2:11,12).

Билггал синан лакхаллечу барамехь вевзина ПахIална Iийса. И хотя Петр тоже знал Его на этом уровне, скорее всего, он часто возвращался назад, к воспоминаниям того времени, когда они ходили вместе с Иисусом во плоти. Цу бахьанина ПахIала чIогIа къаьстташ долу дIахьедар до:

> Цундела хIинца дуьйна цхьа а адам кху дуьнен чуьра болчара санна ца лору оха. Нагахь Дала леррина

> Къобалвинарг оха кху дуьнен чуьра болчара санна лерина хиллехь а, хӀинца оха иштта кхин ца лору Иза (2 Ко. 5:16).

Нагахь вай Дела юххера а, ма-дарра а вовза лууш делахь, вай кхето деза, Цо вайна, Цуьнан довзийтарш вайна дилханц а доцу, ткъа Синца хилар давза, сийлахь декъалдар делла.

Билггал иштта ду! Ас сатуьйсу, шу а, со санна, синтем байна хиларх. Ма цецдохучу Везачу Элана гӀуллакх деш ду вай! Цунна уггаре а кӀоргачу кепара даггара дӀавеллавала лаьа вайна. Билггал Цунна хьалха лиъна вайца и юххера хилар. ДӀагӀерташ дуй те хӀинца шун дог Веза Эла вовзаран хьогалла зен?

## Темица доьзна хаттарш

1. Аша цкъа-мацца а доӀа диний те Деле, Цуьнга шаьш стигалшка дӀаэцахьара бохуш? Муьлхачу хьелаша меттахдехира шу цу гӀулкхана?
2. Динан тобанера дуккха а болу тешаш берш, Дезачу Синца юххера юкъаметтигашна тӀех а бевлла, Ӏийсана гергахь хила гӀерта, массарна а Дезачу Синан гӀоьнца бен, цхьанна а Ӏийса вовзийла доцийла хуъушехь. ХӀунда хуьлу иштттаниг?
3. Шун шайн зедаларна тӀедоьгӀна, цу дӀахьедаран билггал бакъхилар тӀечӀагӀдойла дуй?
4. Вайна а, Дезачу Синна а юкъарчу юххерачу юкъаметтигех ойла ярца, алийша, мухачу кепара Ӏаткъам бо, Цуьнан юххехь хиларо шайн дог Далла хьалха далхо хьунар хиларна? Дуй те шун дахарехь цхьа-хӀуъа а, шуна Делах къайладаккха лууш долу?

Корта 11

# ДАДАС ЛУР ДУ АЬЛЛАРГ

Шун тешар доцучунна тӀехь, декъалалла
хуьлийла дац шуна.

Дала леррина къобалвина волу Іийса КӀелхьардохург хилар суна девзира І979 шарахь Іийсах тешар хьоьхуш йолчу университетехь сайца доьшуш волчу Purdue-хула. Кхечу некъа тӀе а ваьлла Дала леррина къобалвина Іийса сайн Веза Эла хилар аса къобалдича, сан юха кхоллавалар хилира Делан Олаллехь. Делан Йозанаш тӀехь боху, «Іийса Веза Эла ву!» – бохург хьайн баганца ахь къобалдахь, Дала Иза веллачуьра денвина хиларх хьо даггара тешахь, хьо кӀелхьарваьккхина хир ву. ХӀунда аьлча даггарчу тешаро стаг Далла хьалха бакъвина хиларна тӀевалаво. Делан Йозано боху: «Муьлхха а Цунах тешаш верг юьхьӀаьржачу хӀуттур вац» (Рим. 10:9-11).

Сан шеко а яцара со кӀелхьарваккхарх. Цунах лаьцна

тоьшалла дора сан даго, ткъа Делан Йозано тоьшалла дора и бакъ хилар. Делахь а, сан дахарехь цхьа тоам бацар хаалора суна, масех баттахь хIуъа а хилча а, иза хIун ду те бохучух ца кхетара со. Веза Эла юьстах ваьлла лаьтташ санна хеталора суна, со Цуьнан бер хиларх сан тешар доллушехь. Аса Делан Йозанаш доьшучу хенахь, со дохкана юкъа волуш санна хеталора суна. Айса доьшучу декъах кхета хала дара суна, кIеззиг долчух бен ца кхетара со, айса иза вуно леррина доьшушшехь. Иштта сайна тIехIуьттучу дахаран халонаш тIехь толам баккха хьекъал ца кхочура сан. Университетехь соьца доьшучу сан нийсарша сайна бечу боккхачу ницкъана дуьхьалвала, сайн ницкъ ца кхочуш санна хеталора суна, цара бохучунна дуьхьало а ца ялора суна.

Хенан йохалла, Везачу Элана сол гергахь лаьтташ долу адамаш девзира суна. Цара Цунах лаьцна исбаьхьа хIуманаш дуьйцура, суна чул дуккха а уллора шайна Иза вевзаш санна. Со ца кхетара цунах. ХIунда дара церан, сан доцург хила йиш хилар? Дала хIунда деллера те царна, сан доцу, оццул Шена гергахь хилар? Церан, сан хила йиш йоцу, Везачу Элах кIорггера кхета ницкъ болуш санна хеталора. Цул тIаьхьа Делан Йозанаш Iаморехула со кхийтира, Везачу Элаца кхин а цкъа сан вовшахкхетар хила дезарх, хIетталц сан дагна иза хааделла доцу.

## Дадас лур ду аьлларг

Хьовсий вай, Делан Йозанаш доьшуш суна хааделлачуьнга:

> Цкъа, векалш шуьне гул а бина, Цо *омра дира* цаьрга: «Ярушалайм-гIалара дIа а ма довла, Аса шуна дийцинчу, Дадас шуна лур ду аьллачу дикане сатуьйсуш а хила. ХIунда аьлча Яхьъяс шу хих чекхдехироа, ткъа масех де даьлча, шу Делан Синах

> дузур ду». Мурдаша, гул а белла, хаьттира Іийсага: «Эла, Ахьа Исраилан пачхьалкх юха меттахІоттайо хан тІе ца кхаьчна?» – аьлла (Век. 1:4-6, *курсив авторан).*

Іийсас Шех тешначаьрга, цхьанхьа дІа а ма гІо, динан хьехамаш ма бе, динан гуламаш а ма кхолла, шайна тІедиллинарг а кхочуш ма де, шайна «Дадас лур ду аьлларг» кхаччалц, элира. И лур ду аьлларг, Дезачу Синах дузар бохург дара. Іийсас хІокху аятехь схьаэцна долу «дузар» боху дош, грекахойн маттара baptizo боху дош ду, «хих ваккхар, хи чу виллар, тІехдалар» маьІна долу. Цу тайпана Іийсас уьш кхетийра, церан хІетталц хилла доцу Дезачу Синах дузар хила дезарх, Іийса веллачуьра денлург хиларх а, Цуьнан карахь олалла хиларх а церан тешар а долуш, Цуьнан тешаме мурдаш уьш хиллехь а.

Уггар хьалха аса тидам бира, Дезачу Синах дузар хила тарло я хила йиш ю, я хилча дика хир дара бохург а доцуш, – иза буьйра хиларх! ТІедилларш вайна диканна, вай лардарна, дерриге Олаллина пайденна хилийта а луш хуьлу. Везачу Элан тІедилларш тІехула долчу хьажарца дита мегар дац, хІунда аьлча уьш вайна пайденна а, иштта Делан Олаллина пайденна а кхуллуш хуьлу.

Дадас, нагахь цара Цуьнан тІедиллар кхочушдахь лур ду аьлларг хІун ду царна ца хаьара. Иза хиллера Іийса стиглашка хьалаваьккхинчу хенал тІаьхьа итт де даьлча. Бакъахьа хир ду, Іийса Шен хьалаваккхар хиллачул тІаьхьа Цунах тешначу пхи бІе адамана хьалха хІоттар (хь. 1 Кор. 15:6), амма Иза хьалаваккхар хиллачул тІаьхьа итт де даьлча, цІийнан лакхарчу чоьнашкахь цхьа бІе ткъа адам бен ца диснера бохург вай тидаме эцар. Со кхоччуш тешна ву, оцу пхи бІе адамо Дадас лур аьлларг кхочушхиларе ладоьгІна хиларх, амма хан

мел ели адамийн собар ца кхаьчна, даг чу шеко тесна, тешар ца тоьъна я кхечу бахьанашна цигахь оццул хиллачу адамах, кIеззиг долу дакъа а бен дисина ца хилла. Дагахь баллам буьсу, пхеа стагах веаммо Iийсас тIедиллинарг кхочуш ца дина хиларх.

Амма бисинарш ойланийн цхьаалла йолуш бара, шайна оьшу хьашташ кхочушдарна белла бара уьш. Цара ца магадира шайн дегнашна, Iийсас аьлларг тIехула йинчу ойланца дита, Цо тIедиллинчух лаьцна кхечу тайпана ойла ян а ца гIертара уьш. Со кхоччуш тешна ву, цара сацам бина хиларх, Устазо и тIедиллина дела, чакхенга кхаччалц ладогIа. Цу тайпана, Iийсас тIедиллинарг ларамца тIеэцнарш бен ца бисинера Делан. КхидIа вай доьшу:

> Жуьгтийн «ШавуIотд» цIе йолчу ялта чудерзоран дезачу дийнахь массо а векал цхьаьнакххийтийра. ЦIеххьана, чIогIа хьаькхначу махах тера а йолуш, стигалара цхьа гIовгIа хезира. Цо уьш чохь болу дерриг а цIа дуьзира. Йогучу цIеран алунех тера долу меттанаш гира векалшна. Уьш, декъа а делла, кхарна хIоранна тIехула севцира. Делан Синах а буьзна, Цо шайна деллачу похIмица тайп-тайпана меттанаш дийца буьйлабелира векалш (Век. 2:1-4).

Иза Пасахьан деза де чекхдаьллачу шовзткъе уьтталгIачу дийнахь дара, ткъа и дош Керла Весет кхоьллича юкъадаьлла дацара, хIунда аьлча иштта олура Исрал-махкахь даздечу даккхийчех цхьаъ долчу дезачу дийнах. Тидам белаш, уьш билггал Дезачу Синах буьзнера, я хих чекхбевллера Iийсас хьалххехь дIахьедина ма-хиллара. Иза дара Дадас лур ду аьлларг, ткъа и хилларг кхечу меттанашкахь цара дийцарца доьзна дара.

Цхьаберш тахана оцу кхечу меттанашкахь дийцар бохучух ца кхета я иза цкъа къайле йолу хIума ду аьлла хета царна, билггал и хIун ду шайна ца хаьа дела. Делан Йозанаш тIехь кхечу меттанашкахь дийцарх лаьцна бохучу хенахь, аса а изза хIинца дийриг ма-хиллара, шуна бевзаш боцучу маттахь дийцар бохучух лаьцна олу. Вай и дешнаш даладо Делан Йозанашца доьзна доцучух лаьцна олучу хенахь а. Кхечу махкара волчуьнца ингалсан маттахь шаьш къамел дечу хенахь, аша цуьнга хотту, хьан ненан мотт муьлханиг бу, олий. Шуна хаа луург ду, бераллехь муьлха мотт бийца волавелира иза бохург.

И чIогIа хьаькхначу махах тера йолу гIовгIа ялар Делан Са дуьххьара, Шена гуттара а хила луучу динан тобанашкара къаьстийна долчу адамашна чу доссарца доьзна дара. Делан Йозанаш тIехь аьлла дац, и Са мох бу, тешна и гIовгIа Иза охьадуссуш яьлла хир яра.

## Дуьхь-дуьхьал долу некъаш

ХIокху меттехь сан тидам тIебаханчу цхьа тамашиначу хIуманах лаьцна дуьйцур дара аса. Иблисо а, цуьнан джинийн эскаро а Далла дуьхьал долу гIуллакхаш леладо, Делан некъаш гамдархьама. Делан Са адамана чу догIучу хенахь, Цо иза гIалат далар хуьлийла а доцучу кепара до. Цо адам Шех дузучу хенахь, адамашна я го, я хеза Цо дийриг. Цунах лаьцна долу тоьшалла вайна го Векалийн цIе йолчу тептаран кхечу дийцаршкахула а. Амма Деза Са дIадоьдучу хенахь, Цо иза меллаша а, ца гойтуш а до. ДагадогIий шуна, Далидас Шамшоне цунна тIе пIелаштамхой богIуш бу аьлча, цо сихонца когаш тIе а хIьоттина, элира:

> ПIелаштамхой хьуна тIебогIуш бу Шамшон!» Сама а ваьлла, цо элира: «Ваха а вахана, хьалха санна,

> кIелхьарвер ву со!» *Цунна ца хаьара,* Везачу Эло ша витинийла (Куьйг. 16:20, *курсив авторан).*

Шамшонна ца хаьара, Везачу Эло ша Iадвитнийла, хIунда аьлча Делан Са Ша дIадоьдуш гуттара а дукха тийна доьду. Ткъа жинаш, шаьш адамана чу довлучу хенахь, мелхо а, дукха тийна а, къайлаха а довлу, амма шаьш адамана чуьра дIадаха дезачу хенахь, дукхахьолахь, шаьш дуй хоуьйтуш, гIовгIанца дIадоьлху уьш (цунах лаьцна дерг Инжилан дерриг а тептарш тIехь го вайна).

## Лур ду аьлларг массарна а догIуш ду

Ткъа хIинца юха а оцу Дезачу Шовзткъе уьтталгIачу денна тIе доьрзур ду вай. Цу хенахь Ярушалайме оцу дезачу дийнахь дуьненан массо а маьIIера яхIудхой гулбеллера. Адамашна махан гIовгIа хезча, Iийсан мурдаш болчу оцу метте вуно дукха адам гулделлера. Адамаш инзардевллера, Iилма Iамийна а боцучу мурдаша Делан тамашийначу гIуллакххех лаьцна шайн ненан меттанашкахь а, шайгахьа узуш буьйцучу меттанашкахь а дийцарх. Цецбевллачу ладогIархоша аз айдеш бохура: «ХIара хIун ду те дерриг а?»

Царна тамашийна хетар а, хаа лаам церан хилар а гина, Кипа хьалагIаьттира, баьхкинчу массарна а Iийсах лаьцна хьехам бархьама. Шен къамел чекхдолуш цо элира:

> Дала Iийса денвира, вай Цуьнан тешаш а ду. Иштта Делан аьтту куьйга хьалаваьккхинчу Цо Дегара Шена лур ду аьлла Делан Са схьаийцира. Iийсас кхочушдира *тахана шуна гуш а, хезаш а дер*г (Век. 2:32,33, курсив авторан).

Тидам белаш, цо элира, лур ду аьлла долу Деза Са ган а,

хаза а йиш хиларх лаьцна. Алийша шаьш-шайга: «ган а, хаза а». ЧIогIа лараме ду, вайна иза дагахь латтар, кхидIа долчу аятех вай кхетархьама.

> Кипас элира цаьрга: «Шух хIора а Далла тIе а верзий, шаьш хих чекхдахийта Iийсан дуьхьа, шайн къиношна гечдайтархьама. ТIаккха шуна совгIат санна Делан Са лур ду. *И совгIат дукха хенахь дуьйна* а лур ду аьлла дара шуна а, шун берашна а, *шуна тIаьхьабогIучу, Дала тIекхойкхун болчу массарна а* (Век. 2:38,39, *курсив авторан).*

Леррина ойла елаш, царна гина долу а, хезна долу а и лур ду аьлларг, вайн Дела волчу Везачу Эло тIе мел кхайкхинчу хийра болчарна а догIуш хиларан. Кхечу тайпана аьлча, оцу мурдашна цIийнан лакхарчу чохь делларг, Везачу Эло Шена тIе мел кхайкхинчунна а лур ду аьлла, цу юкъа вай а догIу!

Ткъа хIинца аса сихонца дерриг аяташ далор ду шуна, Керлачу Весет тIехь Делан Са шайна деллачу адамех лаьцна долу. Вайна кхин а йиъ меттиг евза цунах лаьцна йолу. Амма хIокху шина агIонна тIе тидам бахийталаш. Цкъа-делахь, оцу юьйцучу меттигашкахь, цхьаъ йоцучун, иза хиллера Дала леррина къобалвина Iийса шен Веза Эла хилар тIе эцарх къаьстинчу меттехь. ШолгIа-делахь, оцу хIора меттигехь уллохь лаьттинчу тешийн йиш яра Деза Са тIеэцар а, Цунах дузар а хиллачу адамашца хилларг ган а, хаза а.

## Шамран-мохк

Пилапа, Шамран-махкарчу цхьана гIала а вахана, Iийсах лаьцна кхайкхамаш бора. Цуьнга ладогIа дукха адам деанера. Инзаречу тамашийначу гIуллакхийн тешаш хилира

адамаш, «Телхинчу дуккха а нахана чуьра жинаш маьхьарца арадуьйлура, меттахь биснарш а, заьIапнаш а толора» (Век. 8:7). И кхайкхамаш хезначул тIаьхьа хилларг онда ницкъ болуш дара, гIала хазахетарх юьзнера, цунах лаьцна вайн деша йиш хиларе терра:

> Амма Делан олаллех а, Iийса Дала къобалвина хиларх а хаза кхаъ кхайкхочу Пилапа шаьш тешийча, оцу гIалара божарша а, зударша а шаьш хих чекхбохуьйтура. ШамIас, теша а тешна, ша а хих чекхваккхийтира. Массанхьахула а Пилапана тIаьхьа а хIоьттина лелара иза, цо лелочу инзаречу хIуманех а, тамашийна гIуллакхех а цецвуьйлуш … (Век. 8:12, 13).

Нах тийшира Дала леррина къобалвинчу Iийсас беанчу Хазачу Кхоах, уьш хих чекхбовлура. ХIинца, Делан Йозанаша ма-аллара, Делан Олалле кхачар хуьлуш, юхакхоллабалар хиллера церан. Ткъа вай кхидIа доьшу:

> Ярушалаймехь болчу векалша, Шамран-махкарчу наха Делан дош тIеэцна аьлла шайна хезча, цига Кипий, Яхьъяй вахийтира. Цу шиммо, схьа а веана, доIа дира, и дош тIеэцначарна Делан Са тIелацар доьхуш. ХIунда аьлча царна тIе цхьанна а Делан Са доьссина дацара. Уьш Iийса-Элан дуьхьа хих чекхбаьхна бен бацара (Век. 8:14-16).

Кхузахь кхин а цхьа тоьшалла го вайна, уьш Делан Олалле кхачарна юхакхоллабелла хиларан. Цунна тоьшалла до, «уьш Веза Эла волчу Iийсан цIарах Дезачу Синах буьзна хиларо». Цхьа а шеко яц, уьш, боданан олаллера схьа а баьхна, хIинца Делан доьзале бевлла хиларан. Уьш юхакхоллабалар хилла

нах хиллехь а, цкъа хIинца а Дезачу Синах буьзна бацара уьш.

Аша хатта тарло, церан кIелхьарбовлар муха хуьлура, Делан Йозанаш тIехь билггал аьлла ма ду: «Цундела аса шуьга боху, Делан Синехула олучуьнга бен, цхьаьнгге а алалур дац: «Iийса – Веза Эла ву» (1 Кор. 12:3). Иза бакъ ду, вайн йиш яц Iийсан олалла къобалдан Дезачу Синан гIоьнца бен, амма иза орамехь цхьаьна ца догIу Дезачу Синах дузар бохучуьнца. Вай Iийсах тешар тIеоьцучу меттехь Дезачу Сино вай цIандо, вайна тIе мухIар туху, вайна чу а дуссу (хь. Кип. 1:2; Эпас.1:13; Рим. 8:9-11), амма вайн Цунах дузар ца хуьлу вай Стиглашкарчу Дега Iийсан цIарах деххалц. ХIунда аьлча Дезачу Йозанаша боху:

> Шаьш мел къиза делахь а, шайн берашна оьшург аша луш хилча, стигалахь волчу шайн Дас муххале а доьхучунна Шен Деза Са лур дуйла хоуьйла шуна (Лак. 11:13).

Оцу аято бохучуьнца доьзча, и лур ду аьлларг Стигаларчу Ден бераш хиллачарна доьгIна дара. Билггал бакъдерг гойту Са лур ду шуна, дуьнене тIеэцалур доцу, шена Иза ган а ца го дела а, И довза а ца девза дела (Яхьъя14:17). Iийсас аьллачу оцу дешнаша вайна гойту, и хилларг Делан Олалле кхачар хуьлуьйтучу адам карладаларх дIакъастийна хилар.

ХIинца юхадерзий вай Шамран-махкарчу нахана тIе.

> Кипас а, Яхьъяс а царна тIехула куьйгаш лецира, тIаккха Iийсах тешначара Делан Са тIеийцира. Делан Са, векалша куьйгаш лаьцча, дуссуш хилар *шена гича,* ШамIас цаьрга ахча кховдийра: «Суна а лойша и бакъо, – бохура цо, – Ас куьйгаш тIехула лаьцначунна Делан Са лур долуш» (Век. 8:17-19, *курсив авторан).*

Оцу Іийсах тешначара шайн кІелхьардовлар хиллачул тІаьхьа тІеэцнера Делан Са. Вайга билггал схьабоху, оцу наха кхечу маттахь дуьйцура. Ткъа ШамІас ахча хІунда кховдийра векалшка? Делан Йозано чІагІдо, цунна оцу наха Делан Са тІеэцар гина хилар. Цунна тоьшалла дора билггал гуш хиллачо, ткъа иза дара кхечу меттанашца цара дийцар, ткъа иза кхоччуш цхьаьна догІу Керлачу Весет тІехь тешначара Делан Са тІеэцарх лаьцна дуьйцучу кхечу меттигашца. Шамран-махкахь хиллачух лаьцна Делан Йозанаш тІехь дуьйцучун таллам бича, вайна го, цкъа-делахь, Делан Са тІеэцар тешар тІеэцарх къаьстина долу хІума хилар, ткъа, шолгІа-делахь, уллохь лаьтташ хиллачу нахана тоьшалла деш йолу, тІехула гуш дерг а гина хилар.

## Эпас

ПахІал-векал а, цуьнца берш а Эпасе баьхкира, цигахь масех мурд карийра царна. Уггар хьалха цара хаттар дира мурдашка:

> Шаьш Іийсах тешначу хенахь Делан Са тІеийцирий аша? (Век. 19:2).

Изза хаттар дала деза вай хІинцца Іийсах тешар хиллачу нахе а. Ур-атталла цхьа сахьт а дала ца деза Везачу Элаца а, Іийсах лаьцна тоьшалла дан вайн болчу ницкъаца а уьйр йоцуш (хь. Век. 1:8).

Эпасерачу оцу мурдашна Дезачу Синах лаьцна хезна а дацара, Яхьъя-пайхамаро хих чекхбахар бен. Цундела ПахІала, цуьнца болчара Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула хуьлуш долчу кІелхьарваларх лаьцна дийцира царна. Кхин дІа вай доьшу:

> И шайна хезча, цара Везачу Элан Іийсан дола довлуш, хих чекхдахийтира (Век. 19:5).

ХІинца, Делан Йозанаша ма-аллара, церан Делан Олалле кхачар хуьлуьйтуш долу юхакхоллабалар хилира, Іийса шайн Веза Эла хилар тІе а оьцуш, уьш хих чекхбовларна. КхидІа вайна хаало:

> ПахІала тІе куьйгаш а дехкина, царна тІе Делан Са доьссича, уьш тайп-тайпана тамашийна меттанаш дийца а, Делера болу хаам бан а хІиттира (Век. 19:6).

Эццахь, шаьш Делан Синах буьзча, уьш тайп-тайпанара меттанаш дийца а, Делера болу хаам бан а буьйлабелира, тІаккха и Іийсан дола бовлар, хих чекхбовлар ма хиллинехь, юха а уллохь болчу нахана и Дас лур ду аьлларг кхочушхилар ган а, хаза а йиш хилира.

Делера хаам бар бохург «Делан Синах бузарехула олург ду». Кипас оцу Пятидесятница бохучу дийнахь, ша динан кхайкхам беш, Делера болу хаам бира, и бахьанехь эзарнашкахь долчу адаман Делан Олалле кхачар хилира. Цхьа а бина кечам боцуш, я ша ала дезарг Іамийна а доцуш бира цо Делан Дашах лаьцна кхайкхам. Иза Сино ма-хьоьхху бина кхайкхам бара. Оцу Эпасехь долчу адамашна Делан Синах шаьш дуззалц, кІезиг хаьара Делан некъех лаьцна дерг, ткъа хІинца, Делан Синах дузар хиллачул тІаьхьа, цара оцу Сино ма-хьоьхху, дІахьедора Делан Дош.

Изза хуьлу Делан Синах дуьзначу хІорра адамца а. Устаз Ша веха вайна чохь, тІаккха Делан ерриг ойла йовзар чІагІло вайн. Делан Са айса тІеэццалц Делан Дош, Цуьнан некъаш ма-бохху гучу ца довлура суна. Амма цул тІаьхьа дерриг а хийцаделира. Делан Йозанех дика кхетар деара

суна. Со дуккхазза а теш вара, шаьш масех шарахь тешар долуш боллушехь, Дезачу Синах дузар хиланза болчу наха, и хиллачул тIаьхьа иштта олуш: «Сан вуно дукха хаттарш дара, амма хIинца дерриг жоьпаш деана суна», я «Делан Йозанаш дукха кхетаме долу тептар ду суна».

Ишттачу тоьшаллашца цхьаьна цхьацца тIетаьIIина Йозанийн таллам бечу, Везачу Элах тешар хиллачу, амма Делан Са тIеэцар ца хиллачу наха, шаьш Делан Йозанех лаьцна дуьйцуш, и Делан Са шайца долчара хьохург дуьйцуш а хезнера суна. Шаьш царал кхузза сов Iилма Iамошшехь, Делан Синах дуьзна адамаш Делан Йозанех оццул дика кхетарх цецбуьйлура уьш. Цу тайпана долу дIахьедар сайна хезча, аса олу: «Иза дукха цхьалха хIума ду, тешар долчу, амма Синах буьзна боцучу нехан Дезачу Сино луш болу кхетам кхоччуш ца хуьлу». Амма Делан бер долчу хIораннан а йиш ю Делан Синах дуза, хIунда аьлча Иза Iийсан цIарах доьхучу хIоранна лур ду аьлла Дала! Делан вайга болу къинхетам боккха бу!

Цу тайпана, Эпасехь тешар долчу наха Делан Са тIеэцар, Шамран-махкахь а ма-хиллара, Веза Эла тIеэцар хиллачул а, цхьа къаьсттина ша тайпана хIума дара, цу хенахь а, уллохь лаьттачу нахана оцу хиллачун тIехула йолу агIо гучуелира.

## Векал ПахIал

Векалийн цIе йолчу тептаран уьссалгIачу коьртехь, вайна ПахIал санна вевзаш волу, Шаул Дамасакъе ваха новкъаваьллера, Iийсах тешар хиллачу нахана таIзар дайтархьама. ЦIеххьана бIаьрса дойуш йолу стиглашкара йогIу серло а гира, Везачу Элан аз а хезира цунна, шега хаттар деш долу:

«Маржа Шаул яI! Соьга бала хIунда хьоьгуьйту ахь?»
«Хьо мила ву, Веза Эла?» – хьаьттира Шаула. «Со Iийса

> ву, ахьа эккхийна лелош волу, – элира Цо. … Хьала а гӀаттий, гӀала гӀо, цигахь эр ду хьоьга ахь дан дезарг».

Со тешна ву оццу меттехь Шаул Дезачу Синах вуьзна хиларх. Сан тешар хӀокху шина хӀумано чӀагӀдо. Цкъа-делахь, Везачу Эло Ша вовзийтича, Ӏийса хилар дӀа а доьллуш, Шаула Иза шен «Веза Эла» хилар тӀеийцира. ШолгӀа-делахь, Шаула кхаа дийнахь марханаш кхобуш, доӀанаш дора, цул тӀаьхьа и волчу Хьанас веара, иза кхеттош, цуьнга иштта а олуш:

> Ваша Шаул, хьо кхуза вогӀуш, хьуна новкъахь гучуваьллачу Везачу Эло Ӏийсас ваийтина со, хьуна юха а са гайтархьама а, Делан Синах вуьзна хилийтархьама а (Век. 9:17, *курсив авторан).*

Тидам белаш ваша бохучу дешан. Шаул Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах тешнера, Цунах Веза Эла а олуш, цул тӀаьхьа кхаа дийнахь доӀанаш динера цо. Цундела Шаулан тешарехула юхакхоллавалар хиллачул тӀаьхьа Хьанаса доӀа дира, иза Дезачу Синах вузар доьхуш.

Кхузахь ца олу Шаула тамашийначу меттанашкахь дийцарх лаьцна. Амма цунах лаьцна кхоччуш кхетош цо ша олу шен Коринтхошка яздинчу Хьалхарчу дахьийтар тӀехь: «Тамашийнчу меттанашкахь аша массара а дуьйцучул сов айса дийцарна, аса хастам бо Далла» (1 Кор. 14:18). Ткъа маца вулавелира иза и меттанаш дийца? Хьанаса цунна тӀе куьйгаш а дехкина, доӀа динчул тӀаьхьа (хь. Век. 9:17).

## Корнил, цуьнан хӀусамехь мел верг

Оцу заманахь римхойн эпсар волу Корнил вара вехаш. Иза шен хӀусамехь мел волчуьнца а, накъосташца а цхьаьна цӀу-деланашна Ӏамал еш болчарна юкъара уггар хьалха Веза

Эла тӀеэцначех ву. Корнила кест-кеста марханаш а кхобура, доӀанаш а дора, цхьана дийнахь цунна хьалха малик дӀахӀоьттира, цо Кипа валаве аьлла омра дира Корниле. Масех де даьлча Кипа и волчу веача, Корнила шен дагна безаш берш схьакхайкхира, Кипас ден долчу къамеле ладогӀа кечам бира цара. Кипас Ӏийсах лаьцна хьехамаш бан болийра.

> Кипас къамел дечу хенахь цо дуьйцучуьнга ладугӀучу массарна а тӀе Делан Са доьссира. Кипица баьхкина сунтбина болу Делах тешаш берш инзарбевлла бара Делан Са кхечу къаьмнийн нахана а тӀедоссарх, хӀунда аьлча царна хезнера цу наха тамашийна меттанаш дуьйцуш а, Дела хестош а (Век. 10:44-46).

ЯхӀудхоша цӀу-деланашна Ӏамалъечаьрца динах лаьцна йолчу агӀор, ур-атталла юкъарлонан агӀонна тӀехь а юкъаметтиг лелош яцара. Уьш юкъа ца богӀура Дала лун долчу диканна, церан я сатуьсийла а дацара, я Дела а вацара церан (хь. Эпас. 2:12). Цундела Корнилан цӀа чохь мел хиллачо Кипица баьхкинчеран дегнаш карзахдаьхнера. Уьш инзарбевллера, цӀу-деланашна Ӏамалъечара а кӀелхьардовлар а, Деза Са а тӀеэцарх.

Делан Йозанаш тӀехь и цхьа меттиг бен яц, адамийн цхьана метта кӀелхьардовлар, Деза Са тӀеэцар хилла бохучух лаьцна йолу. Со кхета, шу суна тӀе ца тан там бу бохучух, амма со тешна ву, Дала иза, яхӀудхоша Корнилана а, цуьнан гергарчарна а, накъосташна а тӀера цаьрга Дала леррина къобалвина Ӏийса а, Деза Са а тӀеэцийтархьама доӀа дийр доцийла хууш хилийтина хиларх, хӀунда аьлча уьш шек бара цӀу-деланашна Ӏамалъеш болчийн а кӀелхьарбовла йиш ю бохучух. Ойла елаш цуьнан, Дала леррина Къобалвинарг шен Веза Эла хилар адамо тӀеоьцучу хенахь, цхьа а тайпана тӀехула гуш болу я тоьшалла деш болу хийцам ца го. ТӀаккха оцу

наха Кипас Йозанаш тIехь долчух хьехам бечу хенахь и Дош тIеэцнехьара, Iийса шайн Веза Эла хилар чIагI а деш, яхIудхой хIетте а тешар бацара кIелхьарбовлар цIу-деланашна Iамалъечийн а хила йиш ю боучух.

Амма, Дала уьш а Дезачу Синах а буьзна, уьш шаьш санна тамашийначу меттанашца дийца буьйлабелча, яхIудхой а Дезачу Синах буьзначу хенахь ма-хиллара, яхIудхойн йиш яцара, Дала ишттачарна а Шен кIелхьарваккхар ца ло ала.

Оцу меттиго гойту, цхьа а шеко йоцуш, Дезачу Синах вузар хуьлчу хенахь тамашийначу маттахь дийца волавалар, тIехула гуш долу тоьшалла ду бохург. И меттиг кхечу гочдарехь иштта йоьшу: «ДуьйцучуьнгаладугIучарна массарна а тIе Делан Са доьссира. Кипица баьхкина сунтбина болу Делах тешаш берш инзарбевлла бара Делан Са кхечу къаьмнийн нахана а тIедоссарх, хIунда аьлча царна хезнера цу наха тамашийна меттанаш дуьйцуш а, Дела хестош а (Век. 10:45, 46). Муха хилира церан массеран а цунах тешар? «ХIунда аьлча царна хезнера цу наха тамашийна меттанаш дуьйцуш …» Царна ган а гира, хаза а хезира Дас лур ду аьлларг!

## Меттанаш совцур ду

Аша ала там бу: «ХIаъ, и дерриг билггал дуьххьарлера мурдаш юкъабевлча хилла хIума ду, амма Делан Йозанаша аьлла дац-ткъа, кхачаме дерг хилла дIахIоьттича, меттанаш совцур ду?» ХIаъ, иза иштта ду. Ткъа кхачаме дерг хилла дIахIоьттина? Цхьаболчара цунна дуьхьал ала тарло: хIаъ, кхачаме дерг Делан Йоза ду, ткъа хIинца иза вайн долу дела, меттанаш вайна оьшуш а дац. Дика ду делахь, Делан Йозано бохучуьнга хьовсий вай, и бохург нийса дуй те хаархьама. ПахIала яздо:

> Безам цкъа а хедар бац. Делера болчу хаамех аьлча, уьш кхачор бу. Синера долчу *меттанех аьлча, уьш совцур ду.* Дала беллачу кхетамах аьлча, иза дӀабоккхур бу. ХӀунда аьлча вайн кхетам кхоччуш болчу барамехь ца хуьлу, ткъа Делера болу хаамаш кхоччуш буьззина ца хуьлу. Ткъа кхачамалла йолу хан еача, кхоччуш болчу барамехь цахилларг дӀадоккхур ду (1 Кор. 13:8-10, *курсив авторан).*

Цкъа хьалха вайга боху, кхачаме дерг тӀехӀоьттича, меттанаш хилла а ца Ӏаш, хаарш а дӀадевр ду (билггал аьлча Делера болу хаамаш а). Амма, вайна ма-хаъара, и хан хӀинца а тӀе ца еана. Цундела кхиндӀа деший вай, муьлхачу хенахь хир ю и (кхачамалла боху хан), ма-бохху билгалдаккхархьама.

> Цкъа хӀинца-м вайна дерриге а гӀийла гойтуш долчу куьзганехула санна го. *Ткъа цу хенахь юьхь-дуьхьал* гур ду вайна. Цкъа хӀинца-м сан кхетам кхоччуш бац, ткъа цу хенахь сан кхоччуш довзар хир ду, со Далла вевзаш ма-хиллара (1 Кор. 13:12, *курсив авторан).*

Тидаме эцалаш, иза цу хенахь хир ду бохург, авторо шозза аларан. Иза кхачамалла хин йолчу хенаца доьзна ду. И хан шина кепара билгалйоккху. Цкъа делахь, вайна Веза Эла юьхьдуьхьал гур ву. Шуна тахана гой Иза шайн юьхьдуьхьал? Гой шуна Цуьнан денделла дегӀ, Цуьнан бӀаьргаш гой шуна, алу санна догуш долу, месаш гой шуна хӀордан чопа санна, ло санна кӀайн йолу? Гой шуна Иза, малх санна, шен ницкъан лепарца? ШолгӀа билгало ю, «суна вевза, со вовзаре терра», бохург. Шуна Иза вевзий, Цунна шу довзаре терра? Цу хатташна догӀург, вайна билггал хууш долу, жоп хир ду: хӀан-хӀа. ПахӀала юьйцург, вай сийлахь динчу догӀмашца Везачу Элаца

хин долу хан ю. Оццу хенахь йогӀур ю и кхачамаллин хан.

Цундела и кхачамаллин хан тӀекхаччалц тамашийна меттанаш дийцар а дӀадер дац. КхиндӀа хин болчу кортошкахь ас гойтур ду шуна цу меттанийн уггар коьртачех йолу Ӏалашо, вай кху Лаьттахь дехачу ханна вайн Делаца йолу уьйр чӀагӀъяр хилар!

## Массара а дуьйций-те тамашийначу меттанашкахь?

Вайна хьалха иштта долу хаттар хӀотто а тарло: «Со теша оцу меттанех, амма тешар долчу хӀораннан ца хуьлу и мотт кхачар, хӀунда аьлча Делан Йозанаш тӀехь а ду иштта хаттар: «Массара а дуьйций тамашийначу меттанашкахь?» Цунна догӀу жоп а хир ду: хӀан-хӀа бохург. Амма кхузахь а ала мегар ду, ПахӀала луш долчу оцу хаттарх билггал ца кхета а там бу. Дуккха а болу тешар дерш Дала шайна лур ду аьллачух бовларх лаьцна йолчу оцу шеконех кхетархьама, вай уггар хьалха Керлачу Весет тӀехь буьйцург беа тайпана мотт хилар тӀеэца деза. Шина тайпана мотт адамашца бийцарна билгалбаьккхина бу, ткъа шиъ – Делаца йолчу уьйранна. Вай боцца таллам бан беза царах хӀораннан а, кхеттош жоп далархьама: «Буй теша Делан лаам, Цуьнан бераша тамашийначу меттанашкахь дийцарна?» – бохучу хаттарна.

## Тамашийна меттанаш тешар доцучарна билгалонна санна хилар

Оцу меттанийн хьалхара кеп адамашца йолчу уьйранна билгалъяьккхина ю. Адамашца йолчу уьйрана аса бохург, кхечу цхьана адамана я тобанна хьехам беш, бохург ду. Цунах лаьцна ПахӀала иштта яздо:

> «Иштта, тамашийначу меттанашкахь дийцар – билгало ю, амма и билгало, тешар доцучарна а доцуш, тешаш болчарна ю (1 Кор. 14:22).

И меттанаш даладо вайн кхетаман хааран дозанал тӀехдаьккхина Дезачу Сино кхечу маттахь дийца хаар делча, и мотт Лаьттахь болуш бара, амма хьалха вай иза цкъа а Ӏамийна а бацара, вайна хууш а бацара. И мотт Дезачу Синан лаамца луш бу, вайн вешан йиш яц ишттачу маттахь дийца сацам бан. Дукхахьолахь вай кхета а ца кхета ваьш оцу маттахь дуьйцучух. Вайна хаьа, ваьш кхечу меттанашкахь дуьйцуш хилар, амма билггал болуш болчу маттахь вай дийцарх ца кхета вай.

Иштта цхьа масалла далор дара аса. Дукха хан йоццуш Колорадо штатера цхьана йоккхачу динан тобанехь динан хьехамаш беш вара со. Тхан тобанерачу штатехь гӀуллакх деш йолу цхьа зуда а яра оцу гуламехь, тӀехьарачу могӀарехь хиъна Ӏаш. Оцу зудчо дукха хан йоккху доӀанаш деш, кхечу адамашна тӀера доьхуш, эццахь цӀеххьана, аса хьехам беччу хенахь, Везачу Эло суна тӀера доӀа дан лаам кхоллаболуьйту цуьнан. Цундела и гулам чекхбаллалц йолчу ханна меллаша, цунна хетарехь лаьттахь боцучу маттахь, доӀа деш яра иза (цунах лаьцна ас кеста эр ду). Гулам чекхбаьлча, цунна хьалха хиъна волчу цхьана къонахчо, цуьнгахьа а вирзина, элира: «Ахь чӀогӀа хаза дуьйцу французийн маттахь, цу тӀе ахь къаьстташ буьйцу иза».

Цо шена французийн мотт ца хаьа элира.

ТӀаккха дукха цецваларца оцу стага элира цуьнга: «Со французийн меттан хьехархо ву, ткъа ахьа дукха хаза французийн маттахь и гулам чекхбаллалц динан хьехамхочунна тӀера доӀа дира! Айхьа доӀа дечу хенахь ахьа

Делан Йозанна тӀера меттигаш ялайора, ткъа ахьа Делан Йозанаш тӀера и меттиг яла ма йиннехь, хьехамчо Делан Йозанаш тӀера, ахьа доӀанна тӀехь аьлла изза меттиг дӀаеллий, еша олура чохь болчаьрга!»

И стаг мел инзарваьллера бохург-м дийца а ца оьшу, ткъа тхан белхало йоьхна хьийзара. Иза оцу стагана тоьшаллина йолу билгало яра, ткъа и бахьанехь аса бина хьехам билггал Делан Дашан тӀера хиларх чӀаго еара цунна.

Иштта долу меттанаш хезнера Ярушалайман бахархошна а, цига баьхкинчу хьешашна а Пятидесятница олучу дийнахь. Делан Йозано боху:

> Ярушалаймехь цу хенахь дуьненан массо а халкъашна юкъара схьаихна жуьгтий бара. Уьш къаьсттина чӀогӀа Делах тешаш а, Цунах кхоьруш а бара. И гӀовгӀа яьлча, дукха нах гулбелира. Массо а цецваьлла виснера, хӀунда аьлча хӀоранна а векалша буьйцу шен-шен къоман мотт хезара. Инзарбевлла, цара хоьттура вовшашка: «И адамаш массо а галилайхой дац? Вайна хӀоранна а муха хеза, цара вайн ненан мот буьйцуш? Вайна юкъахь бу парпанхой а, мадайхой а, Ӏейламхой а, Месопатамера бахархой а, ЯхӀуд-махкара а, Каппадокера а, Понтера а, Асиара а, Пхьаргера а, Пампилара а, Мисарара а, Ливин Къурина-гӀалин йистера адамаш а, римхой а, Ӏаьрбихой а. Ткъа вайна массарна а хеза вешан меттанашкахь цара Делан сийлахьчу гӀуллакхех лаьцна дуьйцуш!» (Век. 2:5-11).

Вайн юха а теша, цу тайпана долу тамашийна меттанаш тешар доцучарна билгалонна хиларх. Иштточу маттахь дийцар вай далийначу масаллехь, французийн меттан хьехархочунна а хилира билгалонна, ткъа вай Делан

Йозанна тIера схьаэцначу меттиго гайтира, и меттанаш дерриг дуьненара Ярушалайме даьхкинчу Iилма хууш долчу дуккханниййн адамашна а билгалонна хилар. Оцу тамашийначу хиламо церан тидам Делан Дашна тIеберзийра, иза тIеэцарна дегнаш дIа а доьллуш.

Делан Дашах лаьцна, шаьш цкъа а Iамийна а боцучу нехан ненан маттахь дийцинчу дуккха болчу тешар долчу нахах лаьцна дийцарш хезнера суна. Ишттачу билгалоно чIагIдо Делан безамах долу дIахьедар. Цу тайпанчу хIора меттигах инзаре динан гIуллакх дар ду иза ала мегар ду, оцу инзаречу билгалонан стом хуьлуш долу.

## Тидарна делла тамашийна меттанаш

ШолгIачу кепара долу меттанаш а адамашца йолчу уьйрана делла ду. Уьш стиглашкара меттанаш ду, Лаьттахь царах тера долу меттанаш дац. Изза ала мегар ду аса дуьйцун долчу кхечу кепара долчу дисинчу меттанех лаьцна а.

Шу шекдовла там бу, стиглашкахь цхьана маттал я шаьш хийцам биначу маттал сов кхин а меттанаш ду ас аьлча. Ойла ейша оцу билггал долчун: Довзийтар цIе йолчу тептаро боху вайга, толам баьккхинчунна Iийсас стиглашкахь лун долчух лаьцна: «Цунна кIайн тIулг а лур бу Ас, тIеязйиина керла цIе а йолуш. И цIе цхьанна а хуур яц, иза йолчунна бен» (Довз. 2:17). Цул сов, Iийсах Шех лаьцна аьлла ду: «Цуьнан бIаьргаш йогуш йолчу цIерах тера ду. Ткъа Цуьнан коьрта тIехь дуккха а таьжнаш ду. Цунна тIехь язйина Цунна Шена бен, кхин цхьанна а хууш йоцу цIе ю» (Довз. 19:12). Цундела цхьанна а и цIераш ца евзана дела, стиглашкахь тайп-тайпана меттанаш ду.

ШолгIачу кепара долу тамашийна меттанаш (стиглашкара меттанаш) Коринтхошка яздинчу хьалхарчу дахьийтаран

шийтталгIачу коьрта тIехь дуьйцучу Дезачу Сино деллачу исс похIманан группи юкъадогIу. Цигахь иштта яздо:

> « … Цхьаболчарна Делан Синера долу тайп-тайпана тамашийна меттанаш ло. Кхечу цхьанна оцу меттанаша бохург гочдаран похIма ло (1 Кор. 12:10).

Тидам белаш, и меттанаш, гочдарна а доцуш, тидархьама оьшу. ХIунда? Уьш стиглашкара долу тамашийна меттанаш долу дела, уьш дуьненарчу цхьанна а ца девза.

Суна Сингапурехь хилла цхьа динан гулам дагабогIу. Оцу махкара цхьана йоккхачу динан тобанехь хьехамаш бан дехнера соьга, цу хенахь сан Сингапуре вахар дуьххьара дара. Далла хастамаш баран а, Цунна Iамалъяран а назманаш лекхначул тIаьхьа, сайн динан хьехам бан йоккхачу залан айаеллачу метте со хьалаволуш, кхоччуш йолу тийналла дIахIоьттира. ЦIеххьана цхьа стаг аз айддина стиглашкара мотт бийца волавелира. Цо дукха чIогIа а, къастош а дийцарна цхьа а микрофон ца оьшура цунна. Иза цхьанхьа балкон тIехь лаьтташ вара оцу боккхачу гуламехь, хIетте а хIора адамана цуьнан озехь цо олуш дерг инзаре къаьсташ а, олаллица а алар гора. Стиглаша цуьнан аз чIагIдина, аьлла хеталора.

Цо дуьйцучу хенахь, суна чуьра са доккхадерна ирхлелхаш санна хеталора, ткъа оццу хенахь тIехула сан гуш долу дегI ларамах дуьзна лаьттара. Сан куьйгаш тIера а, когаш тIера а хIора чо сийдаран тидам баро дIалаьцнера, ткъа сан дог дезачу Iамалъяран воккхаверо дIалацарна чIогIа детталора. И дийцина ваьлча, цо аьллачун тидар хилира, ткъа оцу маттехула Делан Дашо бохург а, цуьнан тидар а билггал со ала воллучуьнца цхьана догIура. Со инзарваьллера цу

гӀуллакхах. Суна хилла а ца Ӏаш, оцу гуламехь мел волчунна а Дала чӀагӀдира, цу суьйранна со бан воллу хьехам кхоччуш Цуьнан лаамехь хилар.

Тидар а хуьлуш, дуьйцуш долу и меттанаш, чӀогӀа тера хуьлу Делера бечу хаамех. Цундела ПахӀала аьлла: «Аша массара а тамашийначу меттанашкахь дуьйцийла лаьа суна, Делера болу хаам бойла аша, хӀунда аьлча Делера болу хаамаш бийриг пайдехь ву оцу меттанашкахь дуьйцуш волчул а. И дуьйцург, цо ша гочдича бен, пайденна хир дац, динан тоба цу дуьйцучуьнца чӀагӀъяйтархьама» (1 Кор. 14:5). Оцу аятехь шуна го, и меттанаш динан тобанера дуккха долчу адамашна доьгӀна хилар. Уьш ду ПахӀала: «Массара а дуьйций тамашийначу меттанашкахь?» – бохучу хаттарехь дуьйцу меттанаш. ХӀинца и дакъа контекстан юкъадалош деший вай:

> «Динан тобанашкахь Дала цхьаберш векалш, вуьш пайхамарш, кхозлагӀнаш хьехамчаш бина дӀахӀиттийна. Цул сов, цхьаболчарна тамашийна гӀуллакхаш дан ницкъ белла, вукхарна адамаш тодан похӀма делла. Иштта уллорачарна гӀо дан похӀма а, урхаллин похӀма а, тамашийна мотт бийцаран похӀма а делла Цо. Массо а буй те векалш? Массо а буй те пайхамарш? Массо хуьлий-те хьехархой? Я массарах а хуьлий-те тамашийна гӀуллакхаш дийраш? Массеран ду ткъа адамаш тодаран похӀма? Массара а дуьйций-те Делан Синерачу тамашийначу меттанашкахь? Массеран а дуй ткъа и меттанаш тидаран похӀма?» (1 Кор. 12:28-30).

Шу тидам хилирий-те ПахӀала дуьйцурш, динан гӀуллакх даран похӀманаш хиларан, Дала Динан Тобанна делла долу? Билггал бан а бац берриш а векалш, я пайхамарш, я

хьехамчаш. Берриш бац динан дай, массеран дац инзаре гӀуллакхаш дан а, адамаш тодан а похӀма. Массеран дац динан гӀуллакх дарна делла тамашийначу меттанашкахь дийца а, уьш тида а похӀма. ХӀунда? Цунна догӀу жоп хӀокху декъехь карор ду вайна:

> *Иштта тамашийначу меттанашкахь дийцар – билгало ю,* амма и билгало, Ӏийсах болчарна а йоцуш, тешаш боцучарна ю. Нагахь берриг а динан гулам цхьаьна а кхетта, *аша массара а тамашийначу меттанашкахь къамел дечу хенахь,* шу долчу хийра нах я Ӏийсах цатешарш чубаьхкича, шу хьерадевлла аьлла хетар-м дац те царна? (1 Кор. 14:22, 23, *курсив авторан).*

Оцу вайн хаттарна жоп далале хьалха, цу шина аято кхоччуш къаьсташ гойту хӀокху шина кепара долчу дуккхачу адамашна лерина долчу тамашийначу метанийн башхалла хилар, ала бакъо лолаш суна.

Цкъа хьалха ПахӀала яздо, тамашийна меттанаш тешар доцучарна билгало санна ду. Цо бохурш Лаьттахь долуш долу, ткъа вай уьш цкъа а Ӏамийна доцу, цундела уьш вайна девзаш доцу меттанаш ду. Тешар доцу, и мотт ша буьйцуш волу стаг кхета, тешар долчу и мотт буьйцуш волчу стагана оцу шена бевзаш боцучу маттахь дийцар, Везачу Эло шена иза делча а бен хуьлийла ца хиларх. Цундела иштта болу мотт тешар доцучунна билгалонна хуьлу.

Цул тӀаьхьа, цхьаьна гуллуш йолчу, тамашийначу меттанашкахь цхьаьна метта дуьйцуш йолчу ерриг а тобанах лаьцна дуьйцу ПахӀала. Шеко яц, хӀинца цо дуьйцург стиглашкара болчу меттанех лаьцна хиларан. Суна иза хаьа, хӀунда аьлча Пятидесятница олучу дийнахь берриг Ӏийсан мурдаша лаьттара тайп-тайпанарчу меттанашкахь дуьйцура

Дала дечу даккхийчу гӀуллакхех лаьцна. И меттанаш гочдан ца оьшура, хӀунда аьлча и мотт бевзаш болу тешар доцурш кхетара мурдаша дуьйцучух. Амма ПахӀала хӀокху аятехь бохург, динан тобанехь дуьйцу тамашийна меттанаш бохурш стиглашкара долу меттанаш ду, уьш тида дезаш хуьлу. Иштта ца хилча цхьа а цхьана а хӀуманах кхетар вац. Шуна ма-гарра, цхьа а эшам бац массара а цхьаьнаметта тамашийначу меттанашкахь дийцаран, хӀунда аьлча тешар доцучарна я оцу дерригенах ца кхетачарна, вай хьерадевлла моьттур ду.

Цу тайпана, «Массара а дуьйций тамашийначу меттанашкахь?» - бохучу, дуккха берш ца кхетачу хаттарна жоп дала, дукха атта ду. Дала Шена хеттачу тайпана ло динан тобанашкахь Ша луш долу и похӀманаш. Делахь а, Цо озабезам ца бо цхьаьнггахьа а, аса юха а боху, Цо комаьршаллица ло вайх хӀоранна а дерриг, Цуьнца хила еза уьйр латторна вайна оьшург. Иштточу меттанийн кхечу тайпана йолу ши категори, вайн Делаца хила езачу вешан уьйрана оьшучу похӀманца йоьзна ю.

## Уьш вай дечу доӀанна оьшу меттанаш ду

Тамашийначу меттанийн и ши категори хӀоранна а ша дечу доӀанна хьажийна ю, иза шен хила йиш хиларх тешачу хӀора Ӏийсах тешар долчунна луш а ду Дадас. Иза чӀагӀдар вайн ган йиш ю хӀокху аяташ тӀехь:

> «ХӀунда аьлча аса тамашийначу маттахь доӀа деш хилча, Делан Сино сан синехула доӀа до, амма сан хьекъална иза пайденна дац. ТӀаккха аса хӀун дан деза? Аса сайн синца доӀа дийр ду, амма сайн хьекъалца а дийр ду аса иза. Сайн синца а, иштта сайн хьекъалца а эр ду аса Далла иллеш (1 Кор. 14:14,15).

Тидам белаш, ПахIала и меттанаш ша дечу доIанна тIехь схьаэцарх лаьцна бохучун, динан тобанехь а доцуш. Оццу коьртехь вай кхетадо: «ХIунда аьлча тамашийначу маттахь къамел дечо адамашка ца дуьйцу, цо Деле дуьйцу. Цо дуьйцучух цхьа а ца кхета, ткъа иза Делан Синехула къайленаш юьйцуш ву» (1 Кор. 14:2). Оцу шина категорих долчу дуккха а долчу адамашна хьалха вай дуьйцучу меттанех цхьаъ, вай буьйцу я тешар доцучарна (царна билгалонна санна), я динан тобанна (тидар дархьама). Ткъа вай ваьш долчохь оцу меттанашкахь доIа дечу хенахь, вай Деле дуьйцу, адамашка а доцуш. Цуьнан башхалла гой шуна?

Лакхахь вай далийначу аятехь ПахIала вай дечу доIанийн шина кепах лаьцна боху. Цхьа кеп – ша-шена кхетарна, иза суна ингалс маттахь аса до доIа ду. Важа кеп – Дезачу Сино хьехаре хьаьжжина, сайн синца оцу меттанашца аса до доIанаш ду. Изза ала мегар ду хастам баран долчу назманех лаьцна: «Сайн синца а эр ду аса назма, сайн кхетамца а эр ду».

ЯхIуда а чIагIдо шен доIанна тIехь дуьйцучу меттанех лаьцна иштта:

> «Ткъа аша, хьоменаш, шайн уггар дезачу динехь чIагI а луш, Делан Синан гIоьнца доIанаш а деш, Делан безамехь шаьш Iалашде, вайн Везачу Эло,Дала леррина къобалвинчу Iийсас, Шен къинхетамца Дела волчохь хедар доцу дахар даларе а хьожуш (ЯхI. 20,21).

Тидаме эцалаш, вай ваьш долчохь меттанашкахь доIа дечу хенахь, вай ваьшна хьехам бар тIеоьцу, амма динан тобанехь дуьйцуш хилча оцу меттанашкахь, и аьлларг тидар а хуьлуш, вай динан тобанна хьехам бо (хь. 1 Кор. 14:5). Делан лаамехь ду вай оцу шина а кепара доIанаш дар, хIунда аьлча и шина а кепара деш долу доIанаш чIогIа лараме ду.

КхидӀа болчу коьртехь ваьш дечу доӀанаш тӀехь и меттанаш далорах лаьцна шуьйро дуьйцур ду вай. Шуна гур ду, адаман Везачу Элаца хила езачу уьйранна иза чӀогӀа лараме хилар. Оцу кепах «уллорачу уьйран мотт» олу аса.

## ДоӀанна тӀехь дехар дарна долу тамашийна меттанаш

Оцу еа категорех тӀаьхьарниг йолу йоьалгӀаниг Деле гӀо доьхуш цхьанна тӀера дечу доӀанехь дехар дарна лерина ю.

> Цу кеппара гӀорасиза долчу вайна Делан Сино а гӀо до. Вайна ца хаьа дан ма-деззара доӀанаш дан. Ткъа Делан Сино, вайл хьалха а долий, вайна тӀера Деле доьху дешнашца вайга ца алалучу узаршца. Амма вайн дегнаш толлуш волчу Далла хаьа, стенах лаьцна доьху Шен Сино, Делан долахь болчарна тӀера Делан лаамца Цо доьху дела (Рим. 8:26,27).

Цхьацца хан йогӀу вай кхоччуш догдоьхна хуьлуш, вай муха деха деза а ца хууш.

Суна ца хаьа там бу, суна дезачу адамийн я кхечаьран дахарехь доллург хӀун ду, цхьана баланехь уьш хилча, амма Дезачу Синна дерриг а хаьа. Сан нана Флоридехь ехаш ю, ткъа со Колорадехь вехаш ву. Хуьлийла, иза холчу хӀоьттина, Делан гӀо оьшучу хьолехь ю, ткъа цунна иза дага а ца оьккху, я дагадеача а, сихха соьца уьйре яла йиш ца хуьлу цуьнан, соьга шена тӀера доӀа дан дехарца. Суна муха хуийла ду, цунна тӀера доӀа дан дезарх лаьцна, ур-атталла иза холчу хӀоьттина хилар хиъча а, суна билггал хӀун деха деза хуур дацара.

И аят билггал долуш хилла дӀахӀоьттинера суна, со

университетехь доьшуш волчу хенахь. ХIетале ши шо хьалха хиллера сан Iийсах тешар, хIетахь кхечу массарна а Iийсах лаьцна дийца болчу лаамо дIалаьцнера со. Цундела студентийн гIалахь Делан Йозанаш Iамош занятиш кхоьллинера аса. Цига богIура университетера динан вежарий, йижарий. Занятишка кхузткъа хиллал адам догIура. Цхьана суьйранна Дезачу Синах лаьцна хьехамаш беш вара со. Делан Йозанна тIера цхьа меттиг дIа а ешна, Делан лаамехь дерг гайтира аса баьхкинчарна. Цу тобанна юкъахь цхьа йоI яра. Цунна хьалхо цхьаммо дийцинера, Iийса тIе ма-эццнехь, цунна автоматически Деза Са хилар лур ду, ткъа меттанаш далар хьалхалерачу заманахь дара, хIинца иза юкъахь дац, аьлла. Халахета, цуьнан хьехархой Йозанаша дуьйцучух ца тешар, ткъа шайн хьехархоша бохург царна бакъ хетар, и агIо йовзарна шаьш а бIаьрса доцуш хиларна. Амма цу суьйранна цунна гира, хIун аьлла ду цунах лаьцна Делан Йозанаш тIехь. Иза тийшира цунах, цу сохьтта кхечу масех студентаца Дезачу Синах юьзнера иза.

Шолгlачу дийнахь дукха Iуьйранна телефонан зIено самаваьккхира со. ЗIе еттарг Делан Дош Iамош йолчу тобанера динан вежарех цхьаъ вара. Хьо волчу цхьа стаг веана бохура цо. Сихха тIе хIума а юьйхина, тхайн корпусера вестибюле вахара со, и хьаша тIеэцархьама. Иза селханалера йоI хиллера, некъал дехьа йолчу общежитехь Iаш йолу. Хазахетарца ела а къежаш, цо элира: «Джон, бехк ма биллалахь, аса хьо самаваккхарна, амма со Iе ца ло сайца Iуьйранна хилларг хьоьга дIа ца дийцича!»

Цо дийцира, ша Iуьйранна пхи сахьт даьлча Дезачу Сино самаяьккхира, цу сохьтта доIа де аьлла даг чу а дуьллуш. Иза кхийтира цхьа лараме хIума хиларх, цундела цхьа тийна меттиг а карийна, тамашийначу меттанашцца доIа

дан йолаелира иза. ДоӀа деш жимма ницкъ хилар чӀагӀлора, тӀаккха иза кхийтира синца болу тӀом болабелла хиларх. Цундела ша доӀа деш йоллушехь, Везачу Эле ша хьанна тӀера деш ду и доӀа гайтар дехнера цо. Цуьнан даг чу тесира, иза цхьа воккха стаг ву, цуьнан дахар кхерамехь ду, аьлла. Цо цхьана сохьтехь доӀа дира, тӀаккха дог паргӀатделира цуьнан.

Цу сохьта масех минот а ялале тешар долчу, цуьнан лулахочуьнга цӀера зӀе туьйхира. Цуьнга элира, цунна везаш волу цуьнан де да, Ӏуьйранна пхиъ долуш чӀогӀа деган лазар деана вара, ткъа инзаречу тайпана дийна висна иза. Оцу йоӀе телефон тохале масех минот хьалха лоьраша метта валийнера иза, и дара суна евзачу цу йоӀа доӀа дечу хенахь дагна синтем хилар а хаалуш, шен доӀа дар сацийначу оццу хенахь. И йоӀ серлонах юьзнера. Цуьнан тешар хилчахьана дуьйна, иштта меттанашца дийцар хӀинца юкъахь дац, уьш кхин ца оьшу дела, олура цуьнга. Гой шуна стенах яьккхинера и йоӀ, цхьаннан Йозанех ца тешар бахьанехь? Ткъа хӀинца шега хьалха аьллачух тешитойла дацара иза. Иза кхоччуш тешна ю, тамашийначу меттанашкахь доӀанаш дар хӀинцалерачу тешар долчарна чӀогӀа оьшуш хиларх.

Дуккхазза а йиш хиллера сан иза чӀагӀдан. Иштта дехараллин доӀанаш дар оцу меттанашца оьшуш хилар чӀагӀдо, Австралехь ехаш йолчу тхан офисехь менеджер йолчу Эстерца хиллачу цхьана къеггина долчу масалло а. Иза чӀогӀа нуьцкъала доӀанаш даран тӀемало а, гӀуллакхдархо а ю. Дезткъе уьтталгачу шерашкахь библейски школехь цо доьшучу хенахь, цхьана Ӏуьйрана куьйгаш хьала а айдина цо элира: «Веза Эла, тахана деха хӀумма а дац сан Хьоьга, нагахь со Хьуна эшахь, со кхузахь ю».

Ша и дешанаш ма-аьллина, бохура цо, доӀа дан боккха лаам кхоллабелира шен. Шен цӀа чу а яхана, голаш тӀе иза

лахъелча, цуьнан багара и тамашийна меттанаш дийцар дӀадоладелира. Шен синца цунна  Китаера цхьа стаг гира, боьхачу цӀенкъахь голаш тӀе хиъна волу. Цо гонаш дохуш, куьйгаш меттах дохура, горгам хьокхуш санна. Ша доӀа деш, цуьнга мохь тоха лаам хаабелира цунна: «ХьалагӀатта! ХьалагӀатта! ХьалагӀатта!» – олуш санна. Цхьа хан яллалц  доӀа а дина, дагна синтем а беана, ша цӀахь бан беллачу балхана тӀейирзира иза.

И хиллачул тӀаьхьа цхьа пхи бутт баьлча церан библейски школе Керлачу Зеландера цхьа миссионер веанера, Китаехь динан гӀуллакх деш волу. Цо цигахь цхьана динан тобанехь гӀуллакх деш волчу стагаца хиллачух лаьцна дийцира. И динан тобанан куьйгалхо дин бахьанехь кхечу цхьана куьйгалхочуьнца набахти чу воьллинера. Оцу кхечу динан тобанан куьйгалхочо кхуьнга хаам бира, кестта Дала ша цу чуьра аравоккхур ву хьо, аьлла. Оцу ойланца и шиъ шаьш деш долу чоьнаш цӀанъяран гӀуллакх дан дӀавахара.

Дукха ца Ӏаш набахтехь тӀехьожуш волчо чубоьхкинарш шайн-шайн меттигашка дӀахьажийра, и цхьа динан тобанан куьйгалхо воцург. Иза оцу цӀа чохь ша висина, кхидӀа а цӀенкъа юьлуш воллуш, цӀеххьана шега: «ХьалагӀатта! ХьалагӀатта! ХьалагӀатта!» бохуш, омра деш долу аз хезира цунна. И омра кхочуш а деш, иза, хьала а гӀаьттина, неӀаре вахара. ХӀара цецвоккхуш, неӀ йиллина яра, тӀаккха цхьа а дуьхьало а йоцуш, оццул чӀогӀа ларъеш йолчу оцу набахти чуьра ара а ваьлла, такси чу хиира иза, цу набахтина уллохь латтташ йолчу. Цу такси чохь дӀавахара иза.

Эстер жимма йоьхнера, и стаг ялх бутт хьалха ша динчу доӀанна тӀехь шена хьалха хӀоьттинчу суьртехь хилларг ву бохург дагадеана дела. Иза оцу (шена хӀетталц цкъа а гина воцучу) миссионерана тӀе яхара, иза къамел дина ваьлча, цо

юьйцу хан билггал йогIура Эстера доIа динчу, шен блокнот тIе дIаязъйинчу денца.

Эстерца цхьаьна оцу библейски школера кхин цхьа куьйгалхо а тIевеара миссионерана. Цунна а дагадеара Дезачу Сино доIа дан лаам кхоллабалийтар масех бутт хьалха, цхьана баланехь волчу стагана тIера. Цо доIа деш, тамашийначу меттанашкахь дуьйцучу хенахь, цунна а гинера набахти чуьра китаец. Миссионеро китаера динан тобанан сурт гайтира, тIаккха оцу куьйгалхочо шен доIанна тIехь ша тамашийначу меттанашкахь дуьйцучу хенахь шена гинчу стеган сурт билгалдаьккхира. И стаг билггал хиллера оцу набахти чуьра ведда волу динан тобанан коьрта куьйгалхо!

Цул тIаьхьа Эстер, и библейски школан куьйгалхо шаьш дIаязъйинчу хене хьаьжира, и дерриг а оцу цхьана дийнахь хилла хилар гучуделира царна! Дала чIагIдира царна шинна а оцу гIуллакх тIехь чIогIа лараме хила дезар, цушиммо а ла а доьгIна, дехар даран доIа дар бахьанехь набахти чуьра стаг аравалар нисделлера.

## Тешар муха хуьлийла ду вайн?

ХIун хир дара нагахь Эстер а тешнехьара, Делан Йозанаш юкъадаьлчхьана дуьйна тамашийна меттанаш дIадевлла бохучух? ХIун хир дара, нагахь цунна и меттанаш массарна а делла дац аьлла хеттехьара? Мел дукха адамо, кIелдуьту тахана шайн инзаре таро хилар, Йозанаша бохург а дитина, гIалатбевллачу хьехархошка ладогIар бахьанехь.

ТIаьхьарчу шерашкахь аса Далла гIуллакх дечу хенахь суна гуш дерг, чIогIа бохаме дерг ду, дуккха а болчу тешар долчара шайна хетачу агIор дерзадар Делан Йозанаша бохург, шайн хьажар оцу Делан Йозанашка кхолладолуьйтучу меттана.

Амма Дала Шен лаамехь долчунна доза ца туху вайна хетарг бахьанехь. Иза дукха сийлахь а, доза доцуш а ву и дарна!

Дезачу Синах вузарна сан долчу дӀагӀертарехь суна тешар долу дуккха нах бевзинера дика ойланаш йолу, амма и тамашийна меттанаш дийца похӀма хила сан болчу лаамах со юхаваккха гӀиртина болу. Аса Дала леррина къобалвина Ӏийса сайн даг чу эцначул тӀаьхьа масех бутт баьлча студенчески гӀалара лидерийн гуламе валийнера со. Оцу динан гӀуллакх дечу организацехь цхьацца материалаш арахоьцура, цара кӀелхьарваларе валийнера со. И динан гӀуллакх деш хиллачу организацина гуттара а баркалле хир ву со.

Делахь а, оцу гуламехь гӀеххьа шовкъ еана вара со. Гулам дӀахьош волчо динан тобанан коьртехь волчу хӀоранга а, стенна тӀера доӀа до бохург билгалдаккхар дийхира. Цхьана къонахчо ша шен дешарехь «юккъера бал» хилар доьху доӀанна тӀехь элира. Вукхо шен уллорачу цӀа чохь Ӏаш волчу лулахочунна тӀера, цуьнан Далла тӀеверзар хилар доьхура. ТӀаккха суна тӀе баьхкира уьш, аса элира цаьрга: «Суна, Делан Йозанаша ма-бохху, царна тӀе Деза Са доьссича, цара тамашийначу меттанашкахь дийцира бохург хила лаьара».

Аса и дешнаш ма аьллина, коьртачу куьйгалхочо сихха а, карзахваларца а элира: «Джон, цунах лаьцна гулам чекхбаьлча дуьйцур ду вай».

Амма оха цунах лаьцна къамел ца дира. Ткъа со цига валийначу сан накъосто, гулам чекхбаьлча, со юьстах а ваьккхина, элира соьга: «Джон, уьш ца теша тамашийначу меттанашкахь дийцарх».

Тешаре вар хилла дукха хан йоцучу аса, цецваларца цуьнга а хьаьжна, хаьттира: «Уьш хӀун, Делан Йозанаш тӀехь яздинчух ца теша ткъа?»

Оцу хиллачо цу сохьтта дӀадаханарг дагадаийтира

суна, хӀунда аьлча со юкъахь хилла динан тоба адамийн хьехамашца лелаш яра, Делан Йозанаша хьоьхучунна тӀехь а боцуш. Билггал аьлча, тхоьга Делан Йозанаш деша ца оьшу, амма шайн динан тобанан куьйгалхочо хьоьхучуьнга леррина ладогӀа, бохура цара. Ткъоьасна шо дара со оцу динан тобане лелаш, стиглашка болчу некъахь ву а моьттуш, оццу хенахь нийсса жоьжахате а воьдуш. Цундела, сайн динан вешехула Йозанаш тӀехь яздинчу адам кӀелхьардаккхарна Делан йолу Ӏалашо сайна евзича, аса цу сохьтта иштта сацам бира, цунах юхавалар а хир доцуш: Делан Йозанаша бохучух теша, со Цунах кхетар я ца кхетар тидаме а ца оьцуш! Иза ду Везачу Элах кхерар бохург, ткъа и кхерар хьекъалаллин доладалар ду (хь. Заб. 110:10).

## Декъалаллехь хилар я хаарш ца хилар

Сан шуьга ала цхьа хаза кхаъ бу! Иза ду, Делан лаамца Дезачу Синах дуза а, стиглашкарчу меттанашкахь доӀа дан а йиш ю шун бохучуьнца доьзна! Билггал аьлча, деган кӀоргенера шайга Дала бохург хаза шун лаам белахь, иза хӀара ду:

> Аша массара а тамашийначу меттанашкахь дуьйцийла лаьа суна. Амма кхин а сов лаьа суна, Делера болу хаам аша бойла, хӀунда аьлча Делера болу хаамаш бийриг пайдехь ву оцу меттанашкахь дуьйцуш волчул а. И дуьйцург, цо ша гочдича бен, пайденна хир дац, динан тоба цу дуьйцучуьнца чӀагӀъяйтархьама (1 Кор. 14:5).

Аша ала там бу: «Уьш ПахӀала Коринтхошка аьлла дешнаш ма ду».

ХӀан-хӀа, вайга кхеттош боху: «Уггар хьалха шуна хаа дезаш

ду Делан Йозанашкара Делера болу хаам шена ма-хеттара бийцалург ца хилар» (2 Кип. 1:20), иштта кхечу меттехь боху: «Делан Йозанийн муьлхха а дакъа Дала Ша Іаь тоьхна ду» (2Тим. 3:16). Кхечу дешнашца аьлча, уьш Коринтхошка ПахІала аьлла дешнаш дац, амма Везачу Элан вайга долу дешнаш ду», хІунда аьлча Делан Дош «дийна долу а, гуттар а хин долу а Делан Дош ду (1 Кип. 1:23).

Иза Дала Шен берашка иштта бохург ду: «Сан лаам бу аша массара а тамашийначу меттанашкахь дийцар».

Шун цкъа а хир дац декъалалла хилар, шун тешар доцучунна тІехь. Иза юха а ала лаьа суна: Делан дог эцийтойла дац вайн вайна хетачуьнгахула а, вайн эшамашкахула а, я вайн дагна хаалуш долчуьнгахула а. Ткъа тешарехула – йиш ю. Юх-юха а хаза йиш ю, Іийсас нахе олуш: «Шун тешарехула хуьлийла шуна). Тешар – Дала боххург хир ду аьлла тІеоьцуш долу, цхьалха долу тешар ду. Тешар Делан Дош хазарехула догІу, нийса доцучух тешарехула а доцуш.

ЧІогІа лараме ду вай билггал бакъдерг дІакхайкхор, цунах тешар а долуш, дахарехь шена зеделларг а доцуш. Зеделларг дика ду, цо билггал бакъдерг чІагІдеш хилча, амма билггал бакъдолчун хьехархо хуьлийла дац цуьнан. Вайн Хьехархо – Деза Са ду, ткъа цо цкъа а ца хьоьху Делан Дашан тІехь доцург. Вай Делан Дашах тешахь, тІаккха вайн гар а хуьлу, дахарехь зеделларг а гулло. Амма дуккха долчу адамо нийсса бІостанехь дерг до – цкъа хьалха дахаран зеделларг схьаэцна лаьа царна, цул тІаьхьа теша лаьа. Иштташу хьажаро Іийсага ТІамас аьлла дешнаш дагадохкуьйту. Вайна массарна хьалха хІутту къастам бар: вешан тешар кхечарна дахарехь зеделлачунна тІехь дІахІоттор я Дашо Шех лаьцна иштта аьллачунна тІехь:

> Дела адам дац, Цо аьшпаш ца бутту. Иза адамех схьаваьлла вац, Цо Шена дагадеанарг ца хуьйцу. Ша йинчу чӀагӀонца ца лела ткъа Иза? Ша дийр ду аьлларг кхочушдийр дац ткъа Цо? (Лел. 23:19).

Чакхенгахь сиз а хьокхуш ала луур дара суна, хӀун боху Дезачу Сино вайга массаьрга а тамашийначу меттанашца дийцарх лаьцна: «Суна ца лаьа, царах лаьцна дерг шуна ца хууш дуьсийла» (1 Кор. 12:1). КхидӀа Цо дуьйцу вай хӀокху коьртехь дийцинчух лаьцна, цу тӀе, и дерриг дийцаре диллинчул тӀаьхьа Цо кхеттош боху:

> «Нагахь цхьаммо иза тӀе ца эцахь, иза ша а тӀеэцна хир вац» (1 Кор. 14:38).

Кхечу дешнашца аьлча, дезачу Сино ПахӀалехула боху вайга: «Аса дика къаьсташ а, кхетош а дӀахаийтина шуна Сан лаамехь дерг и тамашийна меттанаш бахьанехь. Шу ца хаарехь диса лууш делахь, тӀаккха иштта ца хууш дуьсур ду шу, декъалдина а хир дац шу Сан похӀманашца». Со тешна ву, Дезачу Синна цатам баьлла хиларх, ПахӀалехула Цо и дешнаш олучу хенахь, хӀунда аьлча Цунна хьалххехь гуш дара Ша и Дахьийтар вайга яздинчул тӀаьхьа дуккха шераш девлча, адамаша цунах лаьцна къийсамаш бийриг хилар а, иза дийцаре дуьллург хилар а (дуьххьарлерачу Ӏийсах тешначу динан тобанехь хиллачарна дага а ца деанера цу тамашийначу меттанех лаьцна шеко яийтар).

Кхин а. Сино халахетарца боху вайга, вай ца хаарехь диса йиш хиларх (ца кхетарца) оцу агӀонах лаьцна, амма иза иштта хилахь, Цуьнан чакхенгахь болу сацам иштта хир бу:

> «Иштта, динан вежарий, Делера болу хаамаш бар дезаш хилалаш! Тамашийначу меттанашкахь дийцар а ма дехка» (1 Кор. 14:39).

Иза дIахьедар ду, ткъа нагахь шайна цхьаммо кIоршамаллица тамашийначу меттанех лаьцна олуш хазахь, хаалаш, цо Везачу Эло аьлларг ца дойла. Далла хаьара тIаьхьарчу заманахь, я шайн кхетам ца хиларна, я уьш дуьхьалдовларна Цуьнан тобанах болчаьрга тамашийначу меттанашца дийцар хIинца оьшуш а дац я иза Делера а дац бохуш долу адамаш юкъадевр дуйла.

Аса доIанаш до, кхидIа болу корта беша шу девлча, Дала делла инзаре дерг шуна гарна тIера, Цо Шен берашна делла долу, иштта Дезачу Сино Iийсах тешар долчу массарна луш долу, уллора уьйр хуьлуьйтуш долу, и тамашийначу маттахь дийцар а хуьлийла шун.

(Тидаме эцалаш: Нагахь шун хIинца а Дезачу Синах дузар ца хиллехь, Б тIетохаре хьовсалаш. Аса боккхачу лаамца доIа дийр ду шуьца и похIма шун хиларна тIера.)

## Темица доьзна хаттарш:

1. ХIара корта болалуш авторо шен къоналлехь ша студент волуш шен хиллачу тешарх лаьцна дуьйцу. Цо шен доладеллачу керлачу дахарх лаьцна дуьйцуш, ша Делан Йозанаш тIетаьIIина Iамош хиллехь а, цхьа хIума ца тоьаш санна хеталора шена боху. Хааделлерий те шуна а и саннарг, я хIинца а хаало те шуна цу тайпана дерг?

2. ХIун хийцаделира те шун хьажарехь, оцу тамашийначу меттанашкахь дийцарх лаьцна дерг шайна девзича?

Муха хета шуна и кхаъ, Далла шу Шен Синах дуза лаьа, стиглашкарчу меттанашца доIанаш дар а хуьлуш, боху?

3. Цхьа бахьана доцуш дац, аша хIара тептар деша долор, цхьана хиллачо я цхьа сингаттам тIебаро тIедалийна шу, Далла уллохь хилар бохург хIун ду те хаа болчу лаамана. Дуй те иза, вай хIинцца дийцинчуьнгахула Дала цхьа керла хIума шуна лург хиларца доьзна, шайн Iалашоне кхача шуна гIо дийр долу? Шайна я кхечунна тIера аша дечу доIанаш тIехь и похIма аша далор, Везачу Элаца а долуш шу леларна тIедуьгу кхидIа йолу гIулч юй те?

Корта 12

# УЛЛОРА ХИЛАРАН МОТТ

Делера долу хьекъалалла – кIоргга хиш ду, вайн долчу хьекъална иза йоккха къайле а ю.

Аса юх-юха а яздора хIара, ткъа хIинца юха а ала лаьа суна цунах лаьцна, ас бохучу дешнашка шун дегнаш чохь кIорггера орам тасийтархьама, – Делан боккха лаам бу шуьца уллохь хила. Цунна шуьца уллора уьйр хила лаьа. Цунна шуьца и уьйр хилла а ца Iаш, и уьйр а, юкъаметтиг а юьззина, шуьйрра, хадар а доцуш хила лаьа.

## Делаца цхьатерра йолчу локкхаллехь йолу уьйр

Цу тайпана кIорггера а, цIена а йолу уьйр билггал хилийтархьама, Дала массо а агIо елла вайна Цуьнан локхаллехь Цуьнца уьйр хилийтархьама! И бохург хIун ду

бохучух шу кхето, пурба лолаш суна. Йозанаша вайга боху:

> «ХIунда аьлча тамашийначу маттахь къамел дечо адамашка ца дуьйцу, цо Деле дуьйцу (1 Кор. 14:2).

Вайна хаьа, ПахIала юьйцург дуккхачу адамашна хьалха буьйцучу тамашийначу меттан ши кеп йоцийла, хIунда аьлча оцу шина кепехь дуьйцург, Делан Дашан тIехь дерг цара адамашца шайна а бевзаш боцучу маттахь дийцар ду. Оцу аят тIехь ПахIала бохург, вай Деле доIа дарехула я уьйрехула дуьйцург ду. Вай тамашийначу маттахь доIа дечу хенахь дуьххьал дIа Деле дуьйцу, адамашка а доцуш. ПахIала иштта а аьлла: «Цу кеппара гIорасиза долчу вайна Делан Сино а гIо до. Вайна ца хаьа дан ма-деззара доIанаш дан. Ткъа Делан Сино, вайл хьалха а долий, вайна тIера Деле доьху дешнашца вайга дIа ца алалучу узаршца» (Рим. 8:26). Ткъа билггал и ши агIо ю дукхахьолахь Делаца йолчу уьйранна новкъарло йийриг. Вайна я ца хаьа стенах лаьцна дан деза доIа, я иза муха дан деза а ца хаьа вайна.

Уггар дика хIокху масалло гойту иза. Нагахь Америкийн Цхьанакхеттачу Штатийн президентан кабинете сан ваха дезча, хуьлийла дарий сан цуьнца цхьана локхалийн тIехь къамел дан? Дера дацара, иза сох кхетархьама со санна хила везара. Иза сол дика кхета шен мехкан пачхьалкхан гIуллакхех, цу юкъа пачхьалкхан дозанаш лардар а догIуш, шуьйрачу юкъараллин гонна девзаш доцу. Цунна Iалашонаш, проекташ евза, цунна къайлаха долу дешнаш, терахьаш девза, хIунда аьлча уьш тешаме доцучу адамийн кара гIахь, пачхьалкх боккхачу кхерамехь хила тарло.

Цу тайппана, Дерриг Дуьненан Паччахь волчун хIусаме, Цуьнан Iаьршара цIа чу со волуш, нагахь аса сайн хьекъалца

доIа дахь, тхошиннан юкъаметтиг дукха готта хир ю! Суна дийцалур дац Везачу Элаца Цуьнан локхаллийна тIехь, хIунда аьлча Цуьнан хаар дусталур доцучу кепара сов ду, сан долчул. Цуьнга сан хьекъале хьаьжжина бен соьца къамел далур дац. Лакхахь далийначу масалло ма-гайттара, Цунна барам боцуш дукха хаьа суна чул Дуьнен чохь хIоьттинчу хьолах лаьцна, цу юкъа цхьадолу цхьана бахьаненна вайх цкъачунна къайладаьккхинарг а догIуш. Наггахь, къайленаш хилар оьшу, лараме долу хIуманаш ца оьшучу адамийн кара ца дахийтархьама. Цунах лаьцна кхеттош аьлла ду ПахIалан хIокху дIахьедарехь:

> «Ткъа оха дуьйцуш долу хьекъалалла – Делан къайлаха долу хьекъалалла ду. Иза Дала хIара дуьне кхоллале дуьйна а вайн сийлаллина хьажийна хилла. И хьекъалалла кху дуьненахь олалла деш хилла болчех цхьанна а девзина дацара, хIунда аьлча шайна иза девзина хиллехьара, цара вайн сийлаллин Веза Эла жIарах дIатухур вацара» (1 Кор. 2:7,8).

Оцу аято билггал, Веза Эла волу Іийса жIарах дIатохарехула а, Цуьнан денваларехула а, цул тIаьхьа деанчу сийлаллехула а гучудаьллачу лаккхарчу хьекъалаллех лаьцна боху. Иза цхьа масалла бен дац, Дала и хиндерг къайладаккхарх лаьцна, Ша хила билгалдаьккхинарг кхочушхиларна новкъарло, дуьхьало ца хилийтархьама. Амма кхин а къайленаш а ю (хь. Мат. 7:6). Йозанаша чIагIдо вай даима а тIамехь хилар, ткъа вайн мостагIий – куьйгаллехь берш, олалла дерш, кху дуьненара боданан урхалчаш, харцжинаш а ду (хь. Эпас. 6:12). Гуш болчу тIамехь, билггала цхьана агIор болчу мостагIийн ницкъашна юкъахь къайлаха йолу юкъаметтиг хуьлу вовшашца. Изза ала мегар ду Везачу Элан тIемалойх а, Цуьнан Олаллин

тӀемалойх а лаьцна. Везачу Эло Шен Олаллина диканна а, вай лардарна а инзаре къайлаха йолу уьйр хилар делла Шен берашна. Цул тӀаьхьа мостагӀчунна, вай тамашийначу меттанашкахь дуьйцучу хенахь, вай хӀун доьху вайн Дега бохург, дага а ца догӀу. Вайна безачарна дуьхьалбовларна цхьацца Ӏалашонаш хӀиттайо жинаша, амма Стиглашкарчу Дега дечу доӀанна тӀехь вай тамашийначу меттанашцa дуьйцуш, жинаш цец а дохуш, маликийн ницкъаша цӀеххьана дуьхьало дӀахӀоттайо мостагӀчунна хьалха. ТӀаккха жинаш Ӏадорца дӀадовду, эшамехь а хуьлий.

## Коьрта Ӏалашо

Вайн тамашийначу маттахь деш долу доӀанаш, мостагӀчух къайлаха йолу информаци ларъярна хилла ца Ӏа. Оцу меттанийн коьрта йолу Ӏалашо – Везачу Элана уллохь хилар ю. Со сайн зудчуьнца веха дуккха хан ю оцу ханна тхо дукха уллора хилла вовшашна, и бахьанехь тхошиннан уникальни агӀо ю вовшашка информаци яла. Дуккха гулделлачу адамашна юкъахь цо соьга цхьа лараме йолу информаци олу, ткъа царах цхьа а цхьана а хӀуманах ца кхета. Вай вешан, вайна а бен ца бевза, мотт бу. Иштта болу мотт божарийн, зударийн хила йиш хилла а ца Ӏаш, амма вовшашца уьйр йолчу массеран а хила йиш ю. Вовшийн довзар дукха хенахь дуьйна долу адамаш хиларе терра, шерашкахь цхьаьна белхаш беш берш, цхьаьна тӀамехь хилларш, иштта кхиберш а, багах дош а далале кхетаре терра, уллора болу накъостий а кхета вовшех.

Оццу кепара Шеца уллора уьйр хила йиш хилар а делла Дала, кӀорггерачу локхаллехь. Къинойх цӀандалар хилла боцучу, вайн болуш болчу кхетамца цкъа а кхочийла дац вайн

оцу локхалле. Цундела цу тайпана дерг хирг хилар хиъначу назманчо яздинера: «КIоргачу цхьана хино вукху хине Хьан чухчарийн аьзнашца кхайкхамаш бо (Заб. 41:8). Иза Цо элира Шех тешаш болчара тIеоьцур долчу Делан Синах лаьцна. Ткъа царна чохь хIинца а Делан Са дацара, хIунда аьлча Iийса Дас сийлалла даза вара (Яхьъя 7:38,39). Везачу Элаца вайн йолу уллора уьйр, дIадоьдучу дийначу хих тера ду. Гой шуна, хIун делла вайна Дезачу Сино! ХIун похIма делла Дала Шен берашна! Са а лаьцна вуьсу, цуьнан ойла йича!

КхиндIа вайн дахарехь кхин а сов инзаре хIуманаш хир ду. ПахIала иштта аьлла Iийсах тешар долчех лаьцна.

ХIунда аьлча тамашийначу маттахь къамел дечо адамашка ца дуьйцу, цо Деле дуьйцу.

> Цо дуьйцучух цхьа а ца кхета, ткъа иза Делан Синехула къайленаш юьйцуш ву (1 Кор. 14:2).

ХIун дара ПахIала бохург, цо «къайленаш» аьлча?. Грекахойн маттахь къайленаш аьлла гочдина дош *musterion* ду. У. И. Вайн грекахойн маттара гочдаран говзанча вара, цу дашах лаьцна цо иштта яздо: «Керлачу Весет тIехь цу дашо бохург, къайле дерг я къайладаьккхинарг бохург дац (адамийн кхетарехь ма-хиллара), амма вайн кхетамехь долчун дозанал тIехдолуш дерг ду, цунах кхетар Дала гучудаьккхича бен хуьлийла дац. Иза Дезачу Сино шена дIадиллича бен, хуийла дац. Вай гуттара а далош долу «къайле» бохучу дешан маьIна къайладаьхна хаарш бохург ду, ткъа Делан Йозанаша далочу оцу дешан маьIна – «дIадиллина билггал бакъдерг» бохург ду.

Цу тайпана, вайна кхечеран долчул кхин а совдерг хуьлу тамашийначу меттанашкахь вай дийцарх. Дела долчу Дезачу

Синна девза Дала леррина Къобалвинчун хьекъал а, Ден кхетам а бевза, хIунда аьлча уьш дерриш а – цхьаъале ду. Цу тIе цунна хаьа, вайна оьшург хIун ду а, Иза вайца даима а волу дела. Цундела Цо юкъарлочо дийриг до, вайна стиглашкара долу меттанаш луш, вайга кхачамечу кепара дехийтархьама а, лахийтархьама а я уьйр хилийтархьама а. Мел инзаре ду иза, хаьий шуна! Шуна хета тарло: со кхета ма ца кхета айса дуьйцучух меттанашца доьхучу хенахь, аьлла. ХIаъ, цундела яздира ПахIала:

> «Цундела тамашийначу меттанашкахь дуьйцуш волчо, ша дуьйцург гочдан хаар деха Деле. ХIунда аьлча аса тамашийначу маттахь доIа деш хилча, Делан Сино сан синехула доIа до, амма сан хьекъална иза пайденна дац (1 Кор. 14:13, 14).

Цу тайпана, хуьлийла иза дехар, я юкъарло яр, я хуьлийла иза сан Делаца уьйр хилар, Дезачу Сино билггал лур ду суна, аса Цо со вигаре терра, меттанашкахь дечу доIанийн маьIна хаар, нагахь аса Цуьнга иза дехахь. ТIаккха, сан синна там хилла а ца Iаш, дагна а там хир бу.

## ДIаеллаелла къайленаш ларъйийриг

Кест-кеста иштта уьйр йолуш Везачу Эло Делан Йозанаш тIехь къайлаха долу билггал бакъдерг дIадоьллура суна, тIаккха и хаарш, ден а лой, айса динан гIуллакх динчу масех шарахь оцу дIаделлалочу билггал бакъдолчух лаьцна аса яздора, хьехамаш бора. Делахь а, хIинца а дуккха а билггал бакъдерш ду аса алаза дисина.

Аша хатта там бу, уьш хIунда ца дийцира ахьа, аьлла. Иза доьзна ду и хан хIинца а тIееана ца хиларца, я Делан Шен

халкъе кхидолу дӀахьедарш дан а, ала а лаам хиларца. Дала вайна тӀедуьллург дийцархьама, Цуьнан Олаллин юкъарло лелораш вай хилча, вай дагахь латто деза вай дуьйцург Делан цӀарах хилар, цундела цхьадолу хӀуманаш Цо вай дӀаала тӀедуьллурш хилар, ткъа кхидолу хӀуманаш цкъа хӀинца а ала ца дезарш хилар.

Суна цкъа а дицлур дац сайн хала хилла долу цхьа Ӏамар, и бахьанехь билггал бакъдолчух кхетар хиллера сан. Цхьана хенахь Далла Ӏамалъеш волчу цхьана стагаца цхьанакхетар хила дезар сан, иза тхан махкахь массарна а дика вевзаш ву. Суна дуккха а хезнера цо дечу динан гӀуллакхах лаьцна, со гӀадвахнера и бахьанехь, цундела воккхаверца ладоьгӀура аса оцу цхьанакхетаре. Суна иза кхечу динан тобанан куьйгалхочо вовзийтинера. Со синтем байна вара. Иштта, цхьана суьйранна, пхьор деш цхьанакхетар хилира тхан тхайн зударшца цхьаьна. Юург юуш долуш, сайна Дала дӀадиллинчех уггар битам битиначех лаьцна дийцира аса, цу тӀе иза аса сайх цуьнга тамаша байтархьама дийцира. (Оцу минотехь со ца кхетара цунах, амма тӀаьхьо со кхийтира билггал и Ӏалашо йолуш айса дийцина хиларх).

Юург йиинчул тӀаьхьа цо тхо гостинице дигира. Со, сан зуда чӀогӀа кӀадделлера, и де дукха чулацаме хиларна. Делахь а, со мел кӀадвелла хиллехь а, сан са бӀаьрзе дара. Суна хаьара, Везачу Элан аса доӀа дан лаам хилар, зудчуьнга дӀайижа элира аса. Иза дӀайижа яхара, ткъа со оцу гостиницин номеран балкон тӀе велира. Со цӀа чуьра ара ма-велли, Дезачу Сино тӀедилларца сан дагчу деара: «Цу тайппана, паччахьо шен мел дерг гайтира». Сан са когаш чу дахара. Со дохковаларх а, эхьах а вуьзира. Суна хаьара, Дезачу Сино Хьузакх-ЯхӀу- паччахьах даьлла гӀалат дагадаийтина хилар суна. И паччахь волчу хьеший

баьхкинера, ткъа цунна шех тамаша байта лиира царна хьалха:

> Геланчаш хазахетарца тӀе а эцна, Хьузакх-ЯхӀус царна гайтира шен чӀоь-цӀа чохь мел дерг – дети а, деши а, хаза хьожа йогӀу хӀуманаш а, деза хьакхарш а, герз чохь долу цӀа а, шен хазнашкахь кхин мел карош дерг. Хьузакх-ЯхӀус шен паччахьан цӀа чохь а, шен массо а пачхьалкхехь а царна гайтаза хӀумма а ца дисира (Еш. 39:2).

ЕшаӀ-ЯхӀу-пайхамаро Везачу Элан цӀарах емалдира. Со чӀогӀа вочу хьолехь вара. Суна хаьара, цу суьйранна гулделлачохь аса Дала сайна дӀадиллинарг оцу стагана хьалха сайх тамаша байта дийцинийла.

Юха Дала таӀӀош элира соьга: «Сан кӀант, Сайн мехала долу билггал бакъдерг, хьоьга массанхьа а, хьайна ма-хетта дӀадийцийта ца дийцинера Аса. Хьоьга хьайх тамаша байта ца делла хьуна и билггал бакъдерг. Хьо хьекъалалалла долуш хила веза, Аса хьайна мел луш дерг нийсачу тайпана дийцархьама, ткъа Аса хьайна тӀедиллалц, цхьа а хӀума дийца ца деза ахь».

Аса дохковаларца цу сохьта сайна гечдар дийхира Деле, тӀаккха и бехкала вахаран дукъо цу сохьта витира со, синтем а беана, машаре волуш, дӀавижа вахара со. Мел къинхетаме ву вайн Дела!

Вайга къайлаха дийцинарг а, ерриг информаци а, ойла а ца еш, дӀасаяржор яц вай, нагахь вай хьекъалаллица харжахь, вешан уллора хила лууш болу накъостий. Уллора болчу накъосташа хьекъалаллица а, кхетамца лардийр ду, шайна хууш долу вовшех дерг. Нагахь накъосто хӀорраза а и агӀо лар ца ях, вай кхин дуьйцур дац цуьнга хӀумма а, цо мах ца

хадабо дела а, цунна шех тешна аьлларг, мехала ду аьлла ца хетарна а. Изза ду вайн Везачу Элан къайлаха долчуьнца а. Нагахь Шен дагахь дерг вайца декъадалар хиларца Везачу Элан вайга цхьаъ дийца лаам белахь, вай дукха тидаме хила деза, кхечу адамашна хӀун а, хьаьнга а дийцар тӀедуьллу Цо вайна бохучунна тӀехь.

## Делера болу хьехам хилар дехар

Аса доӀа деш, я Деле тамашийначу меттанашца сайн дагара дуьйцуш, суна го, сан коьрте дуккха а ойланаш, Ӏалашонаш яр, хьекъалалла я хьехам богӀуш хилар. Хетало, хӀордан бухахь, хӀаваах юьзна йолу цхьа пхьегӀа дӀаеллаелла, ткъа хӀинца и хӀаваъ цхьана хӀумане сеца а ца луш, хин тӀехула хьаладолуш ду, аьлла. И ойланаш, суна чуьра ара а йовлий, сан коьрте йогӀу. Йозанаша цунах лаьцна иштта боху:

> «Стеган са – Везачу Элан стогар бу. Оцу синехула адаман дагахь дерг толлу Везачу Эло (Киц. 20:27).

Вайна дагахь латта деза, Дезачу Сино вайн кортошка а доцуш, сине олуш хилар. Билггал вайн хиларан и дакъа кхетамах дузу Цо. Синца доӀа а деш, Дезачу Сине ваьш кхетор вай доьхучу хенахь, Делан хьекъалалла и Ӏовраш санна долчу дӀаделладаларшца вайн даг чуьра кхетам я кхетар хуьлчу метте хьаладолу. Йозанаш тӀехь цунах лаьцна иштта боху:

> Адаман даг чохь дерг кӀоргачу гӀунна чохь долу хи санна ду, ткъа кхетамечу стаге и хи хьаладаккхало (Киц. 20:5).

Делера болу хьехам бохург хӀун ду? Иза цхьана хӀоьттинчу хьолана догӀуш долу хьекъалалла ду. Адамаш консультанташ

тIе хIунда оьху те? Шайна бина хьекъале хьехам схьаэцархьама боьлху, тIехIоьттинчу къастинчу хьолехь царна цунах гIо хир долу дела.

Тидаме эцалаш, Делан Йозанаш тIехь кIоргерчу хишца бустуш болу Дала бина хьехам, Делан некъаш девзаш долчу кхетамечу адаман бен, схьаоьцийла ца хилар. Дезачу Синна Делан Олаллера ерриг къайленаш евза (гучуяккханза йолу Iалашонаш, дерриг хаарш, хьекъалалла). Iийсас стенах лаьцна элира, дагадаийтий вай:

> «Сох тешначун, Делан Йозанашна тIехь ма-аллара, кийрара «дийначу хин» шовданаш оьхур ду». Иза Цо элира Шех тешаш болчара тIеоьцур долчу Делан Синах лаьцна. Ткъа царна чохь хIинца а Делан Са дацара, хIунда аьлча Iийса Дас сийлалла даза вара (Яхьъя 7:38,39).

Кицанаш цIе йолчу тептар тIехь яздина ма-хиллара, адаман даг чуьра ойланаш – Делан хьехам я хьекъалалла ду. Иза билггал ду дийначу хин шовда (хь. Ярм.2:13). Ткъа хIинца леррина дIадеша ПахIала аьлларг:

> Ткъа оха дуьйцуш долу *хьекъалалла* – Делан къайлаха долу хьекъалалла ду. Иза Дала хIара дуьне кхоллале дуьйна а вайн сийлаллина хьажийна хилла… Вай тIеэцнарг кху дуьненахь болчийн кхетамехь долу са дац, ткъа Делера схьадолу Са ду, Дала Шегара делларг вайна довзийтархьама. Оцу дерригнах а лаьцна, вайн адамийн хьекъало луш долчу дешнашца а доцуш, Делан Сино хьоьхучу дешнашца дуьйцу. Синца доьзначу хIуманех Синах берш кхетабо вай (1 Кор. 2:7, 12, 13, *курсив авторан).*

Цу тайпана Делера долу хьекъалалла, я Делан хьехам – уьш кIорггера йолу ойланаш а, дукхахьолахь – йоккха къайле а ю вайн болчу кхетамна. Амма Iийсас боху, Деза Са дийначу хин шовданаш хир ду. И муха хир ду? ПахIала кхаьстташ боху цунах лаьцна:

> «ХIунда аьлча тамашийначу маттахь къамел дечо адамашка ца дуьйцу, цо Деле дуьйцу. Цо дуьйцучух цхьа а ца кхета, ткъа иза Делан Синехула *къайленаш юьйцуш* ву (1 Кор. 14:2, *курсив авторан).*

Иштта ду иза! Билггал оццу тайпана адамо, иза кхетар долу адам делахь, Делера болу хьехам схьаоьцу. Ма дуккхазза а нислора суна Йозанаш тIехь, со ца кхета меттигаш. Шайна догIу жоп доцу хаттарш догIура сан коьрте. Дуккха а дерг къайле хилла дуьсура суна. Дукхахьолахь аса доьхура: Деза Са, со цунах ца кхета, доьху Хьоьга, гайтахьа суна иза… Цул тIаьхьа тамашийначу меттанашкахь доIа дора аса, тIаккха я цу сохьтта, я жимма Iийча, оцу меттанашкахь доIа динчул тIаьхьа, хьалха къайлаха хилла долу билггал бакъдерг дIаделлалора суна. О, мел инзаре хIума ду иза!

Аса книга язъечу хенахь, дуккхазза а, со цхьана тупикехь ву аьлла хеталора суна. Сан кхидIа болу некъ къайленан бодано дIалоцура. ТIаккха, хьала а гIоттий, оцу меттанашца доIа дан волалора со, ткъа дукхахьолахь цхьа масех минот яьлча, суна хьекъале жоп догIура, оцу хьекъалаллина дуьхьало еш хилла йолу чIинг дIа а йолий, со, юха а охьа а хуий, кхидIа сайн болх бан волалора.

Со зуда ялоза волчу хенахь суна къайлахь дара, аса мила ялор ю те бохург. Аса зуда ялаяле кхо йоI яра суна чIогIа хазахеташ. Амма синца доIанаш деш ас дуккха хан яьккхича,

со кхийтира, Дала сацаме долу «хӀан-хӀа» бохуш хиларх, оцу кхаъа а йоӀах лаьцна. Цул тӀахьа суна Лиза евзира, тӀаккха цхьана баттахь хӀора дийнахь эха сохьтехь доӀанаш дора аса тамашийначу меттанашкахь, оццу хенахь Синца сайн йолу уьйр чӀагӀъеш. Аса доӀанаш динчу ханна, Дала чӀагӀонца долу тешар делира суна, Ша аса бинчу харжамна реза хилар гойтуш, кхин а дуккха билгалонаш елира Дала. Амма аса ала деза, и чӀагӀонаш хилале дуьйна а, цхьа а шеко йоцуш, суна хаьара суна йоьгӀнарг - Лиза юйла. Суна иза сайн даг чохь хаалора, сайн деган синтем хиларехула а хаьара, цунах лаьцна айса тамашийначу меттанашкахь доӀанаш дечу хенахь.

Цхьацца хенаш хуьлура, сайн дахарехь, я сан уллорачу адамийн дахарехь хуьлуш долчух со ца кхеташ. Иза къайле яра суна. Аса Дезачу Сине доьхура Цуьнан хьекъалалла сайна дӀаделлар я Цунна муха хета и хуьлуш долчух лаьцна, олий. Билггал, аса тамашийначу меттанашкахь доӀанаш дина масех де даьлча, дерриг а гучудала долалора.

Сан дахарехь меттигаш хӀуьттура, тхан доьзалехь болчех цхьаъ шена тӀера доӀа дар оьшуш, цу тӀе со цунах лаьцна ца кхетара, тӀаккха Дезачу Сино оцу адамана тӀера тамашийначу меттанашкахь доӀа дарна тӀе валавора со. ТӀаьхьо суна хаалора, Дала цу хенахь Шен юкъаваларца а, цхьана вочух и адам лардарца а, тӀедогӀучу зенах иза лардаларна тӀехь цунна гӀо деш хилар.

Къайле – вайн болчу кхетамах къайладаьккхинарг ду. Суна къайлаха хила тарло, муьлхачу динан тобане со эха веза, муьлха гӀуллакх кхочушдан деза аса Далла лерина цу тобанехь, муьлха цӀа эца деза аса, муха доӀанаш дан деза аса президентана, кхечу куьйгалхошна тӀера, я сайн динан тобанан коьртехь волчунна тӀера, и доӀанаш дӀакхачийтархьама. Шуна шайна а хаьа, и могӀа чекх ца баллал бахлург хилар.

## Дуьне Делан некъ лахарна тӀаьхьадаьлла ду

Дукхаха болчу тешар долчарна боккха бала хуьлий дӀахӀуттy, шаьш схьалаца безачу нийсачу некъаца доьзна дерг. И бахьанехь дукхахьолахь адамаш консультанташ тӀе боьлху. Амма цунах лаьцна шуьга ала цхьа инзаре керла хӀума ду сан! ХӀинца аша гӀайгӀа бан ца беза шаьш кхидӀа хӀун дан деза бохучун. Дала аьлла: «Амма шуна юкъахь цхьаннан хьекъалалла ца тоахь [хӀун дан деза кхетар], цо иза Деле деха деза. Ша луш дерг атта а, бехкаш ца дохуш а луш волчу Цо иза массарна лур ду» (Якъ. 1:5). Вайн йиш ю, иза чолхе а ца деш, деха! Ткъа муха? Тамашийначу меттанашцa шайна дагахь дерг деха доӀанна тӀехь. Хьалха со холчу хӀуттура, айса хӀун дан деза ца хууш, амма тӀаккха оцу меттанашкахь доӀа дан волалора со. Цул тӀаьхьа хӀоразза а сан даг чуьра коьрте, фонтан чуьра дӀадоьду хи санна, цу сохьтта, суна оццул оьшуш долу хьекъалалла догӀура. Изза дора оха дуккхачу шерашкахь тхайн динан гӀуллакх дӀакхоьхьучу хенахь.

Айса кхиндӀа хӀун дан деза ца хиъча, аса иштта доӀанаш дора, тӀаккха, цӀеххьана, Дала дагатуьйсу дуккха идеяш йогӀура тхан коьрте. Аса сайн зудчуьнца Далла лерина гӀуллакх дар дуккха а шераш хьалха долийнера. Ас беш болу хӀора лараме сацам, Дезачу Синца доӀа динчул тӀаьхьа богӀура суна. Тахана тхан ткъе иттаннал сов белхало ву дуьненан кхаа континентехь къахьоьгуш. Дала йиш хилийтина тхан миллионашкахь долчу адамийн дахаре Цуьнан Дош дӀакхачо а, Иза вовзийта а. Оха и гӀуллакх дечу дейтта шарахь тхо цкъа а декхаралле ца дахна, хӀинца тхан дикка капитал ю, ахча а, адамийн куьйгийн сурсаташ а ду, Далла гӀуллакх дарна тӀехь тхуна гӀо деш долу. И дерриг а кхочушхилла, Дала аьлла дела:

> «Со Веза Эла ву, хьан Дела, хьуна пайденна дерг Iамош волу, хьо ваха везачу новкъа дIавуьгуш волу. Ас деш долу омранаш ахь тидаме оьцуш делхьара! ТIаккха хьан синтем дIадоьду хи санна хир бара, хьан нийсо хIордан тулгIенаш санна хир яра» (Еш. 48:17, 18).

Бакъдерг аьлча, вайн дуьне, хи санна дIаоьхуш ду. Тхуна тIехIиттира цхьа хенаш, тхо доьхна хила дезаш йолу, тхуна тIехIиттинчу халонашка хьаьжча. Амма оха тамашийначу меттанашкахь доIанаш деш, дерриг Делан кара дIаделча, тхуна синтем богIура. Оцу меттанашкахь доIа дарх лаьцна вай доьшу:

> «Делахь а, бур-бур деш долчийн балдашкахула а, хийра мотт буьйцучаьргахула а Дала цу халкъе къамел дийр ду. Цаьрга бехира Цо: «ХIара садаIа меттиг ю, кIадбеллачарна садаIа синтеме меттиг ю хIара!» Амма царна ладогIа ца лиира» (Еш. 28:11, 12).

Деган машар боцучеран, синтем а бац. Дала оцу аятехь боху синтем – иза машаре хилар ду, дIаоьхуш долу хи санна. Сан барам боцуш дукха дара дийца, хIокху дуккха долчу шерашкахь гулделла долу дийцарш, тоьшаллина схьаэцархьама, амма цхьа ша къаьсттина хилла хIума дагадогIу суна. Цу хенахь дукха атта деган машарх вала йиш яра сан, хIунда аьлча со чIогIа воьхна вара, айса хIун де а ца хууш. Иза со Мексике вахана волуш дара, Iийсах болу хаза кхаъ кхайкхош беш болчу гуламехь хьехамаш бан. Монтеррее еккъа цхьана суьйранна ваханера со. Динан гулам гIалин юккъехь йолчу цхьана зал чохь бара.

Дийнахь сарралц меттанашкахь доIанаш дира аса, тIаккха дуьхьал Дезачу Синера долу сурт хIоьттира суна хьалха, и

зал стиглара схьайогӀучу серлоно дӀалаьцна яра. Дала сан даг чу иштта элира: «Иза Сан сийлалла ду, тахана суьйранна гучудоккхур долу».

Цу суьйранна со а, и гулам кечбина волу динан добанан куьйгалхо а, чӀогӀа синтем байна вара. Цуьнан динан тобано боккха болх бинера оцу гуламна кечам беш. Тхо гулам болабалале пхийтта минотана хьалха даьхкинера, суна гира оцу куьйгалхочунна дукха оьгӀазе волу цхьа стаг тӀевар, шена уллохь герз карахь долу ши хадийриг а волуш. Цо испани маттахь къамел дира, суна цуьнан буьрса а, тӀекере доцу а аз бен ца хезара. Куьйгалхочо, суна тӀе а веана, элира: «Джон, тахана динан хьехам бан йиш хир яц хьан».

Аса, хӀунда, аьлла хаьттира цуьнга.

Цо жоп делира: «И стаг – кху махкарчу Ӏедалехь воккха хьаькам ву, ткъа кху штатехь хӀоттийна закон ду, цуьнца доьгӀна Мексикера вахархо хьо вацахь, Ӏийсах лаьцна и Хаза Кхаъ кхайкхо бакъо ца хуьлу. Хьалха цхьаммо а ца хоттура и бакъо ларъяр, амма хӀинца оцу хьаькамо тӀедуьллу и бакъо ларъяр. Ла ца догӀахь боккха бохам хила тарло. Цунна ша дан лаьа хьоьца къамел».

Цу сохьтта Кипа, Яхьъя дагавеара суна, яхӀудхойн куьйгалхоша Ӏийсах лаьцна хьехамаш ца байтира цаьрга. Делахь а, цара ла ца дуьйгӀира шайга бохучуьнга, хӀунда аьлча Делан Дашо бохучуьнца догӀуш дацара иза. Цундела аса динан тобанан куьйгалхочуьнга элира: «Оцу стеган цхьана а тайпана новкъарло ян йиш яц суна, Дала ас динчу доӀанна жоп луш суна хьалха хӀоттийначу суьрто гайтинарг кхочушдарна тӀехь. Ас бийр болчу хьехамаша хьан динан тобанна зуламе дерг дохьур дуй ткъа? Дацахь, и стаг дӀа ма ваххана, аса билггал, динан хьехам бийр бу. Аса и беха некъ, хӀумма а ца деш, охьахиъна Ӏархьама ца бина! Амма аса бийр

болчу кхайкхамо хьуна зене дерг дахь, ас бийр бац и хьехам».

Цо элира: «Джон, оцу стага дукха бохаме дерг дан там бу сан динан тобанна, цундела цо аьлларг дар гІолехь хир ду». Со юхавелира оцу куьйгалхочун хьехар тІе а оьцуш. Тхошиъ цхьаьна оцу хьаькамна тІевахара.

Цкъа дуьххара хьаькам соьга хьаьжира, тІаккха, тІекере хилар доцуш, цо хаьттира: «Испани мотт буьйций ахьа?»

«ХІан-хІа», – жоп делира аса.

ТІаккха цо элира: «Хьоьга хІара ала деза сан. Тахана туризмах лаьцна дерг бен, дийца йиш хир яц хьан». Цул тІаьхьа, пасторехьа а вирзина, цуьнга испани маттахь буьрсачу кепара къамел дира цо. Оцу ерриг хенахь дукха оьгІазе хьуьйсура уьш тхоьга. Хьаькам ша тІедуьллург аьлла ма велли, уьш дІабахара.

Динан тобанан Іуналхо воьхна хьийзара, иза бехказа вуьйлура суна хьалха, сан и хьехамаш бан йиш ца хилар бахьанехь, цул тІаьхьа иза зал чу вахара, гуламна тІаьххьара кечам бархьама.

Оцу минотехь со а вара дог доьхна. Со кхетара, сайна Делера долу хьекъалалла дезарх, айса хІун дан деза суна ца хаарна. Цундела со аравелира, цигахь гІеххьа тийна йолу меттиг а карийна, доІа дан волавелира со. Суна хаьара, и Делера долу хьекъалалла тамашийначу маттахь дечу доІанехула бен сайна хир доцийла. Цу тайпана, аса тІетаьІІина меттанашкахь доІа дира. Суна уллохула адамаш чекхдуьйлура, суна хетарехь, царна со хийрачу махкара ша-шеца къамел деш волу стаг ву аьлла моьттуш хир дара.

Оцу меттанашкахь аса доІа динчу масех минотехь сан синна Делера болу машар беара. Аса цхьана пхийттех минотехь доІа дира, тІаккха цІеххьана сан даг чуьра, фонтана чуьра арадолучу хин онда кІеж тоьхча санна, коьрте кхетам

беара. Суна хезира: «Делан Йозанаш юьстах охьа а диллий, адамашка уггар воккхачу цкъа мацаха Мексике веана хиллачу Некъахочух лаьцна дийца».

Дукха хазахетарна ирхъэккхаза висира со, чIоггIачу озаца мохь тухуш: «Бакъ ду, бакъ ду-кх иза. Цо соьга туризмах лаьцна дийца мага ма дина! Аса Iийсах лаьцна дуьйцур ду царна, уггар воккхачу Некъахочух лаьцна, цкъа мацца а Мексике веана хиллачу!»

Со юха зал чу ваха сихвелира. Амма гулам болабеллера, тобанан куьйгалхо гулбеллачаьрга маршалла хоьттуш лаьтташ вара. Суна тIехьа лаьттачу цуьнан зудчо элира: «Джон, куьйгалхочунна хьо хьалха дIахIотта лаьа». Со хьалха а ваьлла дIахIоьттира, цо соьга а хьажна меллаша элира: «Дала, хьайна дан тIедиллинарг, дан деза ахьа, аьлла соьга».

ТIаккха зал чохь болчаьргахьа а вирзина, аса элира: «ДоттагIий, пачхьалкхан куьйгаллехь волчу белхалочо, туризмаца лаьцначу гIуллакхех бен, дийца ца магийна суна. Цундела аса уггар воккхачу Некъахочух лаьцна дуьйцур ду, цкъа мацца а Мексике веана хиллачу. Аса Iийсах лаьцна дуьйцур ду шуна».

Чохь гулбеллачарна юкъахь хазахетаран маьхьарий белира. ТIаккха цхьана сохьтехь Делан Дашах лаьцна хьехам бира аса. Со дийцина ваьлча, шайн дахар Дала леррина къобалвинчу Iийсан кара дIа а луш, Иза шен Олахо хилар тIеоьцуш верг, хьалха валий дIахIотта, аьлла, дийхира аса цаьрга.

Хьалха дукха адам деара, тIаккха бен бIаьрг ца кхийтира сан полицин эпсархочух, тIаьхьарчу могIаршкара нийсса хьалха дIахIотта вогIуш волчу. Аса ойла йира сайн даг чохь: со цара дIалацале доIа дан деза аса, аьлла. Суна Кипа а, Яхьъя а дагавеара, ЦIен гIепаш олучу меттехь динан кхайкхамаш

бина волу а, Iийса шен даг чу муха эца веза бохург дIадийца а кхиале, схьалаьцна волу а. Цундела аса сихха доIа дира хьалха бевлла дIахIиттинчарна тIера, церан кIелхьардовлар хилийтархьама. Цул тIаьхьа сан тидам хилира, полицин эпсар, суна уллохула чекх а ваьлла, сцене тIерачу кулисашна тIехьа вахаран. Цу сохьта синтем беара суна, хIунда аьлча хIинца паргIат сайн гIуллакх дан йиш яра сан.

ТIаккха и нах консультанташна тIебаха безарх кхетийра ас, царна кхидIа гIо ден долчу. Уьш платформина дехьо бевлча, цхьана астагIчу стагах бIаьрг кхийтира сан. Цул тIаьхьа Дезачу Сино сан даг чу иштта олуш хезира суна: «Дуьххьара и стаг тован лаьа Суна. Иза саца а вой, цу сохьтта доIа де цунна тIера».

Дезачу Сино сайна тIе ма-диллара кхочушдира аса дерриг. Цунна тIера доIа дина ваьллачул тIаьхьа, ткъа хIинца хьайн Iасанаш охьатаса, элира аса цуьнга.

Иза хуьлийла а дац иштта, ала воллуш санна, хьаьжира и стаг соьга, амма со юха ца велира айса бохучунна тIера, тIаккха кхочушдира цо иза. ТIаккха аса цуьнан куьг а лаьцна, тхо цхьаьна дIадоладелира. Иза цкъа хьалха меллаша, тIаккха сихо а воьдуш, эххар тхошиъ цхьаьна ведира.

Гулделлачу халкъо маьхьарий деттара, дукха даккхийдерна. Массо агIор адамаш тIегулдала доладелира, платформина тIехь бIе хиллал стаг гулвелира. Дуккха а болчарна тобалар хилира Синан ницкъаца. Аса царах масех волчух лаьцна бен дуьйцур дац. Оха лергашна хезаш йоцучу зудчунна тIера дийхира, Везачу Эло хазар даийтира цунна. Везачу Элана дукха баркалле хиларна, саццаза юьхь тIера бIаьрхиш эхарна цунна тIера сирла сийна бос болчу бедаран таьIна сийна бос хилира. Дала вукху зудчун бIаьргаш тодира, кхозлагIчун вон цамгар дIаяьккхира.

Цул тIаьхьа пхи шо кхаьчна волчу кIантана тIера доIа дира

оха, иза а товелира. Оха кхаа сохьтал сов дира и гІуллакх. Иза инзаре дара, дукхах берш боьлхура дукха ирсе шаьш хиларна. Цхьана минотехь сан тидам хилира платформина юххехь фотоаппараташца лаьтташ болчу нехан, амма терго ца еш битира аса уьш.

ШолгІачу Іуьйранна со Цхьаьна Кхеттачу Штаташка юха-вирзира. Цхьа кІира даьлча Мексикера и динан тобанан куьйгалхо веара со волчу. Цо элира: «Джон, дуьххьалдІа хьох дагавала веана со». Оцу пачхьалкхан куьйгаллехь волчу белхалочо къайлаха ши агент ваийтина хилла оцу гуламе, нагахь аса динан хьехамаш бахь, со дІалаца аьлла омра а дина.

Уьш нийсса оцу астагІчу стагана тІера аса доІа дечу минотехь баьхкинера. И стаг товалар шайна гича, цхьаммо вукхуьнга хаьттина: «И дерриг бакъ ду аьлла хетий хьуна?»

Цуьнан накъосто жоп деллера: «Ца хаьа суна, амма улло а вахана, таллий вай». Динан тобана куьйгалхочунна цу шимма динчу къамелах лаьцна оцу тобанехь гІуллакх деш волчуьнгахула хиънера, уллохь а хилла цара дуьйцург хезна волчу.

И ши эпсар, хьалха а ваьлла, шайна гинчу кхечу тамашийначу гІуллакхийн теш хиллера. Къора хиллачу зудчунна хаза доьлча, царах цхьаммо аьлла: «Схьахетарехь, и дерриг а бакъ ду».

Цул тІаьхьа и пхи шо кхаьчна волу, Делан ницкъаца товалар хилла волу кІант гича, вовшашка а хьаьжна, цара аьлла: «И дерриг бакъ ду!»

Юха динан тобана Іуналхочо элира соьга: «Джон, хьо схьалаца веана волчу цу шина стага, хьалха а ваьлла, шайна тІера доІа дар дехнера хьоьга, цу суьйранна цу шиннан а кІелхьарвалар хиллера!»

Цу дийнахь сан офисехь хиллачу тхошиннан воккхавер хиларх лаьцна-м дийца а ца оьшу. ТІаккха, оцу гІалахь арахоьцу газета дІа а диллина, и гулам хиллачу шолгІачу дийнахь язъй-

ина йолу статья гайтира суна. Статьехь яздора, со харцонча ву, ерриг пачхьалкхехула дагахь хIумма а доцучу нахера бакъо а йоцуш ахчанаш гулдеш волу, аьлла дIакхайкхийна. Амма цигахь хиллачу репортёраша, хаам бора, шаьш дуккха а долчу адамийн тодалар хиларх теш ду, шайна цхьаммо а ахча гулдеш ца гира. Тамашийна дерг ду, цу дийнахь суна чIогIа ца лаара ахча гулдар кхайкхо, цу тIе а keманна билетех аса дала деза ахча сан балхахь деллера суна. Оха цу пачхьалкхера цхьа цент а ахча ара ца даьккхинера.

Ма инзаре ду-кх Деза Са! Муха хьулийла дара цу тайпана хIоьттинчу хьолехь бакъахьа дерг дар, нагахь Дезачу Сино ца хьехча? Нагахь цу дийнахь тамашийначу меттанашкахь доIанаш дан йиш ца хиллехьара а, ткъа суьйранна кхин а цкъа доIа дина ца хиллехьара, Дала сайна тIедиллинарг дар доцуш, доьхначу дагца юхавирзина хир вара со Мексикера. И пачхьалкхан куьйгаллера белхалочо туьйсу кхерамаш бахьанехь пасторо динан хьехам бойтур бацара. Амма тамашийначу меттанашкахь дина доIанаш бахьанехь а, Дала Шен лаам гайтарехула хьекъалалла даларехула а, вайх къайлаха хилларг, гучуделира. Делан лаамца сан йиш яра оцу пасторна тIера доIа дан, и бахьанехь цунна Делан аз хезира, ткъа Везачу Эло суна хьекъалалла делира, пачхьалкхан куьйгаллехь болчара бечу ницкъана дуьхьалваларна дан дезачунна тIехь. Дерриг а сийлалла Везачу Элана дIалойла вай!

О, мел боккха ницкъ тIебохуьйту мостагIчо и похIма динан тобанашна юкъара дIадаккха гIерташ. Иза кхоьру цунах, хIунда аьлча иза Дала къастийначеран Делаца йолчу уьйран дуьххьал дIа йолу зIе йолу дела. Ткъа жинашна хаъанне а ца хаьа, хIун дуьйцу вай тамашийначу меттанашкахь вешан доIанаш вай дечу хенахь. Хуьлу цхьацца хьал хIоттар я деган лаам хилар, вайга къасттош вешан дешнашца алалуш долу,

амма дукхахьолахь вайна тIе цхьацца меттигаш Iиттало, вайга иза йийца ца луш йолу, тIаккха Дезачу Синан гIо оьшу вайна. Цундела аьлла ПахIала: «ТIаккха аса хIун дан деза? Аса сайн синца доIа дийр ду, амма сайн хьекъалца а дийр ду ас иза. Сайн синца а, иштта сайн хьекъалца а эр ду аса Далла назманаш» (1 Кор. 14:15).

## Шен чохь долу адам кхолладалийтар

ТIаьхьарчу заманахь сан даго Делан халкъе кхайкхам бо, Дезачу Синца уллора чIогIа уьйр хиларе, аса лакхахь яздинарг кхочушхилийтархьама. Вай оцу Цуьнан кхайкхамна луш долу жоп лараме хилар совдуьйлуш лаьтта. Хан мел йолу кхоччуш тоам хир бац деккъа Йозанех кхетарх, хIунда аьлча парушхошна а девзар иза. Вайн дегнаш тидаме хила деза, Дезачу Сино аьллачуьнга хилла а ца Iаш, Цо хIинцца бохучуьнга а. Iийса билггал иштта ваьхнера. Цо аьллера: «Айса-Сайгара хIумма а дан йиш яц Сан. Аса, Сайна ма-хаззара, кхел йо, и Сан кхел бакъ а ю. ХIунда аьлча Аса Сайн лаам ца лоьху, амма Со ваийтинчу Ден лаам кхочушбо» (Яхьъя 5:30). Делан Йозанийн шорйинчу весис хIара дакъа иштта гойту:

> «Айса-Сайгара хIумма а дан йиш яц Сан. Аса, Сайна ма-хаззара, кхел йо, и Сан кхел бакъ а ю. ХIунда аьлча Аса Сайн лаам ца лоьху, амма Со Ваийтинчу Ден лаам кхочушбо» (Яхьъя 5:30).

Iийсан дог оццул тидаме дара Дезачу Сино бохучуьнга, цундела Цунна гуттара а хаалора Ша Дех возуш хилар. «Бакъ-дерг боху Ас шуьга, Шен Дас дийриг гуш ца хилча, Шеггара хIумма а дойла дац КIентан. ХIунда аьлча Шен Дас дийрриг до КIанта а» (Яхьъя5:19). ТIаккха кхин а: «Аса шуьга олу деш-

наш Соьгара дац. Соьца хуьлуш волчу Сан Дас деш ду и Шен гӀуллакхаш» (Яхьъя 14:10). Вай, Цунна тӀаьхьахӀиттинарш хиларе терра, дуьхьало а ца еш, «шен Делаца уьйр ю бохург, Ӏийса ма-леллара лела веза» (1 Я. 2:6).

Ӏийса а ма-хиллара, вай а хила деза Дезачу Сино даг чу хьоьхучуьнга тидаме. Сох лаьцна аьлча, со теша, Делан лааме хьаьжжина, Делаца йолчу агӀор мел долчуьнга тидаме хилар совдаккхa деза вай, вайна гонаха долчу дуьненарчуьнга чул, бохучух. Тамашийначу меттанашца вай до доӀанаша вайна чохь долу адам кхолладолуьйту, вай Дезачу Сино бохучуьнга тидаме хилар совдаккхархьама. Ткъа вайга юха а боху:

> «Тамашийначу маттахь къамел дийриг шен синца чӀагӀло, ткъа Делера болу *хаамаш бечо* динан тоба чӀагӀйо (1 Кор. 14:4. Курсив авторан).

Грекахойн маттахь хьехам бар бохург – *oikodomeo* хуьлу. Цуьнан коьрта маьӀна – «цӀа дӀахӀоттор» бохург ду. Кхин а ала деза, вайн догӀмаш – Дезачу Синан цӀа ду. ПахӀала дагадоуьйту вайна, «вай Цуьнан гӀишло ю» бохург (1 Кор. 3:9). Вай Цуьнан цӀа ду. Цундела оцу меттанашца доӀанаш дечу хенахь, Дезачу Синна лерина вешан хӀусам шоръйо вай. Цунна вайна чохь Ӏарна меттиг совйоккху вай. Бакъ ду аса бохург дуьххьал дӀа долу хӀума дац, амма вастечу дешнашца бохург ду, хӀунда аьлча У. Е. Вайнан дошамо чӀагӀдо, «и дош «кхолладалар» бохург ду дуьххьал дӀа я васте а кепара долчу дешнашца алар».

Цу тайпана, вай оцу меттанашца доӀанаш дечу хенахь, Деза Са вайна чохь хиларна а, Цуьнан ницкъана а йолу меттиг шоръйо вай. Вай вешан чохь доллучу адаман чӀагӀдалар хуьлуьйту, тӀаккха вайна аттахо хуьлу Дезачу Сино хьоьхург дан, вайн вешан кхетамо бохург а ца деш.

Иштта Вайно кхин а боху, «хьехам» бохучу дашо, вастан кепехь иза эцча, «тешар долчийн динца йолчу а, амалехь йолчу агIор кхиар гойту». И билгалдаккхар ЯхIуд-векало бохучуьнца догIу, цо шен дахьийтарехь гойтуш долчу, иштта тешар долчу адаман синца кхиарх лаьцна а бохуш долчу:

> «Ткъа аша, хьоменаш, шайн уггар дезачу динехь чIагI а луш, Делан Синан гIоьнца доIанаш а де (ЯхI. 20).

Кху предложенех схьаэцна долу хьехам бар (кхолладалар), я дIахIоттор грекахойн маттара *epoikodomeo* боху дош ду. Цуьнан коьрта маьIна – «бухехь хилар я цхьана хIуманах тешна хилар» ду. Иштта, кхузахь а вайн даима а синца кхиар хила дезарх лаьцна ду. ПахIала тешар долчаьрга олура, уьш Делан гIишлош ю, Дала Шен къинхетаме хьаьжжина бух биллина, уьш Дала леррина Къобалвинчунна тIе балорца. Цул тIаьхьа цо дIахьедо: «хIорра а ша и гIишло муха еш ю хьажа веза» (1 Кор. 3:10).

Таханлерачу дийнахь Iийсах тешар долчу дуккханниийн а синош гIорасиза ду, хIунда аьлча цара шайна чохь долу адам кхиа ца до. Уьш, дукхахьлоахь, шайн бIаьргашца хьовсу шайга, шайн дегнийн бIаьргашца а доцуш. Шайн лергашна хезначух аттахо тешар бу уьш, Делан Сино шайн дегнаш чу бохучуьнга ладугIучу меттана. Церан дахарехь хьалхара меттиг дIалоцу тIехула долчу адамо бохучо. Иштточу адамийн чохь доллу адам дуста мегар ду, дийнахь сарралц диван тIе а хиъна, чипсаш а юуш, телевизоре хьоьжуш долчу адамца. ХIаъ, цара тIетаьIIина къахьоьгуш хила там бу Делан гIуллакх кхочушдарехь, амма церан чохь долу адам терго йоцуш дуьсу. Иштта тешар долчара олу соьга: «Суна хIунда ца хеза те цкъа а Дала бохург?» Цуьнан бахьана дукха цхьалха ду. Дала Ша эриг вайн дегнашка ма олу, кхетаме а доцуш. «Стеган са

– Везачу Элан стогар бу. Оцу синехула адаман дагахь дерг толлу Везачу Эло» (Киц. 20:27). Нагахь вай вешан чохь долу адам кхиа ца дахь, вайна ма-бохху ца хеза Дала бохург.

ПахIала яхIудхойх болчу тешар долчаьрга, шен ала хIума ду цаьрга олура, амма «уьш хIуманах меллаша кхета» (Iеб. 5:11). Оцу адамашна оьшуш яц хозуьйту аппараташ, амма церан чохь долу адам нийсачу некъара даьлла, шайна чуьра сино бохург царна хаа ца даллал. Цундела, ма-дарра аьлча, ишттачу адамаша дIахIотторна а, кхолладаларна а дуьхьал дерг кхочушдо. Царна Делан Дашо бохург ца хеза. Оццу кепара хуьлу шайн чохь долу адам кхиор юхатоттуш долчу адамашца а. Вайна чохь долу адам ондда ца хилахь, вайн хуьлийла дац Далла улло тIе дахар! И бахьанехь ПахIала тIетаIIош аьлла: «Тамашийначу меттанашкахь аша массара а дуьйцучул сов айса дийцарна, аса хастам бо Далла» (1 Кор. 14:18). ТIаккха Iебархошка дIахьедо цо:

> «Делан Дош довзарехь кхиъна болчу нахана *[синан лакхалле кхиъна]* лерина бу чIогIа кхача. Гуттара а шайн кхетамашца а, хьекъалца а лелаш[даим йолчу практикица], уьш Iемира дика а, вон а къасто. (Iеб. 5:14, *курсив авторан).*

Тидам белаш, ПахIала дуьйцург царна хаалуш дерг ду, тIехула дерг а доцуш, чухула долу хаадалар. Иштта тидаме эцалаш, ПахIала чIагI ма-дарра, Iамарехула, я саццаза шардаларехула вайна чухула долу хаадалар кхиадо вай, иза Делера ду, я иблисера ду бохург къасторхьама.

Вайн хаадаларан пхи меже ю, оццу тайпана синца йолчу агIор долу хаадаларш а пхиъ ду. Йозанаша иштта масалаш даладо вайна. Лахахь яздина дерг дIа а деший, йиш юй те и дуьйцуш дерг хаадаларан меженашца кхочушдан боху хаттар

хIоттаде шайна хьалха? Цо гIо дийр ду шуна, оцу авторaша бохург, меженашцa хаадалар а доцуш, синца долу хаадалар хиларх кхета:

## Чам

Леррина шу хьаьвсича, Везачу Элан диканан *чам кхетар бу шуна!* (Заб. 33:9, *курсив авторан).*

*Оццул мерза* ду-кх сан къамкъаргана Хьан дешнаш! Сан бетана мазал а мерза ду уьш (Заб. 118:103, *курсив авторан).*

Хьан дешнаш соьга схьакхечира, *аса уьш сайн кийрахь* дIадехкина. Оцу дешнаша со ирс долуш вина, сан даг чохь самукъадалар а кхоьллина, хIунда аьлча со Хьан долахь ма ву, массо а ницкъийн волу Веза Дела (Яр. 15:16, *курсив авторан).*

## ДIахьакхадалар

Цундела Везачу Эло боху: «Царна юкъара дIа а довлий, царах дIакъасталаш. Суна хьалха боьха долчу *хIуманах ма хьакхалойша,* тIаккха Аса тIеоьцур ду шу (2 Кор. 6:17, *курсив авторан).*

ДIадуьло, дIадуьло, арадовла цигара! Боьхачух *дIа ма хьакхало.* Арадовла цу чуьра, шаьш цIанде, Везачу Элан пхьегIаш лелош дерш! (Еш. 52:11, *курсив авторан).*

## Хьожанаш

Амма Далла баркаллаш бохийла вай! Ша леррина Къобалвинчуьнгахула вайна тIехь толам а баьккхина, муьлххачу хенахь а вай толаман тобанехь

лоьлуьйту Цо. Дала леррина Къобалвинарг *вовзаран хаза* хьожа вайгахула массанхьа а дIасаяржайо Цо. КIелхарбовларан некъа тIе бевллачарна а, хIаллакьхиларан новкъахь болчарна а юкъахь Дала леррина Къобалвинчо Далла доккху хаза хьожа йогIу сагIа санна ду вай (2 Кор. 2:14-16, *курсив авторан)*.

Даггара болчу безамца лелаш, вай деза а делла, вайн дуьхьа Шен са *хаза хьожа* йогIучу сагIина а, Далла тамехь долчу гIурбанна а дIаделла волу Дала леррина Къобалвинарг санна (Эпас. 5:2, *курсив авторан).*

ХIинца шортта хIума ду сан. Оьшург ерриге а йолуш ю, аша мел даийтина совгIаташ Эпар-Падатис соьга схьакхачийна. Далла доккху *хаза хьожа* йогIу сагIа санна ду и совгIат, Дела цунна реза а ву (Пил. 4:18, *курсив авторан).*

## БIаьрса

ХIунда аьлча Хьоьгара ду дахаран хьоста. Хьоьца йолчу серлонгахь серло *го* тхуна (Заб. 35:10), *курсив авторан).*

Шун дегнашна тIера *пардо* дIадоккхийла Цо, шу тIекхайкхина долу сатийсар а, Шен нахана лур ду аьлла долчун хьал муха ду а, Шех тешаш долчу вайна чохь лела барам боцу боккха ницкъ бохург хIун ду а шуна хаийтархьама (Эпас. 1:18,19, *курсив авторан).*

«Дерриг а цуьнан когашка охьадилли Ахьа». Дерригенна а тIехь цуьнга олалла дайтича, Дала цуьнан кара ца дерзош хIумма а ца дитина. Ткъа цкъачунна тхуна ца го дерриг а цуьнан карахь хилар. Амма *тхуна гург* Iийса ву. «Цхьана ханна маликашна хьал-

ха лахвина вара Иза». Иза иштта лелла, Дала маьхза дина дика бахьана долуш, дерриге а адамийн дуьхьа кхалхархьама (Iеб. 2:8,9, *курсив авторан)*.

Стеган *бIаьрг* цуьнан дегIан серлонан хьоста ду. Цундела хьан ши бIаьрг цIена белахь, хьан дерриге а дегI серлонах дуьзна хир ду. Амма хьан бIаьргаш цIена бацахь, хьан дерриг дегI а бодане ду! Цу боданал бен хьох серло яцахь, ма инзаре боккха хила беза-кх и бода! (Мат. 6:22,23, *курсив авторан).*

## Хазар

Эли-ЯхIу-пайхамаро Ахьаб-паччахье элира: «ДIа а гIой, яа а яа, мала а мала. ДогIун долчу чIогIачу догIанан *гIовгIа* ю суна хезаш» (Сул. 18:41, *курсив авторан).*

*Лерраш* долчунна *хIара хезийла*! (Лак. 14:35, *курсив авторан).*

Лергаш долчо ладугIийла Делан Сино динан тобанашка бохучуьнга (Довз. 2:7, *курсив авторан).*

Делан Сино бохург хаа ца далар а, иза дIа ца лацар а хуьлуш долчу адаман чохь доллучух лаьцна, Iийсас кхоччуш къасттош иштта аьлла:

«Цундела дуьйцу Аса царна хьекъале дустарш. Уьш хьоьжуш боллушехь, царна хIумма а ца го дела а, *ладугIуш боллушехь* хIумма а ца хеза я дуьйцучух ца кхета дела а. Царна тIехь Ешаъ-ЯхIу-пайхамарехула Делера болу хаам кхочушхуьлу: «Аша ладугIур ду, амма шу цунах кхетар дац, хьоьжур ду шу, амма маьIна къастор дац аша. Цу *нехан* дегнаш шагделла, церан лергаш къорделла, церан бIаьргаш дIахьаббина бу.

> Цара иза ца леладахьара, церан бlаьргашна са а гур дара, церан лергашна хезар а дара, *церан* дог кlеда а хир дара, уьш шайна гlо дайта Суна тlе а богlур бара, Аса уьш то а бийр бара!» (Мат. 13:13-15, *курсив авторан).*

Синца йолчу агlоно адаман чохь хаадалар кхолладолуьйту, синца долчуьнца доьзначо – Делера дерг я Цуьнгара доцург къасторхьама. Цу тайпана долу кхолладалар билгалдолу тешар долчо шен хаадаларх пайда эцарехула а, иза lамарехула а. Вайн массеран а Дала делла хаадаларш ду, ткъа цхьаболчийн и агlо чlогlа хуьлу, вукхеран чул, деккъа цунах пайда эцар бахьанехь. Масала, цхьацца адамаш хуьлу  чам хаало агlо оццул чlагlлуш долу, оцу чам хаабалар луш йолу меженехула цхьаццачу кемсийн муттан дикалла билгалдаккхал. Шайн lамарехула царна чам а бевза и кемсийн мутт дина хан а евза, цара олу иза кемсийн керлачу стоьмех дина ду я ширачу кемсех ду, догlа я ло дукха деана хилар цу шарахь, иштта кхийолу агlонаш а.

Кхечу адамаша шайн бlаьрса чlагlдинчу агlонгахула дезачу тlулгийн мах хадабо. Иштта долу гар доцучунна и дерриг деза тlулгаш дика ду аьлла хеталур ду, амма lеминчу хьажаро цу сохьтта билгалдоккхур ду оцу тlулган дика хилар, цуьнан бос, цхьацца боккха я кlезиг болу кхачамбацарш, цу тlулган цlеналла а муха ду бохург.

Иштта хазаран техникаш хуьлу, мукъам бевзаш берш, дирижераш иштта кидlа а, эшар а, мукъам а къасто шайн лергаш lамийна болу. Царна йоккхачу оркестрана юкъахь мукъам нийса балош йоцу инструмент муьлха ю а къастало. Цара оццул шайн хазар lамийна, церан лергаша эшарийн мукъам гармонехь бу я бац бохург билгалдаккхал.

Иштта хьожа йогlучу хlуманийн хьожа къастаяран агlо чlагlйи-

на адамаш а ду, царна духин хьожа евза, иза тӀехула йолу хьожа ю я кӀорггера ю бохург а къастош. Иштта цара хьожа йогӀучу бецийн, зезагийн хьожа а, цитрусан стоьмийн аромат а къастайо.

Ишттачу адамаша шайн лаамца кхоллаялийтина и агӀонаш. Иза дац царна Дала сов делла и похӀманаш бохург. Цара и шайн долуш дерг Ӏамарца чӀагӀдина. Иза ша-шен долчуьнца доьзна дац, цара шайн ницкъ тӀебахийтина и агӀо чӀагӀъярна.

ХӀинца-м шуна а кхин а цхьацца масаллаш дагадаьхкина хила тарло, хаадаларца йолу агӀонаш Ӏаморах лаьцна долу сурт хӀоттош. Изза ала мегар ду вайн синца йолчу агӀонах лаьцна а. Дуккха а долчу шерашкахь, синца чӀагӀдалар а доцуш, динах тешар долуш хила тарло шу. Йозанаша, адамаш хих чекхдахар дина волчу Яхьъя-пайхамарх лаьцна, иштта боху вайга: «Жима бер доккха хуьлуш а, синан доьналлица чӀагӀлуш а дара» (Лака 1:80). ПахӀала Тимапина шен синца йолчу агӀонна берриг ницкъ тӀабахийтар тӀедуьллу: «И гӀуллакхаш а деш, яккха хьайн ерриг а хан, хьан кхиамаш массарна а гуш хилийтархьама» (1 Тим. 4:15). Ткъа муха чӀагӀдан деза вай вешан чуьра са? Йозанаша къасттош боху цунах лаьцна: яздина долчу Делан Дашехула а (хь. 1 Кип. 2:2; Век. 20:32), Цуьнан Дашо бохург кхочушдарехула а (Ӏеб. 5:9), тамашийначу меттанашца доӀанаш дарехула а (хь. 1 Кор. 14:4; ЯхӀ. 20).

## Синца чӀагӀвалар лараме хилар

ХӀунда ду те оццул лараме шена чуьра хаадаларш чӀагӀдар? Вайн синца долу хаадалар кхачам боллуш чӀагӀделла хилча, вайна дуккха а атта хир ду Дезачу Синца уьйр хила. Оцу Синан вайца йолу уьйр кӀорггера хир ю. Цунах кхета аттахо хилийтайрхьама, юха а Дала адамана деллачуьнга хьовсий вай. Нагахь шун хаадалар хуьлуш йолу ерриг а пхи меже болх

беш яцахьара, сан цхьана а тайпана уьйр хуьлийла дацара шуьца. Сан мохь хьакха дезар дара, амма шуна хезар дацара. Ас белшах куьг тухур дара шуна, амма шуна хIумма а хаалур дацара. Ас цхьацца хичаш йийр яра, амма шуна гур дацара иза, иштта кхин дIа а.

Дукха хан йоццуш дезткъа шо кхаьчначу сан дена хазар хуьлуьйту аппарат эшнера, амма цунна иза лело ца лаьара. Тхо стола гонаха хевшина вовшашца къамел а деш Iара, цIеххьана, сан да тхоьца хиъна Iаш воцуш санна хетаделира суна. Аса аз айдарца а хоьттура дега: «Хьо кхийтирий, дада?» Дуьхьал цхьа воьхначу санна хьоьжура иза, тIаккха со кхийтира, оха дийцинчух дуккха дерг цунна хезна ца хиларх, цуьнан хазар лагIделла дела. (ХIинца воккхаверца эр ду аса, цо и аппарат лелайо!) Изза ала мегар ду вайн синца долчух лаьцна а. Нагахь шун хаадаларан агIо лагIъеллехь, Сино шайга бохучу дукхаха долчух кхетар дац шу!  Суна дуккхазза а хеза адамаша иштта олуш: «Дала соьца уллорачу доттагIчуьнца санна ца до къамел». ХIун дийр ду тIаккха, схьахетарехь, оцу адамийн чухула йолу хаадаларан агIонаш болх беш яц. Вай коьртачух кхета деза: Делан дуккха а сов бу лаам вайца къамел дан, вайна – Цуьнга ладогIа болчул. Доцца аьлча, вай адамаш, дукхахьолахь, шайх лаьцна, «шу хIуманах иштта меллаша кхета» (Iеб. 5:11), олучу, тешар долчу яхIудхойх тера хуьлу.

Шун Iедал ду, дахарехь шайна оьшун йолу агIо шаръйолуьйтуш, ткъа кIеззиг оьшун ерг – лагIйолуьйтуш. Аша Синца доIа дечу хенахь, шун чухула долчу адамо до и доIа, ткъа шун дегIаца доьзна долу я дилхаца доьзнарг юхатотту. Иза цхьа цкъачунна дIатоттуш долу хIума санна хуьлу, Делаца йолчу уьйрана новкъарло ца хилийтархьама. Шуьга Синца доIанаш даре кхайкхам бина а ца Iаш, шу тешаш хилар доьху ас, Дала шуна гIо дийриг хиларх оцу тамашийначу меттанашкахь доIа даре шун марзда-

лар а хуьлуьйтуш, шаьш дуьйцург хIун ду шун хаар а луш.

Iуьйренашкахь кест-кеста цхьацца сохьтехь доIа до аса оцу меттанашца. Сан коьрте кхин ойланаш яр дIа ма-делли, ткъа иза дукха сиха хуьлу, ас цкъа хьалха хастам баран назманаш алахь я сайн даг чохь дерг Далла хьалха далхадахь, суна атта хуьлу сайн тидам синца долчунна тIебахийта. Дукхахьолахь, Веза Эла уллохь хилар хаадаларо сан ерриг кхинйолу ойланаш, Iалашонаш юхатотту. ТIаккха, хин Iовраш санна, керла идеяш, дIаделладаларш, хьекъалалла догIу сан кхетаме. Со кхетта, тамашийначу меттанашца ас дуьйцучу хенахь, сан даг чу деанарг дIаязда дезарх, цул тIаьхьа Дезачу Сино кхечу хIуманашна тIе а берзор бу сан кхетам.

Даханчу шерашкахь Синца айса доIа дечу хенахь, сан дог духура дуьненан хIуманех лаьцна аса ойла яр бахьанехь. Масалла, аса доIа дечу ханна сан коьрте ойланаш йогIура, сан керлачу книгин цIе муьлха хир ю, я сайна ганза дикка хан яьллачу цхьаьнга зIе тоха езарх, цхьанна совгIат дан дезарх, динан гIуллакхна хьажийна долу ахча муха дайа деза аса, бохучуьнца йоьзна. Ткъа хан мел йолу со кхийтира, оцу ойланийн дукхаха долу дакъа сан коьрте Дезачу Сино луш хиларх. Цул тIаьхьа и идеяш дIаязъян волавелира со, тIаккха уьш цу сохьта сан коьртера дIа а йовлий, кхин ойланаш йогIура. ТIаккха и ойланаш кхочушйора аса, царна тIехь Делан декъалалла хилар гора суна. Со кхийтира, аса оцу меттанашца дуьйцучу ханна, Дезачу Сино адамаш я халкъаш дагадахкийтина а ца Iаш, Цуьнан лаамехь долччу агIор аса и гIуллакхаш дан дезаран некъ а гойтура суна. Аса юха а чIагIдо, билггал иштта йолу уьйр ю лаккхара мах хадочех ерг.

## Синца йолчу агIонца доьзна долу дахар

ПахIала ша яздинчех дукхаха дерг, билггал оццу тайпана яздина хир ду аьлла хета суна. Цо иштта долу хIуманаш билгал-

доху: «ХӀунда аьлча со, шуна гуш юххехь вацахь а, синца шуьца ву. Шун оьзда дахар а, Дала леррина Къобалвинчух шун чӀогӀа долу тешар а *гуш,* воккхавеш ву со» (Ковл. 2:5, курсив авторан). Ковлусхой цуьнан бӀаьргашна хьалххахь лаьтташ бацара, цо кхеттош ма-аллара, иза царна уллохь лаьтташ а вацара. Юха а Коринтхошка долчу шен Дахьийтарехь ПахӀала чӀагӀдо: «Со дегӀаца шу долчохь вацахь а, сайн синца шу долчохь волу дела, аса шуьца волуш санна кхел йина цу тайпана сийсаза лелаш волчунна» (1 Кор. 5:3). Ткъа муха хуьлийла дара ПахӀалан ковлусхошца а, коринтхошца а цхьаьна юххехь воццушехь, цара дийриг а, бохург а гар, иза шен дегӀаца цигахь хилла ца хилча? Вайна дагахь латта деза – вай синца доьзна адамаш хилар, ткъа Делан Олаллерачу Пачхьалкхехь дуьхьалонаш яц, генахь хилар дац. Везачу Элаца дозар долуш, шайн синойн юхаккхолладалар хиллачу адамийн, вайна гуш доцучу дуьненахь хуьлучу хӀуманех кхетар совдуьйлуш лаьтта, цундела цара эшамехь болчарна тӀера доӀанаш дарх а, царна лерина гӀуллакх дарх а оцу нахана пайда балар гучудолу. ДагадогӀий шуна, дӀабаханчу коьртехь, австралера офисера волчу динан гӀуллакх дархочунна цу сохьта суьрта тӀера кхечарна юкъахь волу китаера динан тобанан куьйгалхо вовзарх лаьцна вай дийцинарг, хьалха шена иза вевзина а воццушехь!

ПахӀална шен синехула гора дуьненара гуш доцург, ткъа ша тамашийначу меттанашкахь доӀанаш дечу хенахь цунна хаалора цхьаццачу динан тобанашкахь доллу хьал. Иштта суьрташ шена хьалха хӀоьттича, оцу дерригенах а лаьцна шен дахьийтарш тӀехь дӀа а яздой, уьш хьажо деззачу дӀадахьийтора цо. Со ваьлла лелачу хенахь, ас оцу меттанашца доӀа деш, суна гора сайн доьзалехь доллург а, тхан белхалойн дахарехь хуьлуш дерг а. Юха телефон тоьхча, цара сайга дийцале а хьалха суна хаьара цара соьга дуьйцун дерг. Аса Синца доӀанаш динчул тӀаьхьа со кийча вара, айса хӀун ала деза а,

оцу хIоьттинчу хьолехь хIун дан деза а бохург, дIаала.

Со Африкехь волчу хенахь, Кениера цхьана туккамера тIемало волчу стагаца вовшахкхетар хилира сан. Тхошинна вовшийн вовзар хилале дуккха а шераш хьалха Iийса вовзар хиллера цуьнан, амма иза хIинца а шен халкъаца вехаш ву, цунна лерина динан гIуллакх дархьама. Цуьнан динца доьзна йолу цIе Яхьъя ю, цо, наг-наггахь Африкера араволий, Далла лерина гIуллакх до. Дукха хан йоццуш иза Америке веанера, суна дика бевзачу цхьана доьзалехь а соцуш. Ша кхаа кIиранах Америкехь Iаччу хенахь, Африкехь бисина болчу шен доьзалехь долчу хьолах лаьцна а дуьйцура цо. Жимма цецбевллачу сан накъосташа хаьттира цуьнга, хьуна мичара богIу и хаамаш, аьлла, хIунда аьлча Африкехь цIахь цуьнан телефон яцара. Ур-атталла и вехачу динна юьртахь а яцара телефон. ТIаккха цо иштта элира: «Иза ПахIала Азиехь йолчу динан тобанашца диннарг ду. Уьш Везачу Элехула цуьнан доьзалан декъашхой бара, цо уьш синехула кхоьллина хилла дела. Цо, царах дIа а къаьсташ доIанаш дечу хенахь, иза синца цаьрца вуьсура, церан дерриг дахарехь хуьлуш дерг а гуш. ТIаккха церан гIуллакхех лаьцна цаьрга яздан йиш яра цуьнан. Дезачу Синан ницкъехула хIора Iийсах тешар долчун а цу тайпана таро хиларх пайда оьцу аса. Цу тайпана сайн доьзалан дахарца уьйр латтайо аса, иза со дIасавахар мел хуьлу а до аса».

Аса Яхьъян тешалла дийцира шуна, иза Делан Дашо бохучуьнца чIогIа догIуш долу дела. Иштта долчу гIуллакхех цецдовлар хIунда хила деза те вайн? ПахIала дуккхаза а дагадоуьйту цунах лаьцна Керлачу Весет тIехь. Оцу динан веше цхьаммо а ца аьллера, Йозанаш тIехь дерг нийса дац я иза хIинца лелаш дац, Америкехь дуккхаммо а и ма-аллара. Вай юха хIунда девлла те, Iийсас оццул беза мах беллачух? Вайна чохь долу адаман синца дерг кхиор хIунда дац те вайн, кхин а дуккха а пайда бохьуш долу гIуллакхдархой вайх хилий-

тархьама, вайн хьомечу Везачу Элан а, КІелхьардохург волчу а Іийсан бераш долуш?

Амма хІинца а тІаьхьа дац! Лараме дац, итт шо ду шун я дезткъа шо ду бохург. Лараме дац, шун синца юхакхолладалар хІинцца хилла я иттех шо хьалха, шун йиш ю шайна чуьра синца долу адам тамашийначу маттахь дечу доІанашцца кхио, цунах кхетар хилар а доьхуш, шайна кхетар даийтархьама а, Дезачу Синца йолу инзаре уьйр кхиорхьама а. Цунна мел дукха хІума дІаделладала лаьа шуна! Ткъа аша дан дезарг деккъа шайн тІехула гуш долу адам тедар ду, шайн дог дерриг хууш Волчунна тІе а дерзош. Ма инзаре тІекхайкхар ду иза! ДІа ма хецалаш, шайн и таро хилар!

## Темица доьзна хаттарш

1. ХІиттанерий те шуна тІе, Дала шун дахарехь цу хенахь бечу балхах кхетарна оцу меттанашцца дийцаро гІо дина меттигаш? Муха долу кхетар, деган машар я гІо хилар деара шуна цуьнгахула?
2. ХІокху коьртехь, Дала шайна дІайоьллучу къайленашцца аша хІун дан деза бохучух а, Хьузакъ-ЯхІу-паччахьах лаьцна долчу масаллех а, динан тобанан куьйгалхочух а лаьцна дуьйцу (хь. Еш. 39:2). Лараме хетий те те шуна, шайна Дала дІадиллинарг, Дала билгалъяьккхинчу хенахь бен аша дІа ца деллар? Хуьлий те шун, шайх тамаша байта дагахь болчу лаамана тІехь иза юхаозарца дола дан дезар?

Корта 13

# ШЕН ТЕШАРХ КIОРГГЕРА ТЕШНА ХИЛАР

Дала вайн эшамехь долчунна жоп ца ло. Цо
вайн тешар хиларна жоп ло!

ДIадаханчу дуккха а долчу шерашкахь суна бевзина доггах Iийсах тешар долу нах. Уьш Дезачу Синах буьзна а бу, царна Дела а веза, церан кхерар ду, уьш къинош лардарх лар а ло, делахь а, ишттачу адамаша сих-сиха хоьтту: «Суна Делан аз хIунда ца хеза те, Иза уллохь хилар а хIунда ца хаало те суна?» Оцу Далла муьтIахь болчийн догдохар хаало суна, царна хетарехь, шаьш дан мел дезарг деш доллушехь, доIанна тIехь Веза Эла шайна ца хаавалар бахьанехь. Масех минотехь цаьрца къамел дича, тхуна дукхахьолахь гучудолу цуьнан бахьана. Дукхахьолахь оцу хаттарна догIург цхьа жоп ду, иза хIокху аятехь карадо вайна:

> «Иштта, вежарий, Іийсан цІий бахьана долуш Делан стигалахь йолчу цІийнан уггар езачу чоьнна *доьналла* долуш чудаха аьтто бу вайн. Іийсас, Шен дегІ сагІина дІадаларца, керла некъ Делан цІийнан уггар езачу чоьнна дуьхьал оьллина долчу кирхьанах чекхболуш бу. Иштта, сийлахь динан коьрта да стигалахь долчу Делан цІенна тІехь хІоттийна ву вайн. ЦІеначу дагаца, *чІогІачу тешарца* Далла *гергахьа* кхочийла вай, цинцаш тохарца вайн дегнаш бехк тІелацарх цІан а дина, вайн догІмаш цІеначу хица а дилина. Ваьш сатуьйсург чІогІа лардан деза вай, хІунда аьлча ваІда Динарг тешаме ву (Іеб. 10:19-23, к*урсив авторан).*

Цкъа-делахь, Веза Эла чохь волчу уггар езачу чоьнна чудаха аьтто бу вайн, боху авторо. Дагаяийталаш и меттиг, ЖІарах дІатоьхначу Везачу Эло Шен са дІаделлачу хенахь Делан цІа чохь оьллина долу кирхьа лаккхара дуьйна лаха кхаччалц шина декъе даьттІа дІадахара. Дела цу чуьра ара а ваьлла, синца юхакхолладалар хиллачу адаман чохь долчу, Шен керлачу цІа чу вала кечвелира. Цундела вай Цуьнан юьхь лохучу хенахь, вай Иза вешан чохь лоьху, вайна миллионаш километр генахь долчу, Паччахьан гІант лаьттачу цІа чу йолчу неІаран сурт хІотто ца гІерта вай, хІунда аьлча Делан Синца йолу вайн уьйр вайна чохь ю бохург, вай Іийсаца а, Деца а цу чохь лаьтташ ду бохург ду.

Тидаме эцалаш, вай доьналлица тІедахка деза Далла хьалха бохург. Ткъа муха гІойла ду вайн Цунна тІе доьналла долуш? Иза хуьлийла ду, Цо вайна некъ баьккхина дела, Галгатхьахь Цо Іанийначу цІийнехула вайн Цунна хьалха хІотта аьтто хуьлуьйтуш. Вай вешан сий цІандина, вайн къинош бахьна долуш, вайх бехк баккхар дІа а долуш, ткъа хІинца вайн йиш ю чІогІа-чІогІамечу доьналлица Цунна хьалха дІахІитта.

Оцу некъал тешаме болу некъ бац. Иза билггал бакъдерг ду. Дала боху, нагахь вай Шена тІекховдахь, Ша а вогІур ву вайна дуьхьал! Амма дукхаха долчу адамашна новкъарло ечех коьртаниг кхоччуш тешар хиларехь чІагІдаларца доьзна ду. Вай тешарца дахка деза Цунна тІе! ХІунда аьлча Йозанаша къасттош боху вайга:

> «Тешар ца хилча, Дела реза войла дац. *Далла тІе-вогІуш верг* теша веза Иза хиларх а, Цо Ша леррина лоьхучунна совгІат луш хиларх а (Іеб. 11:6, *курсив авторан).*

Тидаме эцалаш и дешнаш: «Тешар ца хилча, Дела реза войла дац». Ойла елаш оцу дешнийн, шун дегнийн кІоргенехь орам тосийла цара.

## «Аса дуьххьалдІа теша верг лоьху!»

Цкъа а йиц лур яц суна, аса Веза Эла даг чу тІеэцна масех шо а бен доцу хан, со цхьалха адам дара, Къилбаседерчу Каролинехь цхьа цІа а лаьцна вехаш вара со хІетахь. Цхьана Іуьйранна со чІогІа наб кхетта вара, тІаккха, сайна дагахь доццушехь, цІеххьана меттара хьала а иккхина, охьахиира со, ткъа сан багара хІара дешнаш девлира: «Аса Сайх тешан верг лоьху!»

Со сахьте хьаьжира, диъ сахьт бен ца даьллера. Со хІинца а кхоччуш набарх метта а ца веанера, цундела цхьа хан йийзира суна, метта а веана, суо мичахь ву а, хилларг хІун дара а бохучух кхетархьама. Маьнгина уллора чиркх а латийна дІахьаьжча, сан шаршу хьацар даларна тІунъелла хилар гира суна, со цомгуш воццушехь, я цхьа а дагар сан хилла а доццушехь. Со инзарваьллера, амма оццу хенахь

дагна там хилар хаалора суна, Дала хIинцца сан багахула соьга и дешнаш аьлла дела. Амма цу хенахь аса ойла йира: «ХIун тамаша бу оцу дешнийн? Суна хууш ма ду, Цо Шех тешан верг лоьхуш хилар». Суна кIадвалар хааделира, цундела, юха а дIа а вижина, суна наб кхийтира.

Оцу Iуьйранна со самаваьлча, дийнахь сарралц сайн коьртехь и цхьа ойла хилар хаалора суна: Аса дуьххьалдIа Сайх тешан верг лоьху… Аса дуьххьалдIа Сайх тешан верг лоьху… Аса дуьххьалдIа Сайх тешан верг лоьху… Делкъа хан кхаьчча со цIеххьана кхийтира. Аса-сайга сайна а хезаш элира: «Ва, и хIун дара!»

ХIетахь дуьйна хIокху шина хаттарна тIехь ойла йора ас: *Iийсан уггар чIогIа дог дохориг хIун ду-те?* (Иза уггар чIогIа хьанна оьгIазъоьху бохург дацара, хIунда аьлча Цуьнан парушхошка йолу оьгIазло совъйолура). ТIаккха Цуьнан уггар дог ойург хIун дара-те? Цкъа-делахь, Цуьнан догдохар совдолура, адамаш Ша дийр ду аьллачух ца тешарна! Доцца аьлча, Цуьнан дог духура адамийн тешар ца хиларна, я и тешар кIезиг хиларна. Билггал аьлча, тешар – вай тешачу хенахь, вайн шеко ца хуьлу, Дала Ша дийр ду аьлларг кхочушдарх бохург ду. Дела адам дац, Цо пуьташ ботта йиш халарна, Цо гаранти а ло, Шен Дош Шен цIеран сийлаллица чIагI а до. Цо Шен цIарах дуй а боу, хIунда аьлча Цуьнан цIарал лекха хIумма а дац. Цундела, вай Цунах шек довлахь, Шен сийдан хьакъ долуш Иза хилар дойу вай.

Оцу агIоне ишттачу кепара хьовсий вай. Адамийн тешар ца хиларна Iийсан догдоьхна меттигаш дIаешур ю вай. Цхьайолу иштта меттигаш Маттайс дIаяздинчу Инжил тIера схьаэцна ю:

Делах кIезиг тешаш дерш! .. (Мат. 6:30).

> ТІаккха, тІе а бахана, Кхуьнан мурдаша Иза самаваьккхира. Цара элира: «Эла! КІелхьардахахь вай! Іожалла улло кхаьчна-кх вайна!» Ткъа Цо элира: «Стенах кхоьру шу, Делах кІезиг тешарш?» (Мат. 8:25,26).

> Іийсас, сихха куьг дІа а кховдийна, иза хьалаваьккхира. Цо цуьнга элира: «Делах кІезиг тешаш верг! Хьайн даг чу шеко хІунда кхоллаялийтира ахьа?» (Мат. 14:31).

> «Делах кІезиг тешарш! ХІунда боху аша шайгахь бепиг дац?» (Мат. 16:18).

Шуна хезий Цуьнан озехь догдалар, догдохар? Ткъа уггар вай цецдоккхург Іийсан Шен мурдашца хилла меттиг ю, цхьана жинаша хьийзош волчу кІентан чуьра жинаш царна ара ца дахадаларца йоьзна йолу. Иштта элира Іийсас Шен мурдашка:

> «Галбевлла болу нах! Ва тешар доцу тукхам! Мел хир ву техьа Со шуна юкъахь? Мел лан деза техьа Аса шу? Схьавалаве иза Со волчу!» Іийсас жине, арадала аьлла, омра дира. Цу сохьта кІант товелира (Мат. 17:17, 18).

Шуна ма-гарра, Цо Шена хетарг хьул ца дора. Цуьнан озехь, догдалар хилла а ца Іаш, дагахьбаллам, догдохар хаало, бакъахьарачу оьгІазлонца дозуш долу!

Цул тІаьхьа мурдаша хаьттира Цуьнга, шайга хІунда ца эккхаделира те и жинаш? Іийсас цхьалха жоп делира:

> «Шун Делах тешар кІезиг долу дела (Мат. 17:20).

## Дала вайн тешарна жоп ло

Вайна дерриг хуьлу Везачу Элах тешарехула. Суна цхьа билггал бакъдерг гира, Дала леррина Къобалвинчун Тобанера дуккха а долчу адамашна, Дала церан эшамашца а доцуш, церан тешарца доьзна жоп луш хилар ца хаьа! Саца а совций, ойла ейша оцу дIахьедаран! И билггал бакъдерг чIагI а деш, Йозанаш тIера дукха масаллаш дало йиш яра сан, амма царах шиъ бен далор дац аса. Цкъа делахь, Iийсас цхьана билгалдаьккхинчу дийнахь дуккха а парушхой, Iеламчаш чохь болчу цIийнахь хьехамаш бира, ткъа вай доьшуш ма-хиллара:

> Нахана дарбанаш лелорхьама, Iийсаца Везачу Элан ницкъ бара (Лак. 5:17).

Суна там хуьлу, Делан ницкъ цомгушчарна дарба дайтархьама белла хиларх лаьцна Делан Йозанаша нийсса дуьххьалдIа вайга схьабохучух. Хила тарло цхьана Iеламчина хилла а, ткъа уьш-м масех хилла хила а мега, ша товаларехь эшам хилла, амма царах цхьанна а товалар ца хилира! ХIунда? Царах цхьаннан а тешар дацара и товалар дIаэцарна.

Ткъа эццахь, дегI лелаш воцу цхьа стаг барам тIехь шайца валийначу адамийн тоба а яра, амма адам дукха хиларна иза неIарах чекх ца ваккхалора цаьрга. Цундела цара иза, барам тIехь тхов тIе а ваьккхина, тховх Iуьрг а даьккхина, нисса Iийсан когашка охьавиллира. Цул тIаьхьа вай доьшу:

> «*Церан* Шех тешар а гина, Iийсас элира: «ДоттагIа! Хьан къиношна гечдина». ТIаккха Iелам наха а, парушхоша а шайн дагахь бохура: «И ма Iеса къамел ду Цо деш дерг. Иза мила ву? Къиношна гечдан хьенан бакъо ю, цхьа Дела воцучун?» Амма Iийсас, церан дог-ойла хууш, элира: «Иштта ойланаш хIунда йо аш? ХIун ду атта ала:

> «Хьан къиношна гечдина», я «Хьала а гIаттий, дIагIо»? Амма Суна лаьа шуна хаийта Адамийн КIентан дуьнен чохь къиношна гечдан олалла дуйла», – аьлла, цомгуш волчу стаге … (Лак. 5:20-26, *курсив авторан).*

Iийсана цу нехан тешар гира. Оцу дегI лелаш воцучунна, ша барам тIехь валийначаьрца цхьаьна хаьара, Везачу Эло Шен дош лардеш хилар. Тешна царна хаьара Везачу Эло Шен халкъе аьлла дешнаш: «Сан сино Веза Эла декъалвойла! Сан даго Цо мел дина дика диц а ма дойла! Ас мел хьерчийначу къиношна а геч ма до Цо. Сан мел йолчу цамгарех то ма во Цо» (Заб. 102:2, 3). Ткъа вукху агIор, Iелам нах цецбевллера, и дегI лелаш воцу стаг товар шайна гича, цара а Далла хастамаш бира. Делахь а, царах цхьаннан а товалар ца хилира. ХIунда? Вайна хIумма а хуьлийла дац, ур-атталла Далла иза хила лиъча а, вай иза тешарца тIе ца эцахь! Далла парушхой а тобалар лаьара, амма церан тобалар хуьлийла дацара! Дала вайн тешар хилча ло жоп, ткъа иза хуьлу вай Цо бохучунна тIехь а долуш, Цунна тIедахча.

ШозлагIа йолчу меттигехь Iийсана тIе цхьа грекахойн зуда еанера. Цо чIогIа доьхура Цуьнга жинаша хьийзош йолу шен йоI тояр. Iийсас элира цуьнга:

> Цкъа хьалха береш дузадайта, хIунда аьлча нийса а хир дац берашкара юург схьа а яьккхина, жIаьлешна тасар (Мрк. 7:27).

Iийсас, билггал аьлча, цу зудчух жIаьла элира. Цуьнан, хала а хетта, дог а доьхна, дIаяха йиш яра. Амма цхьана тайпана Iийсан амал йовзара цунна. Цундела цунна цу сохьтта ша ала деза дешнаш карийра:

> Эла, ур-атталла жIалеша а ма доу стоьла кIел бераша эгийна цуьрга (Мрк. 7:28).

Цунна хаьара, шена хьалха верг Делан КIант вуйла, иза тешна яра, Иза диканах вуьзна вуйла а, Цуьнан доза доцу ницкъ буйла а бохучух. Иза саццаме хиларх юьзна яра, хIунда аьлча иза кхетара, ша бохучунна тIехь а лаьтташ, кхидIа а деха дезарх, тIаккха цо доьхург лург хиларх. Иза шен тешарехь лаьтташ яра, цундела Iийсас элира цуьнга:

> Ахьа иштта жоп даларна маршонца цIа яха мегар ду хьо. жин арадаьлла хьан йоIана чуьра (Мрк. 7:29).

Иза цIа еача, шен йоI тоелла карийра цунна. ХIокху меттехь а Iийсас цуьнан эшамна а доцуш, тешарна дуьхьал жоп делира, хIунда аьлча цкъа дуьххьара цу зудчун дехар цуьнан эшамна тIедерзийна дара, амма Iийсас делла жоп цуьнан тешарца доьзна дара.

## Тешар – доьхуш мел дерг а кхочушхиларан догIа ду

И принцип Делан Олаллехь мел йолчу агIонна а йогIуш ю. Якъуба кхоччуш долчу майраллица чIагIдеш боху:

> Амма иза тешарца а, шеко йоцуш а даха деза, хIунда аьлча шеко йолуш верг мохо ловзочу тулгIенах тера ву. Иштта волчу стага, Везачу Элера цхьаъ тIеоьцур ду алий, дог а ма даха (Якъ. 1:6, 7).

Иза билггал иштта ду. Юха а ладогIийша оцу дешнашка: «Иштта волчу стага, Везачу Элера цхьа-*хIуъа* тIеоьцур ду алий, дог а ма даха». Ойла ейша цуьнан цхьана минотана хилла а!

Ойла ейша «цхьаъ тIеоьцур ду» бохучу дешнийн. Иза хаддош долу чIагIдар ду, цхьа а тайпана юхавалар а хир дац бохуш долу! Дала цунах лаьцна чIагIдарца а, кхеттош а боху. Дала тешарна жоп ло, кхечу цхьана а хIуманна а доцуш!

Цундела ца хуьлу дуккха а болчийн Дезачу Синах дузар. Цара тешарца ца доьху. Йозанаша хоьтту вайга:

> Цхьа хIума хаа лаьа суна шуьгара: товрат-хьехамашна тIера гIуллакхаш кхочушдарна делла те шуна Делан Са, я, хаза кхаъ а хезна, шу цунах *тешарна делла* те Иза? (Гал. 3:2, *курсив авторан).*

Иза кхоччуш догIуш ду Якъуба бохучуьнца. Шуна Везачу Элера хIумма а хир дац, шу тешарца ца долхахь Цунна тIе, кхузахь иштта шун Дезачу Синах тешар а оьшур ду. Мел дукха гина суна Деле кхийдар долу, тамашийначу меттанашкахь дуьйцуш боцу тешар дерш. Царна хаьа тешарехь кхин а сов дерг хилар, шайна хуьлуш долчул а, шаьш лоьхуш долчул а, амма, Дезачу Синах дузарх лаьцна Делан Дашо бохург шайна хезча, цара олу соьга: «Аса цкъа доIа дира, амма хIумма а ца хилира». Я царна и Деза Са тIеэца лаьа, ама оцу похIмане шеконца хьожу уьш. Церан, шен йоIанна тIера доьхуш, Iийсана тIееанчу оцу грекахойн зудчун майраллица хилла долу сацамалла дац. Иштта долу адамаш кхоччуш долчу тешарца ца догIу Далла тIе! Уьш доьналлица ца догIу Цунна тIе! Далла Шен лаам бовза лаьа вайна, хIунда аьлча вайга боху: Цундела кхетам боцуш ма хилалаш. Везачу Элан лаам муха бу хаа гIерталаш» (Эпас. 5:17). ТIаккха вайна и хаар деача, тешарца а кхоччуш долчу тешна хиларца а доьху вай Цуьнга.

Далла улло вахарх лаьцна аьлча, изза агIо ю цуьнан а. Дукхахьолахь Iийсах тешар дерш Везачу Элана улло богIу,

Цунах шайн дIакхетар хирг хиларе сатийсарца. Аса бохург Делан Йозанаш тIехь дуьйцу сатийсар дац, хIунда аьлча цу тIехь дуьйцу сатийсар – иза чIагIонца долу тешар ду. Аса дуьйцу сатийсар, шеконца «хила а мега» бохург ду. Тешар долчара дукхахьолахь эрна дешнаш олу, шаьш дIахезар дац те, олий. Иштта хилар – иза тешар дац, цо Далла дIахазаре далор дац шу. Юха а Делан Йозанаш тIехь боху: «Тешар ца хилча, Дела реза войла дац. *Далла тIевогIуш* верг теша веза Иза хиларх а, Цо Ша леррина лоьхучунна совгIат луш хиларх а» (Iеб. 11:6, курсив авторан). Шу Далла тIедоьлхуш, шун тешар хила деза, Иза волуш хиларх. Кхечу дешнашца аьлча, Дела шайна хаалург хиларх а, Цунна дIахезарг хиларх а, Цо жоп лург хиларх а тешар хилар ду иза!

Якъуба боху: «Иштта волчу стага, Везачу Элера цхьаъ тIеоьцур ду алий, дог а ма даха. Шалха ойланаш йолу стаг ма ву иза, ша дечу хIуманна тIехь чIагIо а йоцуш (Якъ. 1:7,8). Шалха ойланаш йолу стаг Далла тIегIерта, амма цуьнан шеко хуьлу ша Далла гергахь хиларх. Ур-атталла Далла ша Цунна тIевогIуш хилар хаадаларх а шеко йогIу цунна.

Шалха ойланаш хилар билгалдоккхург – тилъелла лела ойланаш ю. Пурба лолаш суна, аса бохург хIун ду бохучух шу кхето. Динан гулам дIабоьдуш, хьехам чекхбаьлча, нах доIа дархьама хьалха бовлучу хенахь, назманаш олучаьрга, эшар сацаяр доьху аса. Иза доьзна ду, и эшаран мукъам – инструментийн аьзнаш бен доццушехь, дукхахболчара оцу шайна девзачу назманийн дешнаш олу кхидIа а, ойла Везачу Элана тIе йохуьйтучу меттана. Якъуба боху: «Далла улло гIо, Иза а шуна улло вогIур ву. Къинош летийнарш, шайн куьйгаш дила, шалхончаш, шайн дегнаш цIанде» (Якъ. 4:8). Муха хуьлийла ду вайн Делан юьхь лахар, нагахь вайн коьрте йогIу ойланаш тилаелла лелаш хилча, вайн ойла Цунна тIе яхийтар

ца хилалуш? Ишттачу ойланашца шайн доттагІчунна тІе шу дахча, муха хир дара?

Адамаш дукха атта кхечу хІуманна тІе доьрзу, шайн Делаца йолу уьйр Цунна улло шаьш тІедахча хир ю моьтту дела. ХІан-хІа, цкъа дуьххьара Иза волуш хиларх тешар хила деза, шу теша деза Иза кхузахь хиларх. Шу теша деза Цунна шу хезаш хиларх а, Цо шуна жоп лург хиларх а. Шун берриг тидам Цунна тІабахийта хьакъ долуш ву Иза. Тешаро Цо леррина шуьга ладугІуш хиларх, тешна хилар чІагІдийр ду шун, шуна ма-хаъара, Цо иза лур ду аьлла, ткъа Делан пуьташ буттийла дац. Шу Далла тІе гІахь, Иза а Шен агІор шуна тІе вогІур ву. Ваа, дог тохадалар сеца а ца ло ишттачу меттехь! Мел инзаречу Далла Іамал еш ду вай! Цо жоп лур ду вайна, вай тешарца Цунна тІе долхахь!

## Муха хуьлийла ду тешар?

ХІинца, Іийсах тешначу дуккха а болчу нахана хаа лууш долчух лаьцна дийца деза вай. Тешар алсам муха даккхалур ду? И санна долу хаттарш даима а хІутту тешаш болчу нахана хьалха, билггал аьлча, изза хаттарш векалш баьхначу заманахь а лора:

> ТІаккха векалша элира Іийсага: «Алсамбаккххахьа тхан тешам», – аьлла. Іийсас элира: «Нагахь санна шун тешам жимачу буьрттигал а белхьара, аш оцу комарийн дитте ала тарлора: «Орамашца схьа а далий, хІорда чу догІало!» Цо аш бохург дийр дара» (Лак. 17:5,6).

Уггар хьалха, Іийсан хІокху дешнашна тІе тидам бахийталаш: «Нагахь санна шун тешам жимачу буьрттигал а

белхьара». Буьртиг – цхьа чIогIа жима хIума ю, амма цунна чохь боккха ницкъ бу доккхачу дитте берза. Цундела тешаран хIух доккха дитт хиларх лаьцна дийцале хьалха, хаттар хIотта деза, буьрттигал долу тешар хилар муха хир дара те, аьлла? Цунна догIу жоп вайна карадо хIокху аятехь:

> «Делахь, Дала леррина Къобалвинчух лаьцна долу дош цхьаммо кхайкхийча, адамашна хаза *кхаъ хеза,* ткъа и кхаъ хезча, адамаш Цунах теша» (Рим. 10:17, *курсив авторан).*

Оццул цхьалха ду шадерг. Тешаран буьртиг Делан Дош хазарехула кхоллало. Iийсас аьллачу «хазарехула» бохучу дешан тидам белаш. Наггахь и буьртиг Делан Дош цкъа хезча кхоллабала тарло, амма дукхахьолахь и буьртиг вайн деган кIоргене кхочу Иза юх-юха а хазарехула. Цундела хуьлу Везачу Элах тешаш болчу а, Цуьнга хьагам болчу а наха Делан Дош а, цу тIера дахьийтарш а даима а дешар я Цуьнга ладогIар. Суна тIе кест-кеста богIу, шаьш сан книгаш дуккхазза а йоьшу, я моссийтозза видеокассеташка а хьовсу, тIаккха бен царах кхетар ца догIу шайна боху нах. Билггал ишттачу хенахь и тешаран буьртиг церан даг чу дужу, ондда орамаш а хоьцуш!

Иза оццул цхьалха хиларна, и чолхе даран кхерам тосу. Тешаран буьртиг деккъа и Делан Сино вузарехула дIаяздина долу Делан Дош хазарехула я Иза дешарехула бен ца догIу даг чу. Мел сингаттаме ду, тахана Делан Дашах лаьцна дуккха а хьехамаш бар я Цунах лаьцна яздар, амма Иза алар кIезиг хилар. Зорба тухучара ас дуьххьара язъйина книга ара ца хийцира, цара ма-аллара, цу тIехь «хьехамаш бо материал» тIех дукха хиларна. Йозанаш тIера дерг тIех ду, Дала бохург схьаэцар а дукха ду! Суна хетарехь, царна цхьа адамашна

дезан дерг, адамийн дилхана тамехь дерг хила лаара цу книги тӀехь.

И дерриг сингаттаме хӀума ду, амма Далла лерина гӀуллакх дечу дуккха а болчара и агӀо схьалоцу. И Делан юьхь лахаран процесс аттачу яьккхина дуккха а динан тобанаш ю хӀинца. Ишттачу тобанашкарчу наха Делан Дош тӀехь долу тептар шайца ца леладо, шайна Иза ца оьшу дела. Цара тоаме доцучу а, самукъанечу а лекцишка ладугӀу, шайна там бийриг а, дагна дезарг а лахарехь къахьоьгучу агӀонна аьтто боккхуш йолчу. Малхбузерачу мехкашкахь йолчу динан тобанийн хьолах лаьцна айса ойла еш, царна чохь доллург тамашийна ду аьлла хета суна, масала, Китаехь долчуьнца дуьстича. Цига тӀаьхьарчу шина шарахь тхан белхалоша шовзткъе итт эзар Библиш яхьийтина къайлаха йолчу динан тобанийн куьйгалхошна, церан Делан Дош дешаре боккха хьагам болу дела. Китаехь Библиш чӀогӀа кӀезиг хиларна, цара, цу Керлачу Весет тӀера агӀонаш схьа а йохий, динан тобанийн куьйгалхошка ло, нагахь церан Библиш пачхьалкхерачу белхалоша схьаяхахь, Делан Дош гуттара а дӀасадаржорхьама, Иза дагахь Ӏамадар а доьхуш. ДӀаяздина долчу Делан Дашан мехалла хилар девза оцу нахана.

Амма малхбузерачу мехкашкахь йолчу динан тобанашкахь вай адамийн самукъадаккха гӀерта дагна там беш болу а, дегӀана лело атта болу а динан хьехамаш барца, синойн карладовлар а, догӀмашца доьзна дерг далар а хуьлуьйтуш долу Делан Дош кхайкхочу меттана. Дагна там беш долу дешнашка ладугӀуш, вай дийла а там бу, ур-атталла цхьа дагах кхета дийцар хезча, бӀаьрхиш а довлуш, амма цу тайпана Дела лоьхуш болчийн дегнийн неӀаре къилахь долчо пӀелг тохахь, хӀун хир ду те? Карор буй теша царна цу къилахь долчунна дуьхьалбовла ницкъ? ХӀун хир ду ишттачу нахана

тӀе цхьацца хӀоьттинчу хьолехь Делан лаам бовза безча, - хуур дуй те царна шаьш доӀа муха дан деза а, хӀун деха деза а? Инжил тӀехь буьйцучу, шайн доӀанашна жоп хуьлуш баьхначу нехан санна долу тешар карор дуй теша царна шайна чохь? Цу тайпана долу хаттарш тӀех дукха ду.

Со воккхавоь, оцу зорбатохархочо дуьххьарлера сан книга схьа ца эцарх. Иштта ца хиллехь, цо аса яздинарг жимма малдийр дара, тӀаккха аса яздинчуьнгахула шайна богӀун болчу ницкъах дер дара дуккха а долу адам. (Ткъа и книга-м цхьа хан яьлча арахийцира.) Тамашийна дерг ду, оцу зорба тухучу цӀийнан олахочо, цу хенахь хилла волу шен компанера, сан книга схьа ца эцна верг дӀаваьккхира балхара, цуьнан метта шен дог Далла кхоччуш тӀедерзийна верг а оьцуш. Керлачу куьйгалхочо, Делан халкъана хьажийна долу Делан цӀарах долу дахьийтаршка лараме болу кхин керла белхалой ийцира шена. Оцу зорба тухучу цӀийнан керлачу куьйгалхочо, сох а кхетта, сан кхидӀа язъйина йолу книга арахецийтарна пурба далар дийхира соьга. Эххар а, оцу зорба тухучу организаце сайн пхи книга елира аса, царах еаннах бестселлерш хилира. Амма коьртаниг ду, шайн а, шайн доьзалшкахь а, динна динан тобанашкахь а дахаран хийцадалар хиллачух лаьцна барам боцучу нахера тхуна тоьшаллаш догӀуш хилар. Далла хуьлийла берриг а хастам!

«Денош тӀедогӀуьрт ду, – боху сан Хьалдолчу Эло, – Ас латтта тӀехь мацалла хуьлуьйтур йолу. Иза бепиг доцу мацалла а хир яц, хи доцу хьогалла а хир яц. Иза Везачу Элан дош хазаре сатуьйсу хьогалла хир ю» (Ӏам. 8:11). Америкера динан тобанашкахь, долуш ма-хиллара, дукха кӀезиг бо Делан Дашца боьзна болу хьехамаш. Аса ца боху иза данне а дац, амма билггал Делан Дош юкъадалор тоам болуш ца хуьлу, дуккха а долчу дахьийтаршна а, книгашна а, аудиокассеташна

а юкъахь. Иза иштта хIунда хуьлу те, Африкехь, Азиехь Делан Дош хазарна дуккха а кIезиг агIонаш йоллушехь, америкера бахархойн чул, Везачу Элера схьаэца дезарг аттахо оьцу, церан тешар алссамо ду, церан дахаран стом а сов хуьлу? Билггал аьлча, иза дукха цхьалха долу хIума ду. Царна Ша Делан Дош хеза, синна а, дегIана а там бо дахьийтарш а доцуш, иштта Ширачу Весет тIера схьаэцначу Iадаташца доьзнарг а доцуш!

Аса Далла хьалха дош деллера, со цкъа а кхечара сайна бечу ницкъе а хьожур вац, нехан лергашна там бийриг а бохур дац, аьлла.  Дала сайна тIедуьллург дуьйцур ду ас. ПахIала бохура: «Ткъа хIинца нахана хьалха диканиг хилар лоьху те ас я Далла хьалха дика хилар лоьху те? Адамашна хьалха диканиг хилар лоьхий те ас? Нагахь аса адамашна хьалха со дика хетуьйтург хIинца а лехахьара, Дала леррина Къобалвинчун гIуллакх деш верг хир вацара со» (Гал. 1:10). Мел дукха адам ду Дала леррина Къобалвинчун лай хиларца гIуллакх дан доладалар долуш, ткъа чакхенгахь шаьш оьхучу динан тобанан я шаьш ладоьгIучу нехан леш хилла. ХIинца шайна тIаьхьахIитто безаш болчийн лаамаш кхочушбан беза шаьш аьлла хета царна.

Тешар Делан Дош хазарехула догIу, ткъа хазар Делан Дашехула дIадолало. Билггал Делан Дашо тосу шун дегнийн кIоргене буьртигаш я хIу. Синца йолчу агIонца доьзна хьехамаш беш долчу вай дала деза Везачу Элан халкъана билггал оьшург, царна шайна оьшу моьттург а доцуш. Вай гуттаренна а долчу Делан Дешан билггал бакъдолчух дузо деза адамаш, оцу бакъдолчо церан кхолладалар а хуьлуьйту, базбинчарна догIу дакъа а ло ( хь. Век. 20:32).

ТIаьхьарчу хенахь дуккха а лидераш гучубевлла, юха а цIена долу а, хийцадалар доцу а Делан Дош хьоьхуш болу.

Царах цхьаберш цкъа мацца а адамана хаза лууш дерг хьеха болчу лаамо дIалаьцнера, хIинца оцу тилбаларх метта богIуш бу уьш, ткъа вукхара хIинцца дIадолош ду шайн Далла лерина гIуллакх дар. Цара Дала къастийначаьрга Цунна тIе юхадерзаре кхайкхамаш бо! Оццул таIIош хIунда чIагIдо те Дала Шена гергахь хиларан ларам бан безар? Жоп цхьалха ду. Цунна, вай Шеца мерза цхьаалла а, уьйр а йолуш дахарна вайн тешар хила лаьа, хIунда аьлча шун тешар ца хилахь, Цуьнца цхьаалла хуьлийла дац шун. Цо Шен долчу адамийн дегнаш чу Шен Дашехула тешаран хIу тосу. О, мел хаза хIума ду иза!

## Тешар сов муха даккхалур ду?

ХIинца тешар муха совдаккхалур ду бохучу хаттарна тIе даьхки вай. Iийсас Шен мурдашка элира:

> «Нагахь санна шун тешам жимачу буьртигал а белхьара, аш оцу комарийн дитте ала тарлора: «Орамашца схьа а далий, хIорда чу догIало!» Цо аш бохург дийр дара. Масала, шун цхьаннан охуш я жа дажош ялхо ву. Иза арара балхара цIа веача, хьан эр ду аш цуьнга: «Схьавола, хIокху метте агIорвалий, хьайна хIума яа?» Мелхо а, аш цуьнга эр ду: «Суна яа хIума кечъе, юкъ а ехкий, сан гIуллакхе хьажа со йиина а, мелла а валлалц, тIаккха – айхьа а яа а яа, мала а мала». Шена тIедиллинарг ялхочо кхочушдича, цунна баркалла хьан эр ду аш? Иштта аша а, шаьш дан деза гIуллакх кхочушдай, ала: «Тхо хьакъ доцу ялхой бен дац – оха тхайна тIедиллина гIуллакх кхочушдина» (Лак. 17:6-10).

Суна гуттара а хала ду аьлла хетара, тешарх лаьцна дуьйцучу хенахь Ша масаллина хIу далийча, Iийсас, сихха кхечу дийцарна тIе а воьрзий, олахочун а, ялхочун а юкъаметтигах лаьцна хIунда дуйцу те бохучух кхетар. Цкъа дуьххьара хьаьжча Iийсас дуьйцучун тIаьхьало яц аьлла хета тарло, амма суна хаьара иза иштта хуьлийла доцийла. ТIаккха цкъа Делан Сино бIаьргаш дIадиллира сан оцу меттигна.

Цкъа-делахь, тешар цхьа жима хIун буьртиг санна кхол-лало вайна чохь. ХIуш, дукхахьолахь кегий хуьлу, амма цар-на чохь боккха ницкъ хуьлу, цо цу хIух доккха дитт долуьйту. Цундела тоам ца хуьлу деккъа хIу дIадерах, цунах хила де-зарг хилийтархьама, цуьнан дола дан деза. Ткъа Iийсас дел-лачу жоьпан шолгIачу декъехь цуьнан догIа ду, оцу буьртигах тешаран стом луш долу доккха дитт муха долу бохург дIа-доьллуш долу.  Кхечу дешнашцца аьлча, дитт орамашцца бухах даьккхина, хIорда чу кхуссун долу, я эшахь лаьмнаш а меттах даьхна, вай Далла тIе дуьгур долу тешар ду иза!

Ялхочо охана а хIунда до, я жа а хIунда дажадо? Цо дечу гIуллакхан Iалашо ю шен олахочунна оьшу юург ялар. Iийсас хоьттург хIара ду: шен гIуллакх кхочуш а ца деш, дуьтийла дуй ткъа охана дечу я жа дажочу ялхочо, шен олахочунна тIе юха а вирзина, цунна стол тIе юург охьа а ца юьллуш? Ша до гIуллакх кхиаме хилийтархьама, ша дан дезарг дина чекхдаккха деза цо. Чакхе йоцуш дитина гIуллакхаш дуста мегар ду хIу лаьтта догIарца, цунна хи тохарца, оьшу гIирс кхачорца, ткъа стом кхуьъчу хенахь, кхидIа цуьнан дола ца дарна а, я тидам ца барна а и тIедаьлларг хIаллакьхиларца.

Iийсас вай Шена муьтIахь хила дезарх лаьцна боху. Иза вайн Олахо ву, ткъа вай Цуьнан ялхой ду аренгахь болх беш долу. Нагахь вайн тешаран хIуьно стом балар вайна ган лаахь, ваьшна тIедиллина массо а хIума а муьтIахь долу ялхой

хиларца дан деза вай. Тидам белаш Iийсан хIокху дешнийн: «Иштта аша а, шаьш дан деза гIуллакх кхочушдай». Оцу дешнаша чIагIдо, Цо вайн муьтIахь хиларх лаьцна бохуш хилар, ткъа иза ду билггал вайн тешар совдаккхарна тIе далош долу догIа.

## Кхоччуш доцу муьтIахь хилар – муьтIахь ца хилар ду

Тоам ца хуьлу цхьана декъана муьтIахь хиларх я муьтIахь хилар дола а дина, тIаккха юхаваларх. И гIалат долура Библин тIехь бийцинчу цхьаццаболчу турпалхойх а. Цунах лаьцна билггал долу цхьа масала ду – Шаул-паччахьца доьзнарг. Дала къасттош цунна тIе дуьллу берриг амаликахой хIаллакбар. Цо берриге божарий, зударий, бераш ден дезара, иштта церан цIера дийнаташ а хIаллакдеш. Са долу цхьа а хIума дийна диса ца дезара.

Шена тIедиллинарг кхочушдарна дуьхьало ца йира Шаула. Дукхахьолахь гуш долчу а, тIехула гуш долчу билггал дина долчу а дуьхьалвалархь, и муьтIахь ца хилар ду олу вай. Амма иза иштта данне а дац. Шаула ца гойту вайна, ша цхьаъ дийр ду а аьлла, тIаккха, ойла хийца а елла, иза кхочуш ца дар. Вайх дукхаха долчарна иштта хуьлу и муьтIахь ца хилар аьлла хета. Шаула, шена тIедиллинарг дараме ду аьлла тIе а эцна, тIаккха иза кхочушдан диц а делла я и гIуллакх тидаме а ца оьцуш дитина меттиг а яцара. Вайх дукхаха долчара цо динарг муьтIахь ца хилар ду эр дара, амма цо иза дикачу агIор дерзорхьама динера, аьлла, бакъвийр вара иза. Бакъдерг аьлча, вайх дуккхаммо а и вай ялийна варианташ муьтIахь ца хилар гойтуш ю эр дара, амма юха а Шаулана тIе юхадерзий вай.

Сихха шен тIемалой а гулбина, амаликахошна тIегIоьрта иза. Цо берриг божарий, зударий, бераш дойу. Шаула а, цуьнан тIемалоша а шайн гIалакхашца эзарнашкахь адам хIаллакдира. Амма амаликахойн паччахь дийна витира цо. Ткъа хIунда? Шен заманахь тIедуьллуш хилларг лардина хир ду цо, аьлла хета суна. Нагахь аша кхечу халкъана тIехь толам а баьккхина, цуьнан паччахь дийна волуш схьалаьцча, шун йиш ю цунах шайн паччахьан кертахь лай ван, цу тайпана шуна дийна йолу хIонс кхочу.

Иштта эзарнашкахь долу церан цIера дийнаташ а хIаллакдинера Шаула. Амма царна юкъара тоьлла долу уьстагIий, стерчий, кхидолу дийнаташ дийна дитира цо, шен халкъе дIа а луш, шайна тIедиллина Iадат кхочушдархьама, уьш Далла лерина сагIина дарца. Ойла ейша, халкъана гергахь муха дара цо динарг бохучун. Цара и дийнаташ Иегова Далла лерина сагIина дойучу хенахь, халкъана хетара: «Ма бакъахьара паччахь ву вайн, цо гуттара Веза Эла ларар хьалхадоккху», аьлла.

Амма Дела кхечу тайпана хьаьжира оцу динчуьнга. Цо Шамъале олу: «Со чIогIа дохковаьлла Айса Шаул паччахь вина дIахIотторах. Сох дIа а вирзина, Сан дош цо кхочуш ца дина» (Шам. 15:11). Шаула итт эзарнаш хIаллакбира, ткъа цхьаъ дийна витира. Цо 99,9 процентана кхочушдира, шега де аьлла тIедиллинарг. Вайх дукхаха болчарна цо динчу гIуллакхашкахь иза муьтIахь хилар гур дара, амма Далла цуьнан муьтIахь ца хилар гира. Цул сов, Библин тIерачу лахохь яздинчо, Шаула динарг, пайхамаран баганехула иза тIедиллинчунна тIера валар ду олу. Цу тайпана, цхьана декъана муьтIахь хилар – Делан бIаьргашкахь муьтIахь хилар дац. Билггал аьлча кхоччуш доцу, ур-атталла 99,9 процентана кхочушдинарг, муьтIахь хилар ца лору, иза тIедиллинарг

кхочуш ца дар ду. Дуккхазза а хеза вайна иштта олу дешнаш: «Аса динчуьнга хIунда ца хьожу Хьо? Аса кхочуш ца динарг бен ца го Хьуна!» Шаулан а ала йиш яра иштта. И дерриг а адаман хьекъалца дуьстича нийса догIуш делахь а, Делан хьажарца данне а дац нийса!

## Далла гергахь хилар нийсса пропорцица вайн тешарца догIуш ду

Шаулан дахар кхидIа тидича, вайн ган йиш ю цуьнан тешаран мехалла лахлуш лаьтташ хилар. Шуна гур ду, иза сихонца Далла гена волуш хилар. Цуьнан Далла гергахь хиларан барам лахло, вайн Далла тIедаха болу ницкъ хилар дуьххьал дIа вайн тешаран барамца доьзна долу дела. Яхьъя-векало цунах лаьцна иштта боху:

> Иштта вайна хаа тарло, ваьш билггал бакъдолчух дуйла. Цундела Цунна хьалха вешан дегнаш тедан тарло вай, вешан дегнаша вайна кхел еш елахь а. Дела вайн дегнел а сов ву, Цунна дерриг а хаьа. Сан хьоменаш! Нагахь вайн дегнаша ваьшна кхел еш ца хилча, Далла хьалха доьналла долуш хила таро ю вайн. ТIаккха Цуьнан весеташ кхочуш а деш, Делан лаамехь вай леларна, хIуъа а вай дехнарг лур ду Цо вайна (1 Яхь. 3:19-22).

Вайн Далла улло даха йиш хилар дуьххьал дIа вайн тешарца доьгIна ду, ткъа вайн тешар дуьххьал дIа вайн Везачу Элана мутIахь хиларца доьзна ду. ХIинца и аса аьллачух шу кхето пурба лолаш суна. Аса ца боху муьтIахь ца хиларан меттигех лаьцна, цул тIаьхьа сихонца шаьш къилахь хилар тIе а эцна, царна шу дохкодовлар хуьлучу. Дауда латийна къа

дуккха а доккха дара, Шаула динчуьнга хьаьжча, амма иза цу сохьтта дохковаьллера шех даьллачунна. Цуьнан тешар лагI ца деллера, цуьнан Везачу Элаца йолу уьйр латтор а лагI ца даларе хьаьжжина. Шаула, кхечу агIор хьаьжча, кхидIа а шегахьа дерг лоьхура, шен ду аьлла шена хетачунна тIехь а лаьтташ, иза лар а деш, шордора цо. Цуьнан дог Далла тIе ца гIертара, Даудан дог гIертар санна.

Оцу масаллица дика догIур ду, зудчун а, майрачун а хIора дийнахь хIуьттучу юкъаметтигашца доьзна долу сурт. Нагахь царах цхьаммо, ша бохучунна тIера валар а доцуш, кхечунна хетарг лараме ца эцахь, царна юкъара тешаме хилар а, уллора хилар а дIадолу. Майрачо ала там бу: «Хьажахь, аса дерригенах дIадала деза ахча а дIало, хьуна юург а латтайо, хIусам латтайо, тIеюхург а оьцу. ХIун вон хир ду аса кхин а цхьа зуда ялаярх сайна?» Цунна хета тарло шена и зуда а еза, цунна оьшург а латтайо ша аьлла, амма ас чIагIо йо шуна, церан юкъаметтиг уллора хиларан барам сихха лахлург хилар, церан дахаран еккъа цхьана агIонна тIехь иза муьтIахь ца хилар бахьанехь.

Вай ала там бу: «Веза Эла, со виллина динан гуламе воьду, сайна тIедогIучу рицкъанах уьтталгIа дакъа сагIина дIа а ло ас, Делан Йозанаш а доьшу, доIанаш а до, тIаккха сан тешар оццул кIезиг хIунда ду те?» Цхьа хаттар лур дара аса шуна: шайн зудчуьнца муха хуьлу шу? Дала боху: «Цу кеппара майранаш а хила беза шайн зударшца дика, уьш гIорасиза хилар а хууш. Уьш лара, хIунда аьлча божаршца цхьаьна дахаран совгIат кхочу цаьрга» (1 Кип. 3:7, курсив авторан). Вайн Делаца йолчу юкъаметтигна дуьхьалонаш йогIу, нагахь вай вешан дахаран массо а агIонаш тIехь муьтIахь хилар ца гайтахь. Дагадаийта Iийсан дешнаш: «Иштта аша а, шаьш дан деза дерриг гIуллакх кхочушдай…». Шун цхьана

декъана долчу муьтӀахь хиларо, шун тешар совдоккхур дац! Цу тайппана хуьлу майранийн а, зударийн а, берийн а дай-нанойн а, ур-атталла дай-нанойн берашца йолчу а юкъаметтигашкахь.

Кхин а цхьа хаттар а дан мегар ду: шайн дош муха лардо аша? Делан Йозанаша чӀагӀдо, Везачу Элаца йолу уьйр, «Шена цунах зен хилахь а, ша цунна хьалха чӀагӀо йинехь, шен дашана тӀера волуш воцучун» хилар (Заб. 14:4). Лардой те аша шаьш делла дош? Шайн багара долучуьнгахула къа латор хуьлий те шун, тӀаккха цец а дуьйлуш, шайн тешар кӀезиг хӀунда ду те бохучух? Цу тайпана долу хаттарш кхидӀа а дала йиш яра сан.

Коьртаниг, кхоччуш Делан Дашо тӀедуьллучунна муьтӀахь хиларе гӀертар дуй теша вайн бохург ду!  ХӀунда аьлча вайга чӀагӀо ярца аьлла ду:

> Сан хьоме бераш, шуьга *къинош ца летадайтархьама* яздо ас хӀара кехат (1 Яхь. 2:1, *курсив авторан).*

Дуккха а берш дукха тӀехула хьожу шаьш леточу къиношка, я тӀедиллина ду-кх иза иштта бохучу агӀор хьожу цуьнга. Шаьш леточу къиношка кӀорггера хьажар доцучу адамашна моьтту, шайн йиш ю Делан Дашо бохург лар ца дан, вай Делан диканца дехаш а ду, вайн къинхетаме Дела а ву бохург цара хьалхададаккхарна. Ткъа вайн дерриге къинош Ӏийсас ЖӀара тӀехь дӀаэцна олу цара. ХӀаъ, ЖӀара тӀехь Везачу Эло вайн къиношна тӀера мах дӀабелла, амма вай дагахь латто деза ПахӀала Ӏийсах тешар долчаьрга аьлларг: «Шу кхеташ дац те, леш санна цхьанна муьтӀахь хила шу карадахча, шу къар а лой, цуьнан леш хуьлий? Я къинан леш хуьлу шу, ткъа иза бахьана долуш шу хӀаллакдийр ду, я Далла муьтӀахь хиларан леш хуьлу, ткъа

иза бахьана долуш шу Далла хьалха бакъдар ду (Рим. 6:16). Шех Веза Эла а олуш, амма кхидIа а къинош летош болчаьрга Іийсас Ша а аьлла хIара дешнаш: «Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош дерш!» (Мат. 7:23).

Іадаташ лардеш болчарна къа латор, адам шайн «бакъахьарачийн тобанна» юкъара дІакъастош долу хIума ду аьлла хета. Амма и Іалашо хила ца еза вайн массо а тайпанчу къилахь долчух сацадаларан бухехь. Билггал аьлча, цу тайпана йолчу агIоне сацалур дац вай къилахь дерг ца дарх. Ткъа нагахь вайн кхетам хилахь, вайн муьтIахь ца хиларо вайн тешар а дохадо бохучух, ткъа цу агIоно вайн Везачу Элаца йолчу уьйрана а навкъарло йо дела, вай довда деза къилахь долчух!

ХIунда? Дуьнен чохь мел долчу хIуманал вайна Цуьнца йолу уьйр хила лаам болу дела!

ХIинца кхета вай, Далла тIедерзаре ша кхайкхам бале а, бинчул тIаьхьа а Яхьъяс билггал бохучух:

> Цундела Далла *муьтIахь хила,* иблисана дуьхьалдовла, тIаккха иза шух додур ду. Далла улло гIо, Иза а шуна улло вогIур ву. Къинош летийнарш, шайн куьйгаш дила, *шалхончаш, шайн дегнаш* цIанде (Якъ. 4:7,8), *курсив авторан).*

Шуна ма-гарра, дерриг а муьтIахь хиларца доьзна ду! ХIунда? Вай кхоччуш долчу тешарца Далла тIедерзархьама. ХIинца юха а вай кху коьртан юьххьехь далийначу дешнашка хьовсур ду вай:

> Иштта, вежарий, Іийсан цIий бахьана долуш Делан стигалахь йолчу цIийнан уггар езачу чоьнна *доьналла долуш* чудаха аьтто бу вайн. Іийсас Шен дегI сагIина

> дӀадаларца, керла некъ *схьабиллина* вайна цига. Дийна волу Ӏийса Ша бу и некъ, ткъа и некъ Делан цӀийнан уггар езачу чоьнна дуьхьал оьллина долчу кирхьанах чекхболуш бу. Иштта, сийлахь динан коьрта да стигалахь долчу Делан цӀенна тӀехь хӀоттийна ву вайн. ЦӀеначу дагаца, чӀогӀачу тешарца Далла гергахьа кхочийла вай, цинцаш тохарца вайн дегнаш бехк тӀелацарх цӀан а дина, вайн догӀмаш цӀеначу хица а дилина. *Ваьш сатуьйсург чӀогӀа лардан деза вай, хӀунда аьлча ваӀда Динарг тешаме ву* (Ӏеб. 10:19-23, *курсив авторан).*

Вайн тешна хилар, я вайн кхоччуш долу тешар, Делан Дош хазарехула тешар дарах дӀадолало, ткъа и тешар вайн муьтӀахь хилар саццаза хиларехула совдолу. Нагахь вай къа латадахь, вайн векалла дийриг, я адвокат, ву вайн, Дена хьалха вайна тӀера доьхуш Волу, тӀаккха вай сихонца дохкодовлар хилча, вайн са бехкала дахарх цӀанлур ду, хӀунда аьлча Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан цӀийно вай муьлххачу а къинах цӀандо, лайл а вай кӀайн а деш. Амма вай хаа а хууш, кхетташехь вешан къилахь кхидӀа а Ӏахь, вайн сино вайх бехк боккхур бу, ткъа Дала вайн сино чул а сов бехк боккхур бу вайх, хӀунда аьлча Цунна дерриг а хаьа. Вай ваьш дуьхьалонаш хӀиттайо, кхоччуш долчу тешарца вайн Далла тӀедерзарна новкъарло еш йолу.

## Сатуьйсийла

Ткъа хӀинца оцу декъан хӀокху шолгӀачу чӀагӀдарна тӀедоьрзур ду вай: «Тешна хиларх (сатийсарх) тасадалар хир ду вайн даима а». Дукхахьолахь сатийсар я тешна хилар бохучу дешнех нийса кхетар ца хуьлу Ӏийсах тешар долчийн.

Цу дешан цхьа а дозар дац шеконца, «хила там бу» бохучу кхетарца. Билггал аьлча цу дашо бохург «тешна хиларца сатийсар» хир ду.

Дала, Ша ИбрахIимна дуьххьара дуьхьал хIоьттича, Цо ваIда динера: «Со хьо Iалашвен йолу гIап ю. Ас хьуна ден долу совгIат а доккха ду», аьлла (Дол. 15:1). Билггал долуш долчу хьолехь ИбрахIиман цхьа а сатийсар хуьлийла дацара берах хуьлуш йоцучу шен зудчуьнгахула бераш хиларан, цундела цо делла жоп жимма сингаттаме дара:

> Сан Хьалдолу Эла! Со ирс долуш хилийта хIумма а лойла дац Хьан, хIунда аьлча сан кIант вац. Цундела со велча, сан лена, Дамасакхера ЭлиIазарна, кхочур ду дерриг а сан долахь дерг. Ахьа кIант ца велла суна, – элира Ибрама, – цундела сан цIа чохь вина сан лай хир ву сан тIаьхье дIакхоьхьуш верг (Дол. 15:2, 3).

Кхоьтийла дара, оцу стеган сатийсар хиларан агIо кIезиг хиларх я хиллане а ца хиларх, амма Далла хаьара, ИбрахIиман йиш йоцийла Ша лур ду аьлларг схьаэца, цуьнан цунах тешар хиллалц. Цундела Дала, оццу буса иза чуьра ара а ваьккхина, стигалара седарчий гайтира цунна, уьш дагардар тIе а дуьллуш. Суна хетарехь, иза иштта хилла хир ду: ИбрахIимна, тешна, наб кхетта хила там бу, барам боцу седарчий дагардан а воьлла. ШолгIачу Iуьйрана Везачу Эло самавоккху иза иштта хаттар дарца: Цул тIаьхьа, Ибрам четар кIелара ара а ваьккхина, элира Цо: «ДIахьажал стигала, дагардел цигара седарчий, хьайга дагардалахь! Оццул дукха хир ю хьан тIаьхье» (Дол. 15:5). Дала ИбрахIимна чохь Шегара долу тешар кхолладолуьйту – Ша лун долчун къаьстташ долу сурт а хIоттош – барам боцучу тIаьхьенан. ХIорраза а, ИбрахIим стигала хьала а хьаьжна, цунна седарчий гича, Дала

шена лур ду аьлларг дагадогІура цунна, шен дуккха йолчу тІаьхьенах болчара аз айддина олуш: «Тхан дада ИбрахІим! Дада ИбрахІим! Цунах лаьцна дерг хьахош, Керлачу Весет тІехь ИбрахІимах лаьцна боху:

> Сатийса бахьана доццушехь, ИбрахІим Дала йинчу чІагІонах кхидІа а тешаш а, сатуьйсуш а вара. И тешар бахьана долуш, дуккхачу къаьмнийн да хилира иза. Яздина ма-хиллара: «Оццул дукха хир ю хьан тІаьхье» (Рим. 4:18).

ХІун лур ду аьллера ИбрахІимна? «Оццул дукха хир ю хьан тІаьхье». Долуш долчу дуьнен чохь сатийсар хила меттиг ца хиларна, ИбрахІим Дала бохучу агІонна тІе воьрзу, ткъа и лур ду аьллачу агІоно сатийсар а делира. Делера долчу сатийсаро Делаца йолчу агІонга хьожуьйту, долуш долчул сов долу сатийсар тешарца тІе а оьцуьйтуш. ИбрахІима Делан карахь долчу гуш доцучуьнга хьажар тІеоьцу, долуш долчунна чекх хьажарца. Билггал аьлча, Делан Йозано чІагІдо, ИбрахІим «кІоргге тешна вара дийр ду аьлларг кхочушдан Делан ницкъ хиларх» (Рим. 4:21). Цунна лур ду аьларг кхечира сатийсаро чІагІдинчу тешарехула. Вайга боху:

> «Тешар сатуьйсуш долчунна тІехь латтар а, ца гуш долчуш шеко йоцуш хилар а ду» (Іеб. 11:1).

Вайн тешаро вай сатуьйсург я Дала лур ду аьлларг, билггал долуш санна дІахІоттадо. ИбрахІиман масалло ма-гайттара, Делера долу сатийсар – иза хьалха сурт хІоттар я Делан лаамехь дерг гар ду, цкъачунна вайн бІаьргашна и ган йиш яцахь а. Делера долу сатийсар хилар чІогІа лараме ду, хІунда аьлча и сатийсар ца хилча тешаро хІумма а кхочушдойла

дац. Делан Дашо вайн дегнаш чу тешар диллина а ца Іаш, цо вайна сатийсар хилар а ло, ткъа тешарна сурт хІоттар а ло.

И дерриг а дуста мегар ду гІишлош ечу хенахь оьшучу гІирсаца, масала, тхов тІе юьллу гериг, корийн гураш, тхов туьллу дранка, цемент, кибирчигаш иштта дІа кхиболу а гІирс. Вай и берриг а гІирс гулбан тарло, амма проект, гІишлонан суьрташ ца хилча, цу дІахІотторах хІумма а доцург хир ду! Шуна хета там бу: Соьга-м и проект ца хилча а ялур ю и гІишло. Дика ду, и проект шун коьртехь хила тарло, амма хІетте а шун цхьа план хила езар ю.

## Кирхьана тІехьа Иза волчу чувалар

Далла улло вахарца доьзна, кхин а цкъа вай далийначу коьртачу дешнашка хьовсий вай:

> Иштта, вежарий, Іийсан цІий бахьана долуш Делан стигалахь йолчу цІийнан уггар езачу чоьнна *доьналла долуш* чудаха аьтто бу вайн. Іийсас Шен дегІ сагІина дІадаларца, керла некъ схьабиллина вайна цига. Дийна волу Іийса Ша бу и некъ, ткъа и некъ Делан цІийнан уггар езачу чоьнна дуьхьал оьллина долчу кирхьанах чекхболуш бу. Иштта, сийлахь динан коьрта да стигалахь долчу Делан цІенна тІехь хІоттийна ву вайн. *ЦІеначу дагаца,* чІогІачу тешарца Далла гергахьа кхочийла вай, цинцаш тохарца вайн дегнаш бехк тІелацарх цІан а дина, вайн догІмаш цІеначу хица а дилина. *Вайш сатуьйсург чІогІа лардан деза вай,* хІунда аьлча ваІда Динарг тешаме ву (Іеб. 10:19-23, *курсив авторан*).

ПахІала касттош олу Везачу Элана гергахьа гІортарх

лаьцна. Юха а хьовса хIокху дешнашка: «Сатийсарх тасадалар хир ду вайн даима а». Дагахь латтаделаш, сатийсар – иза шун проект, шун хин долчух сурт хIоттар ду, Делера долу, шун бIаьргашна ган таро йоцуш долу сурт хIоттар. Иза дагахь а латтош, леррина хIара дIадешалаш:

> Наха шайл а доккхачу хIуманах дуй боу, цу дуйно, аьлларг чIагI а дой, муьлхха а къовсам дIабоккху. Цундела Дала а дуй биъна, Шен лаам хийца лур боцийла Ша ваIда динарг кхочун долчарна дIахаийта лууш. Дала ваIда а дина, Цо дуй а биъна.  И ши хIума хийцалур доцуш ду, Дала харцдерг дийца йиш йоцу дела. Цундела Дела волчу девдда дIадахана долу вай чIогIа иракарахIиттийна ду, Дала вайна еллачу дегайовхонна тIехь латтархьама. И деган йовхо вайн синна онда а, тешаме а зIе ю. Делан стигалийн цIа чохь йолчу *кирхьанна тIехьа дIайоьду* иза (Iеб. 6:16-19, *курсив авторан).*

Шуна гой? И ши дакъа цхьана тоьхча шуна гур ду хIара:

> ЦIеначу дагаца, *чIогIачу тешарца* Далла гергахьа кхочийла вай, цинцаш тохарца вайн дегнаш бехк тIелацарх цIан а дина, вайн догIмаш цIеначу хица а дилина. Ваьш сатуьйсург чIогIа лардан деза вай, хIунда аьлча ваIда Динарг тешаме ву … И дегайовхо вайн синна онда а, тешаме а зIе ю. Делан стигалийн цIа чохь йолчу *кирхьанна тIехьа дIайоьду иза* (Iеб. 10-22,23; 6:19, *курсив авторан).*

Делан Йозанийн ингалс маттахь динчу гочдаро иштта боху: «Цо, (сатийсаро) стигларчу кирхьанехула Делан чоьхьарачу уггар езачу чоьнна чу дуьгу вай». Билггал Дала

Ша делира ИбрахIимна Делан сатийсаран къасттош долу сурт. Герга гIертар хиларца доьзна хилча, Дезачу Сино Делера долу сурт хIоттадо, вайн бIаьргашна ган йиш йоцучун, деккъа Цо гойту Iаьршара Паччахьан гIанта тIе хиъна волчу Везачу Элан Шен сурт.

Вай Далла герга гIоьртича, вайна чохь долчу Дезачу Сине доьху вай, вайн догIмашкахь йолчу пардонехула а, вайн кIезиг бен боцучу кхетамехула а чекх а довлий, Иза волчу метте догIу вай. Цига кхаьчча, стигалашкарчу уггар езачу чоьнна чухула доьлху вай, цигахь Iийса а, Да а гар а хуьлуш. Оцу уггар езачу чоьнна чохь вазвинчу Везачу Элана уллохь хилар хаало вайна!

Iийсах тешар долчийн, дукхахьолахь шаьш доIанаш деш, шаьш оцу аьршара Паччахьан гIант долчу цIа чохь ду аьлла хаадала лаам хуьлу. Амма Дезачу Сино и сатийсар хилар ца делча и дуста мегар ду ИбрахIим оцу Дала лур ду аьллачух ца кхетарца, шена и лур ду аьллачун ма-дарра сурт хIотталц. ТIаккха Везачу Эло Ша оцу лур ду аьллачун къаьстташ долу хиндолчун сурт хIоттийначул тIаьхьа бен, ца кхийтира ИбрахIим Дала шена лур ду аьллачух.

Вайн аьтто ца болу цу уггар езачу чоьнна чохь хуьлуш долу билггал а, уллора а долу Далла гергахь хилар хаадалар, нагахь вайна чохь Деза Са ца хилча. Цо ло вайна вай сатуьйсучун я вайн бIаьргашна ган йиш йоцучун къаьстташ долу сурт гар. Иштта гар долуш, дуьззина долчу тешарца а, доьналлица а Iийсас оццул беза мах беллачунна а, цуьнца даха йиш йолчунна а тIедогIу вай. Ва, баркалла Хьуна, Iийса, Хьайн олаллийн цIий Ахьа тхуна тIера Iанорна, и бахьана долуш дуьззина долчу тешарца Далла Шена улло тхан дахка йиш хиларна, хIинца а, абаденналц а!

## Темица доьзна хаттарш

1. Библин тӀера сатийсар я – тешарца ладегӀар – бохучу дешан маьӀна ца догӀу шеконах дуьзначу «хила там бу» бохучуьнца. Хиллий те шун дахарехь иштта меттигаш, аша «хила там бу» бохург тӀе а тухуш, эрна дешнаш алар, цу хенахь хиндолчуьнга тешарца сатийсам а боцуш? Нагахь санна хиллехь, хӀун эр дара аша шайн тешаран хьолаца доьзна?
2. Векалш баьхначу хенара тахханналц а Ӏийсах тешар долчара ши хаттар хӀоттадо. И хаттарш чӀогӀа вовшашка тера ду, амма шен маьӀнаца дуьстича дукха къаьсташ ду:

   - Тешар муха хуьлийла ду?
   - Тешар сов муха даккхалур ду?

   ХӀокху коьртехь дерг довзарехула, муха жоп лойла ду?

3. Шаулан муьтӀахь хилар Даудан муьтӀахь хиларца дуьстича, цуьнца доьзна хӀун къастам го шуна цу шиннан муьтӀахь хиларан? Церан муьтӀахь хилар мухачу тайпана гучудолу цу шиннан Далла герга кхачарна тӀехь?
4. Далла муьтӀахь хиларо муха гӀо до адамана Цунна тӀе доьналлица герга кхачарна тӀехь?

Корта 14

# КХИН А СОВ ГЕРГА ГІЕРТАРЦА

Шун доьналлица тӀедахка йиш ю Цунна,
хӀунда аьлча Цо муьлххачу хенахь а Шена тӀе
дахка кхойкху шуьга.

ХӀокху тӀаьхьарчу коьртехь вай дуьйцур ду, оццул чӀогӀа вай дезаш Волчу Цунна тӀе муха даха аьтто бу вайн бохучух лаьцна. Амма и вай дуьйцун дерг, дукхахьолахь тера хир ду зуда яло я маре баха бохкучу къоначу чкъорах болчийн юкъаметтигехь хила дезачух лаьцна ма-дарра деш долчу хьехархх. Цунах лаьцна хьехар дан мегар ду цу къонахошна, амма кхидерг церан дегнаш чуьра схьадала дезар ду. Цуьнца йоьзна ю оцу уллорачу юкъаметтигийн хазалла: иза вайн дегнаш чохь зезаг санна хецало, цунах хьекъалца кхетийла дац.

Везачу Элана герга доьлхучу хенахь вайна дагахь латта деза, вай Цуьнан вастехь а, куьцехь а кхоьллина хилар.

Цуьнан дагна хетарг, вайн а ма-хиллара, тайп-тайпана хила тарло. Вайн юххерачу доттагІчун дагна хетарг хаадалар хилла а ца Іаш, Везачу Элана муха хетар ду те иза бохург хаадалар а хила деза вайн. Масала, наггахь Иза хаавалар хила тарло Цунна хастаме назманаш лакхарца доьзна, ткъа наггахь – доьхначу къерачу дагца Цунна тІе веача хила тарло. Наггахь доьналлица тІе ваха мега Цунна, ткъа наггахь – кхерарца а, дог дегорца а. Вайн дийладала лаам кхоллабала а там бу, ткъа наггахь – делха дог догІуш хила а тарло. Наггахь Цуьнан гІоьнца боданан ницкъашца синошца къовсам бан а тарло вай, ткъа наггахь Иза инзаречу тайпана уллохь хилар хаадаларца деган машар, синтем бан там бу вайна.

Оцу тІаьхьарчу шина дустарца доьзна, талархой тІегІорта там болу цхьа цІа дало мегар ду. Масала, и талархой шун цІийнан тІехьа агІор йолу неІ йохо гІерташ бу. Сурт хІоттор вай, цу хенахь ша а, шен доьзал а кІелхьарбовлархьама хІун карор яра те шена бохучу дена тІе цуьнан кІант вогІу, цо олу: «Дада суна хетарехь, хьо уггар дика да ву кху дуьнен чохь. Ахьа гуттара а тхан гІайгІа бо, хьо гуттара а самукъане, хьекъале ву…»

Дас хІокху дешнашца юкъахдоху цуьнан дешнаш: «Цкъа хІинцца хан яц дагахь дерг дийца, хьайн баскетбольни бита схьаэца, тІехьарчу неІаре гІур ду вай».

Вайна диццдала ца деза, Дала леррина къобалвинчун Динан тоба – Делан цІа хилар. Ткъа хІокху долуш долчу дуьнен чохь вайн мостагІий а бу. Цундела тІехІуьтту иштта меттигаш, ас доІа дан доладо, ткъа Дезачу Сино синца болчу къовсаме вала везар дагатосу суна, цу тІе Цо иза хІоразза а тайп-тайпана до. Иза хила тарло Делан Дош хьехарехула а, Дезачу Синехула дечу доІанашкахула а, ур-атталла хастаман назманаш аларехула а (иза ЯхІушаптица а, цуьнан

тIемалошца а ма-хиллара (хь. 2 Шер. 20:20-24). Вайн синошна хаадалар арахула долчуьнга хилла а ца Iаш, Цуьнан лаам билггал муха кхочушбалур бу бохучуьнца а доьзна хила деза.

Вайн масаллина тIе юха а доьрзуш, кхечу тайпана хIоттийча и сурт муха хир дара бохучуьнга хьовсур ду вай. Хуьлийла иза изза цIа: дерриг а дика ду, да каминан хьалха хиъна садоIуш ву. Оццу хенахь кIанта, цунна тIе а вогIий, олу цуьнга: «Дада, гайтий вай царна вай хIун дийр ду!»

Дас, цуьнга а хьоьжуш, олу: «КIант, шадерг дика ду, цхьа а кхерам бац. Охьахаа, цхьана дикачух лаьцна дуьйцур ду вай».

Со тешна ву, хIинца аша а далорг хир дара цу тайпана хIотта мегаш долу дуккха а суьрташ бохучух, гергарчу адамашца вайн хIуьттучу юкъаметтигийн масаллаш далорца. Иштта вай дечу доIанаш тIехь а хIуьтту тайп-тайпана хенаш а, хаадаларш а. Делан Йозанаш тIехь ас хIинцца ялийначу цу тайпанчу ерриг а меттигех лаьцна а, цул дуккха а сов йолу а меттигаш юьйцу. Коьртаниг ду – оццу хенахь Делан даг чохь доллург довзар.

## Делан хьашташ

ХIун дийр дара те аша, нагахь шун накъост, гуттара а шен хьаштийн бен ойла яр доцуш, вогIуш велхьара шу долчу? Муха хетар дара дена, нагахь цуьнан кIант шена цхьа хIума эшча бен, цунна тIе вогIуш вацахьара? ДIадоьллур дарий аша шайн дагахь дерг, шаьш-шайн бен ойла яр доцучу я къинхетаме доцучу адамашна хьалха?

Нагахь Делан дагах кхета вайн лаам белахь, вайна цуьнан лаамехь дерг а, цуьнан эшамехь дерг а довза деза. ХIаъ, эшамехь дерг! Иза нуьцкъала а, дерриг гуш а велахь а, Цуьнан дерриг хIума а делахь а, Цо адамана паргIат болу

лаам а, кху Лаьттахь йолчех билгалъяьккхина паргӀато а елла. Адаман дола иза даккхарца, Цо Шена Ӏаткъа меттиг елла. Адамо къа латор бахьанехь а, дуьнен чу харцдерг дуьйцучу а, адам Ӏехадолуьйтучу а, хьийзочу а зуламан ницкъаш беана дела а, вайх дукхаха долчарна тӀе баланаш хьегар а, лазамаш хилар а догӀу. Далла чӀогӀа лаьа ишттачу адамашна гӀо дан а, цхьаммо цаьргахьа гӀо даккхарца аз айдаре а ладоьгӀу Цо. Цундела тешна хила мегар ду шу, Веза Эла гуттара а, Шен берех, Делан диканца кхечу баланехь долчаьргахьа гӀо даккхар а, гӀо лаца сихвалар а долчарна вуно уллохь хиларх. Кхел ечу дийнахь Ӏийсас эр ду:

> …Со меца волчу хенахь аша Суна яа хӀума елира, Со хьогах волчу хенахь аша Суна мала хи делира. Со араваьлла лелачу хенахь аша Со тӀеийцира. Со тӀехь беркъа волчу хенахь аша Суна тӀеюха хӀума елира. Со цомгуш волчу хенахь аша Сан дола дира. Со набахтехь волчу хенахь шу Со волчу тӀаьхьадаьхкира (Мат. 25: 35,36).

Кхузахь шуна го, дерриг дуьне Шен карахь долу а, берриг ницкъ Шегахь болу а сийлаллин Веза Эла эшамехь хилар. Цуьнан эшам – Цунна безачийн болу эшам бу. ХӀунда аьлча Цо аьлла: «Аса баккъалла а боху шуьга: гӀо оьшучохь хӀокху Сан вежаршна, уггар ледара волчунна а, аша мел динарг Сан дуьхьа дина ду шуна» (байт 40). Кхечуьнгахьа гӀо даьккхинчо а, царна оьшург динчо а, кӀелхьарвалар дохьуш долу Делан Дош кхайкхийначо а, Делан ницкъехула чевнаш тоеш волчо а, иштта дӀа а…, кхечу цхьаммо чул а сиха дашор ду Делан дог.

Делан халкъо цхьана хенахь чӀогӀачу дӀагӀертарца лоьхура Дела, Цо царах лаьцна ур-атталла иштта элира: «Цара хӀора дийнахь лоьху Со. Сан некъаш довза лууш долуш санна а, нийсонца лелаш долуш санна а, шен Делан лаамаш дӀа

ца тосуш долуш санна а долу халкъ ду иза. Цара нийсонца гІуллакх къасторах хоьтту Соьга, Далла герга кхача лууш санна а бу уьш» (Еш. 58:2). Амма Дала жоп ца лора царна. Адамаша хаттарш дора, Дела улло хІунда ца вогІу те шайна бохуш. Уьш ца кхетара, Дала шайн доІанашна жоп хІунда ца ло те бохучух. ТІаккха Цо элира:

> «Оха марха кхобу, Хьуна хІунда ца го иза? Тхо кІезиг хилар гойту оха, цуьнан тидам хІунда ца бо Ахь? Везачу Эло бохура цаьрга: «Шаьш марха кхобучу дийнахь шайн лаам кхочушбо аш, кхечарна а хала белхаш бар тІедуьллу. Марха а кхобуш, аш девнаш доху, эгІа а оьгІу, иштта буйнаш детташ лета. Лакхахь шайн аз хазийтархьама, ца кхобу аш цу хенахь марха» (Еш. 58:3-4).

Тидаме эцалаш, цара девнаш а дохура, уьш эгІа а оьгІура. ХІинца цу темин коьртачу декъа тІе юхадоьрзур ду вай: «Далла тІе дуьйла, Иза а тІевогІур ву шуна». Коьртан юьххьехь долчуьнга хьаьжча, шуна гур ду Якъуба аьлла хІара дешнаш:

> «Къийсамаш, девнаш мичара ду шун? Шун меженашкахь вовшашца тІом бечу а, дуьненан хІума тІех дезачу а лаамех схьадуьйлуш дуй те уьш? ХІума деза шуна, амма иза ца хуьлу шуна. Адам дел чІогІа хьагІ хуьлу шуьца, амма дезачуьнга ца кхачало шу. Вовшашца а къуьйсу, девнаш а доху аша, амма дезарг ца хуьлу шуна, хІунда аьлча аша, Деле доьхуш доІа ца до. Дехча а, ца хуьлу шуна иза, хІунда аьлча аша дикачу хІуманна ца доьхуш, дуьненан хІума тІех дезачу шайн лаамийн дуьхьа доьху. Тешам боцурш!

> Хlара дуьне дезар Делаца мостагlалла хилар дуйла ца хаьа шуна? Дуьненах шена доттагlа хила лууш верг Делан мостагlа хуьлу. Шуна моьтту хир ду Делан Йозанашкахь эрна аьлла: «Дала вайна чохь lан деллачу Синна вай Шен хила лаьа? Амма Дала кхин а доккха дика дина вайна. Цундела аьлла ду: «Дела курачарна дуьхьал ву, амма ша кlезиг хеташ lаш болчарна Шен дика ло Цо». Цундела Далла муьтlахь хила, иблисана дуьхьалдовла, тlаккха иза шух додур ду. Далла улло гlо, Иза а шуна улло вогlур ву. Къинош летийнарш, шайн куьйгаш дила, шалхончаш, шайн дегнаш цlанде» (Якъ. 4:1-8).

Цу тайпана, и дерриг а хlара ду. Хьалхара гlулч хlоккхунца йоьзна ю: вай вешан дахар дlадала деза Везачу Элан дуьхьа а, инжилан дуьхьа а. Вай Цуьнан лаам кхочушбарна даха деза. Вайна Цунна деззарг деза а деза, Цунна дезаш доцург ца деза а деза. Цунна лараме хеттарг, вайна а лараме хета деза, ткъа Цунна лараме ца хетарг, вайна а хоьтийла дац лараме. Вайна чохь Цуьнан доллу дог хила деза!

Дуй теша иза вайн вешан цхьа а тайпана дахар хир дац бохург? Ца лаьа теша Далла Шен халкъана садаlар, синтем бала? Лаьа дера. Йозанаша кхеттош боху вайга: «Дала дерриг а шортта ло вайна, вай, хаза а хеташ, дахийтархьама» (1 Тим. 6:17). Амма, Цо бохург юха а тоьттуш, ваьшна луъург бен кхочушдан вайн лаам ца хилахь, Цуьнан дагца вайн йолчу уьйрах довлу вай.

Цхьадолчу адамашна хета, эшамехь болчарна гlо дарехула бен, Далла там бойла дац аьлла. Ткъа иза иштта делахь, Кипас хlунда сацадо бисина lачу зударийн хьашташ кхочушдар, амма цо иштта олу: «Делан Дош дlакхайкхор а сацийна, тхо хlума екъа хlиттича, нийса хир дац. Цундела, вежарий, аша

шайна юкъара ворхӀ стаг харжа веза. Уьш Делан Са а, хьекъал а шайца хиларца гӀарабевлла хила беза. Вай и гӀуллакх царна тӀедуьллур ду. Ткъа оха тхешан ерриге а хан доӀанаш дарна а, Делан Дош кхайкхорна а хьажор ю» (Век. 6:2-4). Кипа кхийтира, декъазчу адамийн синош Делан Дашах дузорна дӀакъастийна нах хила безарх, ткъа кхечара царна оьшу дахаран хьашташ кхочушдийр ду бохучух. Цара а, вукхара а билггал аьлча, юкъараллин гӀуллакх кхочушдийр ду. Цара Ӏийсан хьашташ кхочушдийр ду: «Со меца волчу хенахь аша Суна яа хӀума елира …»

Везачу Элан дагахь дерг шайн дагах кхета адамаш, дуккха а аттаха кхачалур ду Цунна гергахьа. Иштта стаг вара Муса а, хӀунда аьлча Цо халкъан хьашташ кхочушдора, Делан лаамехь дерг кхочушдарехула. Цунна Делан дагахь дерг хаалора, цуьнан уллора уьйр яра Везачу Элаца.

> Дика гӀуллакхдархо волчу Юши-ЯхӀу-паччахьах лаьцна иштта элира Дала: «Къен а, миска а волчун гӀуллакх цо нийсонца къастадора. Цундела иза дика вехаш вара. Иза дац ткъа *Со вовзар?* – боху Везачу Эло» (Ярм. 22:16, *курсив авторан).*

Шаьш дан деза гӀуллакх дика кхочушдеш болу нах, хуьлийла иза тӀедиллинарг, урхалла дар, хьехамаш бар, цхьа хӀума дӀасаекъар, иштта кхидӀа а дерг дар, дуккха а аттахо а богӀур бу Далла тӀе, шайн дахарехь, ур-атталла тӀедиллина гӀуллакх дарна тӀехь а, дукхахьолахь шайн лаамехь дерг хьалхадоккхуш болчарал. ХӀунда аьлча Везачу Эло Ша аьлла: «Иза дац ткъа Со вовзар?»

## Хезаш хилархьама, тIегIортар

Везачу Элана гергахьа хила лаам болчарна догIу кхин хьехар вайна карадо хIокху аятехь:

> «Хьо Делан цIа долчу воьдуш, ларлуш хилалахь. Сонтачу наха санна, сагIина хIума яхьачул, Делан цIенна тIе а вирзина, ладогIар дикаха ду. Уьш ца кхета, шаьш сонта лелий; Багах довлучу дешнашца а, дагара йовлучу ойланашца а Далла хьалха хIума олуш сих а ма ло, аьрха а ма вала. ХIунда аьлча Дела стигалахь ву, ткъа хьо лаьттахь ву, цундела хьайн Цуьнца долу къамел доцца хилийта. Алссамчу гIайгIанаша вон гIенаш гойту, алссамчу дешнаша сонталла гучуйоккху (Уст. 4:17; 5:1, 2).

ХIинца оцу аятийн хьалхарчу декъехь долчуьнга хьовсий вай. Ингалс маттахь йолчу Библин цхьана гочдар тIехь вай доьшу: «Хьо Далла герга вогIучу хенахь, ладогIарна кийча хила, сагIанаш дахарна чул». Суна хааделла, дуккха а долчу адамаша хIоразза а шаьш Далла герга кхача гIертачу хенахь я саццаза дуьйцуш, я назманаш олуш хилар. Иза хила еза агIо-м ю. Делахь а, суна хааделла, вист хилар доцуш, леррина ладогIарца тIе ван везар Далла герга, дешнаш олучул, я назма олучул хьалха.

Дукха хан йоццуш цхьана вуно йоккхачу а, Iаткъам болчу а динан тобанан куьйгалхочуьнца вовшахкхетар хилира сан. Iуьйранна хIума йоуш цо элира соьга: «Джон, эххар а Везачу Эле иштта олучу хьола тIе веара со: «Со кIадвелла хIора Iуьйранна доIа дарца Хьуна тIе варах, сацам боцуш айса дийцарх, ткъа цхьа а жоп ца хиларх. Хьо соьга вистхиллалц, со хIора Iуьйранна Хьуна тIе вогIур ву, вист хилар доцуш, Хьоьга ла а доьгIуш».

Масех дийнахь Везачу Эло цуьнан дешнаш даггара хилар зоьра, амма цхьана Іуьйранна и пастор шен доІа дан дІахІоьттича, цІеххьана Дезачу Сино къамел дира цуьнца. Оццу хенахь Везачу Эло, цІеххьана, цкъа а ца хиллачу тайпана нуьцкъала дІаделларш делира цуьнан даг чу, цу тайпана масех кІиранах шен динан тобанерачу адамашца декъа йиш хилира цуьнан шега аьлларг. Цуьнан доІанаш даран агІо бухенца хийцаелира.

Со кхийтира, Дела хааваларна йолу уггар дика агІо Делан Йозанаш дешарца йоьзна хиларх (къаьсттина Назманаш а, Керла Весет а. Цу тІе, оцу тІехь дерг харжар а долуш, деша деза, масала, деккъа цхьа аят я цуьнан цхьа дакъа. Доьшучун ойла а еш, хьесап дарца а, кхета гІортарца а хила деза и дешар, цул тІаьхьа кхидІа долу аят а доьшуш. Эххар а, Веза Эла хаавалар билггал догІур ду. Иштточу хенахь кхидІа дешар а сацадой, Цунна тІе ойла а йохийтой, ладоьгІу аса Цо суна хьоьхучуьнга я Цо гойтучуьнга.

Мухха а делахь а, иза уллохь хилар хаадалийта деза, цул тІаьхьа вист а хуьлуш. Аса цкъа хьалха Цуьнан сийдарца Іамалйо Цунна, сайн кхетам синтеме балорхьама а, Дезачу Сино олучуьнга ладогІархьама а, цу тайпана Цуьнан лаамехь дерг я Цунна хетарг сайна хаадалийтархьама. ТІаккха оццу хенахь хастаман назманаш олу аса. Амма иза гуттара а ца хуьлу иштта, хІунда аьлча наггахь цу сохьтта Цунна баркалле хиларан дешнаш олу аса, хастамаш беш, даггара воккхавер догІуш. Делан Сино: «Суна тІедуьйла!» – олуш санна долу хаадалар догІу. ХІунда аьлча Делан Йозанаша а кхайкхам бо вайга иштта:

> «Хастамаш барца Цунна хьалха хІуьттур вай, даккхийдерца эшаршкахь Цуьнга кхойкхур вай (Заб. 94:2).

Ткъа кхечу меттехь:

> «Хазахетарца Iамал а е Везачу Элана. Цунна хьалха даккхийдеран эшаршца гIо! (Заб. 99:2).

Кхузахь вайна го оцу аято Везачу Элана хьалха хазахетарца а, даккхийдерца дахка дезаре кхайкхар, ткъа цул хьалха хиллачу аято деккъа тIедахаре кхайкхам бора Цунна хьалха. Мухха а делахь а, вайн Дела хаавалар хила деза! Дуьйцийла дац хин волчу майрачуьнга, цуьнан шен зудчуьнца хин йолу юкъаметтиг муха кхоллалур ю бохург, изза ала мегар ду вайн Везачу Элаца хIуттун йолчу юкъаметтигех лаьцна а.

Шайна хьалха иштта сурт хIотталур дарий те шуна, майра шен хIинцца далийначу нускална тIе воьду, ша ала деза хIора дош, ша дан дезарг, дерриг тIеяздина кехат эцна? Хьалхара гIулч: ала цуьнга, ма хаза ю хьо. ШолгIа гIулч: цуьнан месех куьг хьакха. КхозлагIа гIулч: чиркх дIабайа. ЙоьалгIа гIулч: бехк ма биллалахь, ца дешало соьга, юха а чиркх лато беза аса. Ма сонта хIума ду иза, бакъ дуй и! Ткъа оццу тайпана сонта хIума дина дIахIоттийна цхьаболчара шайн доIанаш а. Цара, Делан дагах а кхетта, Цунна хетачуьнга ла а доьгIна, цунах пайда эца шайн йиш хилар дIатотту. Доьху шуьга, сох нийса кхетар, ю дера Делан Йозанаш тIехь билгалдаьккхина хьехар а, вай тIеэца еза агIонаш а, делахь а вай Дезачу Синан гIоьнца даха деза Далла тIе, хIунда аьлча Делан Йозанаша кхеттош боху вайга, «йозанца боьзна а боцуш, ткъа синца боьзна болчу бартана гIуллакх дан деза. ХIунда аьлча йозанца яздинчо адам доь, ткъа Делан Сино адам дендо» (2 Кор. 3:6). Цундела Дезачу Сино бен ца ло вайна кхечунна тIера доIанаш дан а, назма ала а, даккхийдер даийта а, делха а, дист а ца хуьлуш Iан а кхинболу а лаамаш.

Иштта вайн дехарш дарна тIехь а, дешнаш аларна тIехь а

сих ца даларе кхойкху вайга Делан Йозанаша. И санна дерг адамашна юкъахь хуьлчу юкъаметтигаша а гойту. Нагахь адам дукха луьйш хилча, вай цуьнга кхоччуш ла а ца дугІу. Ткъа нагахь адамо, ала деза дош а лоьхуш, ойла ярца дуьйцуш хилча, вай леррина ладугІу цуьнга, ур-атталла цо дуккхазза а дийцича а. И бахьанехь сайн доІанаш тІехь со дукхахьолахь вист ца хуьлуш а Іа, тамашийначу меттанашкахь а дуьйцу аса я Делан Дашо бохург чІагІдо.

Суна хаьа, аса тамашийначу меттанашкахь дуьйцуш, кхоччуш болчу Делан лаамца доьзна доІа дойла айса. Дезачу Сино ло суна дешнаш, ас Дала леррина къобалвинчу Іийсан цІарах Дега доьхучу хенахь. Со Дезачу Синах вуьзна хилча сан дан йиш яц харц доІанаш я эрна дешнаш олийла а дац! Аса Делан Дашо бохург дІакхайкхош, сан кхетамца цхьаьна со цунах вузу. Цундела ду лараме кхетамца доІанаш дар а.

Амма Далла гергахь со хилар хаа а луш, Цуьнга аса ладугІучу хенахь суна Дала бохург дІа а деллало, кхетар а, хьекъалалла хилар а догІу суна. ЧІогІа лараме ду, Везачу Эло бохучуьнга вай ладогІар а, Цунна вайца къамел дан хан ялар а. Шу хІоразза а шена тІедахча, сацар доцуш, цхьа дош юкъадало шуна меттиг а ца юьтуш, къамел дечу цхьана стеган сурт хІотталур дарий шуна? Суна хетарехь, билггал иштта дерг хаалур ду Дезачу Синна а, вай Деле доІа дан долалуш. Вай цкъа хьалха ладогІа, тІаккха дийца доладала Іама деза. Дагахь латтаделаш, доІа дар – иза монолог а йоцуш, диалог хилар.

## Делера долу дІаделладалар хиларан тайп-тайпана агІонаш

Дела вайна уллохь хуьлучу хенахь, Цо Ша а, Шен некъаш а дІадоьллу вайна. Цо Іаламат доккха дерг а, тІекхача йиш

йоцург а гойту вайна, хIетталц вайна девзина доцу. (хь. Ярм. 33:3). Цунах кхетархьама, вайна хаа деза, дуккха а агIонаш хилар, шайгахула Дала Шен дIаделларш луш йолу. Наггахь Цо вайга дийца тарло. Иза хуьлийла ду вайн даг чу догIу Цуьнан чIогIа аз, ур-атталла вай гIалат довла а там болуш, вайна Веза Эла вешан лергашкахула хеза моттарехула. Цуьнан аз хила тарло тIех тийна а, Делаца доьзна ма-хиллара, вайн деган кIоргенера схьа а догIуш, кхоччуш болу машар хаабалар а хуьлуш, Делан Йозанаш тIехь бохучуьнца догIуш ма-дарра. Наггахь Iийсах тешар долчу кхечуьнгахула я динан гIуллакх-дархочуьнгахула а ала тарло Цо. Цара и олучу хенахь я вай церан тептар доьшучу хенахь, вайн дегнаш чу цхьахIума догIуш санна хуьлу. Дала сурт хIотторехула я гIенашкахула а ала там бу вайга Ша эриг. Кхечу агIор схьаэцча, ткъа и саннарг дуккхазза а хуьлу, вайна хьалха девзина ца хилларг девза. Дукхахьолахь Цо вайна чу Шен Дош дуьллу, амма вай дийца доладаллалц, дIа ца деллало цуьнан маьIна. Вай, бага дIа а гIаттийна, дийца доладелча, оцу дIаделладала дезачух кхетар а догIу.

Билггал изза хиллера Кипица а Iийса стигалашка хьалаваьккхинчул тIаьхьа шовзткъе итт де даьллачу дийнахь. Шена Дела гергахь хилар хаадаллалц, цунна шен кхетамца бен ца довзара Делан Дош, Iийса Дала леррина Къобалвинарг хилар Дала шена дIаделлар доцург (хь. Мат. 16). Кхечу меттигашкахь, ма-хиллара, синца доьзна хIуманаш дуьйцучу хенахь иза вист ца хуьлура. Дала леррина Къобалвинчун мурдаш лакхарчу цIа чохь болчу хенахь, ЯхIудан меттана шийтталгIа векал харжаран гIуллакх шен караэца гIоьртира иза. Цунах хиллачуьнга хьаьжча, кхета йиш яра иза сихвелла хилла хиларх, цу стагах лаьцна вайна кхин хIумма а ца хезна дела. ТIаьхьо ПахIала шех лаьцна

олу: «Уггар а тӀаьхьа, хеназа дуьнен чу даьлла бер санна волчу суна хьалха а веана, дӀахӀоьттира Ӏийса» (1 Кор. 15:8). Схьахетарехь, Дала ЯхӀудан меттана билггал ПахӀал харжа сацам бинера, ткъа Кипас кхаж тасарехула шийтталгӀа векал харжар хенал хьалха дина хӀума хилла.

Билггал аьлча, синца йолчу агӀор Кипа гуттара а жимма тӀаьхьавуьсура. Амма цкъа Дела герга веара цунна, тӀаккха цу сохьтта Кипа хийцавелира, кӀорггера а, дагах кхеташ болу а динан хьехам кхайкхийра цо, Юал-пайхамаран тептар тӀера а, Назманаш тӀера а аяташ а далош, цхьа бӀе ткъеннах мурдех хиллачух халкъ кхета а деш. Хуьлийла дацара цу тайпана инзаре ницкъ болу дӀахьедар, адамийн тобанаш гулъялале масех минот хьалха Ӏамор. Цунна цу сохьтта деанера хаарш, хьалха шен хилла доцу. Кипас хилла а ца Ӏаш, вукху бисинчара а элира, «Делан сийлахьчу гӀуллакхех лаьцна дуьйцуш!» (Век. 2:11).

Билггал аьлча, Дала тайп-тайпана агӀонаш схьаоьцу, вайна герга а веана, Ша вайна кечдинарг алархьама. Гучудолург цхьаъ ду: хӀоразза а Иза вайна герга веанчул тӀаьхьа, вай кхин цкъа а хир дац хьалхалера адамаш.

## ТӀаьххьара дош

Кху книгин хьалхарчу коьртехь аса дӀахьедира шуьга, билггал йолу инструкциш хир яц аьлла, оцу агӀонца доьзна, хӀунда аьлча уллора хиларх лаьцна дуьйцийла дац гӀулчашка декъар дӀаяздарца. Делан дагна тӀе болчу некъан хазнин картин сурт хӀотто воллура со шуна. Со тешна ву хӀара книга – хаам баран дахьийтар хиларх, иза вайга массаьрга а, оццул хьагам хиларца а, сихаллица а беш болу Цуьнан даг чуьра схьаболу кхайкхам бу. Нагахь вай ницкъ а, хан а яйахь, Делан

Дешан карти тӀехь дуьйцург схьаэцархьама, вайна билггал карор ду Дела герга вар а, Цуьнан дог довзар а. Амма хаалаш, Цо боху Шена тӀедахкар, хӀорранга а шегга хьажийна хилар. Иза сихваларца хӀоттийна сценарий яц. Доллачул хьалха, иза Цо лур ду аьлла делла Цуьнан дош ду, Цо кӀорггера лоруш долу а, Иза цунах цкъа а юхавер воцу а.

ХӀара книга Йозанаш тӀерачу масех аятаца чекхйоккхур яра аса, Цунна герга дахарна тӀехь шуна гӀо ден долчу:

> «ХӀунда аьлча мекара стаг дегаза хета Везачу Элана, ткъа Цо хама бо догцӀена болчийн» (Киц. 3:32).
>
> «Ткъа сох лаьцна аьлча, суна-м дика ду Далла гергахь хилар!» (Заб. 72:28).
>
> ЦӀеначу даггара Шега кхойкхучарна, массарна уллохь ву Веза Эла. ЧӀогӀа ларам Шега болчеран лаам Цо кхочушбо, церан мохь а хезий, уьш кӀелхьарбоху. Ша везаш берш Ӏалашбо Везачу Эло, ткъа харцо лелораш массо а хӀаллакбо» (Заб. 144:18-20).
>
> Цуьнан баьчча оцу къомах схьавер ву, халкъан олахо царна юкъара хир ву. Аса Сайна тӀеозавойтур ву иза, ткъа иза Аса Сайна улло валор ву, хӀунда аьлча Суна улло ван шен са ца кхоош мила ваьхьар ву? – боху Везачу Эло» (Ярм. 30:21).

Шун доьналла хуьлийла ду Цунна улло тӀедахарна, Цо шуна Шен гуттаренна а долу тӀекхайкхар делла. Цундела шаьш Цуьнан кара дӀа а лой, Цунна уллохь хин болчех цхьаъ хилийша шу а. Иза шуьга ладоьгӀуш ву – ткъа аша стене ладоьгӀу? Цунна гергахьа тӀегӀорта!

«Шу охьаэгарх лардан а, цІена а долуш, доккхачу хазахетарца Шен сийлаллина хьалха хІотто а ницкъ бу Делан. Цхьаъ бен воцучу а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсагахула вай кІелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а, олалла а хуьлийла, азалера дуьйна а, хІинца а, абаденналц а. Амин» (ЯхІ. 24:25).

## Темица доьзна хаттарш

1. ХІара корта дІабешале аша цкъа а ойла йинерий те, Делан цхьана хІуманна тІехь «эшам» хир бара бохучух лаьцна? ХІун далур дара вайна Далла оьшург кхочушдархьама?
2. Мел лараме ду шуна Деза Са долчу Деле ладогІар? Хила тарло, шаьш локхучу хастам баран а, Іамалъяран а исбаьхьачу эшарех я Делан Синах дузар хиларехула аша язъйинчу книгех аша дозалла дар, амма гІоьртинерий те шу цкъа а дист ца хиларца Цунна тІе даха? Шаьш дисинчохь ойла елаш оцу агІонан, тІаккха цунах хиллачух лаьцна кхечаьрга а яздеш.
3. Шен хьалхарчу коьртехь авторо шен книгина «хазнийн карта» олий, цІе туьллу, вай Делан дог хаадаларна тІедуьгуш долу. Цо дІахьедо, иза «муха» дан деза
4. бохург дІадоьллу инструкци яц бохург. Дезачех долу хІун карийра шуна оцу хазнийн карти тІехь дерг аша доьшучу хенахь?

Тlетохар А

# КlЕЛХЬАРДОХУРГ ВАЙНА ЭШАР

Дахарехь ши стандарт ю адаман леларан, дахаран. Цхьаъ кху дуьнено хlоттийна ю, ткъа важа – Дала. Вайн культурехь шу дика адам ду аьлла хета тарло, цо хlоттийначу тlедилларшка хьаьжча, амма Далла муха хета те шу? Йозанаш тlехь аьлла ду, дерриг адамаш къилахь ду, церан массеран кхетам ца кхочу Далла хетачу тайпана нийса дерг, харцдерг къасто: «Яздина ма ду: «Далла хьалха цхьа а бакъ вац» (Рим. 3:10). Кхечу меттехь а: «… массара а къинош летийна, массо а Делан сийлаллех дlакъастийна а ву» (Рим. 3:23).

Къа латор бохург, Дала тlедуьллург кхочуш ца дар ду. Адам къилахь долуш ца кхоьллинера, ткъа Адама шен лаамца хаьржинера и некъ. Дуьххьарлера адам долу Адам,

Дала исбаьхьчу меттиге охьахаийнера, шена чохь цамгарш хилар доцуш, дахаран бохамаш ца хуьлуш, къоьлла а йоцуш, Iаламехь бохамаш а ца хулуш йолчу. Цигахь кхерамаш бацара, цабезам бацара, къийсамаш бацара, хьагIа хилар дацара, иштта кхидIа а. Дала цу меттигах Iедан элира, хIунда аьлча и беш Шен Делан яра.

Адама ла ца дуьйгIира Дала шена тIедиллинчуьнга, и бахьанехь синца валар тIедеара цунна, дегIаца хIинца а дийна воллушехь а, иза кхиндIа а бIе шерашкахь ваьхнехь а. Цуьнан даг чу бода беара, ткъа синца долу дахар дегIаца долчух къаьсташ ду, дегIаца валаро адам кхин дийна ца хилар дохьу дела. Синца долчу валарх – Делах дIакъастар ду алар гIолехь ду – дахаран а, кхечу дерригенан а хьоста долчу.

Къа латор Адаман амале деара, тIаккха цунах девллачу хIора беран а изза амал хуьлура: «Адаман цхьа бIе ткъе итт шо кхаьчнера, цуьнан кхин а цхьа кIант хилча. Иза веккъа цуьнан аматехь а вастехь а вара» (Дол. 5:3).

Цуьнан кIант цуьнан долччу аматехь а, вастехь а велира дуьнен чу, цул тIаьхьа дуьнен чу даьлла хIора адам а шен дайн-наношкара схьаэцначу, къилахь долчу аматехь а, вастехь а схьадолура. Адама ша а, шен тIаьхье а керлачу олахочун, иблисан, кара дIаелира, тIаккха дуьненара Iалам кхидIа цуьнан лолла дахара. ХIинца цу къизачу олахочун ерриг а бакъонаш яра Дала дезарца кхоьллинчунна тIехь. Иза дика дIадоьллу хIокху аяташа: «Юха, лаккхарчу метте хьала а ваькkхина, бIаьрган негIар тухучу ханна дуьненахь мел йолу пачхьалкхаш гайтира Iийсана иблисо. ТIаккха иблисо элира: «Хьуна лур ду ас оцу пачхьалкхашна тIехь олалла дар а, церан сийлалла а, хIунда аьлча и дерриг а Дала сайна даларна, сайна луучунна дIадала йиш ю сан» (Лак. 4:5,6, курсив авторан).

Тидаме эцалаш, лаьтта тIехь долу дерриг а олалла цуьнан караделлера. Маца? Оцу бешахь, хIунда аьлча юьххьехь дерриг латта тIехь олалла дар адаман кара деллера Дала (хь. Дол. 1:26-28). Амма Адам дерригенах а велира… шех а, шен хIух а велира иза дуккха а хила езачу тIаьхьенашкахь. Юха а вай доьшу: «Вайна хаьа, вай Делан долахь хилар а, дерриге дуьне иблисан карахь хилар а» (1 Яхь. 5:19). Ша Адам Iедан-бешара эккхавале, Дала цунна ваIда дира. Хенан йохаллехь адамаш кIелхьардохург ван везаш вара, лолла а, Iазап хьегар а дIадоккхур волу а, дуьнен чуьра дерриг а адам цунна муьтIахь хир долу а.

КIелхьардохург дуьнен чу веара диъ эзар шо даьлча Марем цIе йолчу цIеначу ЙоIехула. Иза ЙоI-стаг хила езара, хIунда аьлча Iийсан да Деза Са дара, цунна чу хIу диллина долу. Нагахь санна Iийса массо а санна дуьнен чу ваьллехьара цхьана дех-ненах, цуьнан тIаьхьало а хир яра Адаман доллу лолла долуш. Амма Iийсан Да Дела вара, ткъа нана ЙоI-стаг яра. Цундела Iийса кхоччуш Дела а ву, Адам а ду. Вайн паргIатонах болу мах адамийн кIанта бала безара. Цундела Iийсас Шех гуттара а Адамийн КIант олура. Юьххьехь дуьйна а Иза Деца волуш хиллехь а, Цо, Шен лаамца Делера хиларо луш дерг юха а теттина, адамийн къиношна тIера Ша сагIина дIавалархьама, адам хилира Иза.

Ша ЖIарах дIатохуьйтуш, Цо Шена тIе ийцира вайн къинош бахьанехь вайна кхел яр, вай лоллера кIелхьардахархьама. Йозанаша чIагIдо: «Шен дегIаца вайн къинош жIара тIе даьхьна Цо, вай къинойх а къаьстина, цIена дахийтархьама. Цуьнан чевнаш бахьана долуш дарба хилла шуна» (1 Кипа 2:24).

Иза инзаре ду: адамо Далла дуьхьал къа латадо, амма Дала (адамийн вастехь а вогIий), мах ло адамо далийтинчу гIалатана тIера). Вай юха а доьшу: «Тхо Дала

леррина Къобалвинчун цІарах дахкийтинарш ду, ткъа Дала Ша тхоьгахула шуьга хаам беш санна хуьлу. Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа доьху оха шуьга: Делаца шаьш тайтийша!» Шена тІехь цхьа а къа доцуш Верг Дала вайн дуьхьа къинош летийнарг санна вира, Ша леррина Къобалвинчуьнгахула вайх Шена хьалха бакъдинарш хилийтархьама» (2 Кор. 5:20,21).

Тидам белаш, кхузахь аьлла ду, вайн бакъахьара хила йиш ю. Амма Цо оццул беза мах белла йолу паргІато хуьлийла дац вайн, нагахь вай вешан дегнийн тешарца, Иза вайн дуьхьа велла хиларх а, юха денваларх а вай дегнаш чохь тешар ца хилахь а, Иза вайн Олахо хилар вай тІе ца эцахь а. Билггал тІаккха хуьлу Иза вайх хІоранна а КІелхьардохург. Йозанаш тІехь ма-аллара: «Ткъа Ша тІе а эцна, Шех тешаш болчарна Делан бераш хила бакъо елира Цо. Уьш я цІийх а, дегІан лаамца а, я стеган лаамца а хилла боцуш, Делах хилла бу» (Яхь. 1:12, 13).

Дала леррина къобалвина Іийса вешан Веза Эла а, КІелхьардохург а хилар вай тІеэцча, вайн вешан дуьхьа далар а хуьлий, синойн дендалар хуьлу. Вайх, иблисан олаллин лоллехь хиларна дала а делла, юхакхолладелча санна, Делан бераш хуьлу, Цуьнан Олалле а довлуш. Ткъа муха хуьлу те иза? Дукха цхьалха, вайн дегнаш чохь вай цунах тешча, вай деккъа вешан багахь тоьшалла дан деза Іийса вайн Веза Эла хиларх, тІаккха вайн синойн юхакхолладалар хуьлу.

Йозанаша чІагІдо хІара: «Іийса Веза Эла ву! – бохург хьайн баганца ахьа къобалдахь, Дала Иза веллачуьра денвина хиларх хьо даггара тешахь, хьо кІелхьарваьккхина хир ву. ХІунда аьлча даггарчу тешаро стаг Далла хьалха бакъвина хиларна тІевалаво, ткъа баганца къобалдаро стаг кІелхьарваьккхина хиларна тІевалаво» (Рим. 10:9, 10).

Цхьалха долу хІума дац ткъа иза! Вай цкъа а кІелхьардовлалур дац вешан дикачу гІуллакхашкахула. Дикачу гІуллакхашца вайна цкъа а Цуьнан Пачхьалкхехь йолу меттиг эцалур яц. Иза иштта далур делхьара, Іийса эрна велла хир вара. Вай Цуьнан диканехула а бен кІелхьар ца довлу. Иза лаамца делла совгІат ду, иза даккхалур дац. И совгІат кхачийтархьама, вай вешан дуьхьа дахарх дІа а дирзина, вешан дахар Везачу Элана ларар санна, Цуьнан кара дала деза, иза коьрта Олахо ву бохург ду. «Иза массеран а дуьхьа велла, дехаш долу адамаш хІинца шайн дуьхьа а доцуш, амма, вала а велла, веллачуьра денвина волчун дуьхьа дахийтархьама» (2 Кор. 5:15).

Цу тайпана, Дала леррина Къобалвинарг шайн дуьхьа велла хиларх шу тешахь а, кхин шайн дуьхьа а ца дехаш, шайн дахар Цуьнан кара дала кийча шу делахь, вай цхьаьна хІара доІа дан мегар ду, тІаккха шух Делан бер хир ду:

*Стигалашкара Дела, аса тІеоьцу со къилахь верг хилар, Ахьа тІедиллинчу бакъахьарачу тайпана со вехаш ца хилар. Аса летийна къинош бахьанехь суна гуттаренна а бехкалахь хилар догІу. Аса баркалла боху Хьуна, Ахьа со оцу хьолехь ца витарна, хІунда аьлча со теша, Ахьа хьайн цхьаъ бен воцу, ЙоІ-стагах Маремехула дуьнен чу ваьккхина волу Дала леррина къобалвина Іийса ваийтарх а, Иза сан дуьхьа валарх а, ЖІара тІехь сан меттана суна догІу таІзар Цо дІаэцарх а. Со теша, Иза кхозлагІчу дийнахь велла хиларх а, хІинца Хьуна бакъахьа агІор Иза охьахиъна хиларх а, сан Веза Эла а, КІелхьарвоккхург а санна. Цундела тахана__________ 20_____ шарахь, ас кхоччуш дІало сайн дахар Дала леррина къобалвинчу Іийсан дола.*

*Iийса, ас даггара сайн къиношна дохковаларца даре до Хьо сан Веза Эла а, со КIелхьарвоккхург а хилар. Волахь сан дахаре Дезачу Синехула, хийцахь со, Делан бер хилийтахь сох. Боданан олаллица сайн доьзна хиллачу деригенах а, сан дахарехь хьалха мел хиллачух а дIавоьрзу со, таханлерачу дийнахь дуьйна а, кхидIа йолчу ханна со вехар вац сайн дуьхьа, амма Хьан дуьхьа вехар ву, хIунда аьлча Ахьа Хьой сан дуьхьа дIавелла, сан абаденналц дахар хилийтархьама.*

*Баркалла ду Хьуна, Веза Эла. ХIинца сан дахар кхоччуш Хьан карахь ду, Хьан даг чохь а ду, Хьан дешнашца доьзна, со цкъа а дохко вер вац.*

ХIинца шу кIелхьардовлу. Шу Делан бераш ду. Оццу минотехь стигланашкахь а даккхийдер ду шуьца цхьаьна. Маьрша догIийла шу тхан доьзале!

Т1етохар Б

# ДЕЗАЧУ СИНАХ ДУЗАР МУХА ХУЬЛИЙЛА ДУ

Кхачам боллуш Деза Са кхачар Іийса шайн Веза Эла а, КІелхьардохург а хилар тІеэцар санна, атта хІума ду. Цхьаболчийн дІагІортар хуьлу, тІаккха дог дохий, Библис дуьйцург ма-бохху царна ца довзарна, Деза Са кхачар ца хуьлу церан. Со кхийтира, цхьанна тІера доІа дале хьалха, и Деза Са шайн хуьлийла луучу адамашна, цунах лаьцна Дала хІун боху гайтар гІолехь хиларх, тІаккха церан тешар чІагІлур ду, и агІо лахарна тІехь гІо а деш. Цундела шуьца цхьаьна доІа дале, цхьана хІуманах кхетадайталаш шаьш. Тидаме эца: вай кхидІа дахале, тІедожийначу кепехь аша ІІ-гІа корта беша беза.

Цкъа-делахь, ткъа иза коьртаниг ду, аша Дала леррина къобалвина Іийса шайн Веза Эла а, КІелхьардохург а хилар тІеэца деза (хь. Яхьъя 14:17).

Вайн дахарехь муьтIахь ца хиларан меттигаш хила ца еза. Вайга боху: Дала Шен Деза Са «Ша бохург деш волчунна ло» (Век. 5:32). Суна сайн дахарера хаьа, иза чIогIа лараме ду цхьанна къинтIера вала везарца доьзна. Тхайн динан гуламашкахь суна дуккхазза а гина, цу сохьтта Деза Са кхаьчна долу цхьа бIе адам, оццу минотехь тамашийначу меттанашца дийца буьйлалуш болу, ткъа гуттара а хуьлура чохь долчех цхьа итт я ткъаоьссан хиллал адам, доьхна хьийзаш льтташ долу, и лууш дерг хIунда ца хуьлу те шайна а бохучух ца кхеташ. ХIоразза а бохург санна, аса къамел дора цаьрца, суна гора Везачу Эло ма-виггара, аса хьеха дезар царна шайн дегнийн кIоргенехь къайлаха боллучу дегабаамца цара дан дезачух льацна. Уьш кхечарна къинтIера ма-беввли, цу сохьтта Деза Са догIура царна чу, уьш тамашийна мотт бийца буьйлалора. Цундела вай кхидIа дахале, цхьаьна доIа дийр ду вай.

*Дада, доьху Хьоьга, суна чохь дерг а таллий, гайтахь суна, дуй теша сан даг чохь цхьа а тайпана муьтIахь ца хилар. Суна Ахьа бохург дан лаьа, Ахьа суна гойтучу муьлххачу а адамана къинтIера валарца. Iийсан цIарах доьху ас Хьоьга, даггара баркалла ду Хьуна.*

Шайна чохь Деза Са хилийтархьама, аша дан дезарг деккъа иза дехар ду! Iийсас дукха цхьалха аьлла цунах льацна: «Муьлхачу дас лур бу шен кIантана лаьхьа, цо чIара боьхуш хилча? Муьлхачу дас лур ю шен кIантана дIаьвше гезг, цо хIоа доьхуш хилча? Шаьш мел къиза делахь а, шайн берашна оьшург аша луш хилча, стигалахь волчу шайн Дас муххале а доьхучунна Шен Деза Са лур дуйла хоуьйла шуна» (Лак. 11:11-13).

Цо боху, нагахь санна вайн бераша вайга, вайна яла лууш йолу а, вайн иза яла йиш йолу а цхьа хIума йоьхуш хилча, вай

цхьа воник я цара ца йоьхург лур ма яц царна. Оццу тайпана, нагахь аша Стигалашкарчу Дега Цуьнан Са дехахь, цо вон са лур ма дац шуна. Ткъа аша дан дезарг, деккъа Іийсан дуьхьа Дега дехар ду, тІаккха лур ду шуна Цуьнан Деза Са.

Иза тешарца деха деза. Керлачу Весето боху вайга, тешар ца хилча, Далла луург дойла дац вайн. Якъубан дахьийтарехь (1:6-7) аьлла ду: «Амма иза тешарца а, шеко йоцуш а деха деза, хІунда аьлча шеко йолуш верг мохо ловзочу тулгІенах тера ву. Иштта волчу стага, Везачу Элера цхьаъ шена хир ду алий дог а ма даха». Цундела шаьш шайга хаттийша: «Суна маца кхочур ду и совгІат? Аса оцу меттанашца дийца долийча я аса иза ма-деххнехь?» Жоп иштта ду – аша ма-деххина. ХІунда аьлча Делан Олаллехь дІахІоттийнарг иштта ду – вай теша, тІаккха вайна иза хуьлу. Шайн тешар доцучу адамаша олу: «Гайта суна, тІаккха тешар ву со», амма Іийсас аьлла: «Цундела боху шуьга: дерриге а шайн доІан тІехь аш мел доьхург делла хиларх тешаш хила – тІаккха аш доьхург лур ду шуна» (Мрк. 11:24). Тидам белаш, шу цкъа хьалха теша, тІаккха аш доьхург хуьлу шуна бохучун.

«Векалийн гІуллакхаш цІе йолчу книгин тІехь (2:4) яздина ду: «Делан Синах а буьзна, Цо шайна деллачу похІмица тайп-тайпана меттанаш дийца буьйлабелира векалш». Тидаме эцалаш, цара дийцира тайп-тайпанчу меттанашца, Дезачу Сино а доцуш. Цара шаьш ала дезара и дешнаш, Дезачу Сино шайна луш долу. Цундела дистхила. Со чехка доьдучу хи чу вала там бу, амма цуьнан дІадахаран лааме со ца валахь, со дІаэхалур вац цуьнца цхьаьна. Цу тайпана кхо орган ю вай меттахъяккха езаш йолу. Цкъа делахь, иза балдаш ду. Нагахь аса балдаш меттах хьедан ца доладахь, сан багано эр дац я ингалсан маттахь, я кхечу меттанашкахь, я стигалашкарчу маттахь. ШолгІа делахь, вайн багара мотт. Аса мотт меттах

ца хьебахь, суна дийцалур дац. КхозлагIа делахь, вайн аз долуьйту связкаш меттах яккха еза. Нагахь ас сайн аз сан лааме ца даккхахь, суна юха а хIумма а ала лур дац.

Шуна ас аьшнаш до мотта там бу, амма иза иштта дац. Дуккхачу шерашкахь суна гора цхьадолчу адамийн халонаш хилар оцу агIонца доьзна, тIаккха со кхийтира дукхах берш, Дезачу Сино шайн дист хиларан органаш тIехь куьйгалла а дина, цаьрга дуьйцуьйтур ду бохучуьнга ладоьгIуш хиларх. ХIан-хIа, вай ваьш дуьйцу, я кхечу тайпана аьлча, вай, муьтIахь а хилла, Цо вайга ала боху дешнаш олу.

Iийсас аьлла: «Сох тешначун, Делан Йозанаш тIехь ма-аллара, кийрара «дийначу хин» шовданаш оьхур ду». Иза Цо элира Шех тешаш болчара тIеоьцур долчу Делан Синах лаьцна. Ткъа царна чохь хIинца а Делан Са дацара, хIунда аьлча Iийса Дас сийлалла даза вара» (Яхьъя 7: 38, 39). Аша Деза Са хилар доьхучу хенахь, шун коьртехь цхьа аз я дешадакъа хьийзаш хила там бу. Нагахь аша уьш тешарца алахь, шуна хаалур ду, хина дуьхьалара цхьа чIинг дIа а яьлла, цул тIаьха, дIаоьху хин шуьйра Iовраш санна, аша дийца долор.

Суна иштта долу дустар дар хазахета цунах лаьцна: шуна чохь цхьа тен туьппалг ю, ткъа оцу тен йист шун меттан буьххье тесна йолуш санна ю. Цхьаболчарна моьтту шаьш цхьа хIума алале, церан коьртехь берриг мотт хаар хила деза, аьлла. ХIан-хIа, аша тешарца ала деза.

Суна дагадогIу, сан зудчо Деза Са хилар доьхуш доIа дечу хенахь, цхьана юккъехь ца дуьйцура оцу меттанашца. Цул тIаьхьа масех кIира даьлча шен накъостех кхетча, уьш тамашийначу меттанашца доIа дан буьйлабелча, цо а дийца долийра иштта. ХIетахь цо элира: «Оцу ерриге хенахь сан коьртехь цхьа дешдакъа хьийзара, амма тахханалц аса ца элира иза хезаш». Суна хетарехь, дуккханнашца а хуьлу и саннарг –

цара доьху, царна ло, ткъа царна ца хаьа шаьш оцу совгӀатца хӀун дан доло деза.

Йозанаш тӀехь боху: «Пайхамаршна чуьра синош цу пайхамаршна муьтӀахь хуьлу» (1 Кор. 14:32). Вай ваьш ала деза, Дезачу Сино нуьцкъаша дойтур дац шуьга иза. Суна дагадогӀу, со Дезачу Синах вуьзначул тӀаьхьа, айса иза юха муха ала деза ца хаьара суна. Спортивни зал чохь волчу сайн динан вешина тӀе а вахана, ас хаьттира: «Юха муха дийцалур дара суна иза?» Цо жоп делира: «Дукха цхьалха алий дӀадахийта!» Сайн вадар деш, ара а ваьлла, со ведда воьдуш, со юха а оцу меттанашца дийца волавелира. Со воккхаверах вуьзнера. Вай ваьш ала деза и дешнаш. Иза хи дӀадоьдучу кранаца дуста мегар ду. Кран чохь гуттара а хуьлу хи. Аша дан дезарг и кран хьовзор бен дац, тӀаккха цу чуьра хи ша охьадогӀур ду. Цундела кест-кеста дийца тамашийначу меттанашца!

ХӀинца, Йозанаш тӀера коьрта принципаш шуна евзича, нагахь шу тешахь, шайна и совгӀат хир ду бохучух, вай цхьаьна доӀа дан мегар ду. Кхин а тӀаьххьарниг: дуьйцийла дац французийн а, испанийн а меттанашкахь цхьаьна метта. Дийцалур дац шен ненан маттахь я Дала шена беллачу кхечу цхьана маттахь а цхьаьна метта. Цундела дагахь а латтаде, теша а теша, кхочуш а де! ХӀинца доӀа дей вай:

*«Дада, со Ӏийсан цӀарах вогӀу Хьуна тӀе Хьан бер санна. Ахьа аьлла, нагахь ас Хьоьга Деза Са далар дехахь, Ахьа лур ду суна и совгӀат. Хазахетарца доьху ас хӀинца иза тешарца, доьху Хьоьга лохьа суна со вузар хуьлуш Хьайн Деза Са! Ахьа сайна мел кечдинарг тӀеоьцу ас, оцу меттанашца дийца хаар а цу юкъа а далош. Цундела хӀинца тешар долуш оцу керлачу меттанашца дуьйцур ду ас». Амин!*

# СИЙННА ДОГIУ ХЬАКЪ

***Кху дицдинчу диканан ницкъ дIабелла***




Цхьана а Iийсана тIаьхьахIиттинчарах волчунна Делана доза тоха ца лаьа, амма вайх дуккха болчара кхетамаза вешан дахарехь Цуьнан деш-лелаш хиларна доза тоху, чIогIа лараме синан лакхалле агIо тергал а ца еш: Сий.

Сий – иза, вайн культурехь, дукха хьолахь, байина кхетам бу; делахь а, шуна кху книгин агIонашна тIехь гург ма-хиллара, иза вайн дахаран массо а сферашкахь Делан пачхьалкх паргIатъяккхаран бух бу.

«Сийнна догIу хьакъ» книги тIехь бестселлерийн авторо Джона Бивера дуьйцу, ларам барна тIекхайкхар тIеэцарца, шу Делан мехала долчун системица догIуш хила дуьйлало, тIаккха Цо шайна билгалдаьккхина долу дерриг а схьаоьцу.

КIорггера библин агIонаш, практикехь гойтучу битамечу историшца цхьаьнатухуш, кху книгано цу дицделлачу дикане керла хьажар лур ду, тIаккха, цул дуккха лараме долу, иза шун дахаран хIора сфере дан гIертар лур ду.

ТIекхочийла ду: **MessengerX.com**-хь

# MessengerX

*Дешаре некъ хIоранна а, массанхьа а*




- **120 меттанашкахь сов маьхза**
- Юххедиллар а, онлайн а санна тIекхочийла ду
- Шун синан лакхалле хьалакхиарна хьажийна хIуманаш
- Шайн историга а, дешаран некъе а хьовса






Messenger дешарна гIирсийн кхоччуш библиотека схьаэца – электронни книгаш а, видео а, аудио хьехамаш а, аудиокнигаш а, Делан Йозанаш а… Хьовса а хьовса, еша а еша, ла а догIа берриге а шайн гIирсаш тIехь.

**MessengerX.com**

Чуяккха кхузахь App Store

Схьаэца кхузахь Google Play

Дерриге а дуьненахь App Store-ехь а, Google Play-ехь а тIекхочийла ду

*«Далла герга дахар»* цӀе йолчу книги тӀехь Джона Бивера кхайкхам бо шуьга, адамашна Делах лаьцна хаар, амма Иза Ша вовзар ца дохьучу Дала леррина Къобалвинчух тешарца доьначу динан гӀийла гар хиларх тоам бина ца Ӏаре. Дуьненан Кхоллархо волчуьнгара Шегара долчу инзаречу тӀекхайкхаро кхайкхам бо шуьга, геннара олучу дешнашца я цхьа билггалдаьккхина Ӏадат кхочушдарца хилла а ца Ӏаш, Цунах юкъаметтиг хиларе.

**И юкъаметтиг оццул кхетаме а, уллора а хир ю, шуна Цуьнан дог довзар, ткъа Цунна шун дог довзар а хир долуш.**



ДЖОН БИВЕР — дуьненаюкъара динан хьехархо а, бестселлерийн автор а ву, иза доьналлица а, юхавалар доцуш а хьожу Делан Дашо бохучуьнга. Джон а, цуьнан зуда Лиза а — «Мессенджер Интернэшнл» цӀе йолчу организацин кхоллархой бу, цуьнан Ӏалашо ю Дала леррина Къобалвинчунна тӀаьхьахӀиттинарш иракарахӀиттор, дуьне хийцадан ницкъ болу. Джон ша цӀахь хилча шен веа кӀантаца цхьаьна стол тӀехь ловзучу кехатех ловзу, я шаьш гольфах ловзуш, шайца ловза Лизига а кхойкху цо.
Цу книге а, цунах йолу видео а маьхза хьажархьама, MessengerX.com дӀаелла. И книга авторера долу совгӀат ду. Иза йохка юкъахь яц. Ма-дарра аьлча, иза уггар а тамашийна ваӀда ду Делан Йозанаш тӀехь долчех … Далла уллора а, кӀеда-мерза а йолу юкъаметтиг хила лаьа шуьца. Кхин сов лаьий шуна?

MessengerX

Маьхза чуяккхарна а, видеона а,
хьовса **MessengerX.com**-е

Messenger INTERNATIONAL

ХӀара книга – авторера совгӀат ду
тӀаккха ЙОХКА МАГОШ ДАЦ

Алсам хаа лаьий шуна?
Кхузахь сканировать е: